# МЭЛЭХЪО ДЭГЪУР

МЭЛЭХЪО ДЭГЪУР



# МЭЛЭХЪО ДЭГЪУР

Изд. № 44.172
«Добрый Пастырь» на адыгейском языке
Издательство «Свет на Востоке», 2006 г
ISBN 3-935435-87-8

*ПЭУБЛЭ ГУЩЫІ*

Мы тхылъыр зыфэгъэхьыгъэхэр кІэлэцІыкІухэу Библиер джырэкІэ зэхэфыгъуаеу, гурыІогъуаеу зыфыщытхэр ары. Тэ тимурад шъхьаІэу щытыгъ кІэлэцІыкІухэмкІэ гъэшІэгъонэуи, гурыІогъошІоуи, шІэныгъэ хахэуи гъэпсыгъэу Тхьэм игущыІэ тхыгъэ лъапІэхэм ямэхьанэ нахь къызэрыкІоу къэтыгъэныр ары. Къэбар кІэкІыхэмкІэ кІэлэцІыкІухэм ар гъэшІэгъонэу къафэтІотэныр ыкІи Тхьэм и ГущыІэхэм ахэр нэІуасэ афэтшІынхэр ары тэ тызыфаер. Пэсэрэ Зэзэгъыныгъэмрэ ыкІи КъэбарышІумрэ къащаІуатэхэрэм атегъэпсыкІыгъэх зэкІэ къэбархэу мыщ къыдэхьагъэхэр. Тхылъыр зытхыгъэр зыпылъыгъэр ахэмэ ямэхьанэ нахь гурыІогъошІоу ыкІи гъэшІэгъонэу къызэритыныр ары.

Къэбар пэпчъ сурэт къолэн дахэхэр кІыгъух, сыда пІомэ кІэлэцІыкІухэр зыгорэм еджэхэ зыхъукІэ, якІас ащ игъусэ сурэтхэм яплъынхэр. ШъуикІэлэцІыкІу упчІабэхэр къыгъэуцунхэмкІэ сурэтхэр ушъхьагъу-ІэубытыпІэ хъунхэ алъэкІыщт. Зэджагъэхэ къэбар пэпчъ зэрэтегущыІэщтхэр нахь псынкІэу хъуным пае тхылъыр зытхыгъэм ары пэпчъ упчІэ заулэ гъусэ фишІыгъ. ШъуикІэлэцІыкІу пае шъо шъузыфэе упчІэхэр ахэмэ къахэшъухын, сабыим ыныбжь елъытыгъэу а упчІэхэр шъор-шъорэу зэхэжъугъэуцонхи шъулъэкІыщт.

Тэ къызэрэтшІошІырэмкІэ, кІэлэцІыкІухэу анахьыжъыІохэр, илъэсибл-илъэсий зыныбжьыхэр, ежь-ежьырэу мы тхылъым еджэнхэ алъэкІыщт, сыда пІомэ ар бзэ гурыІогъошІу-къызэрыкІо дэдэкІэ тхыгъэ.

Шъыпкъэ, тэ дэгъу дэдэу къыдгурэІо Тхьэм игущыІэ лъапІэхэм, ІупкІэ дэдэу ыкІи мэхьанэ куу зиІэхэу къэІуагъэхэм, афэдэу мы тхылъыр тхыгъэ хъун зэримылъэкІыщтыр. Библием къыщиІотэрэ къэбар пэпчъ Тхьэм игущыІэ тхыгъэ лъапІэхэм ыкІи ахэмэ ашъхьэхэм яномерхэу къызыхэтхыгъэхэр кІыдгъэгъужьыгъэх.

Тыгу къыддеІэу тызыщыгугъырэр Тхьэм игущыІэхэм кІэлэцІыкІухэр нэІуасэ афэтшІынхэр къызэрэддэхъущтыр ары.

Тхылъыр зытхыгъэр

## *1. ТХЬЭМ ДУНАИР КЪЫЗЭРИГЪЭШЫГЪЭР*

Тэ тиунэ тисэу тыщыI, тиунэ тихэгъэгу ит, тихэгъэгу пIомэ, ар чIыгу хъурэешхом щыщ Iахьэу щыт. Бэ хъухэу мэзыхэр, къушъхьэ лъагэхэр ыкIи хы куухэр тетых тичIыгу. Адэ сыдэу цIыфыба тичIыгу щыпсэурэр! Ары пакIошъ, ахэмэ япчъагъэ гъэнэфагъэу зыфэдизыр тэ тшIапэрэп. Ахэмэ ащыщыбэхэр, ощ фэдэ къабзэу, яунэхэм арысэу мэпсэух, ау щыIэх унэ зимыIэ цIыфхэри.

ЦIыфхэм язакъоп чIыгум щыпсэухэрэр, тэ тигъусэхэу мэпсэух псэушъхьабэхэри. Уфая ахэмэ ащыщ горэхэм ацIэ къыпфэсIонэу? Ахэр хьэхэр, чэтыухэр, тхьакIумкIыхьэхэр, джащ фэдэу чэмыхэр, шыхэр, мэлыхэр арых. А псэушъхьэхэр о дэгъоу ошIэх. Ау псэушъхьэ Iэлыхэри щыIэх, ахэмэ ащыщхэри, енэгуягъо о плъэгъугъэнхэкIи.

Ахэмэ афэшъхьафэу дунаим тетых бзыухэри. Ахэмэ тамэхэр яIэх ыкIи быбынхэ алъэкIы. Угу къэкIыжьа: бзыухэр, пчэндэхъухэр, псычэтхэр, канарейкэхэр? НэмыкI хэгъэгухэми джащ фэдэу бзыу зэфэшъхьафыбэхэр арысых. Пцэжъыехэр псым хэсых. ЗэкIэ тичIыгу пштэмэ, ащ ышъхьашъо зэлъабгъэ чъыг ыкIи къэкIырэ зэфэшъхьафхэм.

Дахэ тичIыгу, шъыпкъэба? Адэ ошIа о, тичIыгу къэзыгъэшIыгъэр? Сыдэущтэу мы дунаим къытехъуагъэха апэрэ цIыфхэр, апэрэ псэушъхьэхэр, къэкIыхэрэр? Хэта къэзыгъэхъугъэхэр бзыухэу быбынхэ зылъэкIыхэрэр ыкIи пцэжъыехэу есынхэ зылъэкIыхэрэр? Хэта къэзыгъэшIыгъэр уашъори, псыри? Хэта къэзыгъэшIыгъэр уашъом къыщылъагъохэрэ тыгъэр, мазэр ыкIи зэкIэ жъуагъохэр?

ЗэкIэ ахэр къэзыгъэшIыгъэр Тхьэр ары. Охътэ бэдэдэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, зэкIэ ахэр щыIагъэхэп. Тыгъэри, мазэри, жъуагъохэри щыIагъэхэп ыкIи шIункIы дэдагъ. ЩыIагъэхэп цIыфхэри, псэушъхьэхэри, бзыухэри, пцэжъыехэри, къэкIыхэрэри, ары пакIошъ, шыIагъэп ежьыр чIыгу шъыпкъэри. Тхьэ закъор ары ныIэп ошъогу лъагэм щыIэу псэущтыгъэр, сыда пIомэ Ар сыдигъуи щыIагъ ыкIи щыIэщт.

ЫкIи рихъухьагъ Тхьэм дунаир къыгъэшIынэу. ЗэкIэми апэу Ащ къыгъэшIыгъэх уашъомрэ чIыгумрэ. ЧIыгур нэкIыгъэ, ащ зи щыпсэущтыгъэп, тыдэкIэ уплъагъэми, шIункIыгъэ. Арыти, Тхьэм къыIуагъ: „Нэфынэ къэрэхъу!“ Ащ лъыпытэуи нэфынэр щыIэ хъугъэ. Тхьэм нэфынэмрэ шIункIымрэ ыугощыгъэх ыкIи нэфынэм мафэкIэ ыкIи шIункIым чэщыкIэ яджагъ. Джаущтэу апэрэ мафэр дунаим къытехъуагъ.

ЯтIонэрэ мафэм Тхьэм уашъор къыгъэшIыгъ. УтэзекIухьанэу унэм укъызикIыкIэ, зыщымыгъэгъупшэу пшъхьэ къэIэти, дэплъый уашъом, еплъ ар зэрэдахэ дэдэм!

Ящэнэрэ мафэм Тхьэм зэкIэ псэу щыIэр зэхиугъуаий, хыкIэ ахэмэ яджагъ, псыр зытетыгъэ чIыпIэхэу гъушъапIэ хъугъэхэм Ар чIыгукIэ яджагъ. Джыри чIыгум зыпари къыщыкIыщтыгъэп ыкIи Тхьэм ащ къытыригъэкIагъэх чъыг дэхэшхохэр, уцыхэр ыкIи фэшъхьафхэу къэкIыхэрэр. Тхьэм ылъэгъугъ зэкIэ Ежьым къыгъэшIыгъэр дэгъоу ыкIи дахэу гъэпсыгъэу зэрэхъугъэр. Джаущтэу ухыгъэ хъугъэ Тхьэм дунаир къызигъэшIыгъэ ящэнэрэ мафэр.

Ори ошIэн фае уцыхэр, къэгъагъэхэр, чъыгыхэр ыкIи куандэхэр къэкIынхэм пае тыгъэ зэрящыкIагъэр. Арыти, яплIэнэрэ мафэм Тхьэм къыгъэшIыгъ тыгъэр, чэщыми шIункIы дэдэу щымытыным пае Ащ мазэмрэ жъуагъохэмрэ къыгъэшIыгъэх. Плъэгъугъа о уашъом ит жъуагъохэм япчъагъэ? Ахэр бэдэдэ мэхъух! Зэрэбэ дэдэхэм пае ахэр, къэплъытэнхэ плъэкIынэу щытэп.

Ятфэнэрэ мафэр къэсыгъ. ЧIыгум джыри щырэхьат дэдагъ ыкIи Тхьэми ыIуагъ: „Хыхэми фэшъхьаф псыхэми пцэжъыехэр ахэрэсых!“ Джаущтэуи хъугъэ: псы пстэухэм пцэжъыешхохэри пцэжъые цIыкIухэри ахэсыхэ хъугъэ. А мэфэ дэдэм Тхьэм бзыухэр къыгъэхъугъэх ыкIи ахэми жьым щыбыбыхэу рагъэжьагъ: къэрэу инхэр ыкIи бзыужъыехэр, фэшъхьаф бзыу лъэпкъыбэхэр. Ятфэнэрэ мафэр икIыгъ, чэщыри къихьагъ ыкIи зэкIэ бзыухэри хэчъыягъэх.



Яхэнэрэ мафэм Тхьэм къыгъэхъугъэх зэфэшъхьаф лъэпкъ шъыпкъэхэу щытхэ псэушъхьэхэр: инхэри, цIыкIухэри, Iэлыхэри, унэ щагум щаIыгъхэри. Джэущтэу зэкIэ псэушъхьэхэми, бзыухэми, пцэжъыехэми чIыгум щызэдэпсэухэу рагъэжьагъ. Тхьэми ылъэгъугъ зэкIэ къыгъэхъугъэхэр дэгъоу гъэпсыгъэу зэрэхъугъэр.

1. Хэта къэзыгъэшIыгъэр чIыгумрэ уашъомрэ?
2. Нэфынэ къэзытыхэу сыда Тхьэм чIыгум щишIыгъэхэр?
3. Тхьэр ащ фае зэхъум, сыда псыхэм ахэсыхэу хъугъэхэр?
4. Тхьэр ащ фае зэхъум, сыда жьым щыбыбыхэу хъугъэхэр?
5. Хэтха, сыдха чIышъхьашъом къытехъуагъэхэр?



## *2. ТХЬЭМ АДАМРЭ ХЬАОМРЭ КЪЫЗЭРИГЪЭХЪУГЪЭХЭР*

ЧIыгум псэушъхьэхэр тет хъугъагъэх, чъыгхэр, къэгъагъэхэр къыщыкIыщтыгъэх, хыхэм пцэжъыехэр ахэсыгъэх, ошъогум бзыухэр щыбыбыщтыгъэх. ЗэкIэри Тхьэм иIэмыркIэ къэхъугъэхэу щытыгъэх, ау Ащ иIофшIэн ыухыгъэу щытыгъэп. Дунаим цIыфыр джыри къытехъогъагъэпи! Арыти, Тхьэм ыIуагъ: „Тэ тфэдэу цIыфыр къэдгъэхъун!“ Джаущтэу Тхьэм цIыфыр къыгъэхъугъ, щыIэныгъэм ижьыкъащэ хитIупщыхьагъ ыкIи цIыфым псэ къыпыкIагъ. Арэущтэу апэрэ цIыфыр дунаим къытехъуагъ. Ащ гущыIэн, зэхихын, шхэн ыкIи псы ешъон ылъэкIыщтыгъэ. Ащ зэреджагъэр Адам. Тхьэм къыгъэшIыгъэр зэкIэ Адам лъэшэу ыгу рихьыщтыгъ, ар лъэшэу насыпышIуагъ, зыми щыщынэщтыгъэп ыкIи зыкIи узыр зэхишIэщтыгъэп. Тхьэм лъэшэу Адам шIу ылъэгъущтыгъ, Адами лъэшэу Тхьэр шIу ылъэгъущтыгъ. Адэ зэкIэми Тхьэр шIу алъэгъун фаеба.

Тхьэм IофшIэн гъэшIэгъон дэдэ Адам къыфигъотыгъ. ЗэкIэ псэушъхьэхэм, бзыухэм, пцэжъыехэм ыкIи къэкIыхэрэм цIэхэр Адам къафиугупшысын фэягъэ. Бэрэ Адам псэушъхьэхэм ахэтэу къыкIухьагъ ыкIи шъхьадж ыцIэ къыфиугупшысыгъ. Сыд фэдэрэ псэушъхьи гъусэ иIагъ, Адам ары ныIэп зизэкъодэдагъэр. Арыти, Тхьэм рихъухьагъ Адам лъэшэу шIу зылъэгъун ыкIи IэпыIэгъу фэхъун фэе шъхьэгъусэ къыфигъэхъунэу.

Адам чъыезэ, Тхьэм ащ изы цагэ къыхихыгъ. ОшIа о цIыфым ыцагэхэр зыдэщыIэхэр? О уныбэ бгъухэм уатеIэбэбыхьэмэ, ахэр Iэхъуамбэхэм къапэкIэфэщтых. Адам а къыхихыгъэ цагэм Тхьэм бзылъфыгъэ хишIыкIыгъ. ЕтIанэ Ащ Адам къыгъэущи, ишъхьэгъусэу къыгъэхъугъэр ритыжьыгъ. Ар зелъэгъум инэу Адам гушIуагъэ. Джы ащ изэкъожьыгъэп, ежьрэ ишъхьагъусэрэ Тхьэм тегущыIэнхэ алъэкIыщтыгъэ ыкIи зэкIыгъухэу зэкIэ Iофхэр зэдашIэщтыгъэх. Адам лъэшэу шIу ылъэгъущтыгъ ишъуз, адырэми илI лъэшэу шIу ылъэгъущтыгъ ыкIи сыдырэмкIи ащ IэпыIэгъу фэхъущтыгъ. Адам ишъузи ренэу ынаIэ тыригъэтыщтыгъ.

Адамрэ ишъузрэ щыгъын гори ащыгъыгъэп. Ары пакIошъ, щыгъыныр зилIэужыгъори ахэмэ ашIэщтыгъэп. Зыпари ащымыгъыми, ахэр чъыIэ лIэщтыгъэхэп.

Джы Тхьэм иIофшIэн ухыгъэ хъугъагъэ, къыгъэшIыгъэхэба Ащ уашъор ыкIи чIыгур, хыхэр, тыгъэр, мазэр ыкIи жъуагъохэр, пцэжъыехэр ыкIи бзыухэр, псэушъхьэхэр ыкIи... цIыфитIуи. ЕтIанэ зэкIэ псэушъхьэхэми щырхэр, цIыфхэми сабыйхэр, къафэхъухэмэ зэрэшIоигъор Тхьэм къыIуагъ.

Тхьэм зэкIэри мэфихым къыкIоцI къыгъэшIыгъ, ыкIи яблэнэрэ мафэм Тхьэм зигъэпсэфыгъ иIофхэр зеух нэуж. А мафэр ЕжьыркIи зэкIэ цIыфхэмкIи гъэпсэфыгъо мафэу Тхьэм ышIыгъ. А мафэр цIыфхэм зыфаушъошырэр зэкIэ мы тыкъэзыуцухьэрэ дунаир къэзыгъэшIыгъэ Тхьэр ары. ТичIыгу ыкIи ошъогу къэргъо шIагъом апае, къэкIыхэрэмрэ чъыгхэмрэ апае зэрэфэразэхэр ахэмэ Тхьэм раIо.

Тхьэр зэкIэ цIыфхэм афэгумэкIы, ащкIэ зэкIэри Ащ къыгъэгугъагъэх. Джащ къыхэкIэу джыри тапэкIэ Ар къытфэгумэкIынэу тэ Ащ телъэIун тлъэкIыщт. ЗэкIэ Iофхэу тызыпылъхэмкIэ IэпыIэгъу къытфэхъунэу тэ Зиусхьаным телъэIун тлъэкIыщт.

1. Апэрэ цIыфым сыда ыцIагъэр?
2. Тхьэм сыд фэдэ Iофа Адам зыфигъэзагъэр?
3. Сыдэущтэу Тхьэм бзылъфыгъэр къыгъэхъугъа?
4. Сыд фэдэ мафа Тхьэм Iоф ымышIэу зызигъэпсэфыщтыгъэр?
5. СыдкIэ тэ Тхьэм телъэIура?





## *3. АПЭРЭ ПСЭКIОДЫР*

Адамрэ ащ ишъузырэ чъыг хэтэ дэхэ дэдэу ДжэнэткIэ заджэщтыгъэхэм щыпсэущтыгъэх. Пхъэшъхьэ-мышъхьэ IэшIухэр апытхэу чъыгыбэхэр Джэнэтым къыщыкIыщтыгъэх, псэушъхьабэ щызэблэкIыщтыгъ ыкIи псыхъошхуиплI а чъыг хатэм щызэпырычъыщтыгъ. Адамрэ ишъузырэ лъэшэу щынасыпышIуагъэх а Джэнэтым. Чъыг хатэм ипчэгу дэдэ къыщыкIырэ чъыгым нэмыкIэу адырэ чъыг пстэумэ къапыкIэхэрэр ашхынхэу Тхьэм ахэр фит ышIыгъэх. „А чъыгым къыпыкIэрэ пхъэшъхьэ-мышъхьэ закъу нэмыIэми зышъушхыкIэ, ащ лъыпытэу шъо шъулIэщт,“ – къыриIуагъ Тхьэм Адам. Ащ къыхэкIэу Адами ащ ишъузи а чъыгым екIуалIэщтыгъэхэп.

Ау зэгорэм Адам ишъуз изакъоу чъыг хатэм зыщигъэпсэфызэ, ошIэ-дэмышIэу зыгорэм ымакъэ зэхихыгъэ. Апэрэм ащ къышIошIыгъ Адам къеджэу, ау зэхихыгъэр Адам ымакъэ фэдагъэп. ЗыгорэкIэ Тхьэр къеджэнкIи мэхъуба? Хьау, Тхьэм ымакъэп ар. Гуфэплъэ шъыпкъэу ащ чIыпIэу зыдэщытыр къызеплъыхьэм, ежь пэмычыжьэу блэр щилъэгъугъ. Ащ ыпэкIэ бзылъфыгъэм а псэушъхьэ тхьагъэпцIыр Джэнэтым щилъэгъоу къыхэкIыгъ, ау дэгущыIэнэу хъугъагъэп. „КъышъуиIуагъа шъо Тхьэм чъыг пстэуми къапыкIэрэр шъушхы мыхъущтэу?“ – къеупчIыгъ блэр. „Сыд фэдэ упчIэ гъэшIэгъона къэптыгъэр, – къытыжьыгъ джэуап Адам ишъузы, – зы чъыг закъо зыхэбгъэкIыкIэ, адрэ чъыг пстэуми къапыкIэхэрэр тэ тшынхэ тыфит. Чъыг хэтэ гупчэм къыщыкIырэ чъыгым пытхэр арых ныIэп тэ Тхьэм тшхы мыхъунэу къытиIуагъэр, армырмэ тылIэщт“. „Хьау, арэущтэу ар щытэп, – къыдэхьащхыгъ ащ блэр, – а чъыгым къыпыкIэрэр шъушхымэ, шъо шъулIэщтэп. Фэшъхьаф шъыпкъ, джащыгъум шъори Тхьэм фэдэу шъухъущт. Ежь фэдэ къабзэу шъори бэ шъушIэу шъухъущт!“

Ащ фэдэ гущыIэхэр зызэхеххэм, Адам ишъуз ышIэщтыр ымышIэу хъугъэ. ЗэрэхъурэмкIэ, Адамрэ ежьырырэ а чъыгэу зэкIуалIэхэ мыхъущтэу Тхьэм къафигъэпытагъэм къыпыкIэхэрэр зашхыкIэ, лIэщтхэп, фэшъхьаф шъыпкъэу, Тхьэм фэдэхэу ежьхэми зэкIэри ашIэу, зэкIэри зэшIуахын алъэкIэу хъущтых, шъыпкъэн шъуIуа ар? Шъыпкъэу ар къычIэкIыгъагъэемэ, сыдэу шIущэу хъуныгъи!

Адам ишъуз а чъыгым зекIуалIэм, ылъэгъугъ ащ къыпыкIэрэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр зэрэдэхэ дэдэхэр, арыти яхъуапси, зы къыпичи, ышхыгъ. ИIэшIугъэ лъэшэу ыгу рихьыгъэти, шъузым джыри зы къыпичи, а чъыгэу зэкIолIэнхэ фимытыгъэхэм къыпыкIэхэрэр зэрэгохьыхэр зэригъэшIэнэу Адам ыгъэдэIон ылъэкIыгъ. Адам ышIэщтыгъ а чъыгым къыпыкIэрэр ышхы зэрэмыхъущтыр, арэу щытми, ахэр зыфэдэр зэригъашIэмэ лъэшэу шIоигъоти, шъузым къыIихи, ежьыми ышхыгъ.

ЕтIанэ ахэмэ сыд къяхъулIагъа? Нахь Iушы хъугъэха? Нахь насыпышIо хъугъэха? Хьау, хъугъэхэп. Ашхы мыхъущтэу къэраIогъэгъэ пхъэшъхьэ-мышъхьэр зашхы нэужым Адамрэ ащ ишъузырэ алъэгъугъ ежьхэр зэрэпцIанэхэр ыкIи къэщтагъэх. ПсынкIэу чъыгымэ къапачыгъэ тхьэпэшхохэр ахэмэ къызэращэкIыгъэх апкъышъол пцIанэхэр агъэбылъынхэм пае.

ЗэкIэм ахэмэ зэхахыгъэ Тхьэу къяджэщтыгъэм ымакъэ. Чъыгхэм захагъэбылъыхьагъэ нахь мышIэми, Тхьэм ахэр ылъэгъугъэх. „Тыдэ ущыIа?“ – ыIуи Тхьэр, Адам къеупчIыгъ. Адами Ащ джэуап ритыжьыгъ: „Умакъэ зызэхэсэхым, сэ сыкъэщтагъ ыкIи чъыгым зыкъозгъэбылъыхьагъ, сыда пIомэ сэ сыпцIан“. – „Хэта къыозыIуагъэр узэрэпцIанэр? Чъыгэу шъузэкIуалIэ мыхъущтэу зыфэсIогъагъэм къыпыкIэрэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр пшхыгъакъомэ шIэ?“ Адам лъэшэу къэщтагъ ыкIи къыIуагъ: „Шъузэу О сэ къысэптыгъэм а пхъэшъхьэ-мышъхьэр къыситыгъ, сэ ар сшхыгъэ“. Ащ нэужым Тхьэр Адам ишъуз еупчIыгъ: „Сыда о пшIагъэр?“ АшхынкIэ зыфимытыгъэ пхъэшъхьэ-мышъхьэр ышхынэу блэм зэригъэдэIуагъэр ащ Тхьэм риIуагъ. Арыти, Тхьэм блэр ыгъэпщынагъ. Ащ къыщегъэжьагъэу блэр чIыгум щыпшэзэ щыIэнэу ыкIи сапэр игъомылэнэу Тхьэм фиухэсыгъ.

Адамрэ ащ ишъузырэ апае Тхьэм псэушъхьашъохэм ахэшIыкIыгъэ шыгъынхэр афишIыхи, Джэнэтым къырифыгъэх. Тхьэр фэягъэп щыIэныгъэм ичъыг къыпыкIэрэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр ахэмэ ашхынышъ, егъашIэми мылIэжьынхэ цIыфхэу хъунхэу. Адамэрэ ащ ишъузырэ егъашIэми Джэнэтым къамыгъэзэжьынэу Тхьэм афигъэпытагъ.

Джы Адам губгъом щэлажьэ. Бэ дэдэрэ ащ Iоф ышIэн фае ежьыри ишъузи афэхъун гъомлапхъэ къылэжьыным пае. Ишъуз ащ Хьао цIэу фиусыгъ ыкIи а бзылъфыгъэр дунаим къытехъухьэгъэ цIыф пстэуми янэу хъугъэ.

Адамрэ ащ ишъузырэ апэрэ псэкIодыр зашIэ нэуж, дунаим зэкIэри зэхъокIыгъэ щыхъугъэх. Псэушъхьэхэм мамырэу зэдыщыIэнхэ амылъэкIыжьэу хъугъэ. Аслъанхэм – мэлыхэр, тыгъужъхэм шъынэхэр ашхыхэу рагъэ-

жьагъ. Ары пакIошъ, Адами Хьаори хьэкIэ-къуакIэхэм ащыщынэхэу хъугъэх.

Ау Тхьэм нахьыпэм фэдэ къабзэу цIыфхэр шIу ылъэгъущтыгъэх. Ащ цIыфхэм гущыIэ къаритыгъ илъэсыбэ дэдэ зытешIэкIэ, Ежьым Ыкъо, Исус Христос, ахэмэ чIыгум къызэрафигъэкIощтымкIэ, зэкIэ цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр Ащ ыпщыныжьынхэм пае. Ар цIыфхэм я КъэгъэнэжьакIоу хъущт! Хэт щыщи Исус шIу зылъэгъурэм амал иIэщт зылIэрэ нэужым, Зиусхьаным игъусэу ошъогум щыщыIэнэу.

1. Тыдэ щыпсэущтыгъэха Адамэрэ ащ ишъузырэ?
2. Хэта Адам ишъуз къыдэгущыIагъэр?
3. Фитыныгъэ зыфырямыIэгъэ пхъэшъхьэ-мышъхьэр Адам ишъуз хэта зэритыгъэр?
4. Тхьэм сыдэущтэу блэр ыгъэпщынагъа?
5. Тхьэм Адамэрэ Хьаомрэ сыдэущтэу ыгъэпщынагъэха?
6. Илъэсыбэ зытешIэ нэуж Зиусхьаным хэта дунаим къыгъэкIощтэу къариIогъагъэр?



## *4. КАИНРЭ ХЬАВЭЛРЭ*

Адамрэ Хьаомрэ шъэожъые къафэхъугъ, ащи Каин цIэу фаусыгъ. Хьаор лъэшэу насыпышIуагъ. Ащ къырыкIощтым егупшысэзэ, ар кIэлэ пкъышIоу, къарыушIоу хъущтэу къызышIуигъэшIыщтыгъ, лIыпкъым зиуцокIэ, Зиусхьаным ащ шъуз къыритыным кIэхъопсыщтыгъ. Джащыгъум ащ ыкъо шъао къыфэхъущт, ащ къыфэхъущт къоми шъао къыпыхъощт, етIанэ илъэсыбэ зытешIэкIэ, къэхъущт Исус Христос, тэ ТикъэгъэнэжьакIоу Тхьэм зигугъу къафишIыгъагъэр. Исабый ыгъэхъыезэ, джаущтэу Хьаор зыкIэхъопсырэ гугъэхэр ышхьэ щызэблэкIыщтыгъэх. Охътэ заулэ тешIагъэу Хьаом джыри зы шъао къыфэхъугъ, ащ Хьавэл цIэу фаусыгъ.

Илъэсыбэ тешIагъ. ЗэшитIури иныхъугъэх, аныбжь икъугъ, пытэхэу ыкIи кIочIэшIу яIэу хъугъэх. Каин губгъом щылажьэщтыгъ, Хьавэл мэлхэр ыгъэхъущтыгъэх. Каин хьалэлэу лажьэщтыгъ ыкIи ащ пае Зиусхьаным ащ илэжьыгъэ ыгъэбэгъуагъ. Тхьэм щымыгъупшэжьэу ыгу илъыгъ Хьавэли: ащи иIэхъогъу шъынабэ къыкIэхъогъагъ.

АнаIэ къатыригъэтэу къызэрафэгумэкIырэм пае зэшитIуми Тхьэм зэрэфэразэхэр рагъэшIэнэу фэягъэх. Арыти, нэбгыритIуми шъхьаф-шъхьафэу мыжъохэм ахашIыкIи, къурмэншIыпIэхэр зэтыралъхьагъэх ыкIи шъхьадж ежьым Тхьэм къурмэнэу фишIырэр ащ тырилъхьагъ. Каин ежьым икъурмэншIыпIэ тырилъхьагъэх чIыгоу ылэжьырэм къыщигъэкIыгъэхэр, Хьавэл мэл шIобзыгъэ заулэ ежьым икъурмэншIыпIэ тырилъхьагъ. ЕтIанэ шъхьадж ежьым икъурмэн гъомылэ ычIэгъ машIо чIишIыхьагъ. Ау сыда





адэ хъурэр? Тхьэм Хьавэл икъурмэныпхъэ ыштагъ, Каин икъурмэныпхъэ ыштагъэп, ары пакIошъ, къеплъынкIи фэегъахэп. Хьавэл фэдэу Каин Тхьэр шIу ылъэгъущтыгъэп ныIа. Арыти, Каин лъэшэу афэгубжыгъ Тхьэми Хьавэли. Джащыгъум Тхьэр ащ къеупчIыгъ: „Сыда ащ фэдизэу узкIэгубжыгъэр, Каин? ШIу пшIэ хъумэ, о уикъурмэныпхъи Сэ сштэщт“.

ЕдэIугъэп Каин Тхьэм ыкIи мафэ горэм губгъом итхэу Каин Хьавэл ыукIыгъ. Ар зелъэгъум, Тхьэр еупчIыгъ Каин: „Тыдэ щыIа пшэу Хьавэл?“ Каин джэуап къыритыжьыгъ: „СшIэрэп. Сэ ащ сылъыплъэнэу сипшъэрылъа?“ Каин фэягъ Тхьэр ыгъэпцIэнэу, ащ къышIошIыщтыгъэр ышэу Хьавэл зэриукIыгъэр Тхьэм къымылъэгъугъэу ары. Ау Тхьэм зэкIэри ылъэгъугъ. „Сыд о пшIагъэр? – риIуагъ ащ Тхьэм. – Хьавэл губгъом илъ. Оры ар зыукIыгъэр“.

Зиусхьаным пщыныжьышхо Каин тырилъхьагъ. Янэятэхэр къыбгынэнхэшъ, хымэ хэгъэгу ар щыпсэун фэягъ. Джаущтэу Каин егъашIэми Тхьэр шIу ылъэгъунэу хъугъэп. Нэужым ащ къыщэгъагъ, сабыйхэри къыфэхъугъэх, ау ахэми Зиусхьанэр шIу алъэгъущтыгъэп.

Адамрэ Хьаомрэ къинэу акIэхэкIыгъэр гъунэнчъагъ: къуитIури чIэнагъ. Ау Тхьэм ахэр щыгъупщагъэхэп ыкIи нэужым янэ-ятэхэр ШеткIэ зэджагъэхэ шъао къафигъэхъугъ. Ышэу Хьавэл фэдэ къабзэу Шети Тхьэм фэлажьэщтыгъ ыкIи Ар шIу ылъэгъущтыгъ. ЕтIанэ ащ ыныбжь икъуи къызещэм, къыфэхъугъэ кIалэхэми Зиусхьанэр шIу алъэгъущтыгъ.

Дунаим къытехъогъэ цIыфхэм япчъагъэ нахьыбэ хъу зэпытыщтыгъ. Ахэр Каин къыфэхъугъэхэу Зиусхьаным фэмылажьэщтыгъэхэр ыкIи Шет къыфэхъугъэхэу Зиусхьанэр шIу зылъэгъущтыгъэхэр арых. Ау бэ темышIэу Шет икIалэхэми Тхьэр ащыгъупшэу ыкIи зекIокIэ дэйхэри къахафэхэу къырагъэжьагъ.

1. Адамрэ Хьаомрэ акъуитIумэ сыда ацIагъэхэр?
2. Сыда Каин Iофэу зыпылъыгъэр?
3. Сыда Хьавэл Iофэу зыпылъыгъэр?
4. ТIумэ язэу хэта Тхьэр шIу зылъэгъущтыгъэр?
5. ТIумэ ащыщэу хэта Тхьэр шIу зымылъэгъущтыгъэр?
6. Сыда Каин ыш бзэджагъэу ришIагъэр?
7. Сыд фэдэ пщыныжьа Тхьэм Каин тырилъхьагъэр?
8. Сыда зэреджэщтыгъэхэр Адамрэ Хьаомрэ яящэнэрэ шъао?

## *5. ПСЫКЪИУГЪЭШХОР*

Дунаим цIыфэу къытехъохэрэр нахьыбэ хъу зэпытыщтыгъ, ау ахэмэ ащыщэу Тхьэр шIу зылъэгъущтыгъэр ыкIи Ащ фэлажьэщтыгъэр мэкIагъэ. Зы нэбгырэм адрэр ыхъункIэщтыгъ, ыукIыщтыгъ, бзэджэшIэгъабэ зэрахьэщтыгъ, ар зэкIэри Тхьэм ылъэгъущтыгъ ыкIи а ылъэгъурэм ыгъэнэшхъэищтыгъ. Арыти, Тхьэм рихъухьагъ зэкIэ псэ зыпытэу дунаим къытехъуагъэхэр, цIыфхэри псэушъхьэхэри, ыгъэкIодынхэу. ЗэкIэ цIыфхэм ащыщэу Тхьэм псаоу къыгъэнэжьынэу зытыриубытагъэр Нухьэ закъор ары. А уахътэм Нухьэ лIыжъы хъугъахэу щытыгъ, ау джыри лIы пытагъ, дэгъоуи къызэтенэгъагъ. Нухьэ Зиусхьаныр шIу ылъэгъущтыгъ ыкIи Ащ фэлажьэщтыгъ. Къуищ ащ иIагъ: ахэр – Шем, Хам ыкIи Яфет арыгъэх.

Зэгорэм Тхьэм унашъо Нухьэ къыфишIыгъ пхъэм хэшIыкIыгъэ псыпхъотэрэу псым тетын зылъэкIыщтыр ыгъэпсынэу. Ар цIыфи псэушъхьи бэ хъухэу зэрыфэн алъэкIын псыпхъотэрэу щытыгъ. Зиусхьаным къызэрэфигъэпытагъэм фэдэу Нухьэ Iофыр ыублагъ. ЗэкIэ ыкъуищи ащ IэпыIэгъу къыфэхъущтыгъэх. IофшIэн псынкIагъоу щытыгъэп ар! Ыпэ рапшIэу ахэмэ чъыгышхохэр бэу къыраупкIыгъэх, етIанэ ахэмэ пхъэмбгъухэр ахашIыкIыгъэх ыкIи пкъэухэр агъэхьазырыгъэх. Ащ нэужым ахэр фежьагъэх пхъэшIэн Iофым. Ащ фэдэ псыпхъотэрыр агъэпсыфэ охътэ макIэп блэкIыгъэр. Ащ игъэпсын илъэсишъэрэ тIокIырэ текIодагъ.

Тымрэ ыкъохэмрэ ашIэрэ Iофым цIыфхэр дэхьащхыщтыгъэх. Псыпхъотэр хьалэмэт ахэмэ агъэпсырэр! ЗытептIупщыхьащт псыри тыдэ уплъагъэми, щыIагъэп. Нухьэ цIыфмэ ариIощтыгъэ Тхьэм къыфишIыгъэ унашъомкIэ а псыпхъотэрыр зэригъэпсырэр, сыда пIомэ лъэхъанэ горэм Тхьэм ощхышхо дунаим къыщыригъэщхыщт, ащ ыпкъ къикIыкIэ зэкIэ чIышъхьашъор псычIэгъ хъущт ыкIи зэкIэ цIыфхэри псэ зыпыт пстэухэри а псым ытхьалэщтых. Нухьэ ахэмэ яушъыищтыгъ псэкIодшIагъэхэу зэрахьэхэрэм ауж икIынхэшъ, Тхьэр шIу алъэгъунэу. Ау хэти Нухьэ ыIорэм едэIункIэ фэягъэп.

Джаущтэу илъэсишъэрэ тIокIырэ блэкIыгъ, псыпхъотэрыри хьазыр хъугъэ. Нухьэрэ ащ ыкъохэмрэ ар пхъэ пытэ лъэпкъыхэм ахашIыкIыгъагъ, ыбгъукIэ пчъэ хэлъэу, ышъхьагъкIэ шъхьаныгъупчъэ иIэу.

Тхьэм Нухьэ пшъэрылъ къыфишIыгъ псэушъхьэхэм, бзыухэм ыкIи хьацIэ-пIацIэхэм ащыщэу хъурэ бзырэ зэгъусэхэу тIурытIу къахихынышъ, а псыпхъотэрым ригъэтIысхьанхэу. Тхьэм къыфишIыгъэ унашъом тетэу Нухьэ зэкIэри ыгъэцэкIагъ. Ыпэ рапшIэу ащ псыпхъотэрым изы ышIыгъ гъомлапхъэ псыоешхор окIофэ цIыфхэмрэ псэушъхьэхэмрэ мэлакIэ мылIэнхэм пае. ЕтIанэ псэушъхьэ зэфэшъхьафхэр: аслъанхэр ыкIи жирафхэр, пылхэр ыкIи бегемотхэр, мамунэхэр ыкIи къэплъанхэр, ахэмэ анэмыкIэу зэмылIэужыгъо псэушъхьэ пчъэгъабэхэр псыпхъотэрым ригъэтIысхьагъэх. ЗэкIэ бзыу лъэпкъыхэу дунаим къытехъуагъэхэри а чIыпIэм къеэзэрэгъэбыбыгъэх: синицэхэри, бзыужъыехэри, къанджхэри, тхьаркъохэри, къолэжъхэри, псыхэунэшъухэри, къазхэри, ахэмэ афэшъхьафыбэхэри. ЗэкIэ агъэхьазырын фаягъэхэр заухы нэужым, Нухьэрэ ащ иунагъорэ зышъхьэ ихъогъэ псыпхъотэрым ихьагъэх. Нэбгырий хъущтыгъэх ахэр: Нухьэрэ ащ ишъхьэгъусэрэ, Шемрэ ишъхьэгъусэрэ, Хамрэ ишъхьэгъусэрэ ыкIи Яфетрэ ишъхьэгъусэрэ. Адэ тыдэ щыIэха зэкIэ адрэхэр? Сыда ахэмэ къяхъулIэщтыр? Зиусхьаным ахэмэ пщыныжь къызэрафыригъэхыщтымкIэ Нухьэ ариIощтыгъэр ашIошъ хъущтыгъэпти, ахэр чIыгум къытенагъэх. Псыоешхом игугъу ахэмэ зэхахынэуи фэягъэхэп. Нухьэ закъу ары Тхьэм ыIуагъэр зышIошъ хъугъэр, джары Тхьэм ащ иунагъо къыгъэнэжьын зыкIилъэкIыгъэр.

Джы мары зэкIэри псыпхъотэрым исых. Ежь Зиусхьан шъыпкъэм псыпхъотэрым ипчъэ къыфишIыжьыгъ. Джы хэти ащ ихьажьын ылъэкIынэу щытыгъэп. Ащ нэужым ощхышхор къещхэу къыригъэжьагъ. Чэщыми мафэми ар зэпыущтыгъэп. Псыр зэпымыоу нахь лъагэу къыдэкIуаещтыгъ. Мары ар унэхэм арылъадэу ригъэжьагъ… Джащыгъум цIыфхэр лъэшэу кIэгъожьыгъэх Нухьэ зэремыдэIугъэхэмкIэ. Чъыг шъхьапэхэм, унашъхьэхэм адэкIуаехэу ахэмэ рагъэжьагъ, ау ощхышхом къыдигъэкIоегъэ псы куум тыдэ кIуагъэхэми, зыщаухъумэн алъэкIыщтыгъэп.

Чэщ-мэфэ тIокIитIу ыкъудыигъ а псыоешхом. ЗэкIэ чIышъхьашъор, ары пакIошъ, анахь къушъхьэ лъагэхэри псычIэгъ хъугъагъэх. Псыпхъотэрым рагъэтIысхьагъэхэм афэшъхьафхэр – зэкIэ цIыфхэри, псэушъхьэхэри, зэкIэ бзыухэри, зэкIэ псэ зыпытэу дунаим тетыгъэхэри ащ ытхьэлагъэх. Ежьыр шIу зылъэгъункIэ фэмыягъэхэр арых Тхьэм джаущтэу ыгъэпщынагъэхэр.

1. Сыда Зиусхьаным зэкIэ цIыфхэр ыгъэкIодынхэу зыкIырихъухьэгъагъэр?
2. Хэта Тхьэр шIу зылъэгъущтыгъэр?
3. Сыда Тхьэм Нухьэ ышIэн фаеу риIогъагъэр?
4. Хьазыр зэхъухэ нэужым хэта псыпхъотэрым ихьагъэхэр?
5. Псыпхъотэрым имытIысхьэгъэ цIыф ыкIи псэушъхьэ пстэуми сыда къяхъулIагъэр?



## *6. ТХЬЭМ ЕЖЬЫМРЭ НУХЬЭРЭ АЗЫФАГУ ЗЭЗЭГЪЫНЫГЪЭ ЗЭРЭДИЛЪХЬАГЪЭР*

Нухьэрэ иунагъорэ псыпхъотэрышхом исхэу чэщ-мэфэ пчъэгъабэрэ псым зэрихьагъэх. Ощхышхор зэпыужьыгъагъэ, ау тыдэкIи чIышъхьашъор щыплъэгъущтыгъэп. Ау мары зэгорэм Нухьэ гу лъитагъ псыпхъотэрыр ыпэкIэ зэрэлъымыкIотэжьырэм: зыгорэм ыгъэохъущтыгъ. Нухьэ къыгурыIуагъ псыр тIэкIу-тIэкIузэ зэреохыжьырэр ыкIи зэрысыгъэхэ псыпхъотэрыр псым къыхэIэтыкIыгъэ хъуи, къушъхьэ шыгум зэрэтенагъэр. Тхьэм Нухьэрэ ащ игъусэхэу зэкIэ псыпхъотэрым исыгъэхэмрэ щымыгъупшэжьхэу ыгу илъыгъэх. Ащ иIэмыркIэ ары псым къыкIичэу зыкIырыгъэжьагъэри.

Мафэхэр кIощтыгъэх ыкIи Нухьэ зэригъашIэмэ шIоигъуагъ ежьырырэ иунагъорэ къызыщикIыхэмэ хъунэу чIышъхьэшъо гъушъэ щыIэ хъугъэмэ. Ау псыпхъотэрым ишъхьанцыгъупчъэ лъэгагъэ ыкIи ащ исхэм уашъом щэхъу алъэгъущтыгъэп. Джащыгъум Нухьэ къолэжъыр къыубыти, шъхьаныгъупчъэмкIэ къыритIупшыгъ. Къолэжъыр тыдэкIи щетIысэхын ыкIи зигъэпсэфын ымылъэкIымэ, Iо хэмылъэу, ащ псыпхъотэрым къыгъэзэжьыщт.

Къолэжъыр IубыбыкIыгъ ыкIи зэкIэри къэхъущтым паплъэхэу рагъэжьагъ. Охътабэ темышIэу къолэжъым къыгъэзэжьыгъ. КъыгурыIуагъ Нухьэ джыри чIышъхьашъор псым къызэрэчIэмыкIыжьыгъэр. Мэфэ заулэ тыригъашIи, Нухьэ джыри къолэжъыр къуашъом къыритIупщыгъ, ау джыри бэ темышIэу ащ къыгъэзэжьыгъ. Къолэжъыр джыри заулэрэ къыритIупщыгъ, ау зызыщигъэпсэфын тIысыпIэ ымыгъотэу ащ бэ темышIэу къыгъэзэжьыщтыгъ.

Мафэ заулэ тешIагъэу Нухьэ тыриубытагъ псыр еохыгъэмэ зэригъэшIэным пае тхьаркъор псыпхъотэрым ритIупщынэу. Ау псынкIэу тхьаркъори къэбыбыжьыгъ. Мэфибл тыригъашIи, Нухьэ джыри тхьаркъор къыритIупщыгъ. Мызыгъэгум тхьаркъор бэрэ къэтыгъ ыкIи пчыхьэ хъугъэу къызегъэзэжьым, оливкэ тхьапэ ыцапэ дэлъэу къызыдихьыгъэу къычIэкIыгъ. Арышъ, чIыпIэ горэм гъэнэфагъэу чIышъхьашъор къыщылъэгъуагъ ыкIи чъыгыхэри къыщыкIыхэу щаублэжьыгъ. Нухьэ джыри мэфибл тыригъашIи, тхьаркъор джыри ытIупщыгъ. Тхьаркъор къэкIожьымэ аIозэ, псыпхъотэрым исыгъэхэр бэрэ пэплъагъэх, ау бзыум къыгъэзэжьыгъэп: арышъ, псыр чIыгум текIыжьыпагъ. Арэу щытми, Нухьэ къуашъом къикIыщтыгъэп – Тхьэм къыфишIыщт унашъом ежэщтыгъ.

Охътэ заулэ тешIагъэу Тхьэм Нухьэ къыриIуагъ: „КъикIыжь псыпхъотэрым, уишъузи, пкъохэри, ахэмэ яшъузхэри уигъусэхэу! ЗэкIэ псэушъхьэхэри къитIупшыжьых!“ Нухьэ пчъэр къызэрэIуехэу зэкIэ псэушъхьэхэр ащ зэрэгъэгуIэхэзэ къикIыхи, къушъхьэм ечъэхыхи, губгъо ыкIи шъоф гъунэнчъэхэм арылъэдагъэх. Жьы хъоу-пщаум бзыухэр зэрэгъэгушIохэзэ, цIыргъ-щыргъ язэрэгъаIозэ, хэбыбагъэх. Нэбгыриими джащ фэдэу псыпхъотэрыр къабгынишъ, мэкIэ-макIэу къушъхьэм къехыхэу аублагъ. НэкIы хъугъэ псыпхъотэрыр къушъхьэ шыгум къытенагъ: чIыгур гъушъыжьыгъагъэ ыкIи псыпхъотэрыр джы хэти ищыкIэгъэжьыгъагъэп! Зиусхьаным къурмэн фишIыным пае Нухьэ къурмэншIыпIэ ыгъэпсыгъ. Зиусхьаныр арыба джыри чIышъхьашъор зыгъэгъушъыжьыгъэр! ЧIыгум, цIыфхэм, псэушъхьэхэм къафэгумэкIынэу Нухьэ Тхьэм елъэIу шIоигъуагъ. Псыпхъотэрым къикIыжьыгъэ псэушъхьэмэ ащыщэу заулэ Нухьэ шъуибзи, къурмэншIыпIэм ахэр тырилъхьагъэх, пхъэу ащ щызэтырилъхьагъэм машIо кIишIыхьагъ ыкIи къурмэныпхъэ псэушъхьэхэр ащ хэстыхьагъэх.

Тхьэм лъэшэу ыгу рихьыгъ Нухьэ Ежьым къурмэн къызэрэфишIыгъэр, арыти, Ащ Ежьым зэриIожьыгъэ: „Ащ щэхъукIэ Сэ ащ фэдэу дунаир згъэпщынэжьыщтэп. СэшIэ Сэ сыд пшIагъэкIи, ащ пае къамыгъанэу джыри тапэкIэ цIыфхэм зекIокIэ дэйхэр къызэрахэфэщтхэр. Джы Сэ сынаIэ чIыгум тетыщт“. А гущыIэхэр Тхьэм Нухьэ къыриIуагъэх ыкIи азыфагу зэзэгъыныгъэ дилъхьагъ: „Тхьэм Нухьэ къыгъэгугъагъ чIыгум, ащ щыпсэухэрэ цIыфхэм ыкIи псэушъхьэхэм къафэгумэкIынэу ыкIи ащ щэхъукIэ чIыгур псым чIыримыгъэхьажьынэу“.

Мыщ дэжьым зэкIэм Нухьэ ылъэгъугъ зыфэдэ къэмыхъугъэ нэшэнэ хьалэмэт. Ори зэгорэм плъэгъугъэнкIи





хъун лэгъупкъопс дахэм ошъогур икIыхьэкIэ зэпичэу, ащ ыкIыбкIэ пщэ шIуцIэхэр дэтхэу. Тхьэм къыриIуагъ Нухьэ: „Лэгъупкъопсыр ошъогум къыщылъагъо къэс Сэ ренэу сыгу къэкIыжьыщт о узэрэзгъэгугъагъэр ыкIи ащ щэхъукIэ чIыгум псыр къытезгъэожьыщтэп!“

Зиусхьаным игущыIэхэр зызэхахым, Нухьэрэ ащ ыкъохэмрэ лъэшэу насыпышIоу залъытэжьыгъ. ЦIыфхэмкIи зэкIэ чIыгумкIи Тхьэр ащ фэдэу зэрэхьалэлым пае тэри джащ фэдэу насыпышIоу зытлъытэжьын фае. ЫкIи лэгъупкъопсыр ошъогум къызыщылъагъокIэ, къызыгурыгъаIу ащкIэ Тхьэм Ежьым ихьалэлыгъэ къызэрэтигъэлъэгъурэр.

Ащ фэшъхьафэуи Тхьэм джыри зыкIэ Нухьэ къыгъэгугъагъ: нахьыпэм фэдэ къабзэу цIыфхэми сабыйхэр къафэхъущтых, псэушъхьэхэми щырхэр къакIэхъощтых. ИкIэрыкIэу цIыфхэри псэушъхьэхэри чIыгум тизы хъужьыщтых. Ары джыри зэрэхъугъэри. Мары зыплъыхь: тыдэ уплъагъэми, цIыфхэмрэ псэушъхьэхэмрэ зэрэщыпсэухэрэр олъэгъух.

Нухьэ мэкъумэщышIэ хъугъэ. Ыкъохэр игъусэхэу сэнашъхьэр къызыщагъэкIырэ губгъом ар щылажьэщтыгъ. Ащ фэшъхьафэу ахэмэ мэлыхэри, пчэнхэри, чэмыхэри ахъущтыгъэх.

Нухьэ иунагъо сабыибэ къыихъухьагъ. Ахэмэ аныбжь икъущтыгъэ, къащэщтыгъэ, сабыйхэр къафэхъущтыгъэх. Джарэущтэу лъэпкъыбэ: хьулъфыгъэхэу, бзылъфыгъэхэу, кIэлэцIыкIухэу мин пчъэгъабэхэр дунаим щыпсэухэ хъугъэ.

Нухьэ лIагъэ, ащ ыкъохэу Шеми, Хами, Яфети лIагъэх. Арыти, Зиусхьаным зы нэбгырэ цIыфхэм къахихыгъ, ащ ыцIагъэр Ибрахьим. А цIэр дэгъоу угу иубыт: Ибрахьим!

1. Тыдэ къыщыуцугъа псыпхъотэрыр?
2. Сыд фэдэ бзыуа Нухьэ апэ рапшIэу псыпхъотэрым къыритIупщыгъэр?
3. Сыда тхьаркъом ыцапэ дэлъэу къызыдихьыгъэр?
4. Псыпхъотэрым къызекIым, сыда Нухьэ ышIагъэр?
5. Ошъогум загъорэ къыщылъагъорэм сыда зэреджэхэрэр?
6. Лэгъупкъопсым сыда къикIырэр?

## *7. ТХЬЭМ ФЭЛАЖЬЭРЭ ИБРАХЬИМ*

Хэгъэгу чыжьэм щыпсэущтыгъэ лIы горэм, ИбрамкIэ ащ еджэщтыгъэх. ЛIыжъы хъугъэхагъэ ар, ишъхьэгъусэу Зерайи бзылъфыгъэ ныбжьыкIэу щытыжьыгъэп. Сабый ахэмэ яIагъэп ыкIи ар лъэшэу нэбгыритIуми гукъэошхо къащыхъущтыгъэ. Ибрам анахьэу гугъу ышIыгъагъэр зэгорэм чъыезэ, ащ Тхьэм ымакъэ зэрэзэхихыгъагъэр ары, ыкIи Тхьэм ащ къыриIогъагъ: „Сэ лъэпкъышхо о къыптезгъэхъукIыщт“. Ащ фэшъхьафэу Тхьэм ащ къыриIогъагъ ти КъэгъэнэжьакIоу Исус Христос а лъэпкъым къыхэкIын фаеу зэрэщытыр. Ау сыдэущтэу аущтэу хъун ылъэкIына, Ибрам кIалэ иIагъэпи!

Ау мары зэгорэм Тхьэм Ибрам къыриIуагъ: „УичIыгу къэбгыни, Сэ къыозгъэлъэгъущт чIыгум кIо!“ Тхьэм игущыIэхэр зэрэзэхехыхэу Ибрам унашъо афишIыгъ гъогум зэрэтехьащтхэм зыфагъэхьазырынэу. Ибрам ишъхьагъусэу Зерай изакъоп хымэ хэгъэгум кIонэу дежьагъэр. Ибрам ипхъорэлъфэу ЛутIэрэ ащ ишъхьэгъусэрэ гъусэ зыкъыфашIынэу рахъухьагъ. Ахэмэ афэшъхьафэу гъогу чыжьэм джащ фэдэу дытехьагъэх Ибрам зэкIэ иунэIутхэри ыкIи зэкIэ ащ псэушъхьэу иIагъэхэри.

Уахътабэрэ зытетынхэ фэегъэ гъогу чыжьэу щытыгъ ахэр зытехьагъэхэр. Псэушъхьэхэр жъажъэу кIощтыгъэх, загъорэ къэуцухэти, уц тIэкIу ахъущтыгъэ, псы тIэкIу ешъощтыгъэх, тIэкIу загъэпсэфэуи къыхэкIыщтыгъ. Тхьэм хэгъэгоу Ибрам зыдигъакIощтыгъэм ХанаанкIэ еджэщтыгъэх, ащ щыпсэущтыгъэ цIыфхэм Зиусхьаныр шIу алъэгъущтыгъэп ыкIи Ащ фэлажьэщтыгъэхэп.

Мафэ пчъэгъабэрэ гъогум зытетыхэ нэужым Ибрамрэ ащ игъусэхэмрэ Ханаан хэгъэгу чыжьэм нэсыгъэх. ЗэкIэ иунагъо игъусэу Ибрам мэзым щыпсэунэу хэтIысхьагъ. Ау зэгорэм Тхьэм ащ къыриIуагъ: „О джы узыщыпсэурэ хэгъэгур орырэ о птехъукIыщт цIыф лъэпкъышхомрэ яеу хъущт“. Ибрам Зиусхьаным лъэшэу зэрэфэразэр риIуагъ, къурмэншIыпIэ ыгъэпсыгъ ыкIи ежь ипсэушъхьэмэ ащыщмэ къахихи, былым заулэ Тхьэм къурмэн фишIыгъ.

Арэу щытми, Ибрамрэ Зерайрэ, нахьыпэм фэдэу, кIалэ джыри яIагъэп. Лъэшэу гукъао ащыхъущтыгъ ар ахэмэ. Ибрам зэрэчэфынчъэ зэпытыр елъэгъути, Зерай ащ риIуагъ: „СиунэIутэу Хьэджэр зыцIэр о шъуззкIэ пштэн фае. Ар ныбжьыкI ыкIи о къо къыпфэхъункIи мэхъу“. Ибрам Зерай къыриIуагъэр ыгъэцэкIагъ, Хьэджэр шъузкIэ ыштагъ ыкIи охътэ гъэнэфагъэ тешIагъэу ащ Ибрамрэ Зерайрэ ариIуагъ сабый къызэрэфэхъущтыр. Ау бэ темышIэу унагъом щызэщыхьэхэу бзылъфыгъэхэм къырагъэжьагъ. Хьэджэр лъэшэу рыпагэщтыгъ сабый къызэрэфэхъущтым. Мафэ къэс ар нахь шъхьафитэу зекIоу хъугъэ ыкIи бэрэ Зерай ыгу хигъэкIыщтыгъ.

Зерай лъэшэу шъхьакIо щыхъущтыгъ иунэIут бзылъфыгъэ къызэрекIэнакIэрэр ыкIи зэгорэм Ибрам иIэпыIэгъу щыгугъэу ыдэжь кIуагъэ. Гукъэошхо щыхъоу гъызэ къыIуатэщтыгъэ, ежьыркIэ зэрэкъиныр Хьэджэр икIэнэкIэлъэ гущыIэхэр мафэ къэс ыщэIэнхэр. Джащыгъум Ибрам Зерай риIуагъ: „Хьэджэр оры зиунэIутыр ыкIи ар къызэрэомыдэIурэм пае узэрэфаеу удэзекIон уфит“. Ибрам ащ фэдэ гущыIэхэр Зерай къыриIохэу Хьэджэр зызэхехым, лъэшэу къэщтагъ ыкIи ышъхьэ рихьыжьэжьынэу тыриубытагъ. Ынэпсыхэр кIилъэкIыкIыхэзэ, Хьэджэр зыдэкIощтыри ымышIэу гъогу техьагъ. Джы мары ар шъоф нэкIым итэу гъогум рэкIо, ежьым пэмычыжьэхэу хьэкIэ-къокIэ Iэлыхэм къыщачъыхьэ, тыгъэ нэстырым кIышъор тырежъыкIы, ащ зыщиухъумэным ыкIи тIэкIу нэмыIэми зигъэпсэфыным пае зы чъыг цIыкIу горэ нэмыIэми Хьэджэр нэплъэгъум ригъуатэрэп. Джы ар лъэшэу кIэгъожьыгъагъ Зерай дэеу зэрэфыщытыгъэмкIэ.

Ау зэкIэм ащ ылъэгъугъ псынэ! Джы ащ псыкIэ зигъэшъокIын ыкIи зигъэпсэфын ылъэкIыщт. ПсыкIэ зызегъэшъокIыхэ нэуж, мэлэIичэу къыбгъодэтыр Хьэджэр къылъэгъугъ. МэлэIичыр ащ къеупчIыгъ: „Хьэджэрэу Зерай иунэIут! Тыдэ укъикIыгъ о ыкIи тыда уздакIорэр?“ – “Сэ Зерай зышIозгъэбылъи, сшъхьэ къесхьыжьэжьыгъ“, – джэуап къытыжьыгъ Хьэджэр. Джащыгъум мэлэIичым ащ къыриIуагъ: „Гъэзэжьи, кIожь ыкIи уизекIокIагъэр къыпфигъэгъунэу Зерай елъэIу, ащ нахьыбэкIи нэпэнчъагъэ къызхэмыгъэфэжь!“ Ащ фэшъхьафэу мэлэIичым Хьэджэр къыриIуагъ шIэхэу ащ шъао къызэрэфэхъущтыр ыкIи ащ цIэу Исмахьилэ фиусын зэрэфаер.

МэлэIичым къыриIуагъэм едэIуи, Хьэджэр ядэжь къыгъэзэжьыгъ. ИзекIокIагъэр къыфигъэгъунэу Зерай елъэIугъ ыкIи джы тапэкIэ ащ фэдэ гори къызэрэхэмыфэщтымкIэ гущыIэ ритыгъ. Зерай ащ лъыпытэу Хьэджэр имыхъун зекIокIагъэр фигъэгъугъ ыкIи нахьыпэрэм фэдэу унагъом гупсэф илъэу хъужьыгъэ. МэлэIичым къызэригъэгугъагъэм фэдэу шIэхэуи Хьэджэр шъао къыфэхъугъ. ЫкIи ащ цIэу Исмахьил фиусыгъ. Ибрам лъэшэу насыпышIуагъ, сыда пIомэ Тхьэм ар зыщигъэгугъыгъэ къор арэу къыфэхъугъэр къышIошIыщтыгъ.



1 Мусэ 12, 15–17



Илъэс пчъэгъабэ тешIагъэу зэгорэм Тхьэм Ибрам къыриIуагъ: „Уишъхьэгъусэу Зерайи Сэ шъао къестыщт!“ Ибрами Тхьэм кIэу цIэ къыфиусыгъ – Ибрахьим ыIоу. Ащ къикIыщтыгъэр „ЦIыф лъэпкъышхом ят“, ыIоу ары. Ау Ибрахьимэ ар ышIошъ ыгъэхъун ылъэкIыщтыгъэп: ежьырырэ Зерайрэ джы сабый къафэхъужьынэуи? А уахътэм ащ илъэсишъэ ыныбжьыгъ, Зерайи къыгъэшIагъэр илъэс тIокIиплIырэ пшIырэ. Джыри Тхьэм ащ къыриIуагъ: „Уишъхьэгъусэ джы СарэкIэ едж!“ Ау Сарэм къикIырэр „лъэпкъышхом ипачъыхьэ бзылъфыгъ“ ыIоу арыба! Джы ащ сабый къыфэхъунэуи?“ Къыфэхъущт, – ыIуагъ Тхьэм, – къоу о къыпфэхъурэм Исхьакъ фэус, ащ къикIырэр „ар мэщхы“ ыIоу ары. Ау Ибрахьимэ ар ышIошъ хъущтыгъэп ыкIи щхыщтыгъэ.

Охътэ тIэкIу тешIагъэу Тхьэм джыри Ибрахьимэ зыкъыIуигъэкIагъ ыкIи шъао къызэрэфэхъущтымкIэ джыри къыгъэгугъагъ. Тхьэр Ибрахьимэ къыдэгущыIэ зэхъум, Сарэ ахэмэ апэмычыжьэу щытыгъ ыкIи зэкIэ зытегущыIагъэхэр зэхихыгъэ. „Сыдэущтэу, сэ, ныожъым, сабый къысфэхъуна? – щхыщтыгъэ ар. – Ащ фэдэ хъун ылъэкIына?“ – „Сыда Сарэ зыдэхьащхырэр? – къеупчIыгъ Тхьэр Ибрахьимэ. – ИлъэскIэ ащ сабый къыфэхъущт“. Зэрэщхыщтыгъэр Тхьэм зэрэзэхихыгъэм пае Сарэ лъэшэу къэщтагъ. Арыти, къызыIуипхъоти, къыIуагъ: „Сыщхыгъэп сэ“. Ау Тхьэм ышIэщтыгъ Сарэ пцIы зэриусыгъэр.

Илъэс тешIагъэу Сарэрэ Ибрахьимэрэ шъао къафэхъугъ. Ахэмэ ащ Исхьакъ фаусыгъ, лъэшэуи ягушIогъошхуагъ: Тхьэм гущыIэу къаритыгъэр ыгъэцэкIэжьыгъ.

1. Сыда Тхьэм Ибрам ышIэн фаеу къыриIогъагъэр?
2. Сыда Ибрамрэ Сарэрэ зыгъэнэшхъэищтыгъэр?
3. КIэу сыд фэдэ цIэха Тхьэм Ибрамрэ Сарэрэ къафиусыгъэхэр?
4. Сыда Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэр?
5. Сыда фэдэ цIа Ибрахьимэрэ Сарэрэ яшъао фаусыгъэр?

## *8. ХЬЭДЖЭРРЭ ИСМАХЬИЛЭРЭ*

Ибрахьимэрэ Сарэрэ яшъаоу Исхьакъ къызэхъум, Хьэджэррэ Ибрахьимэрэ якIалэу Исмахьилэ шъэожъыешхо хъугъэхагъэ. Исмахьилэ ащ лъыпытэу Исхьакъ ылъэгъу мыхъоу къыригъэжьагъ. НахьыпэкIэ Ибрахьимэ анахь шIу ылъэгъурэ шъаоу щытыгъэр ежьыр, Исмахьил ары, джы Ибрахьимэ анахьышIу ылъэгъущтыгъэр Исхьакъ арыгъэ. Ау Исхьакъ ышIэщтыгъэп Исмахьилэ ар ылъэгъу зэрэмыхъущтыгъэр. Ащ фэдэхэр къыгурыIонхэмкIэ ар джыри цIыкIущагъэ. Ары пакIошъ, Ибрахьимэрэ Сарэрэ ащ гу лъатэщтыгъэп.

Мары етIанэ зэгорэм къэхъугъэр. Сарэ ишъао цIыкIоу лъэшэу зэрыгушхощтыгъэм лъыплъэнэу ыдэжь кIуагъэ. ЫкIи сыда ащ ылъэгъурэр? Исмахьилэ Исхьакъ цIыкIум кIэлъырытэу кIэнакIэщтыгъ. Сарэ инэу Исмахьилэ фэгубжыгъ. Ар ащ лъыпытэу Ибрахьимэ дэжь кIуагъэ ыкIи Исмахьилэ изекIуакIэ риIотагъ. „Ибрахьим, – ыIуагъ Сарэ, – Исмахьилэрэ ащ янэрэ мы унэм ифых! Сыфаеп сэ ахэр Исхьакъ зы унэ дисынхэу!“

Ибрахьимэ аущтэу зекIонкIэ фэягъэп, сыдэу Iо фаеми, Исмахьили ащ ишъаоу щытыгъ ыкIи ари шIу ылъэгъущтыгъэ! Ау Тхьэм Ибрахьимэ къыриIуагъ: „Ибрахьим! Сарэ къызэрэуиIорэм тетэу шIы! Сэ Исмахьилэ гум исынэщтэп ыкIи ащ сыфэгумэкIыщт!“

Ибрахьимэ Исмахьилэрэ Хьэджэррэ иунэ рифыгъэх ыкIи ахэр шъоф нэкIым зэпырыкIырэ гъогу чыжьэм техьагъэх. Хьэджэр зыдиштэгъагъэх хьалыгъурэ псы къошынрэ. Гъогум зытехьэхэм, ахэр елъэкIонырщтыгъэх, ау бэ темышIэу Исмахьилэ псынкIэу къэпшъыгъ ыкIи янэ къелъэIоу къыригъэжьагъ тIэкIурэ загъэпсэфынэу, тIэкIуи ашхынэу ыкIи псы ешъонхэу. Хьэджэр ащ къезэгъыгъ ыкIи тIэкIурэ зызагъэпсэфыхэ нэуж ягъогу техьажьыгъэх.

Бэ темышIэу Исмахьилэ джыри къыкIэлъэIугъ псы тIэкIу ешъонэу. Хьэджэр ар псым зэ ригъэхъупIагъ, ау тIэкIу нахь мыкIуагъэхэу етIани шъэожъыер псы ешъомэ шIоигъоу янэ къелъэIугъ. Хьэджэр джыри зэ ишъао псым ригъэхъупIагъ. Ежьыри псыфалIэ лIэщтыгъэ нахь мышIэми, Хьэджэр ыщыIэщтыгъ ишъао нахьыбэу псы къыфигъэнэным пае. Арымырми къошыныр нэкIы хъугъэ пIоми хъунэу щытыгъ. Исмахьилэ джыри зэ псым зехъупIэм, зыпари ащ къинэжьыгъэп.

Исмахьилэ лъэшэу пшъыгъагъэ, ар фабэ пэщтыгъ ыкIи псыфалIэм ригъэзыгъагъ. Ащ нахьыбэкIэ кIожьын ымылъэкIэу шъэожъыер къызэтеуцуагъ ыкIи къэгъыгъ. Хьэджэр кондэ жьаум ар чIигъэтIысхьи, ежьыр тIэкIу IукIотыгъ ыкъо тхьамыкIэ зэрэгъырэр ымылъэгъуным пае. Ежьыми ынэпсыхэр фэубытыщтыгъэхэп. Зыгорэ ахэмэ къадемыIэнэуи? Исмахьилэ мырэущтэу шъоф нэкIым илIыхьанэуи?

Ау сыда ар? Хэта ахэмэ къяджэрэр? Хэта ар зымакъэр? Ар Зиусхьаным имэлэIичэу къычIэкIыгъ. „Сыда къыохъулIагъэр, Хьаджэр? – къеупчIыгъ ар. – Умыщын! Тхьэм шъэожъыем игъы макъэ зэхихыгъ. Къэтэдж, кIо Исмахьилэ ыдэжь ыкIи IэпыIэгъу фэхъу къэтэджынымкIэ! Мы шъоф нэкIым ар илIыхьащтэп. Ари цIыф лъэпкъышхом ятэу хъущт“.

ЕтIанэ сыда ылъэгъурэр Хьэджэр? Ежьхэм къапэблэгъэ шъыпкъэу псынэ щыт. Ащ ыпэкIэ ар ылъэгъугъагъэп, ау Зиусхьаным ар къыригъэлъэгъугъ. Хьэджэр елбэтэу къошыным псы изы къышIи, Исмахьилэ псыкIэ зыригъэгъэшъокIыгъ. Шъэожъыем ыкIуачIэ къызэтеуцожьыгъ ыкIи ащ лъыпытэуи янэрэ ыкъорэ гъогум техьажьыгъэх.

Джы мары Хьэджэррэ ыкъорэ хымэ хэгъэгоу къызыдэкIуагъэхэм щыпсэухэу рагъэжьагъ. Тхьэр Исмахьилэ къыфэгумэкIыгъ. ЛIышхоу ыкIи кIочIэшхоу ар хъугъэ. ЕтIанэ къыщагъ ыкIи къо пшIыкIутIу къыфэхъугъ.

1. Сыда ышIагъэр Исмахьилэ?
2. Ошъогум къиIукIэу хэт ымакъэ Хьэджэр зэхихыгъэр?
3. Ежьым пэблагъэу сыда Хьэджэр ылъэгъугъэр?
4. Хэта Исмахьилэ къыфэгумэкIыщтыгъэр?



# *9. ИБРАХЬИМЭ ИСХЬАКЪ КЪУРМЭНЫПХЪЭ ЫШЫН ФАЕУ ЗЭРЭХЪУГЪЭР*

Исхьакъ шъэожъыешхо хъугъагъэ ыкIи Ибрахьимэрэ Сарэрэ ягушIуагъо гъунэнчъагъэ. Ау зэгорэм Ибрахьимэ зэхихыгъэ Тхьэм ымакъэ: „Ибрахьим, пкъо закъоу шIу плъэгъурэр къушъхьэ шыгум къащэри, Сэ сцIэкIэ ар къурмэн къысфэшI“. ГумэкI-гукъэошхом зэлъиштагъэ Ибрахьимэ. Исхьакъ ащ ыукIыпэн фаеуи? Шъынэхэр къурмэн зэрашIыхэрэм фэдэу ыкъо закъоу шIу ылъэгъурэр ыукIынэуи? Ары шъхьаем ары Тхьэм къыззэрэриIуагъэр ыкIи Ибрахьимэ ар ыгъэцэкIэн фае.

Ары шъхьаем, ащыгъум Ибрахьимэрэ Сарэрэ шъао ямыIэжьэу къанэхэба? Исхьакъ къэхъуным ыпэкIэ Тхьэм ахэмэ къариIогъагъэба Исхьакъ нэужым лъэпкъышхо зэрэтекIыщтыр ыкIи ти КъэгъэнэжьакIоу Исус Христос джащ фэдэу Ибрахьимэрэ Исхьакърэ ялъэпкъышхо къыхэхъухьанэу. Ау Исхьакъ джы щымыIэжь хъумэ, арэущтэу хъун ылъэкIыщтэп ныIа...

Ибрахьимэ лъэшэу Тхьэм ыгукIэ етыгъэу щытыгъ, Ащ шIошъхъуныгъэ фыриIагъ ыкIи ащ къыхэкIэу Тхьэм пшъэрылъэу къыфишIыгъэр ымыгъэцэкIэн ылъэкIынэу щытыгъэп.

Джы мары Ибрахьимэ пчэдыжьым жьэу къыгъэущыгъ ыкъоу Исхьакъ ыкIи риIуагъ гъогум техьанэу зигъэхьазырынэу. ЕтIанэ Ибрахьимэ иунэIутитIу ариIуагъ гъусэ къыфэхъунхэу. Ащ нэужым къурмэншIыпIэм щигъэстыщт пхъэр ыгъэхьазырыгъ, щыдым ешэсыгъ, машIо зыдиштагъ, шъэжъые чаныри ыштагъ, пхъэхэр щыдым ыбгъухэмкIи тыригъэпытыхьэхи, игъогу техьагъ.

Исхьакъ къыгурыIуагъ ежьырырэ ятэрэ къурмэн Тхьэм фашIынэу зэрэкIохэрэр. Ибрахьимэ щыдым тетIысхьагъ, Исхьакърэ иунэIутитIумрэ ащ готхэу ежьагъэх. Мэфищым къыкIоцI гъогу чыжьэ, гъогу къин ахэмэ акIун фаеу апэ илъыгъ, ау Исхьакъ шъэожъыешхо хъугъэхагъэ ыкIи ащ фэдэ гъогууанэри ащ ыкIуачIэ къыхьын ылъэкIынэу щытыгъ.

Ящэнэрэ мафэм чыжьэкIэ къэлъагъоу Ибрахьимэ ылъэгъугъ къушъхьэу Морие. А чIыпIэр ары Тхьэм унашъо къызэрэфишIыгъэм теткIэ Ибрахьимэ ыкъо къурмэн зыщишIын фэягъэр. Ибрахьимэ щыдым къехыгъ ыкIи иIофтабгэхэм ариIуагъ: „Щыдыр шъуигъусэу шъо мыщ дэжьым шъукъыIун, сэ шъэожъыер сигъусэу тапэкIэ сылъыкIотэщт. Къушъхьэ шыгум Тхьэм тыщелъэIунышъ, тэ етIанэ къэдгъэзэжьыщт“.

Зэхэоха Ибрахьимэ ыIорэр? Исхьакъи игъусэу къыгъэзэжьыщтэу еIо. Ары шъхьаем, Тхьэм Ибрахьимэ унашъо къыфишIыгъэба Исхьакъ къурмэн ышIынэу... ЗыгорэкIэ ащ иунэIутхэр егъапцIэхэмэ шIэ? Хьау, Ибрахьимэ зыщыгугъырэр ыкIи ицыхьэ зытелъыр Тхьэм Исхьакъ къызэригъэнэжьыщтыр ары. Ары пакIошъ, Исхьакъ лIэн фаеу хъуми, нэужым Тхьэм ащ ыпсэ къыпигъэкIэжьыщт!

Ибрахьимэ щыдым пхъэхэр къытырихыхи, Исхьакъ ытамэ тырилъхьагъэх, ежьым машIомрэ шъэжъыемрэ ыштагъэх. ЕтIанэ ятэрэ ыкъорэ къушъхьэ шыгум дэкIуаехэу рагъэжьагъ. „Тят, – къэупчIагъ тIэкIу тешIагъэу Исхьакъ, – мары машIомрэ пхъэхэмрэ, тыдэ щыIа адэ шъынэр?“ Ибрахьимэ ащ джэуап ритыжьыгъ: „Шъынэм икъэгъотын Тхьэр Ежьым ышъхьэкIэ фэгумэкIыщт“. Ар ыкъо къыриIуи, Ибрахьимэ Исхьакъ игъусэу ыпэкIэ ригъэхъугъ. КIэм-икIэжьым нэсыгъэх ахэр къушъхьэ шыгум. Тхьэм Ибрахьимэ унашъо къыфишIыгъ мыщ дэжьым къыщыуцунэу ыкIи къурмэншIыпIэ щигъэпсынэу. Ибрахьимэ мыжъохэр къыугъоихи, ахэмэ ахишIыкIыгъ къурмэншIыпIэ. ЕтIанэ Исхьакъ ытамэ пхъэхэр къытырихыхи, къурмэншIыпIэм щызэтырилъхьагъэх. Исхьакъ



джау къыбгъодэтыгъ ыкIи зиплъыхьэщтыгъэ шъынэр къызыдикIыщт чIыпIэр ымышIэу. Ау зэкIэм Ибрахьимэ кIалэр къызэрищалIи, ар зэкIоцIипхи, къурмэншIыпIэм тыригъэгъолъхьагъ.

Джы Исхьакъ къыгурыIуагъ ежьыр къурмэныпхъэ зэрэхъущтыр. Ау Исхьакъ зы гущыIи ыжэ къыдэзыгъэп. „Аущтэу шIыгъэн фаеу Тхьэм елъытэмэ, ащыгъум ар тэрэзэу щыт“, – егупшысагъ ар. Ибрахьимэ шъэжъыер къыштагъ...

Мыщ дэжьым ошъогум къиIукIырэ макъэр Ибрахьимэ зэхихыгъэ: „Ибрахьим! Ибрахьим!“ Ар Зиусхьаным имэлэIич ымакъэу щытыгъ. „Сэ мыщ сыщыI“, – джэуап ытыжьыгъ Ибрахьимэ. „Зи емышI шъэожъыем, – къыриIуагъ мэлэIичым. – Джы сэ сэшIэ о Тхьэм узэрэщыщынэрэр. О уфэягъ пкъо закъо Тхьэм къурмэн фэпшIынэу!“ Исхьакъи джащ фэдэу мэлэIичым ымакъэ зэхихыгъэ ыкIи къыгурыIуагъ псаоу къызэрэнэжьыгъэр. Тхьэр фэягъ Ибрахьимэ ыуплъэкIунэу ыкIи джы Ащ ышIэщтыгъ Ибрахьимэ сыдырэмкIи къызэредэIущтыр.

Ибрахьимэ псынкIэу Исхьакъ къытIэтэжьыгъ ыкIи ар къурмэншIыпIэм къехыжьыгъ. А такъикъым ятэрэ ыкъорэ пкIэшъэ хъые макъэхэр апэмычыжьэу къыщыIухэу зэхахыгъэ. АпэчIынатIэу тIы ныбжьыкIэ куандэм хэнагъэу хэтэу ахэмэ алъэгъугъ. Арэущтэу хъуным Тхьэр къыфэгумэкIыгъ. Ибрахьимэ тIыр къурмэншIыпIэм къырихылIи, ар шIуибзи, къурмэншIыпIэм тырилъхьи, машIор зэкIигъэнагъ. Джаущтэу Ибрахьимэ ыкъо закъоу шIу ылъэгъурэ Исхьакъ арымырэу, тIыр Тхьэм ыцIэкIэ къурмэн ышIыгъ.

Джыри Ибрахьимэ мэлэIичым ымакъэ зэхихыгъ. Ибрахьимэ Зиусхьаным зэрэфэшъыпкъэр къызэриушыхьатыгъэм пае Ащ иIэмыркIэ Ибрахьимэрэ Исхьакърэ лъэпкъышхо къахигъэкIыщт. Ти КъэгъэнэжьакIоу Исус Христос а лъэпкъым къыхэкIыщт. Ибрахьимэ гушIуагъэ ыкъоу Исхьакъ псаоу къызэрэнэжьыгъэм пае, Исхьакъ кIэлабэ къызэрэфэхъущтымкIи, ащ икIалэхэми кIэлабэ къызэрапыхъощтым ыкIи джащ фэдэу зэкIэлъыкIохэзэ, лъэпкъышхо щыIэ зэрэхъущтым апаи. Ежь Тхьэм арэущтэу ыIуагъ.

ТIыр къурмэн зашIыхэ нэужым, ащ лъыпытэу Ибрахьимэрэ Исхьакърэ къурмэншIыпIэм Iутхэу Тхьэм щытхъу фашIи, къушъхьэ шыгум къехыжьыгъэх. Ибрахьимэ щыдым тетIысхьажьыгъ ыкIи зэкIэ ахэр зэгъусэхэу яунэ, Сарэ ыдэжь, къэкIожьынхэу къежьэжьыгъэх.



1. Сыда Ибрахьимэрэ Сарэрэ ашIэн фэягъэр?
2. Сыда Исхьакъ ятэ зэреупчIыгъэр?
3. Сыда ошъогум къикIыгъэ мэлэIичым къариIуагъэр?
4. Сыда Тхьэм Ибрахьимэ къызэригъэгугъагъэр?
5. Ибрахьимэрэ Исхьакърэ ялъэпкъ хэта къыхэкIынэу щытыгъэр?

## *10. ЯКЪУБЭ ГЪЭПЦIАКIОР*

Исхьакъ ыныбжь зекъум, Ребеккэ зыцIэ пшъашъэр къыщагъ. ДэкIоным ыпэкIэ Ребеккэ зыщыпсэущтыгъэр зэгорэм Ибрахьимэ къыбгынэгъэгъэ хэгъэгур ары. Исхьакърэ Ребеккэрэ лъэшэу шIу зэрэлъэгъущтыгъэх, ау ахэмэ сабый къафэхъущтыгъэп, зэгъусэхэу илъэс 20 зэдыщыIагъэх нахь мышIэми.

Бэрэ ахэр Тхьэм елъэIущтыгъэх сабыйхэр къафигъэхъунхэу. ЫкIи икIэм-икIэжьым Ребеккэ тIолъфэныкъо шъэуитIу къыфэхъугъэх. Апэрэу къэхъугъэм Эсау, ятIонэрэу къэхъугъэм Якъуб афаусыгъ.

Сабыйхэр къэхъунхэм ыпэкIэ Тхьэм Ребеккэ къыриIогъагъ: „Къо нахьыжъыр сыд фэдэрэмкIи нахьыкIэм фэлэжьэщт ыкIи фэIорышIэщт“. Ащ фэдэ гущыIэхэр зызэхеххэм, Ребеккэ лъэшэу ыгъэшIэгъуагъ.

Илъэсыбэ тешIагъ ащ нэужым. Эсаурэ Якъубэрэ иныхъугъэх. ЛIы кIочIэшхо плIэIу шъуамбгъоу хъугъэ Эсау. Ащ зэкIэ ыкIышъо цы тетыгъ. Мэфэ псаум ар мэзым хэтэу хьэкIэ-къокIэ Iэлыхэм яшакIощтыгъ. КIочIэшхоу, лIыбланэу ыкIи нэутхагъэ хэлъэу зэрэщытыгъэм пае Исхьакъы лъэшэу шIу ылъэгъущтыгъэ ыкъо нахьыжъэу Эсау.

Ышэу Эсау фэдэу Якъубэ кIочIэшхоу щытыгъэп. Ышы Эсау фэмыдэу ыкIышъуи цы тетыгъэп, къэбзагъэ. Якъубэ шакIо кIощтыгъэп. Ренэу ар ящагу дэтыгъ ыкIи щагу былымхэм къадекIокIыщтыгъ. Бысым дэгъоу ар щытыгъ. Якъубэ ышIэщтыгъэ ышнахьыжъэу Эсау армырэу, ежьыр, Якъубэ унагъом ышъхьэ хъущтэу Тхьэм янэу Ребеккэ къызэрэриIогъагъэр.

А уахътэм ехъулIэу Исхьакъ жъы дэдэ хъугъагъэ. Ащ зыпари илъэгъужьырэп пIоми хъунэу щытыгъ, ары пакIошъ, ежь пэблэгъэ цIыфхэри зэхишIыкIыжьыщтыгъэхэп. Ар бэрэ сымаджэщтыгъэ ыкIи шIэхэу лIэным тещыныхьэщтыгъэ. Джащ пае зэгорэм ар Эсау къеджэгъагъ, нахьыжъэу зэрэщытым елъытыгъэу зэкIэ мылъкоу иIэр ащ зэрэIукIэн фаер риIоным пае. Исхьакъ фэягъ Тхьэм ынэшIу Эсау къыщифэнэу елъэIунэу, ыкIи зэшитIумэ лъэпкъышхо атекIынэу ыкIи ти КъэгъэнэжьакIоу Исус Христос а лъэпкъым къыхэкIыщтэу Тхьэм зэриIогъагъэр къыфиIотэнэу. Эсау ятэ ыдэжь къызехьэм, Исхьакъ ащ риIуагъ: „Жъы сыхъугъ сэ ыкIи сшIэрэп сызылIэщтыр. ШакIо кIори, хьэкIэ-къокIэ Iэл горэ къэукIыри, ащ ыл сфэгъажъэри сшхынэу къысфахь. Сэ Тхьэм ынэшIу къыпщифэнэу селъэIущт“. Ятэ ишIоигъоныгъэ ыгъэцэкIэнэу Эсау ащ лъыпытэу шакIо кIуагъэ.

Ятэрэ ыкъорэ зэкIэ зэраIуагъэм Ребеккэ едэIошагъ. Ар зыкIи фэегъахэп Исхьакъ Тхьэм елъэIунэу ынэшIу Эсау къыщифэнэу. Тхьэм ежьым къыриIогъагъэба Якъубэ унагъом ышъхьэ хъущтэу. ПсынкIэу ар Якъубэ ыдэжь чъи, зэкIэ зэхихыгъэр риIотагъ. „Сэ къызэрэуасIорэм фэдэу шIы! – фигъэпытагъ ащ ыкъо. – КIори тиIэхъогъу щыщ чэцIитIу къэхьи, шIобзых! Сэ шхын гохь ахэмэ ахэсшIыкIынышъ, етIанэ а гъомылэр уятэ фэпхьыщт“.

„Сшэу Эсау ычIыпIэкIэ шхынир зыфэсхьыкIэ, сятэ къысфэгубжынкIэ мэхъуба? Ащ нэмыкIэуи Эсау ыкIышъо зэфэдэкIэ цы тет, сэ скIышъо къабзэ, арышъ, сятэ ащ лъыпытэу къышIэщт сэ ар згъэпцIэн сыгу зэрэхэлъыгъэр“, – къезэгъыгъэп Якъубэ.

„Уятэ укъишIэу къыпфэгубжымэ, сэ зэкIэри силажьэу сIонышъ, зытеслъхьажьыщт“, – къыритыжьыгъ Ребеккэ джэуап пэгъокI. Ащ нэужым Якъубэ чэцIитIу янэ къыфихьыгъ, мыдырэми ахэмэ шхын IэшIу ахишIыкIыгъ. Ащ дэгъоу ышIэщтыгъэ илI Исхьакъ анахьэу шIу ылъэгъурэ лыр зыфэдэр.

Якъубэу зэрэщытыр Исхьакъ къымышIэным пае Ребеккэ Якъубэ ыIэхэмрэ ыпшъэбырэ чэцIыхэм ашъохэр къарищэкIыгъэх, ари римыгъэкъоу Эсау иджэнэ кIыIу телъи ащ зыщыригъэлъагъ. ЕтIанэ гъомлапхъэу ыгъэхьазырыгъэр рити, Якъубэ ятэ ыдэжь ыгъэкIуагъ.

„Ухэт о, сишъау?“ – къэупчIагъ Исхьакъ.

„Уишъэо нахьыжъэу Эсау ары, – пэгъокI ятэ ритыжьыгъ Якъубэ. – Шхын къыпфэсхьыгъ. Къыпфэзгъэхьазырыгъэ лыр шхи, Тхьэм ынэшIу къысщифэнэу елъэIу!“

„Сыдэущтэу ащ фэдэу псынкIэу мыхэр къэуушэкIунхэ ыкIи шхыныр къэбгъэхьазырын плъэкIыгъа?“ – къэупчIыгъ, зэхихыгъэр ыгъэшIагъозэ, Исхьакъ. „АщкIэ сэ Тхьэр къыздеIагъ“, – пцIы къыусыгъ Якъубэ. „Моу нахь благъэу къыскIэлъырыхь, – ыIуагъ Исхьакъ, – сишъаоу Эсау арымэ зэзгъэшIэнэу сыкъыптеIэбэщт“.

Якъубэ ятэ зекIуалIэм, адрэр къытеIаби, къыриIуагъ: „ГъэшIэгъоны, Якъубэ ымакъэ зэхэсэхы, Iэхэмрэ пшъэмрэ Эсау фэдэу цыр атиз. Адэ, шъыпкъэмкIэ, сапашъхьэ итыр сишъаоу Эсау ара?“ – къэупчIагъ джыри Исхьакъ.

„Ары“, – джыри ятэ ыгъапцIэзэ, къыIуагъ Якъубэ.

„Дэгъу арымэ, – ыIуагъ Исхьакъ, – къэбгъэхьазырыгъэ шхыныр моу къысэт“. Исхьакъ лъэшэу ыгу рихьэу лыр ышхыгъ. Ау щытми, ар джыри ехъырэхъышэщтыгъэ. Ренэу ащ къышIошIыщтыгъэр Эсау арымырэу, ыпашъхьэ



итыр Якъубэу ары. „КъыскIэлъырыхьэри къысэбэу“, – Исхьакъ икIалэ къыриIуагъ. Мэу къыпыурэмкIэ ащ зэригъашIэмэ шIоигъуагъ ыпашъхьэ итыр Эсаумэ е Якъубэмэ. Ау Эсау иджэнэ кIыIутелъ Якъубэ зыщилъэгъагъ, ащ къыхэкIэу Исхьакъ ышIошъ хъугъэ ыкъо нахьыжъэу Эсау арэу къебэугъэр.

Исхьакъ Якъубэ цыхьэ фишIи, Тхьэм ынэшIу ащ щифэнэу елъэIугъ. Джаущтэу Якъубэ зэкIэ унагъом имылъкуи ипэщэ IэнатIи зыIэкIиубытагъ. ПсынкIэ шъыпкъэу Якъубэ Ребеккэ ыдэжь чъи, Исхьакъ агъэпцIэн зэралъэкIыгъэр риIотагъ.

Ащ нэс шакIо щыIэгъэ Эсау къэкIожьыгъ, ятэ пшъэрылъ къыфишIыгъэгъэ гъомлапхъэри къыгъэхьазыри, ыдэжь къэкIуагъ. „Ухэта о?“ – къэупчIагъ зэкIэм къэщтагъэу Исхьакъ. „Сэры ар, уишъэо нахьыжъэу Эсау ары“, – къытыжьыгъ пэгъокI Эсау. Ащ ымакъэ зэрэзэхехэу Исхьакъ зэкIэри къыгурыIуагъ. „Якъубэ гъомлапхъэ къысфихьыгъах, сэ ар сшхыгъэ ыкIи сишIоигъоныгъэ тетэу Тхьэм ынэшIу щифэнэу сыфелъэIугъ о пчIыпIэкIэ, – ыIуагъ Исхьакъ. – Джы Якъуб ары унагъом ышъхьэ хъугъэр“. Эсау къэгъыгъ. „Сэри ащ фэдэу Тхьэм сфелъэIу, тят, Якъубэ ащ фэдэ фитныгъэр пцIыкIэ къыдихыгъэба!“ – елъэIущтыгъ ар ятэ. Исхьакъ Эсауи Тхьэм фелъэIугъ, ау зэкIэ унагъом ышъхьэу ыгъэнэфэн ылъэкIынэу щытыжьыгъэп. Унагъом ышъхьэу хъугъэхагъэр Якъуб ары. Эсау лъэшэу ышнахьыкIэ фэгубжыгъ ыкIи ятэ зылIэрэ нэужым ар ыукIынэу рихъухьагъ. Ребеккэ лъэшэу къэщынагъ ыкIи Якъубэ елъэIоу ригъэжьагъ нахьыпэм ежь зыщыпсэущтыгъэ хэгъэгу чыжьэм кIожьынэу. Якъубэ ежьыр шъыпкъэри ышы Эсау ыIуагъэм къыгъэщтэгъагъ ыкIи янэ къыриIуагъэм тетэу зекIонэу рихъухьагъ.

1. ЛIэным ыпэкIэ Исхьакъ сыда ыкъо нахьыжъ фишIэмэ шIоигъуагъэр?
2. Ребеккэ фишIыгъэ унашъомкIэ сыда Якъубэ ышIэн фэягъэр?
3. Ребеккэ Якъубэ ыIэхэмрэ ыпшъэрэ сыда атырилъхьэгъагъэр?
4. Якъубэ ищыгъын зепэмыхэ нэужым сыда Исхьакъ зытыриубытагъэр?
5. Сыда Исхьакъ Якъубэ фишIагъэр?
6. Сыда Якъубэ иунэ къыбгынэн фаеу зыкIэхъугъэр?

## *11. ТХЬЭМ ЯКЪУБЭ ЫНЭШIУ ЗЭРЭЩИФАГЪЭР*

Бэ темышIэу Якъубэ ятэ иунэ къыбгыни, гъогу чыжьэм техьагъ. Эсау пытэу зыщычъыещтыгъэ уахътэм тыригъафи, ар чэщым кIасэу иунэ икIыгъ. Ар изакъоу гъогум тетыгъэп: Тхьэр ренэу ащ къыдеIэщтыгъэ, ау Якъубэ ащ щыгъозагъэп. Ятэ зегъэпцIэ нэужым Тхьэр ащ къыфэгубжыгъэу къышIошIыщтыгъ.

Якъубэ зытетыгъэ гъогур къинэу ыкIи щынагъоу щытыгъ. Зэгорэм лъэшэу пшъыгъэти, шъоф нэкIым чэщыр щырихынэу Якъубэ тыриубытагъ. Ащ нахьыбэрэкIэ ар кIошъунэу щытыгъэп: ылъакъохэр зэхэуIыхьагъагъэх ыкIи лъэшэу узыщтыгъэх. Якъубэ мыжъо мыин къыгъоти, ар ышъхьэ чIилъхьи, хэчъыягъ.

ПкIыхьапIэ шIагъо ащ ылъэгъугъ. ЧIыгу шъхьашъом щегъэжьагъэу ошъогум нэсыжьэу еусэигъэу ащ лъэоешхо ылъэгъугъ. МэлэIичхэр ащ рыкIощтыгъэх, ышъхьагъ шъыпкъэкIэ Зиусхьаныр тетыгъ. „Сэ Ибрахьимэу уятэжъым ыкIи Исхьакъэу уятэм я Тхьэу сыщыт. ЧIыгоу джы узытелъыр орырэ уикIалэхэмрэ Сэ къышъостыщт. Тыдэ укIуагъэми, Сэ сыпкIыгъущт. Мы чIыгум Сэ къэозгъэгъэзэжьыщт“, – къыриIуагъ Зиусхьаным Якъубэ. Тхьэм Якъубэ лъэпкъышхо зэрэхигъэкIыщтымкIэ ыкIи ти Къэгъэнэжьакlоу Исус Христоси а лъэпкъым зэрэхэкIыщтымкIэ гущыIэ къыритыгъ.

ГушIогъошхом зэлъиштагъэу Якъубэ къэущыжьыгъ. Джы ащ ышIэщтыгъэ ежь ятэ Тхьэм ынэшIу ежь Якъубэ къыщифэнэу тхьагъэпцIыгъэкIэ зэрэригъэлъэIугъэм пае Тхьэр къызэрэфэмыгубжыгъэр. Пчыхьэм ышъхьэ чIилъхьэгъэгъэ мыжъор къыIэти, ащ саугъэт ышIыгъ. АщкIэ Тхьэм къыфиушыхьатымэ шIоигъуагъэр Тхьэм пкIыхьапIэкIэ къыриIуагъэр ыгу зэрэриубытагъэр ары. А чъыпIэм ар „БетэлкIэ“ еджагъ, ащ къикIырэр „Тхьэм и Ун“ ыIоу ары.

Янэу Ребеккэ къызыщыхъугъэ къалэм нэсыфэ Якъубэ уахътабэ гъогум тыригъэкIодагъ. Якъубэ ащ лъыпытэу къалэм дэхьагъэп, къэлэ гъунэм, псынэм дэжь къыщыуцугъ нахь. Псынэм цIыфыбэ Iутыгъ – чэмахъохэм былымхэр псы рагъашъощтыгъэх. ТIэкIу тешIагъэу джыри зы Iэхъогъу псынэм къыIухьагъ. Ащ Iахъоу иIагъэр пшъэшъэ ныбжьыкIагъ. „Хэта мыр?“ – яупчIыгъ Якъубэ мэлахъохэм. „Ар – Рахел, Лаван ипшъэшъэ анахьыкI ары“, – пэгъокI ащ къыратыжьыгъ.

Лъэшэу гушIуагъэ Якъубэ а гущыIэхэр зызэхехыхэм. Лаван ежьым янэшэу щытыгъ. Ар псынкIэу Рахел екIуалIи, ебэугъ ыкIи риIуагъ ежьыр Ребеккэрэ Исхьакърэ акъоу зэрэщытыр. Былымхэр псы ригъэшъонхэмкIэ ар Рахел IэпыIэгъу фэхъугъ, ащ нэужым Рахел ядэжь чъэжьи, ятэ риIотагъ псынэм дэжь ар Якъубэ зэрэщыIукIагъэр. Лъэшэу гушIуагъэу Лаван ипхъорэлъф къыпэгъокIыгъ ыкIи ар зелъэгъум, IаплI рищэкIи, ядэжь ыщагъ.

Ребеккэ, Исхьакъ, ахэр хэгъэгоу зыщыпсэухэрэм яхьылIагъэу Лаван бэ Якъубэ къызэреупчIыгъэр ыкIи къыригъэIотагъэр. Лаван ыдэжь щыпсэунэу ыкIи унэгъо хъызмэтымкIэ IэпыIэгъу фэхъунэу Якъубэ унагъом къинагъ.

Лаван пхъуитIу иIагъ. Нахьыжъым зэреджэщтыгъэхэр Леа, нахьыкIэм – Рахел. НахьыкIэр пшъэшъэ дэхэ дэдагъ, Леа ащ фэдагъэп. Якъубэ Рахел шIу ылъэгъугъ ыкIи ар къыщэнэу тыриубытагъ, ау ахъщэ иIагъэп пшъашъэм пае ятэ ритынэу, а хэгъэгум ащыгъум ащ фэдэ хабзэ илъыгъ. Джащыгъум Якъубэ янэшым ыдэжь кIуи, IофышIэкIэ ыштэнэу елъэIугъ. „Дэгъуба адэ, – пэгъокI къыритыжьыгъ Лаван, – ау сыд фэдэ лэжьапкIа Iофэу пшIэрэм пае остынэу узыфаер?“ – „Сэ уипшъашъэу Рахел къэсщэнэу ары сызыфаер, – ритыжьыгъ джэуап Якъубэ. – Ащ пае сэ илъэсиблэ Iоф пфэсшIэщт“. Лаван ыгу рихьыгъ ащ фэдэ гущыIэхэр ыкIи Якъубэ зыфиIорэмэ язэгъыгъ.

Якъубэ Лаван ибылымхэр ыгъэхъунхэу ригъэжьагъ. Мэфэ псэухэм къакIоцI зэпымыоу ащ Iоф ышIэу къыхэкIыщтыгъ. Лъэшэу фэIэпэIэсагъ ар а Iофым ыкIи Лаван иIэхъогъу псынкIэу хахъоу ригъэжьагъ. Якъубэ лъэшэу шIу ылъэгъущтыгъэ Рахел ыкIи джащ къыхэкIэу инэу игуапэу Лаван Iоф фишIэщтыгъ.

Илъэсиблыр блэкIыгъ. Якъубэ Лаван ыдэжь кIуи, риIуагъ: „Къысэтыжь Рахелэу сишъузыр!“ Лаван ащ къезэгъыгъ. ХьакIэхэр бэу къыригъэблагъэхи, ащ мэфэкIышхо зэхищагъэ. А хэгъэгум зэрэщыхабзэм тетэу, пчыхьэм къэзыщэгъакIэр унэ мэзахэм ихьагъ, ащ ежьым ыпхъу Лаванэ къырищэлIэн фэягъэ. Пчъэр къыIуахи, зынэгу ихъогъэ бзылъфыгъэ унэм къыратIупщыхьагъ. Якъуби ар Рахелэу къышIошIыгъ, сыда пIомэ унэр мэзахэ дэдэу щытыгъ. Ау пчэдыжьым Якъубэ къызэущыжьым, ылъэгъугъэр фэшъхьаф: ипIэ къыдыхэлъыгъэр Рахелэп, ышыпхъу нахьыжъэу Леа нахь. Лаван къыгъэпцIагъэу ар къычIэкIыгъ.

Якъубэ лъэшэу янэшым фэгубжыгъ. Аущтэу зэфэнчъэу зыкIызекIуагъэмкIэ Якъубэ Лаван зеупчIым, адрэм къыриIожьыгъ: „ЫпэрапшIэу шыпхъунахьыжъыр дэкIон фае, ащ ыуж ныIэп нахьыкIэр зыдэкIон фаер. Ау о Рахели

къэпщэн плъэкIыщт, ау ащ пае джыри о илъэсиблэ Iоф сфэпшIэн фае". Ащ езэгъыным щэхъурэ амал хэкIыпIэ Якъубэ иIагъэп, арыти, ащ пае джыри илъэсиблэ янэшым Iоф фишIагъ.

Тхьэр Якъубэ къыфэгумэкIыщтыгъ. Къо пшIыкIутIурэ зы пшъашъэрэ ащ къыфэхъугъэх. Лъэшэу шIу ылъэгъущтыгъэ ишъхьэгъусэу Рахел къыфэхъугъэмэ Якъубэ анахьэу ыгу зыфэщэгъагъэхэр Юсыфрэ Биниаминрэ арых. Якъубэ бай хъугъагъэ, ащ бэ мэлхэу, пчэнхэу, чэмхэу, махъушэхэу ыкIи щыдхэу иIагъэхэр. Илъэс пчъагъэ тешIагъэу Тхьэм Якъубэ къыриIуагъ Ханаан ыгъэзэжьыным игъо къызэрэсыгъэр. Къызыщыхъугъэ хэгъэгум кIожьызэ, Якъубэ а чIыпIэу пкIыхьапI шIагъор зыщилъэгъугъэм къыщыуцугъагъ. А чIыпIэм Тхьэм ыцIэкIэ къурмэн щишIи, ащ ыуж ныIэп игъогу зылъигъэкIотагъэр, игупсэ Ханаан зежьэжьыгъэр.

1. Сыд фэдэ пкIыхьапIа Якъубэ ылъэгъугъэр?
2. Сыд фэдэ пшъашъэр ара Якъубэ къыщэмэ шIоигъуагъэр?
3. Сыда Якъубэ Лаван Iоф зыкIыфишIэн фэягъэр?
4. Сыдэущтэу Лаван Якъубэ къыгъэпцIагъа?
5. Ыкъохэм ащыщэу хэта Якъубэ анахьэу шIу ылъэгъущтыгъэхэр?



## *12. ЮСЫФ ПКIЫХЬАПIЭЛЪЭГЪУР*

Якъубэ ыкъохэр игъусэхэу игупсэ хэгъэгоу Ханаан къыгъэзэжьыгъ. Янэ-ятэхэу Исхьакърэ Ребеккэрэ а уахътэм ехъулIэу псаоу щыIэжьыгъэхэп. ШIу ылъэгъущтыгъэ ишъхьэгъусэу Рахели лIэгъагъэ. Ежьыр Якъуби лIыжъ хъугъагъэ, ыкъохэми анычбжь икъугъэхагъ. Юсыфрэ Бениаминрэ арых ныIэп Iэтэхъо ныбжьым итыгъэхэр.

Якъубэ ыкъомэ ащыщэу Юсыф анахьышIу ылъэгъущтыгъэ ыкIи адрэ ышыхэм ямыIэ зэмышъогъу щыгъын дахэ ащ фишIыгъагъ. Ышнахьыжъхэм ар агу рихьыгъэп, ау анахьэу ахэмэ Юсыф алъэгъу зыкIэмыхъущтыгъэр зэкIэ ежьыхэм ямыхъо-мышIэхэр ащ ятэ зэрэриIотэжьыщтыгъэр ары.

Юсыф Тхьэр шIу ылъэгъущтыгъ ыкIи Ащ шъхьэкIафэ фишIыщтыгъ.

Зэгорэм Юсыф пкIыхьапIэу ылъэгъугъэр ышыхэм къафиIотагъ. „Сэ пкIыхьапIэу слъэгъугъэр мары, – къафиIуатэщтыгъ Юсыф, – зэкIэми тэ тызэгъусэу губгъом бгэнхэр щытпхыщтыгъэх. Арыти, сэ бгэнэу спхыгъэр занкIэу къэуцуи, шъо шъупхыгъэхэр хъураеу къеуцокIыхи, ащ шъхьащэ къыфашIыгъ“. Сыд фэдэу ышыхэр ащ къыIотагъэм ыгъэгубжыгъэха! „О тэ пачъыхьэ утфэхъункIэ узщэгугъыжьа?“ – ахэр Юсыфы къыдэхьащхыщтыгъэх.

Ау ышыхэр джыри нахь лъэшэу зыгъэгубжыгъэхэр къыкIэлъыкIогъэ пкIыхьапIэу ащ ылъэгъугъэу къафиIотагъэр ары. Тыгъэри, мазэри, жъогъо пшIыкIузыри аIоу ащ шъхьащэ къыфашIыгъэ фэдэу ары. А пкIыхьапIэм къыкIыщтыгъэр ышыхэм ямызакъоу, яти, яни яIэшъхьэтетэу ар зэрэхъущтыр ары.

А пкIыхьапIыр зызэхехым, ары пакIошъ, Якъубэ лIыжъыр анахьышIу ылъэгъурэ ыкъо фэгубжыгъ. Ышыхэр арымэ, пкIыхьапIэлъэгъукIэ ахэр Юсыф еджэщтыгъэх ыкIи лъэшэу зы мыхъун горэ къехъулIэнэу фэягъэх.

Зэгорэм Якъубэ губгъом Юсыф ыIофытагъ ышыхэмрэ Iэхъогъумрэ якъэбар къызэригъэшIэнэу. Зэшыхэр чыжьэу IукIыгъагъэх хъупIэ дэгъухэм алъыхъухэзэ ыкIи ащ фэшI Якъубэ ахэмэ лъэшэу афэгумэкIыщтыгъ.

Юсыф ащ лъыпытэу зыдаIофтагъэм кIуагъэ, ау былымхэр зыщагъэхъухэ хэбзагъэм ышыхэмрэ Iэхъогъумрэ Iуигъотагъэхэп. ИнасыпкIэ, а чIыпIэм Iутызэ, Iахъо горэ блэкIэу рихьылIагъэти, ащ къыриIуагъ ышыхэр хъупIакIэ горэм зэрэкIуагъэхэр ыкIи а хъупIэм узэрэкIощт гъогури къыригъэлъэгъугъ.

Юсыф гъогум къызэрэщылъэгъуагъэм тетэу, ышыхэм ащ лъыпытэу къашIэжьыгъ. „Мары пкIыхьапIэлъэгъур къытфэкIо! – зэраIожьыгъэ ахэмэ. – ТэжъугъэукIыри мыр мэшэ куу горэм итэжъугъэдзэжь, етIанэ мэзым хьэкIэкъуакIэхэм зэпкъыратхъыгъэу тятэ етIожьыщт. Теплъыщт джащыгъум ипкIыхьапIэхэр къэшъыпкъэжьыхэмэ!“

Ау зэшыхэм анахьыжьэу Реувен Юсыф аригъэукIынэу фэягъэп. Арыти, моущтэу ышыхэм ариIуагъ: „ТэшъумыгъэукIэу, аукъодыеу мэшэ куу горэм ар итэжъугъадз“. Реувен ыгу хэлъыгъэр ышхэр зыхэчъыежьхэкIэ, ежьым Юсыф машэм къырищыжьынэу арыгъэ. Зэшыхэр ащ къезэгъыгъэх ыкIи, Юсыф щыгъын дахэр щатхъи, ежьыр машэм радзагъ. ИнасыпкIэ ащ псы итыгъэп, ау лъэшэу куугъэ ыкIи Юсыф ежь-ежьырэу къикIыжьын ылъэкIынэу щытыгъэп. Зыгорэ IэпыIэгъу къыфэмыхъумэ, гъаблэм мы машэм ригъэлIыхьащт.

Зэшыхэу гу пцIапIэ зыкIоцIылъхэр рэхьатэу тIысхи, Юсыф къафихьыгъэ гъомылэр ашхыгъ. Реувен закъор ары ныIэп адэшхэнэу мытIысыгъэр, ар IукIыгъ мэлхэр зэрэхъухэрэр зэригъэшIэнэу.

А уахътэм махъушэхэм атесыхэу а чIыпIэм блэкIыщтыгъэх Мысырым кIорэ сатыушIэхэр. Ахэр сатыушIэ баигъэх. Зэшыхэм ащыщэу Иудэ къыIуагъ: „Сыда Юсыф зыкIэтыукIыщтыр? Ятэжъугъащ ар мы сатыушIэхэм!“ Ар зэкIэми лъэшэу агу рихьыгъ ыкIи Юсыф псынкIэу машэм къыралъэшъужьи, сатыушIэхэм къяджагъэх: „Шъуфаеба шъо кIэлэ ныбжьыкIэ шъущэфынэу?“ – яупчIыгъэх ахэр. СатыушIэхэм Юсыф лъэшэу агу рихьыгъ ыкIи тыжьын ахъщэ тIокI зэшыхэм къарати, кIалэр зыдыращэжьагъ. Юсыф тхьамыкI! Сыд фэдэу ар гъыщтыгъа ыкIи ышмэ ялъэIущтыгъа арэущтэу мызекIонхэу, ау адрэхэр къедэIунхэкIи фэягъэхэп. Ау Тхьэм Юсыф гум ринагъэп.



СатыушIэхэр зыIукIыжьыгъэхэм ыуж бэ тешIэгъагъэр Реувен къызегъэзэжьым. Машэм зыкIэлъырэхьэм, ащ ылъэгъугъ ар зэрэнэкIыр: Юсыф машэм исыжьыгъэп. „Сыда тятэ есIоштыр? Сэрыба зэкIэми анахьыжъыр ыкIи зэкIэми апае пшъэдэкIыжь зыхьырэр“, – егупшысагъ къэчэфынчъэгъэ Реувен. Ау зэшы тхьагъэпцIыхэм къаугупшысыгъ ятэ зэрагъэпцIэщт шIыкIэр. Ахэмэ мэл горэ шIуабзи, ащ ылъыкIэ Юсыф ищыгъынхэр зэхауцIэпIагъэх. ЕтIанэ Iофтабгэм къеджэхи, Юсыф ищыгъынхэр ратыхи, ятэ риIонэу фагъэпытагъ Юсыф мэзым хьэкIэкъуакIэхэм щызэхацунтхъагъэу. Ыкъо кIасэ ищыгъынхэр лъы закIэу зелъэгъухэм, Якъубэ лъэшэу къэгъыгъ. „Мыхэр анахьышIу слъэгъурэ скъо ищыгъыных, хьэкIэ-къуакIэхэм ар зэхацунтхъагъэ,“ – бэрэ ащ гъызэ къыкIиIотыкIыжьыщтыгъ. Якъубэ ышIэщтыгъэп ыкъо зэрэпсаур ыкIи ышыхэм ар пщылIкIэ зэращагъэр.

Зэшы тхьагъэпцIыхэр ядэжь къызэкIожьыхэм, Юсыф икIодыкIэ лъэшэу агу къеорэм фэдэ зашIыгъ. Джаущтэу ахэмэ жъалымыгъэ шIыкIэкIэ ятэ агъэпцIагъ. Адэ сыдэу хъущта Юсыф ипкIыхьапIэхэр? Ахэр къэмышъыпкъэжьыщтхэуи? Iо хэмылъэу, ахэр къэшъыпкъэжьыщтых. Арэущтэу хъуным Ежьыр, Тхьэр фэгумэкIыщт.

1. Сыда ятэ Юсыф къыритыгъэр?
2. Хэта Юсыф фэгубжыщтыгъэр?
3. Сыда зэшыхэм Юсыф рашIагъэр?
4. Тыда Юсыф зыдэкIон фэягъэр?
5. Юсыф ищыгъынхэр лъы закIэу зелъэгъухэм, сыда Якъубэ къышIошIыгъэр?



## *13. ЮСЫФ ХЬАПСЫМ ЗЭРЭЧІЭСЫГЪЭР*

Мысырым, унэшхо горэм щыпсэущтыгъ кIалэ горэ. Ар унэшхор зиягъэ бысымэу Потифар иIофтабгэу щытыгъ. ЗэкIэ пшъэрылъэу фашIыхэрэр нахь дэгъоу зэригъэцэкIэщтым кIалэр дэмышъхьахэу пылъыгъ ыкIи ащ пае Потифар ар лъэшэу шIу ылъэгъущтыгъ. А кIалэм зэреджэщтыгъэхэр Юсыф. Ары, ар джа Юсыф дэдэу Тхьэр лъэшэу шIу зылъэгъущтыгъэу ыкIи пкIыхьапI гъэшIэгъонхэр зылъэгъущтыгъэр ары.

Шъэожъыер Мысырым къэзыщэгъагъэхэр сатыушIыхэу ар зэшыхэм къащызыщэфыгъэхэр арых, етIанэ ахэмэ кIалэр ежьхэми анахь баеу, къэралыгъо IофышIэу Потифар ращэжьыгъагъ. IофшIэныр лъэшэу шIу зылъэгъурэ кIалэу ар щытыгъ ыкIи сыд фэдэ Iоф фагъэзагъэми, дэгъоу ыгъэцакIэщтыгъ. Тхьэр Юсыф къыфэгумэкIыщтыгъ. Потифар ылъэгъущтыгъ кIалэм шIущэу Iоф зэришIэщтыгъэр ыкIи ащ пае унэм лъыплъэнэу ащ пшъэрылъ фишIыгъ.

Юсыф джыри щыгъын дахэхэр къыратыгъэх. Джы зэкIэ унэIутхэм ащ иунашъохэр агъэцэкIэнхэ фаеу хъугъэх – аущтэу фэягъ Потифар.

Потифар шъуз иIагъ. Бзылъфыгъэ Iэдэбынчъагъ ар ыкIи зэгорэм Юсыф къызэригъэбэумэ шIоигъоу пыхьагъ. Юсыф бзылъфыгъэм ебэуныкIэ фэягъэп, сыда пIомэ ащ фэдэ зекIуакIэр Тхьэм ыгу зэрэримыхьыщтыр ышIэщтыгъ. Юсыф бзылъфыгъэм къыкIэрыкIыжьымэ шIоигъуагъ, ау адрэм кIалэм иджэнэ кIыIу телъ цыпэ ыубытыгъэу къытIупщыщтыгъэп. Юсыф бзылъфыгъэм щыгъыныр къыIэкIини, ежьыр унэм къихъушъутыжьыгъ. Бзылъфыгъэм шъхьэкIошхо къыщыхъугъ ар ыкIи кIалэр ыгъэпщынэнэу тыриубытагъ. ЗэкIэ иунэIутхэм къяджи, Юсыф ар ыушъхьакIун ыгу хэлъэу къебэныгъэ фэдэу ариIотагъ.

Потифар къызэкIожьым, шъузым ащ риIотагъ Юсыф къебэунэу фэягъэу. „Ау сэ сызэкуом, ар згъащти, ищыгъын кIыIутелъ сызэрылъы унэм къырини, ихъушъутыжьыгъ, – илIы пцIы фиусыщтыгъэ бзылъфыгъэ тхьагъэпцIым. – Еплъ! Мары ащ ищыгъын кIыIутелъ“. ЫкIи ар Потифар ригъэлъэгъугъ.

Потифар лъэшэу Юсыф фэгубжыгъ, сыда пIомэ ышIэщтыгъэп ишъуз зэригъапцIэрэр. Арыти, иунэIутхэм пшъэрылъ афишIыгъ Юсыф хьапсым чIагъэтIысханэу.

Ау хьапсым зычIэсыми, Тхьэм Юсыф щымыгъупшэжьэу ыгу илъыгъ. Хьапсым иIэшъхьэтет Юсыф лъэшэу ыгу рихьыгъ ыкIи кIалэм елъэIугъ иIофшIэнкIэ IэпыIэгъу къыфэхъунэу. Джы Юсыф мэфэ реным щысыгъэп: ежь фэдэхэу хьапсым чIэсыгъэхэм ашхыщтыр афихьыщтыгъэ. А IофшIэныр Юсыф ыгу рихьыщтыгъ.

Мафэ горэм хьапсым къащагъэх фырхьаунэм, Мысырым ипачъыхьэ, иунэIут нэбгыритIу. ТIуми хабзэу щыIэр аукъуагъэти ары хьапсым чIадзэнхэу пачъыхьэм унашъо зыкIишIыгъэр. ТIумэ язым пачъыхьэм исэнэигъахъоу, адрэм пачъыхьэм ихьалыгъугъэжъэ шъхьаIэу Iоф ашIэщтыгъ. Ащ ыпэкIэ сэнэигъахъори хьалыгъугъажъэри пачъыхьэм иунэшхо цIыф пэрытхэу щалъытэщтыгъэх. Юсыфи мафэ къэс ахэмэ ашхыщтыр къафихьыщтыгъ ыкIи ылъэгъущтыгъэ ахэр лъэшэу зэрэчэфынчъэхэр. Ахэр щыщынэщтыгъэх пачъыхьэм аригъэукIынхэм.

Зэгорэм ахэмэ ашхыщтыр къафихьыгъэу Юсыф гу лъитагъ а мафэм ахэр джыри нахь чэфынчъэ зэрэхъугъэхэр. „Сыда шъо нэбгыритIури непэ анахьэу шъузыкIэчэфынчъэр?“ – яупчIыгъ ар. Джащыгъум сэнэигъахъощтыгъэми хьалыгъугъажъэщтыгъэми Юсыф къыраIуагъ нэбгыритIуми нычэпэ пкIыхьапI гъэшIэгъонхэр зэралъэгъугъэхэр ыкIи ахэмэ къарыкIрэр зэрамышIэрэр.

„Тхьэм зэкIэ ахэмэ къарыкIырэр къыжъугуригъэIон ылъэкIыщт, – ариIуагъ ахэмэ Юсыф. – КъысфэшъуIуат шъуипкIыхьхэр зыфэдагъэхэр!“ Юсыф зыщыгугъыщтыгъэр а пкIыхьхэм ямэхьанэ къыгурыIонымкIэ Тхьэр IэпыIэгъу къыфэхъунэу арыгъэ. Санэигъахъощтыгъэм апэ рапшIэу къыIотагъ ежьым ылъэгъугъэ пкIыхьапIэр. Нахьыпэм фэдэ пачъыхьэм иунэшхо щылажьэу ыкIи пачъыхьэм санэр фыригъахъоу ащ пкIыхьапI ылъэгъугъ. Ау нахьыпэм зэришIыщтыгъэм фэдэу санэр къошыным къыригъэчъыщтыгъэп, комищымэ апытыгъэ сэнашъхьэмэ къакIифызыкIыщтыгъэ нахь.

А пкIыхьапIэм имэхьанэ Тхьэм Юсыф къыгуригъэIуагъ. „Комищымэ къарыкIырэр мэфищ. МэфищкIэ о узэрэщытыгъэм фэдэу пачъыхьэм исэнэигъахъо шъхьаIэу ухъужьыщт.“ Лъэшэу гушIуагъэ сэнэигъахъощтыгъэр ащ фэдэ гущыIэхэр зызэхеххэм: мэфищкIэ ар шъхьафит хъужьыщт. „Мыщ узычIэкIыжькIэ, угу сыкъэгъэкIыжь, – елъэIугъ ащ Юсыф. – Сэри мы хьапсым сыкъычIэкIыжьмэ сшIоигъу“. ЫкIи Юсыф сэнэигъахъощтыгъэм риIотагъ ежьым зи лажьэ зэримыIэр, зи мыхъун зэримышIагъэр. Сэнэигъахъощтыгъэм кIалэр къыгъэгугъагъ зэкIэ ахэр пачъыхьэм риIотэнхэу.

Джы хьалыгъугъажъэщтыгъэм чэзыур нэсыгъ пкIыхьа-



пIэу ылъэгъугъэр къыIотэнэу. Пачъыхьэм иунэ блэкIэу, ышъхьэшыгу хьалыгъухэр зэрылъ мэтищыр зэтетэу тегъэуцуагъэу кIощтыгъэу ары ащ пкIыхьапIэу ылъэгъугъэр. ЗэкIэм ошIэ-дэмышIэу бзыухэр къытебыбэхи, ашъхьагъырэ матэм илъыгъэ хьалыгъухэр зэкIэ ашхыгъэх.

„Мэтищым къикIырэр мэфищ, – къыригъэжьагъ Юсыф пкIыхьапIэм имэхьанэ зыфэдэр. – МэфищкIэ хьапсым учIащыщт, ау пачъыхьэм унашъо ышIыщт уаригъэукIынэу“. Хьалыгъугъажъэщтыгъэм лъэшэу ыгу кIодыгъэ: мэфищ ныIэп зэкIэмкIи ыгъэшIэнэу къыфэнэжьыгъэр.

Юсыф зэриIуагъэм фэдэ къабзэу зэкIэри хъугъэ. МэфищкIэ сэнэигъахъощтыгъэр къатIупщыжьи, нахьыпэм фэдэу пачъыхьэм иунэшхо а Iоф дэдэр щигъэцакIэу ригъэжьэжьыгъ, хьалыгъугъажъэщтыгъэр арымэ, ар пачъыхьэм аригъэукIыгъ. Адэ сэнэигъахъом ыгу къэкIыжьыгъа пачъыхьэм дэгущыIэнэу Юсыф къызэригъэгугъэгъагъэр? Хьау, псынкIэу сэнэигъахъом кIалэр зэригъэгугъэгъагъэр щыгъупшэжьыгъ, ау Тхьэм щыгъупшагъэп Юсыф.

1. Мысырым щыIэ зэхъум, хэта Юсыф зиунэIутыгъэр?
2. Сыда Потифар ишъхьэгъусэ Юсыф ригъашIэмэ шIоигъуагъэр?
3. Сыда Юсыф ар ышIэнкIэ зыкIыфэмыягъэр?
4. Хэта Юсыф пкIыхьапIэхэм къарыкIырэр къызыфиIотагъэхэр?
5. Хэта Юсыф зыщыгъупшэжьыгъагъэр?
6. Хэта Юсыф зыщымыгъупшагъэр?

## *14. ЮСЫФ – ПАЧЪЫХЬЭМ ИIЭПЫIЭГЪУ ШЪХЬАIЭУ ЗЭРЭХЪУГЪЭР*

Уахътэр лъэшэу жъажъэу хьапсым щыкIощтыгъ. Джыри илъэс кIыхьитIу тешIагъ. ЕгъашIэми хьапсым къычIэмыкIыжьэу чIэсынэуи?

Ау мары уахътэу Тхьэм Юсыф шъхьафит ышIыжьынэу зыщырихъухьагъэр къэсыгъ. Зэгорэм пачъыхьэм зэхэфыгъое пкIыхьапIитIу ылъэгъугъ. Пачъыхьэм иIофтабгэхэм унашъо афишIыгъ хэгъэгум зэкIэ акъылышIохэу исхэр къаугъоинхэшъ, а пкIыхьапIэхэм ямэхьанэ къыфаIотэнэу.

„Сэ псыхъо нэпкъым сытет фэдэу пкIыхьэ слъэгъугъэ, – къафиIуатэщтыгъ пачъыхьэм ипкIыхьапIэхэр къаригъэугъоигъэ акъылышIохэм. – ОшIэ-дэмышIэу псыхъом къыхэкIыгъэх чэм пщэр дэхибл ыкIи нэпкъым тет уцыр ахъоу аублагъ. Ахэмэ ауж псыхъом къыхэкIыгъэх ятеплъэкIэ тхьамыкIэхэу, чэм одибл. ЫкIи а чэм одиблыр чэм зишIугъохэм атебанэхи, ахэр ашхыгъэх. Мыщ дэжьым сыкъэущыгъ. Ау етIани сызыхэчъыежьым, ятIонэрэ пкIыхьапIэр слъэгъугъэ. ЧIыгум къыхэкIыхи, коцышъхьэ дэхибл коцыцэхэр арызхэу сапашъхьэ къиуцуагъэх, етIанэ ахэмэ абгъукIэ къыщыкIыгъэх жьыбгъэм ыгъэгъужьыгъэхэу коцышъхьибл ау ахэмэ зы коцыци арысыгъэп. ЕтIанэ джа коцышъхьэ нэкIыхэм адрэ коцышъхьэ псаухэу коцыцэхэр зэрызыгъэхэр ашхыгъэх“.

Сыд фэдэ пкIыхьапIэ гъэшIэгъонха пачъыхьэм ылъэгъугъэхэр! Бэрэ егупшысагъэх къэзэрэугъоигъэ акъылышIохэр, ау сыдэу зашIыгъэкIи, пкIыхьапIэхэм ямэхьанэ къашIэн алъэкIыгъэп. Мыщ дэжьыр ары сэнэигъахъом Юсыф ыгу къызыкIыжьыгъэр. Ащ пачъыхьэм къыфиIотагъ хьапсым чIэсызэ, ежьырэрэ хьалыгъугъажъэмрэ алъэгъугъэ пкIыхьапIэхэм ямэхьанэ Юсыф къызэрафиIотэгъагъэр ыкIи ащ зэриIуагъэм фэдэ къабзэу зэкIэри зэрэхъугъэр. Пачъыхьэм ащ лъыпытэу унашъо афишIыгъ псынкIэ шъыпкъэу Юсыф унэшхом къагъэсынэу.

Джы мары Юсыф пачъыхьэм дэжь, унэшхом къащагъ. „Сэ зэхэсхыгъэ пкIыхьапIэхэм ямэхьанэ зэхэуугуфыкIэу, – риIуагъ пачъыхьэм Юсыф. – СыолъэIу мы пкIыхьэхэм къарыкIырэр къысфэпIотэнэу. СиакъылышIухэр бэрэ егупшысагъэх, ау зи къысаIошъугъэп“. ЫкIи Юсыф ащ къыфиIотагъ пкIыхьапIэу ылъэгъугъэхэр зыфэдэхэр.

„Сэ пкIыхьапIэхэм ямэхьанэ къэсшIэн слъэкIырэп, ау Тхьэр IэпыIэгъу къысфэхъущт уипкIыхьапIэхэм ямэхьанэ къыпфэсIотэнымкIэ, – ыIуагъ Юсыф. – Чэм пщэрибл зишIугъохэм къарыкIырэр илъэсибл. Коцыцэр зэрызыбзэ коцышъхьиблыми джащ фэдэу къарыкIырэр илъэсибл. Илъэсиблым къыкIоцI, пачъыхьэр, уихэгъэгу лэжьыгъэ бэгъуагъэ къыщахьыжьыщт. Чэм одиблым ыкIи коцышъхьэ нэкIиблым джащ фэдэу къарыкIырэр илъэсибл. Ау а илъэсиблым къыкIоцI уихэгъэгу лэжьыгъэ къыщыкIыщтэп ыкIи гъаблэ къыщыхъущт. Джары, пачъыхь, уипкIыхьапIэхэм ямэхьанэ зыфэдэр. УиIофышIэхэм ащыщэу зы нэбгырэ Iуш къахэхри, апэрэ илъэсиблым хэгъэгум лэжьыгъэ бэгъуагъэу щаугъоижьыщтыр хьамбарэмэ адерэлъхь зэкIэ. ЕтIанэ а лэжьыгъэ гъэтIылъыгъэр гъэблэ илъэсиблым апэIухьащт.

Юсыф игъоу къыфилъэгъугъэхэр пачъыхьэм лъэшэу ыгу рихьыгъэх. „Мыщ фэшъхьафэу иса хэгъэгум джыри зыгорэ Тхьэр мыщ къызэрэдеIэрэм нахь къыдеIэу?“ – яупчIыгъ пачъыхьэр къеуцокIыгъэ Iофтабгэхэм, Юсыф Iапэ фишIызэ. „Исэп, пачъыхь!“ – къыраIожьыгъ адрэхэми. Джащыгъум пачъыхьэм къыIуагъ: „О, Юсыф, джащ фэдэ цIыфэу а Iофым фэгумэкIыщтэу усэгъэнафэ“. ЫкIи пачъыхьэм ежь ышъхьэкIэ ыгъэнэфагъ Юсыф ащ фэдэ IофхэмкIэ Iэшъхьэтетынэу ыкIи ежьым иIэпыIэгъунэу.

Пачъыхьэм Юсыф щыгъын дахэхэр щаригъэлъагъэх, иIэлъын къыритыгъ ыкIи дышъэ пшъэхъу ыпшъэ къырилъхьагъ. Джы Юсыф, пачъыхьэм ыуж къызинэкIэ, ятIонэрэ цIыфэу Мысырым исыгъ. КупсынкIэ гъэкIэрэкIагъэм исэу ар къыращэкIыщтыгъ ыкIи ар блэкIы зыхъукIэ зэкIэми шъхьащэ фашIын фэягъэ.

Ау ышыхэми яти ар ашIэщтыгъэп.

Пшъэрылъэу фашIыгъэр Юсыф дэгъоу ыгъэцакIэщтыгъ. Хьамбар инхэр аригъэшIыхи, сыд фэдэрэ лэжьыгъи ахэмэ аратакъощтыгъэ. Илъэсиблым къыкIоцI джаущтэу лэжьыгъэхэр хэгъэгум щагъэтIылъыгъэх ыкIи хьамбархэр а лэжьыгъэхэмкIэ аушъагъэх.

Юсыф Мысырым къыщищагъ ыкIи къуитIу къыфэхъугъ: Менашэрэ Эфраимрэ. Тхьэр ренэу Юсыф къыфэгумэкIыщтыгъ. Ау къодыеу Ащ Юсыф Мысырым аригъэщагъэп, етIанэ пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэуи аригъэшIыгъэп. ОшIа Тхьэм арэущтэу зэкIэ ахэр зыкIишIыгъэхэр? Ар Якъубэ, ащ ыкъохэм, ахэмэ яшъхьагъусэхэм ыкIи якIалэхэм афэгумэкIыщтыгъэшъ ары. Ахэмэ апай Тхьэм Юсыф пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэу зыкIишIыгъэр. ЕтIанэ Ханаан чIыгум гъаблэ къызыщыхъукIэ, Юсыф къафэгумэкIыщт ятэрэ ышыхэмрэ.

1. Сыда пачъыхьэм пкIыхьапIэу ылъэгъугъэр?
2. Пачъыхьэм ипкIыхьапIэхэм ямэхьанэ сыдэущтэу Юсыф къыфиIотагъа?
3. Сыд фэдэ IэнатIа Юсыф зыIуагъэхьагъэр?
4. Хэта ренэу Юсыф къыфэгумэкIыщтыгъэр?
5. Хэта зымышIэщтыгъэр Юсыф пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэу зэрэхъугъэр?



## *15. ЮСЫФРЭ АЩ ЫШЫХЭМРЭ*

Юсыф ятэрэ ышыхэмрэ нахьыпэм фэдэу Ханаан хэгъэгум щыпсэущтыгъэх. Якъубэ жъы дэдэ хъугъагъэ, ыкъохэм зэкIэми къащэгъагъ ыкIи сабыйхэри яIэ хъугъагъэ. Мысырым фэдэу Ханаани илъэсибл гъаблэр къыщежьэгъагъ. Ау Якъубэ зэхихыгъэу щытыгъ Мысырым фышъхьэ лэжьыгъэр щыпщэфын зэрэщыплъэкIыщтыр ыкIи ахэр пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ зэрэщащэфыхэрэр. Ыкъохэм къяджи, Якъубэ ариIуагъ: „Мысырым шъукIуи, зэкIэ тищыкIэгъэщт фышъхьэ лэжьыгъэр къыщышъущэф“. Зэшыхэр щыдхэм атетIысхьэхи, гъогу чыжьэм техьагъэх.

Зэшыхэм анахьыыкIэу Биниамин ары ныIэп унэм къинэгъагъэр. Якъубэ ар зыкIэритIупщынкIэ фэягъэп, а гъогу чыжьэр нахьыкIэмкIэ щынэгъуащэу ылъытэзэ. Биниамин зэкIэми анахьыыкIагъ ыкIи ащ къыхэкIэу Якъубэ ар джы зэкIэми анахьышIу ылъэгъущтыгъ, инэплъэгъу ригъэкIынэуи фэягъэп.

Уахътабэрэ гъогу кIыхьэм зытетыхэ нэужым, зэшыхэр Мысырым къэсыгъэх. Ащ лъыпытэуи ахэр пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ ыдэжь кIуагъэх. Ахэмэ ашIэщтыгъэп Мысырым ипачъыхьэ иIэпыIэгъу шъхьаIэ ежьымэ аш Юсыфэу зэрэщытыр. Ышыхэр унэм къызэрехьэхэу Юсыф къышIэжьыгъэх, ау зыпарэкIи ар къызыхигъэщыгъэп. Унэм зехьэхэм, зэшыхэм пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ лъхъанчэу шъхьащэ фашIыгъ. Угу къэкIыжьа Юсыф пкIыхьапIэ зэрилъэгъугъагъэр – ышыхэм шъхьащэ къыфашIэу? Джы мары ахэмэ джа дэдэр ары ашIагъэр – Юсыф лъхъанчэу шъхьащэ фашIыгъ.

Юсыфи губжырэм фэдэу зыкъишIыгъ. Зэшыхэм ар ашIэжьыгъэп ыкIи зэрэгубжыгъэм ыгъэщтагъэхэу, ащ къыфаIуатэу къырагъэжьагъ зэкIэ ахэр зы тым ыкъохэу зэрэщытхэр, ахэмэ джыри зы шы – зэкIэми анахьыыкIэу зэряIэр, ар унэм къызэринагъэр ыкIи джыри зэшымэ ащыщэу зы кIалэ илъэсыбэкIэ узэкIэIэбэжьмэ зыдэхъугъэр амышIэу зэрэкIодыгъэр. Пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ къариIуагъ: „Шъо къашъуIорэр сшIошъ хъурэп. Ау сыуплъэкIун слъэкIыщт къашъуIорэр шъыпкъэмэ. Шъуащыщ горэм ядэжь ыгъэзэжьынышъ, анахьыкIэр мыщ къызыдищэщт, адрэхэр ар къэтыфэкIэ, хьапсым чIэсыщтых“.

Аущтэу ыIуагъэми, апэ рапшIэу Юсыф зэкIэ зэшыхэр зэгъусэхэу хьапсым чIигъэсыгъэх. Мэфищ тешIагъэу ахэмэ къяджи, ыдэжь къыщагъэх ыкIи ариIуагъ: „Сэ Тхьэр шIу сэлъэгъу ыкIи джащ пае зэкIэри шъо шъуадэжь жъугъэзэжьын шъулъэкIыщт. Ау шъуащыщ горэ мыщ къэнэн фае зэкIэ адрэхэм ашнахьыкIэ ягъусэу мыщ къагъэзэжьыфэкIэ“.

Зэшыхэр лъэшэу къэщтагъэх. Ахэмэ агу къэкIыжьыгъ ежьхэм аш Юсыфэу гъэрэу ащэгъагъэр. „Ар тэры зипсэкIодшIагъэр, – зэраIожьыщтыгъ ахэмэ, – тэ жъалымыгъэкIэ Юсыф тыдэзекIуагъ ыкIи ащ пае джы тагъэпшынэжьы“. Зэшыхэм къаIорэр пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ гурымыIоу ашIошIызэ, ахэр джуртыбзэкIэ зэдэгущыIэщтыгъэх. Юсыф зэкIэри къыгурыIощтыгъэ. Ышыхэр зытегущыIэхэрэр зызэхехым, ышъхьэ дыригъэзэкIи, Юсыф къэгъыгъ. ЗэкIэ зэшыхэр ягъогу техьажьыгъэх, къэнэгъэгъэ закъор Симеон арыгъэ, адрэхэм къагъэзэжьыфэкIэ, ар Мысырым щыIэн фэягъэ.

Пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ иунэ зэшыхэр чъэфынчъэхэу къикIыжьыгъэх. IэпыIэгъу шъхьаIэм иIофтабгэхэм фышъхьэ лэжьыгъэхэр зэрыз дзыохэр ахэмэ къаратыгъэх, лэжьыгъэм ыуаси зэшыхэм атыгъ. Ау ащ нэужым хъугъэр гъэшIэгъоны. Зэшыхэм ашъхьэ зэрэдырагъэзэкIэу Iофтабгэхэм лэжьыгъэ уасэу къаратыгъэр зэкIэ дзыохэм аралъхьажьыгъэх. Джащ фэдэ унашъо ахэмэ къафишIыгъ пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ.

Гъогум инахьыбэ къэкIужьыгъахэу зэшыхэр къэуцугъэх щыдхэм Iус аратынэу. Дзыомэ ащыщ горэ къызатIатэм, лэжьыгъэм ахъщэр къыхагъэотагъ. ПсынкIэу адрэ дзыохэри къызатIатэхэм, джащ фэдэ къабз алъэгъугъэр, ахэми лэжьыгъапкIэр арылъыгъ. Зэшыхэр джыри нахь инэу къэщтагъэх. „Сыда тэ Тхьэм къытишIэхэрэр?!“ – язэрэгъэIуагъ ахэмэ. Зэшыхэр зытещыныхьэщтыгъэхэр лэжьыгъэм ыуасэ зимыгъотыжьыкIэ, пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ джыри нахь лъэшэу къафэгубжынвр ыкIи джыри Мысырым зыкIохэкIэ, ыгъэпщынэнхэр ары.

Ядэжь къызэсыжьхэм, зэкIэ къяхъулIагъэхэр зэшыхэм ятэ Якъубэ раIотэжьыгъ. Ахэмэ джащ фэдэу ятэ раIуагъ лэжьыгъэ къащэфынэу джыри Мысырым зыкIохэкIэ, Биниамин адэкIон фаеу зэрэщытыр. Ащ фэдэ унашъо зэшыхэм къафишIыгъ пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ, джащыгъур ары ныIэп Симеони ащ къызитIупщыжьыщтыр.

Ар зызэхехым, Якъубэ лъэшэу ыгу къэкIодыгъ ыкIи къэгубжыгъ: „Юсыф щыIэжьэп, Симеон ащ къыщышъунагъ, джы шъузыфаер Биниамини хымэ хэгъэгум зыдэшъущэнэу ары“. Адрэ зэшыхэм ягъусэу Биниамини Мысырым ытIупщыным Якъубэ къезэгъыхэщтыгъэп.

Уахътэ тешIагъ ыкIи Мысырым къыщащэфыгъэ фышъхьэ лэжьыгъэхэр аухыгъэх. Якъубэ ыкъохэм къяджи, ариIуагъ: „Джыри шъо Мысырым фышъхьэ лэжьыгъэ къыщышъуущэфынэу шъумыкIо хъущтэп“. Джащыгъум Иудэ, Якъубэ ыкъохэм ащыщым, джэуап къытыжьыгъ: „Тэ Мысырым тыкъикIыжьын зытлъэкIыщтыр тшы анахьыкIэу Биниамин къыддакIомэ ары ныIэп. ЫкIи Биниамин зыгорэ къехъулIэмэ, ащ къехъулIэгъэ дэдэр сэри къысашI, тят“.

ШIоигъуаджэу Якъубэ зэшыхэм Биниамин адитIупщыгъ. Ыкъохэм афигъэпытагъ ядзыохэм ахъщэу къарагъотэжьыгъагъэхэр зэкIэ пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ ратыжьынхэу, джыри къащэфыщт лэжьыгъэм тефэрэ ахъщэри аритыгъ, лэжьыгъэр къызыщащэфыщт IэпыIэгъу шъхьаIэм пае джащ фэдэу шIухьафтынхэри фаригъэщагъэх. „Джащыгъум ар нахь хьалэл хъункIи пшIэщтэп“, – ыIуагъ ащ ыкIи Биниамин ягъусэу зэшыхэр гъогу техьагъэх.

Джы мары зэшыхэр пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ иунэ къэсыгъэх. Ахэр зэрелъэгъухэу Юсыф лъэшэу къэгушIуагъ: зэшыхэм акIыгъугъ Биниамини, ежьым янэ къылъфыгъэ ышнахьыкIэ! Юсыф Iофтабгэм риIуагъ: „Мыхэмэ сэ щэджэгъуашхэ къыздашIыщт. Гъомлапхъэхэр къягъэгъэхьазырых!“

Юсыф иунэ зэшыхэр зырегъэблагъэхэм, ахэр къэзэрэгъэщтагъэх. Ащ лъыпытэу ахэмэ Iофтабгэм раIуагъ ядзыохэм къарагъотэжьыгъэ ахъщэхэр къызэрэзыдахыжьыгъэхэр. Зэшыхэм ащкIэ къагъэлъагъомэ ашIоигъуагъ ахэр шъыпкъагъэ зыхэлъ цIыфхэу зэрэщытхэр. Iофтабгэм къариIуагъ ахэр тэрэзэу зэрэзекIуагъэхэр ыкIи Симеони къафищэжьыгъ. Зэшыхэр зэкIэ зэгъусэхэу пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ ыдэжь кIуагъэх. Унэм зехьэхэм, ахэмэ алъэгъугъ Iэнэ зэгъэпэшыгъэ, етIанэ бэ темышIэу пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIи унэм къихьагъ. Зэшыхэм ащ шъхьащэ фашIыгъ ыкIи ятэ къафаригъэхыгъэ шIухьафтынхэр ратыгъэх. Мызыгъэгуми пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ ахэмэ лъэшэу къафэчэфыгъ, къафэнэгуихыгъагъ. Ятэу жъы хъугъэу зыфаIощтыгъэр джыри псаоу щыIэмэ ыIуи къяупчIыгъ, етIанэ Биниамин Iуплъи, къыкIэупчIагъ: „Мыра шъо шъушынахьыкIэр?“ Биниамин зелъэгъум, Юсыф ащ нахьыбэрэ зыфэмыщыIэжьэу къэгъыгъ: сыдэу бэшIагъа ащ ышнахьыкIэ зимылъэгъугъэр! Юсыф псынкIэу унэм икIыгъ къызэрэгъыгъэр къаримыгъэшIэным пае. ЕтIанэ тIэкIу тешIагъэу къихьажьыгъ, ыкIи ар зэрэгъыгъэм зыми гу лъитагъэп.

Ащ ыужым зэкIэри Iанэм пэтIысхьагъэх. Шхын IэшIубэ Iанэм тетыгъ, ау зэкIэми анахь IэшIоу ахэмэ къахэкIыщтыгъэр Биниамин фагъэшъуашэщтыгъ. Арэущтэу фэягъ Юсыф. Зэшыхэм лъэшэу агъэшIагъоштыгъ: мызэгъэгум пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ ахэмэ лъэшэу къафэхьалэл, санэр ежьым ахэмэ къафырегъахъо ыкIи ежьыри адешъо.

Джы мары зэшыхэр гъогу къытехьажьыгъэх. Ахэр лъэшэу рэзагъэх: зэкIэри дэгъоу зэшIокIыгъэ, Симеони Биниамини ягъусэх. Ау ахэмэ ашIэщтыгъэп пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ ахэр джыри зэ ыушэтынхэу ыгу зэрэхэлъыгъэр.

Зэшыхэр джыри чъыехэзэ, пчэдыжьым жьэу Юсыф ипщылIмэ ариIуагъ зэшыхэм ядзыохэм ахъщэхэр джыри аралъхьажьынхэу, ау Биниамин идзыо ежьым итыжьыныбжъэ ралъхьанэу. „Сэ ахэмэ ясIощт Биниамин сытыжьыныбжъэ ытыгъугъэу ыкIи ащ пае ар Мысырым къинэн фаеу. Сеплъы сшIоигъу зэшыхэм хэкIыпIэу къагъотырэм, ашнахьыкIэ шъхьафит ашIыжьыным яшъыпкъэу пылъыщтха, хьаумэ зэгорэм сэ гум сызэрэранэгъагъэм фэдэу ари мыщ къагъэнэщта“, – егупшысэщтыгъ Юсыф.

Пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ ипщылIхэр шыухэу къакIахьэхэ зэхъум, зэшыхэр къэзэрэгъэщтагъэх. Ау ахэр джыри нахь лъэшэу къэщтагъэх уIэшыгъэ купым ипащэ ахэмэ къагъэзэжьын фаеу къазыреIом. „Шъо шъуащыщ горэм сизиусхьан итыжьыныбжъэ ытыгъугъ“, – къариIуагъ пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ иIофтабгэ. „Ащ фэдэ хъун ылъэкIыщтэп! ЕгъашIэми ащ фэдэ тэ къытхэфагъэп!“ – къэзэрэгъэкууагъэх зэшыхэр. „Тыжьыныбжъэр зидзыо къыдгъуатэрэм пшъэдэкIыжь ыхьын фае. Ар егъашIэрэу Мысырым къинэн ыкIи зиусхьаным фэлэжьэн фае“, – къариIуагъ Iофтабгэм. Зэшыхэм ядзыохэр къатIэтагъэх ыкIи Iофтабгэм ахэр къыплъыхьэу ригъэжьагъ. Аужыпкъэм Биниамин идзыо къызеплъыхьэм, ащ къыхигъотагъ тыжьыныбжъэр. Сыд тхьамыкIагъуа! ЗэрэхъурэмкIэ, Биниамин егъашIэрэу Мысырым къинэн фая джы? Ары шъхьакIэ, Биниамин ямыгъусэу зэшыхэр ядэжь кIожьынхэ алъэкIыщтэпи! Сыд раIощт ахэмэ ятэ Якъубэ? Зэшыхэр ящыдхэм къатетIысхьажьхи, Биниамин ягъусэу пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ ыдэжь къагъэзэжьыгъ.

„Сыд шъо шъушIагъэр? ШъушIэщтыгъэба шъо сыдэу хъугъэми, сэ ар къызэрэсшIэщтыр?“ – къяупчIыгъ ахэмэ пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ. Зэшыхэр лъэгонджэмышъхьэкIэ ащ ыпашъхьэ изэрэгъэфагъэх. „О тизиусхьан, къыдгурыIон тлъэкIырэп арэущтэу зэрэхъугъэ шIыкIэр. Тхьэм тэ къытхигъотагъ мышъыпкъагъэ. Ау фитыныгъэ къытэт тэ зэкIэми уихэгъэгу тыкъинэнэу ыкIи тыпфэлэжьэнэу,“ – къыкIэлъэIугъ Иудэ. „Хьау, – къытыжьыгъ пэгъокI пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэ. – Сэ садэжь къэнэщт закъор ситыжьыныбжъэ зидзыо къыхагъотагъэр ары ныIэп“. Джащыгъум Иудэ къыIотагъ Биниамин ямыгъусэу ядэжь кIожьхэмэ, ятэу Якъубэ лъэшэу гукъао зэрэщыхъущтыр. Ишъыпкъэу ар елъэIугъ Юсыф Мысырым ежьыр къыгъэнэнышъ, Биниамин пае Iоф ригъэшIэнэу.

Ар зэкIэ зызэхехым, Юсыф къыгурыIуагъ ышыхэр лъэшэу зэхъокIыгъэ зэрэхъугъэхэр ыкIи Биниамин изакъоу къагъэнэн гухэлъ зэрямыIэр. Мыщ дэжьым Юсыф ащ нахьыбэкIэ зыфэщыIэжьыгъэп. ИунэIутхэу унэм итыгъэхэм зэкIэми ариIуагъ унэм икIынхэу ыкIи ышыхэмрэ ежьырырэ язакъоу къызенэхэм, ахэмэ ариIуагъ: „Сэры, шъушэу Юсыфыр, ары къыжъудэгущыIэрэр! Сятэу Якъубэр джыри псаоу щыIа?“

Ар зызэхахым, ышыхэм зэрагъэшIэгъуагъэр! Пачъыхьэм гуадзэу иIэр ежьыхэм ашэу Юсыф ары! Ау ахэмэ ар ашIошъ мыхъунэу щытыгъэп: яныдэлъфыбзэкIэ къадэгущыIэщтыгъэба. „Ары шъыпкъ, сэры Юсыфэу Мысырым кIохэрэ сатыушIыхэм яшъущэгъагъэр. Ау шъумыщын шъо, гужъ сэ шъуфысиIэп. Гъаблэ къызыхъукIэ, IэпыIэгъу сышъуфэхъун слъэкIыным пае сэ мыщ Тхьэм сыкъызыкIихыгъэр. Тхьэр ары сэ пачъыхьэм игуадзэу сызышIыгъэри“. Юсыф ышыхэм ариIуагъ ядэжь зыкIожьыхэкIэ, ежьыр, Юсыф зэрэпсаур ыкIи пачъыхьэм игуадзэу Мысырым зэрэщыпсэурэр ятэ раIонхэу. Ащ регъэблагъэх ятэ Якъуби ышыхэри Мысырым щыпсэунхэу. Юсыф Биниамин IаплI рищэкIи, ебэугъ, ащ ыужым зэкIэ ышыхэм IаплI арищэкIи, ябэугъ. Нэужым бэрэ ахэр щысыгъэх зэрэгъэгущыIэхэу ыкIи зэрэзэIукIагъэхэм пае гушIохэу.

Юсыф хьалэмэт шIыкIэкIэ ышыхэм зэраIукIагъэр пачъыхьэм зэхихыгъэ. Юсыф пае ар лъэшэу гушIуагъэ, ащ иунэгъошхо джы Мысырым зэрисыщтыр игопагъ ыкIи ахэмэ шIухьафтынэу къаритыгъэх ку псынкIэ гъэкIэрэкIагъэхэр.



Ку псынкIэхэм арысхэу ыкъохэр ядэжь къызэрэкIожьыгъэхэр зелъэгъухэм, Якъубэ ар лъэшэу ыгъэшIэгъуагъ. „Сыда джы мыщ къыкIырэр?“ – къэупчIагъ ар. „Ти Юсыф псаоу щыI! Ар пачъыхьэм игуадзэу Мысырым щэпсэу!“ – раIотагъ къэбар гушIуагъор ятэ зэшыхэм. Апэрэм Якъубэ зэхихырэр ышIошъ ыгъэхъун ылъэкIыщтыгъэп, ау зэшыхэм зэкIэри къызыфаIуатэм, ышIошъ ымыгъэхъун ылъэкIыгъэп. Сыд фэдэу гушIогъошхом ар зэлъиштэгъагъа! „Юсыфэу сэ скъо кIас! ШIэхэу сэ ар слъэгъущт!“ ЫкIи Якъубэ лIыжьым гъогум зыфигъэхьазырэу ригъэжьагъ. БэшIагъэ ащ фэдэу Якъубэ насыпышIоу зыщымытыгъэр. Ыкъо кIасэ шIэхэу зэрилъэгъущтым пае ар зэрэгушIощтыгъэр! А насыпыгъэм пае ар инэу Тхьэм фэрэзагъ!



Юсыфи иунэ исэу яжэжьышъугъэп ыкIи ятэрэ ышыхэмрэ апэгъокIыгъ. Джы мары ахэр аужыпкъэм зэIукIэжьыгъэх. ЗэрэгушIорэм къыхэкIэу гъызэ, Юсыф ятэу жъы дэдэ хъугъэм IаплI рищэкIыгъ. А такъикъым сыд фэдэу ахэр насыпышIуагъэха!

Фырхьаунэм фиты ышIыгъэх Якъубэрэ ыкъохэмрэ Гошэн хэкум щыпсэунхэу, Мысырым былымхъуным ущыпылъынымкIэ нахь амал дэгъухэр зыдэщыIэ чIыпIэу ар щыт. Гъомлапхъэ фыщымыкIэнхэмкIэ, Юсыф ренэу ахэмэ ынаIэ атыригъэтыщтыгъэ. Ихьадэгъу къызэсым, лIэным ыпэкIэ Якъубэ зэкIэ ыкъохэр ыугъоихи, зэгорэм ежьым ятэ къыриIотэгъагъэхэр ахэмэ къариIуагъ. Якъубэ и Тхьэ ахэми якIалэхэми къызэрафэгумэкIыщтыр ыкIи лъэхъанэ горэм ахэмэ ялъэпкъ ти КъэгъэнэжьакIоу Исус Христос къызэрэхэкIыщтыр зэшыхэм зэхахыгъэ.

Якъубэ лIагъэ ыкIи ащ ихьадэ къызыщыхъугъэ Ханаан хэгъэгум щагъэтIылъыжьыгъ. Якъубэ ыкъохэмрэ ахэмэ якIалэхэмрэ джыри ащ нэужым бэрэ щыпсэугъэх Мысырым. Ау яуахътэ къэси, Юсыфи ащ ышыхэри джащ фэдэу лIагъэх.

1. Хэта апэрэ кIогъум ышыхэм ягъусэу Мысырым мыкIуагъэр?
2. Хэта Мысырым ипачъыхьэ иIэпыIэгъу шъхьаIэу хъугъагъэр?
3. Сыда Iофтабгэхэм Биниамин идзыо къыхагъотэгъагъэр?
4. Хэта Мысырым щыпсэунхэу фитныгъэ къызэратыгъагъэхэр?
5. Тыда Якъубэ ихьадэ зыщагъэтIылъыжьыгъэр?



## *16. МУСЭ ПЕГЪЫМБАРЫР*

Охътабэ блэкIыгъ, израил лъэпкъэу Мысырым исым ипчъагъэ бэ хъугъэ. ЗэкIэ ахэр Якъубэ ыкъохэм къатекIыгъагъэх. Ау Мысырыр ахэмэ яхэгъэгу гупсэу щытыгъэп. Арыти, Тхьэм рихъухьагъ ахэмэ Ханаан къаригъэгъэзэжьынэу.

А уахътэм ехъулIэу пачъыхьэу Юсыф гуадзэу зиIагъэр бэшIагъэу лIэгъагъэ. ПачъыхьакIэм зыпарэкIи ыгу рихьыщтыгъэп израил лъэпкъэу Мысырым щыпсэурэр бэ зэрэхъугъэр. Израил лъэпкъэу Мысырым щыпсэухэрэм ежь Мысырым ицIыф лъэпкъ пэшIуекIорэ заор къыригъэжьэным ар тещыныхьэщтыгъ.

Арыти, пачъыхьэм жъалымэгъэ гухэлъ къыугупшысыгъ. Ащ иунашъокIэ зэкIэ израил лъэпкъыр мысыр лъэпкъым фэлэжьэн фаеу хъугъагъэ. Унэхэу хэгъэгум щашIырэмэ апае израил лъэпкъым чырбыщыр ыгъэжъэн фаеу ары зэрэхъугъагъэр. Израил лъэпкъымкIэ ар лъэшэу IофшIэн хьылъэу щытыгъ, етIани израил лъэпкъ цIыфхэр тIэкIу загъэпсэфымэ ашIоигъоу къызызэтеуцохэкIэ, мысыр лъэпкъ цIыфхэр ахэмэ яощтыгъэх.

Ащ фэшъхьаф унашъуи пачъыхьэм идзэкIолIыхэм афишIыгъ: „Израил унагъом шъэожъые къихъухьэмэ, ащ лъыпытэу ар укIыгъэн фае. Пшъэшъэжъыехэр къэрэхъух“. Джары дзэкIолIхэми зэрашIыщтыгъэр: зэкIэ къэхъугъэкIэ шъэожъыехэр псыхъоу Нил хадзэщтыгъэх, пшъэшъэжъыехэр къагъанэщтыгъэх. Израил цIыфхэм ягукъао гъунэнчъагъ. Ренэу ахэр Тхьэм елъэIущтыгъэх IэпыIэгъу къафэхъунэу.

Израил цIыфхэр Тхьэм гум ринэщтхэп. Израил ицIыфхэр Мысырым къизыщыжьынхэ зылъэкIыщт цIыфыр Ащ ахэмэ къаритынэу фэягъ. Ау арэущтэу охъуфэкIэ джыри охътабэ тешIэн фэягъ. А цIыфэу Тхьэм иIофтабгэу хъущтыр джыри къэхъун фаеу щытыгъ.

Израил унагъо горэм шъэожъые къихъухьагъ. Шъэожъыем ятэ ыцIагъэр Амрам, янэ ыцIагъэр Юхэвэд. КъэхъугъэкIэ шъэожъыем фэшъхьафэу унагъом джыри сабыитIу иIагъ: пшъэшъэжъыеу Мириамрэ шъэожъыеу Хьарунэрэ.

Ным лъэшэу шIу ылъэгъущтыгъ къэхъугъэкIэ шъэожъые цIыкIур ыкIи зыкIи фэегъахэп мысыр дзэкIолI жъалымхэм ар псыхъоу Нил хадзэнэу. Мэзищэ ащ шъэожъыер гъэбылъыгъэу ыIыгъыгъ ыкIи мысыр дзэкIолIхэм ар къагъотын алъэкIыгъэп. Ау кIэлэцIыкIур загъорэ гъэу къызщыхэкIырэм мысыр дзэкIолIхэм зэхахынкIэ ныр тещыныхьэщтыгъэ. Бэрэ егупшысагъ ар хэкIыпIэм ыкIи къыгъотыгъ.

Псынэпкъым къыщыкIырэ къамылым ным хишIыкIыгъ шъхьэтепIо зиIэ матэ. Кушъэм фэдэу мэтэ гъэшIэгъон ным ышIыгъэр. Матэм гъуанэу иIэхэр зэкIэ Юхэвэд мыстхъукIэ ыцIэлагъэх псы апхырымыкIынэу. ЕтIанэ Юхэвэд ишъэожъые ащ ригъэгъолъхьагъ ыкIи псыхъом ыхьыгъ. Ипшъэшъэжъыеу Мириам игъусэу ащ кIэлэцIыкIур зэрылъ матэр къамыл лъагэхэм азыфагу итэу псым тыригъэуцуагъ. „Джы Тхьэ закъор ары сишъэожъые фэгумэкIын зылъэкIынэу къэнэжьыгъэр“, – ыIуи, ныр ядэжь кIожьыгъэ. Мириам нэпкъым къыIунагъ.

ТIэкIу тешIагъэу унэIут бзылъфыгъэхэр игъусэхэу бзылъфыгъэ тегъэпсыхьагъэ горэ псыхъом къыIухьагъ. Ар фырхьаунэм ыпхъоу щытыгъ. ЗигъэпскIымэ шIоигъоу ар псыхъом къэкIогъагъ. Псыхъом зыIохьэм, пачъыхьэм ыпхъу ылъэгъугъ къамыл гузэгум хэтыгъэ матэр ыкIи иунэIутхэм ариIуагъ ар псым къытырахынэу. Пачъыхьэм ыпхъу матэм ышъхьэ къызытырехым, ащ рилъэгъуагъ шъэожъые дэхэцIыкIоу гъыщтыгъэр. Пачъыхьэм ыпхъу шъэожъыем ыгу егъугъ. „Енэгуягъо, мыр израил цIыфхэм яшъэожъыекIэ. Ахэмэ мыр мыщ щагъэбылъыгъ мысыр дзэкIолIхэм амыукIыным пае“, – ыгукIэ ыIуагъ пачъыхьапхъум.

А уахътэм Мириам ащ къекIуалIи, къеупчIыгъ къуаджэм кIоу сабыир быдз езыгъэшъон бзылъфыгъэ горэ къыригъэщэщтымэ ыIуи. „Ары, – ыIуагъ пачъыхьэм ыпхъу, – быдзыщэ зиIэ бзылъфыгъэ горэ къащэ“. Мириам ядэжь



чъэжьыгъэ янэ къыщцэнэу. Джащыгъум Юхэвэд ежьым ышъхьэкIэ ыкъо лъыплъэн ылъэкIыщт.

Янэрэ ыпхъурэ псыхъом къызэкIохэм, пачъыхьэм ыпхъу Юхэвэд риIуагъ: „Мы шъэожъыер шъуадэжь хьыри, унаIэ тебгъэтызэ пIу. УиIофшIэн пае сэ ыпкIэ остыщт“. Ар зызэхехым, Юхэвэд лъэшэу гушIуагъэ! Джы ежь икIэлэцIыкIу ыпIун ыкIи мысыр дзэкIолIхэми ащымыщынэн ылъэкIыщт. Шъыпкъэ, кIэлэцIыкIур ренэу ежьым ным ыдэжь щыIэн ылъэкIыщтэп, иныы зыхъукIэ, пачъыхьэм ыпхъу ар иунэшхо ыщэжьыщт. ИнасыпкIэ, шъэожъыер ным ыдэжь есыфэкIэ, Израил и Тхьэ икъэбар ащ риIотэшъущт ыкIи егъашIэми щыгъупшэщтэп и Тхьэ, Ар шIу ылъэгъущт ыкIи ыгъэлъэпIэщт. Израил цIыфхэми афэлэжьэщт.



Охътэ гъэнэфагъэ зытешIэм, Юхэвэд сыд фэдизэу къин къыщыхъугъэми, ишъэожъыеу иныы хъугъэр пачъыхьэм иунэшхо ыщэжьыгъ. Пачъыхьэм ыпхъу ащ Мусэ цIэу фиусыгъ, ащ къикIырэр „сэ ар псым къыхэсхыгъ“. Мусэ бэмэ защыфигъэсагъ пщыунэшхом щэIэфэкIэ: пщым ыкъо шъыпкъэу ар хъугъэ. Мысыр цIыфхэм Израил и Тхьэ ашIошъ мыхъущтыгъэми, ащ фэмылажьэщтыгъэхэми, Мусэ ежьым и Тхьэ зыщигъэгъупшагъэп. Ежь Тхьэри ащ фэгумэкIыщтыгъ, Мусэр арыба израил цIыфхэр Мысырым къизыщыжьынхэу зипшъэрылъыгъэр.

Джы мары Мусэ илъэс тIокIитIу ыныбжь хъугъэ. Ар Израил и Тхьэ фэлажьэмэ ыкIи израил цIыф шъыпкъэу хъумэ шIоигъу. Пачъыхьэм ыпхъу ыкъоу щытыным ащ щэхъукIэ фэежьэп. Мусэ лъэшэу гукъао къыщэхъу израил цIыфхэр ащ фэдизэу къинкIэ Мысырым зэрэщыпсэухэрэр.

Зэгорэм Мусэ къалэм дэхьагъ. Ылъэгъугъ ащ израил цIыфхэм анахь IофшIэн хьылъэхэр зэрарагъашIэхэрэр. Анахьэу ар зыфэгубжыгъэр мысыр цIыфэу зэпымыожьэу Iоф зышIэхэрэ израил цIыфхэм яощтыгъэр ары. Мусэ екIолIагъ а хъулъфыгъэм, жъалымэм тыриубыти, ыукIыгъ ыкIи зыпарэми къымылъэгъоу пщахъом чIиухъумэжьыгъ. ЕтIанэ ащ пщыунэшхом къыгъэзэжьыгъ.

ЗэкIэ хъугъэр зешIэм, пачъыхьэр лъэшэу губжыгъэ ыкIи Мусэ аукIынэу унашъо ышIыгъ. Пачъыхьэм ылIыкIохэм аубытыфэкIэ емыжэу Мусэ гъэбылъыгъэкIэ пщыщагум къыдэкIыжьи, Мидиан хэгъэгум кIожьыгъэ.

1. Сыда израил цIыфхэм Мысырым щашIэн фаеу хъугъагъэр?
2. Израил шъэожъыехэм сыд арашIэнэу пачъыхьэм унашъо ышIыгъагъа?
3. Юхэвэд тыда ишъэожъые зыщигъэбылъыгъагъэр?
4. Матэм пэмычыжьэу хэта псынэпкъым къыIунэгъагъэр?
5. Хэта кIэлэцIыкIур къэзыгъотыгъэр?
6. Ыныбжь зекъум, сыда Мусэм ышIагъэр?

## *17. МУСЭ ТХЬЭМ ФЭЛЭЖЬЭНЭУ ЗЭРЭХЪУГЪЭР*

Охътэ гъэнэфагъэ тешIагъэу Мусэ Мидиан хэгъэгум къэсыгъ ыкIи псынэ горэм дэжь къыщыуцугъ. А уахътэм ехъулIэу псынэм мэлхэр къыIухьэгъагъэх. Пшъэшъибл ахэмэ ауж итыгъ. Пшъашъэхэр зэкIэ зэшыпхъугъэх ыкIи Итро ыпхъухэу щытыгъэх. Псынэм къыIухьэхи, ащ псэу къырахырэм фэшIы шIыгъэ хьакъуашъохэу псынэм къыкIэлъырытыгъэхэм арагъахъоу фежьагъэх. ЕтIанэ а хьакъуашъохэм мэлыхэр псы ащешъощтыгъэх.

Ау мыщ дэжьым фэшъхьаф Iахъохэр къыIухьэхи, Iэдэбынчъэу пшъашъэхэр IуагъэзыкIхи псынэм, ежьхэм ябылымхэр псы щырагъашъохэу рагъэжьагъ. Мусэ зэкIэ ахэр ылъэгъугъэх ыкIи пшъашъэхэм акъоуцуагъ. „Ахэр шъуапэ псынэм къыIухьагъэх, ыкIи зэкIэми апэу ямэлыхэр псы рагъэшъонхэ фае," – ыIуагъ Мусэм. Мэлахъохэр къэщтэуIугъэх ямынэIосэ хъулъфыгъэр залъэгъум ыкIи ямэлхэр псынэм Iуащыгъэх. Хьакъуашъохэм псы арагъэхъонымкIэ Мусэ пшъашъэхэм адеIагъ, пшъашъэхэми псынкIэу ямэлхэр псы рагъашъохи, ядэжь кIожьыгъэх.

„Непэ сыдэу пасэу шъукъэкIожьыгъа?" – къяупчIыгъ пшъашъэхэм ятэ ядэжь зэкIожьыхэм. „Мысырым щыщ хъулъфыгъэ горэ IэпыIэгъу къытфэхъугъ", – пэгъокI къыратыжьыгъ тым ыпхъухэм. „ШъулъыкIори, ар тадэжь къашъущэ", – Итро ыпхъухэм унашъо афишIыгъ.

Итро ыдэжь къызэкIом, Мусэ къыIотагъ Мысырыр къыбгынэн фаеу зыкIэхъугъэр. Итро дин пащэу щытыгъ ыкIи ащ фэшI Тхьэр шIу зылъэгъурэ Мусэ ащ лъэшэу ыгу рихьыгъ. Джащ къыхэкIэу Итро Мусэм къыриIуагъ имэлхэр ыгъэхъунхэу ыдэжь къинэнэу зэрэфаер. Мусэ ащ къезэгъыгъ. Джаущтэу пщы кIалэр мэлахъо хъугъэ. Охътэ заулэ тешIагъэу Мусэ Итро ыпхъухэм ащыщэу Циппора зыцIэр къыщагъ ыкIи ахэмэ шъэуитIу къафэхъугъ.

Илъэс тIокIитIо Мусэ Итро имэлхэр ыгъэхъугъэх. Мусэ илъэс тIокIиплI ыныбжь хъугъэхагъэ. Мафэ горэм кондэ Iужъухэр къызытекIэрэ къушъхьэм имэл Iэхъогъу къыфыгъ. Мусэ ардэдэм ылъэгъугъ куандэмэ ащыщ горэм машIо къызэрэкIэнагъэр, ау куандэр зэрэхъу хабзэу истыкIыщтыгъэп: машIонэф хьалэмэткIэ, зыпкъ итэу, машIотхъобзэ дахэкIэ стыщтыгъэ. „СыкIонышъ сеплъын мы куандэр зыкIэмыстырэм" – егупшысагъ Мусэр. Куандэм зыIохьэм, макъэ горэ зэхихыгъэ „Мусэ! Мусэ!" – „Мары сыщыт", – пэгъокI ытыжьыгъ Мусэ. „Ащ нахь благъэу укъысэмыкIуалI, – ащ пыдзагъэу макъэр джыри къэIугъ. – Уицуакъэхэр зыщыхых! Узытет чIыгур чIыпIэ лъапIэу щыт. Сэ Ибрахьимэ, Исхьакъ ыкIи Якъубэ я Тхьэу сыщыт!" Мусэ псынкIэу ицуакъэхэр зыщихыгъэх. Къыригъэжьагъэм пыдзагъэу Тхьэм джыри къыIуагъ: „Сэ къэслъэгъугъ, израил цIыфхэм Мысырым къин щалъэгъузэ фырхьауным зэрэфэлажьэхэрэр. Арыти, Сэ тесыубытагъ Израил ипIугъэхэм IэпыIэгъу сафэхъунэу. Мусэ, израил лъэпкъхэр о Мысырым къипщыжьынхэ фае. АщкIэ Сэ IэпыIэгъу сыкъыпфэхъущт".



Мусэ Тхьэм зыфигъази, еупчIыгъ. „Сыхэта сэ пачъыхьэм ыдэжь сыкIонэу? Сыда сэ сшIэщтыр пачъыхьэр къысэдэIунэу фэмые хъумэ?“ – „Укъэмыщын, Сэ сыпкIыгъущт“, – Тхьэм ащ пэгъокI къыритыжьыгъ. Ау щытми Мусэ джыри ехъырэхъышэщтыгъэ. Джащыгъум Тхьэм къыIуагъ: „Мусэ, моу уибэщ чIыгум тедз!“ Мусэ арэущтэу зэришIыгъэм лъыпытэу бэщыр блэу хъугъэ. Ар зелъэгъум, Мусэ къэщтагъ ыкIи къызэкIэкIуагъ. Ау Тхьэм ащ къыфигъэпытагъ: „Къэубыт блэр ыкIэкIэ“. Мусэ фэсакъыпэзэ, блэм къекIуалIи, ыкIэ къыубытыгъ, ардэдэм блэр бэщы хъужьыгъэ. Ар хьалэмэт дэдагъ! Джа хьалэмэт дэдэр ары Мусэ Тхьэм Ежьым илIыкIоу зэригъэкIуагъэр Мысырым цIыфхэми пачъыхьэми къазэрэфиушыхьатынэу щытыгъэр.

Зиусхьаным джыри мырэущтэу Мусэм къыриIуагъ: „Мусэ, моу пIэ угужъуакIэ далъхьэри, ардэдэм къыдэхыжь!“ Мусэм арэущтэу ышIыгъ ыкIи ылъэгъугъ амыгъэхъужьырэ шъоджэ уз Iае ыIэ къызэрэтехъуагъэр. Тхьэм джыри къыриIуагъ а Iэр джыри ыгужъуакIэ дилъхьанышъ, ащ лъыпытэу къыдихыжьынэу. Джы ыIэ зэрэщытыгъэм фэдэ къабзэу псаоу хъужьыгъэ. А шIыкIэ шIагъор джащ фэдэу Мусэ мысыр пачъыхьэмрэ израил цIыфхэмрэ шыхьаткIэ аригъэлъэгъун фэягъэ.

Тхьэм ар зэригъэкIуагъэр ашIошъ хъуным пае Мусэ джыри зы Iофышхо шIагъо къыгъэлъэгъон ылъэкIыщтэу Тхьэм ыIуагъ. „Псыхъом къыхэхыри, чIыгум псы текI! Псыр лъэу хъущт“.

Ау щытми Мусэ джыри щынэщтыгъэ Мысырым кIонкIэ. „Сыфэкъулаеп сэ зэгъэкIугъэу сыкъэгущыIэным. ЗыгорэкIэ О сэщ фэшъхьаф горэ бгъэкIона?“ – еупчIыгъ ар Тхьэм. Ар зызэхехым, Тхьэр губжыгъэ. „О пшэу Хьарунэ о IэпыIэгъу къыпфэхъущт“, – къыриIуагъ Ащ Мусэ. Ащ къыриIолIэжьын джы Мусэм иIэжьыгъэп. Тхьэм зэкIэ къыриIуагъэр ащ ыгъэцэкIэн фэягъэ. Джаущтэу Мусэ Тхьэм фэлажьэу хъугъэ.



1. Сыд фэдэ Iофа Мусэ зэрихьэщтыгъэр Итро дэжь зыщэIэм?
2. Сыда Мусэ къушъхьэм тырилъэгъуагъэр?
3. Сыда Зиусхьаным Мусэ пшъэрылъэу къыфишIыгъагъэр?
4. Мусэ ибэщ сыда зэрэхъугъагъэр?
5. Сыда Мусэм ыIэ къехъулIэгъагъэр?
6. Хэта Тхьэм IэпыIэгъоу Мусэм къыритыгъагъэр?

# *18. ТХЬАМЫКIЭГЪУИПШI*

Ядэжь къызэкIожьым, Мусэ ишъузырэ дин пащэу Итроурэ къафиIотагъ ар Зиусхьаным фэлажьэу зэрэхъугъэр ыкIи израил цIыфхэр Мысырым къырищыжьынхэу Тхьэм пшъэрылъ къызэрэфишIыгъэр. Мусэм иунагъо зэрэпсаоу къызэрэугъоихи, Мысырым ежьагъ. Мусэм ыш Хьарунэ Мысырым къикIи, гъогум къыщыпэгъокIыгъ. ЗэрэзэIукIагъэхэм зэшыхэр лъэшэу ыгъэгушIуагъэх!

Мусэ къыфиIотагъ Хьарунэ ежь ышъхьэкIэ Тхьэм зэрэдэгущыIагъэр ыкIи Мысырым кIожьынэу Тхьэм ащ къызэрэриIуагъэр. Тхьэм Ежьым илъэпкъ щыгъупшагъэп ыкIи израил лъэпкъым IэпыIэгъу къыфэхъущт. Мусэ ригъэлъэгъугъ Хьарунэ ежьым ибэщэу блэ хъун зылъэкIырэр ыкIи ыIэу шъоджэ уз ащ лъыпытэу къызытехьэрэр ыкIи зытекIыжьырэр. А хьалэмэтхэмкIэ Мусэ израил цIыфхэм къагуригъэIон фае ар Тхьэм лIыкIоу къызэригъэкIуагъэр.

Мусэрэ Хьарунэрэ фырхьауным иунэшхо къызэкIохэм, Мусэ къыригъажьи, пачъыхьэм риIуагъ: „Израил и Тхьэ къыуеIо Ежьым илъэпкъ къэптIупщынэу, шъоф нэкIым кIоным пае ыкIи дин мэфэкIышхор ащ щагъэкIоным пае“. Ау пачъыхьэ жъалымэм мыщ фэдэ пэгъокI ащ къыритыжьыгъ: „Сыд илIэужыгъо Тхьа зигугъу къысфэпшIырэр? ЫкIи сыда сэ Израил и Тхьэ ыIорэр зыкIэзгъэцэкIэн фаер? СшIахэрэп сэ а Тхьэр зыщыщыри ыкIи израил цIыфхэри стIупщыщтхэп“. „Израил лъэпкъ цIыфхэм ежь-





хэм ямэфэкI хагъэунэфыкIмэ ашIоигъу, – ыгукIэ зэриIожыгъэ пачъыхьэм. – Сэ ахэр згъэсэных. Израил цIыфхэм сэ пшъэдэкIыжь язгъэхьыщт!“ ЫкIи пачъыхьэм унашъо ышIыгъ израил цIыфхэм джыри нахьыбэу IофшIэн хьылъэхэр атралъхьанхэу. Израил цIыфхэр лъэшэу ыгъэгубжыгъагъэх Iофэу ашIэрэр джыри нахь къин зэрэхъугъэм пае ыкIи ащкIэ агъэмысэщтыгъэхэр Мусэрэ Хьарунэрэ арых. „Ахэр арых пачъыхьэр зыгъэгубжыгъэхэр“, – зэраIожьыщтыгъэ ахэмэ.

Мусэ Тхьэм еупчIыгъ ежьырырэ Хьарунэрэ ашIэн фаемкIэ. „Сэ згъэпшынэщтых пачъыхьэмрэ мысыр цIыфхэмрэ. Ау джащыгъуми ахэр фэещтхэп къысэдэIунхэу. ПшъэдэкIыжь щынэгъошхор ары ныIэп къезгъэуцолIэщтхэр израил ицIыфхэр ахэмэ къатIупщыжьынхэу“. ЫкIи Тхьэм Мусэрэ Хьарунэрэ унашъо къафишIыгъ джыри пачъыхьэм ыдэжь кIонхэу.

Зэшыхэр пачъыхьэм ыдэжь зехьэхэм, Мусэ ыш Хьарунэ риIуагъ ибэщ пачъыхьэм ыпашъхьэ ридзэнэу, ыкIи арэущтэу ышIыгъ. Бэщыр ардэдэм блэу хъугъэ. Джащыгъум пачъыхьэм унашъо ышIыгъ зэкIэ ицIыф акъылышIохэр къаугъоинхэу ыкIи ахэми ащ фэдэ къабзэ къагъэлъэгъонэу. АкъылышIохэу пщы унэшхом къыщызэрэугъоигъэ-

хэм ащыщ пэпчъ ибэщ пачъыхьэм ыпашъхьэ къыридзагъ ыкIи бэщ пэпчъ блэу хъугъэ. Ау Мусэ иблэ зэкIэ адырэ блэхэр ыдырыгъэх. Ари гъэшIэгъон дэдэу щытыгъ. Хьарунэ блэр ыкIэкIэ къыубытыгъ ыкIи ащ лъыпытэу блэр бэщы хъужьыгъэ. Ау пачъыхьэр фэягъэп ылъэгъурэр ышIошъ ыгъэхъунэу ыкIи израил лъэпкъыр ытIупщыжьынэу. Тхьэм зэкIэ ахэр ылъэгъущтыгъэ ыкIи Мусэ къыриIуагъ: „Пачъыхьэр мафэ къэс зыдэкIорэ псыхъом неущ пчэдыжь кIо. Пачъыхьэр ащ къызыкIокIэ, псыхъом дэт псыр зэкIэ лъы шIы. Ар апэрэ пщыныжьэу хъущт".

КъыкIэлъыкIогъэ пчэдыжьым Мусэрэ Хьарунэрэ псыхъом кIуагъэх. ТIэкIу тешIагъэу иунэIутхэр игъусэхэу пачъыхьэр ащ къэкIуагъ. Хьарунэ джыри пачъыхьэм елъэIугъ израил цIыфхэр къытIупщынхэу, ау пачъыхьэм пэгъокI къытыжьыгъэп. Джащыгъум Мусэ ибэщкIэ псым хэуагъ ыкIи ащ лъыпытэу псэу дэтыр зэкIэ лъы хъугъэ, ащ пцэжъыеу хэсыгъэхэри лIагъэх.

Джащыгъум пачъыхьэм унашъо ышIыгъ ежьым иакъылышIохэр къаугъоинхэу. Пачъыхьэм иунэIутхэм псыхъом пэмычыжьэу мэшэ куу щатIыгъ ыкIи псынкIэу ащ псы къабзэ къыщыкIэчъыгъ. Пачъыхьэм иакъылышIохэр бэщыхэмкIэ псэу машэм къихъуагъэм зыхаохэм, зэкIэ ащ псэу итыр лъэу хъугъэ. Ар зелъэгъум, пачъыхьэм ыIуагъ: „Израил и Тхьэ ышIэрэм фэдэ къабзэ сэ сиакъылышIохэми акIуачIэ къыхьыщт. А Тхьэр, енэгуягъо, ащ фэдизэу лъэкIышхо имыIэкIэ. СтIупщыщтэп сэ израил цIыфхэр". А уахътэм зэкIэ Мысырым ит псыхъохэр лъэу хъугъагъэх ыкIи тхьэмафэ псаум къыкIоцI мысыр цIыфхэм псы къабзэ зэрагъэгъотыным пае машэхэр атIынхэ фаеу хъугъагъэ. Ау пачъыхьэ гуркъэр фэягъэп сыдэу хъуми, израил цIыфхэр къытIупщынхэу. Тхьэм тхьамыкIэгъошхуипшI Мысырым къыфигъэкIощт ыкIи ахэмэ ауж ныIэп пачъыхьэм израил цIыфхэр шъоф нэкIым ихьанхэу фиты зишIыщтхэр.

Мэфэ заулэ тешIагъэу хьантIаркъохэр Мысырым къибэнагъэх – тыдэкIи щыIагъэх. Ахэр псыми хэсыгъэх, чIыгуми тесыгъэх, унэхэми арысыгъэх. ЦIыфхэр ахэмэ кIочIэгъу афырикъужьыщтыгъэхэп. Джащыгъум пачъыхьэм иакъылышIохэр къаригъэугъоигъэх, ыкIи ежь адрэхэм къыраIуагъ: „Пачъыхьэр, тэ ткIуачIэ къыхьыщт зэкIэ хэгъэгум хьантIаркъохэр изыбзэ тшIынхэу, ау ахэр тэ итфынхэ тлъэкIыщтэп. Ар зыкIуачIэ къыхьын ылъэкIыщтыр Тхьэ закъор ары ныIэп".

Пачъыхьэр Мусэрэ Хьарунэрэ къяджэн фаеу хъугъэ. Зэшыхэр къызэкIохэм, пачъыхьэм ахэмэ ариIуагъ: „Шъуи Тхьэ шъуелъэIу Мысырым хьантIаркъохэр ригъэкIыжьынхэу, сэ ащ пае израил цIыфхэр шъоф нэкIым ихьанхэу къэстIупщыщтых".

Мусэ Тхьэм зелъэIу нэужым зэкIэ хьантIаркъохэр лIагъэх. Ау пачъыхьэм игущыIэ ыгъэцэкIэжьыгъэп ыкIи израил цIыфхэр къытIупщыгъэхэп.

Тхьэм зэкIэ ахэр ылъэгъугъэх ыкIи Мусэ къыриIуагъ: „Хьарунэ ибэщкIэ гъогу сапэм хэрэу!" Хьарунэ арэущтэу зешIым, сапэр бэдзэнэшъу пчIыгъэу хъуи, жьыкореным фэдэу ахэр зэрэхьыхэзэ цIыфхэмрэ былымхэмрэ атизы хъугъэх. ТхьамыкIэгъо дэдэу щытыгъ ар! Пачъыхьэм иакъылышIохэм сапэр бэдзэнэшъу ашIышъугъэп ыкIи къаIуагъ ар зыкIуачIэ къэзыхьын зылъэкIыщтыр Тхьэ закъор арэу зэрэщытыр. Ау сыдэу хъугъэми, пачъыхьэм израил лъэпкъ цIыфхэр къытIупщынхэкIэ фэягъэп.

Джыри зэ Мусэрэ Хьарунэрэ пачъыхьэм ыдэжь кIонхэшъ, мыр раIонэу Тхьэм унашъо къафишIыгъ: „Израил цIыфхэр къэтIупщых, арымырмэ Тхьэм пщыныжьыкIэ къышъуфигъэкIощт, хьэцIэ-пIэцIэ гоштэгъуаджэхэр Мысырым къытебэнэщтых. Израил цIыфхэр зыщыпсэухэрэ чIыпIэр ары ныIэп ахэр зыдэщымыIэщтхэр".

Ау пачъыхьэр джыри Мусэ ыIорэм къедэIункIэ фэягъэп ыкIи къыкIэлъыкIогъэ пчэдыжьым зэкIэ хэгъэгум щыбыбыщтыгъэх, щыпкIэтэ-лъатэщтыгъэх, щыцуахъощтыгъэх уяплъынкIэ гоштэгъуаджэхэу хьэцIэ-пIэцэ зэфэшъхьафхэр. Ары пакIошъ, пачъыхьэм иунэшхуи ахэмэ кIуапIэ къыщыуатыжьыщтыгъэп. Пачъыхьэр къэгубжи, Мусэрэ Хьарунэрэ къаригъэщагъэх: „КIо дэгъу, сэ фитныгъэ израил цIыфхэм ясэты, мыщ, Мысырым, ямэфэкI щагъэмэфэкIынэу!" Ау Мусэрэ Хьарунэрэ ащ къезэгъыгъэхэп. „Ащыгъум, – ыIуагъ пачъыхьэм, – израил цIыфхэр сэ къэстIупщыщтых, ау ахэр чыжьэу IузгъэкIыщтхэп. Шъо Тхьэм шъуелъэIу Мысырым исы хьацIэ-пIацIэхэр риукъэбзыкIынхэу". Зэшыхэр Тхьэм зелъэIухэм, ащ лъыпытэу хьэцIэ-пIацIэхэр хэгъэгум икIодыкIыжьыгъэх. Ау пачъыхьэм джыри Мусэ къыгъэпцIагъ.

Джы мары кIэу тхьамыкIэгъошхо Мысырым къыфыкъокIыгъ: мэлхэр, шыхэр ыкIи зэкIэ фэшъхьаф псэушъхьэхэр къэсымэджагъэх ыкIи зэтелIэхэу къырагъэжьагъ. Израил цIыфхэр зыщыпсэущтыгъэ Гошэн зы псэушъхьэ гори сымаджэ щыхъугъэп. Джарэу зэрэщытызэ, пачъыхьэ

къаигъэ жъалымэм израил цIыфхэр къыригъэкIыжьынхэкIэ фэягъэп.

Тхьэм ышIэщтыгъэ пачъыхьэр Ежь къедэIункIэ зэрэфэмыер. Ауми Мусэрэ Хьарунэрэ ащ ыдэжь джыри ыгъэкIуагъэх. Мызэгъэгум зэшхэм зыдаштэгъагъэр яжьэ. Пачъыхьэм ищагу зыдахьэхэкIэ, ащ а яжьэр датэкъонэу Тхьэм зэшыхэм ариIуагъ. Мусэрэ Хьарунэрэ Тхьэм иунашъо агъэцэкIагъ. Адэ сыда хъугъэр? Яжьэр ащ лъыпытэу сапэ хъугъэ ыкIи а сапэр зэрэ Мысырэу жьыбгъэм щызэрихьи, мысыр цIыфхэмрэ ахэмэ япсэушъхьэхэмрэ ателъы хъугъэ. Ащ лъыпытэу цIыфхэмрэ псэушъхьэхэмрэ акIышъохэр уз Iаем зэлъикIугъэх. Ягъэхэр узыщтыгъэх ыкIи хъупцIыщтыгъэх. ЦIыфхэми псэушъхьэхэми рэхьатэу щысынхи щытынхи алъэкIыщтыгъэп. Джащ фэдэуи ахэр чъыен алъэкIыщтыгъэп, сыда пIомэ зэкIэ апкъхэр узыщтыгъэх. Ау ащ фэдэ тхьамыкIэгъошхоми пачъыхьэр къыригъэуцолIагъэп израил цIыфхэр къытIупщынэу.

КъыкIэлъыкIогъэ пчэдыжьым Мусэрэ Хьарунэрэ пачъыхьэм дэгущыIэнхэу джыри кIуагъэх. „Израил цIыфхэр къызымытIупщыжьхэкIэ, – раIуагъ ахэмэ пачъыхьэм, – Тхьэм джыри тхьамыкIэгъуабэхэр къышъуфигъэкIощтых. Къежьэщт щыблэгъуагъо зыхэт ощхышхо мэхъаджэ ыкIи мыжъом фэдиз ошъуцэхэр уашъом къефэхыщтых. Унашъо афэшI зэкIэ цIыфхэр яунэхэм къарымыкIынхэу ыкIи ябылымхэр къакъырэхэм къачIамыгъэкIынхэу. ЗэкIэ урамым къытехьэхэрэр ошъум ыукIыщтых,“ – фагъэпытагъ ахэмэ пачъыхьэм.

Мысыр цIыфыбэ Мусэрэ Хьарунэрэ аIуагъэм едэIугъэх. Ахэмэ ябылымхэр къакъырхэм ачIашIыхьагъ, ежьхэми унэхэм защагъэбылъыгъ. Охътэ тIэкIу тешIагъэу шыблэгъуагъо хэтэу ощхышхо ошъур хэтэу къежьагъ, ыкIи ахэмэ псэ зыпытэу урамым къытехьагъэхэр зэкIэ зэтыраукIагъэх. Мысырым зэкIэ чъыгэу къыщыкIыщтыгъэхэр ыкIи лэжьыгъэу къэкIыгъэри ошъум ыутыгъэх. Израил цIыфхэр зыщыпсэущтыгъэхэ Гошэн ары ныIэп ощхи къызыщемыщхыгъэр, ошъуи къызыщемыхыгъэр. Ау ащи пачъыхьэм рихъухьагъэр зэблыригъэхъун ылъэкIыгъэп.

Джащыгъум мэцIэ коренэшхохэр Мысырым къытебэнагъэх. Ахэмэ ашхыгъ зэкIэ лэжьыгъэ хэлъхьагъэу хэгъэгум иIагъэхэр, тхьапэхэу чъыгхэм апытхэр ыкIи мысыр цIыфхэм ашхын ямыIэжьэу къэнагъэх, гъаблэри хэгъэгум къыщежьагъ. Ау пачъыхьэр Мусэрэ Хьарунэрэ къядэIункIэ фэягъэп. Мусэрэ Хьарунэрэ Тхьэм зелъэIухэ нэужыр ары ныIэп, зэкIэ мацIэхэр зыкIодыжьыгъэхэр.

Охътэ тIэкIу тешIагъэу етIани Мысырым зэрэхэгъэгоу мэзэхэ шIункI къыщыхъугъ, тыгъи, мази, жъуагъуи къэлъэгъожьыщтыгъэхэп. ЦIыфхэм зыпари алъэгъущтыгъэп, ядэжь кIожьынхэ алъэкIыщтыгъэп, шIункIым зыщиубытыгъэхэ чIыпIэм къэнэнхэу хъугъэх. Израил цIыфхэр зыщыпсэущтыгъэхэ Гошэн тыгъэр дахэу щышIэтыщтыгъ. Сыд фэдэ Iофышхо шIагъуа ар!

Чэщ-мэфищым къыкIоцI Мысырым шIункIыр шъхьащытыгъ, етIанэ икIэрыкIэу тыгъэр къэлъэгъожьыгъ. Джыри Мусэ пачъыхьэм ыдэжь кIуагъэ мызэгъэгум ащ изэкъуагъ. Пачъыхьэм ащ къыриIуагъ: „Сэ сыкъезэгъы израил цIыфхэр шъоф нэкIым ихьанхэу къэстIупщынхэу ямэфэкI ащ щыхагъэунэфыкIыным пае. Ау ахэмэ зэкIэ ячэмхэр, мэлхэр ыкIи фэшъхьаф былымхэр Мысырым къырарэнэх“. Мусэ ащ фэдэ шIыкIэм езэгъыгъэп. Ар зыфэягъэр зэкIэ былымхэу израил цIыфхэм яIэхэр зыдыращыжьынхэу арыгъэ. Пачъыхьэр ащ лъэшэу ыгъэгубжыгъ. „КIожьыри, ащ щэхъукIэ садэжь укъэмыкIожь“, – къыриIуагъ ащ пачъыхьэм. Мусэ пэгъокI ритыжьыгъ: „Сэ сыкIожьыщт ыкIи джащ щэхъукIэ егъашIэми уадэжь сыкъэкIожьыщтэп, ау нахьыпэ рапшIэу сэ къыпфэсIуатэмэ сшIоигъуагъ аужырэ, япшIэнэрэ анахь пщынэжь тхьамыкIэгъошхоу Тхьэм Мысырым къыфигъэкIощтым икъэбар. Нычэпэ Тхьэм мысыр унагъо пэпчъ апэрэ сабыеу къихъуагъэр ыгъэлIэщт, о пкъо нахьыжъи джащ фэдэу лIэщт. Сыд фэдэрэ псэушъхьи апэрэ щырэу къыкIэхъуагъэр джащ фэдэу лIэщт“.

Мусэ игущыIэхэр зызэхеххэм, пачъыхьэр лъэшэу къэщтагъ. Ау кIасэ хъугъэхагъэ... ТхьамыкIэгъо пщыныжьыр къызэтебгъэуцон плъэкIынэу щытыжьыгъэп!

Губжыгъэу Мусэ пачъыхьэм ыдэжь икIыжьи, Гошэн кIожьыгъэ израил цIыфхэм джы ашIэн фаер ариIотэным пае. Мысырым чэщ шIункIыр къышъхьащыуцуагъ.

1. Мусэрэ Хьарунэрэ сыда пачъыхьэм зэрелъэIущтыгъэхэр?
2. Угу къэкIыжьа о, сыд фэдэ тхьамыкIагъоха Мысырым къехъулIэгъагъэхэр?
3. Сыда Тхьэм мысыр цIыфхэр зыкIигъэпщынэщтыгъэхэр?
4. Сыд фэдэ тхьамыкIэгъо пщыныжьыр ара аужырэу щытыгъэр?

## *19. ИЗРАИЛ ЦIЫФХЭР МЫСЫРЫМ ЗЭРИКIЫЖЬЫГЪЭХЭР*

Мысырым чэщыр куоу щыхэкIотагъ, ау израил цIыфхэр чъыехэрэп. Мысыр цIыфхэм ащыщыбэхэри джащ фэдэу гъолъыжьыгъагъэхэп. А чэщым зыфэдэ мыхъугъэ тхьамыкIэгъошхо къыщыхъущт: Мусэ ыIуагъэба мысыр унагъо пэпчъ апэу къихъухьагъэр лIэщтэу. Мысыр цIыфхэр ау щытми, тIэкIу мэгугъэх ащ фэдэ жъалымыгъэ дэдэ къямыхъулIэнэу, ау Мусэ къыIощтыгъэхэр зэкIэ джы нэс къэшъыпкъэжьыгъэх.

Гошэн щыпсэурэ израил цIыфхэри рэхьатхэп. Унагъо пэпчъ шъынэ щышIуабзыгъ. Непэ израил унагъомэ ямэфэкIышху – Пасхэ. Унагъо пэпчъ тым шIуибзыгъэ шъынэм илъ лагъэм рагъэлъади, ащ илъкIэ пчъэкIыбыр ацIэлагъ. Аущтэу ашIынэу къариIуагъ Мусэ. Ащ израил цIыфхэм къариIуагъ: „Нычэпэ Мысырым Тхьэм имэлэIич къэкIощт. Ар зы унэм IукIымэ, адырэ унэм Iухьэзэ, зэкIэ унагъохэр къыкIухьащтых ыкIи зипчъэ лъы щымыфэгъэ унагъом апэу къихъухьагъэр ыукIыщт. Лъыр зипчъэ щыфагъэу ылъэгъурэ унагъомэ аблэкIыщт“.

Пасхэр дгъэмэфэкIы зыхъукIэ, тэ тызэгупшысэрэр Исус Христос ары. Исус Христос зэкIэ цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр Ежьым зытрилъхьажьыгъэх ыкIи къащым тыраIулIи, ащ телIыхьагъ. Пасхэр зыщагъэмэфэкIырэ мафэм Ар къэхъужьыгъ. ЫкIи Исус Христос пшIошъ хъумэ, ори умыкIодэу укъэнэжьыщт.

Мусэ ежьым илъэпкъ цIыфхэм а чэщым ариIуагъ: „Гъомлапхъэр хьазыр зэрэхъоу гъогум тытехьащт. ЗэкIэ шъуибылымхэр, зэкIэ шъуимылъкуи къызыдашъущт. Тхьэр зыфэгумэкIыщтыр фырхьаунэм шъо Мысырым мызэгъэгум шъуригъэкIыжьыныр ары!“

ТыдэкIэ удэIуагъэми, а чэщым зэхэпхыщтыгъэр мысыр цIыфхэм ягъы ыкIи якуо макъ ары. Мысыр унагъо пэпчъ тхьамыкIэгъошхо къихъухьагъ: унагъо пэпчъ апэрэу къихъуагъэр лIагъэ. МэлэIичым къелыгъэхэп псэушъхьэхэм апэрэу къакIэхъуагъэхэри. ЗэкIэ хъущтэу Мусэ къыIогъагъэхэр къэшъыпкъэжьыгъэх. Израил и Тхьэ мысыр цIыфхэмрэ япачъыхьэрэ пхъашэу ыгъэпщынагъэх. Фырхьауным ыкъо нахьыжъи а чэщым лIагъэ.

ТхьамыкIэгъошхо къызэхъулIэгъэ мысыр цIыфхэр израил цIыфхэу Гошэн щыпсэухэрэм адэжь къэчъагъэхэу куощтыгъэх: „ШъуикI тихэгъэгу! Шъузыфаер зэкIэри зыдашъущт! Фырхьауным шъо фиты шъуешIы Мысырыр къэшъубгынэнэу! Шъуигъогу шъутехьажьыри, шъуи Тхьэ шъуелъэIу, ау тэщ паий Ащ шъуелъэIу ащ нахьыбэкIэ тимыгъэпщынэжьынэу!“

Дышъэмрэ тыжьынымрэ ахэшIыкIыгъэу Iэпэщысэ пкъыгъо дэхабэ израил цIыфхэм зыдаштагъ, мысыр цIыфхэми бэ ахэмэ щыгъын дахэхэу къаратыгъагъэр. ЕгъашIэми израил цIыфхэр ащ фэдизэу баигъэхэп. Мысыр цIыфхэр арымэ, ахэр гушIощтыгъэх израил цIыфхэр яхэгъэгу зэрикIыжьхэрэм пае.



А чэщым израил цIыфхэр Гошэн дэкIыжьыгъэх. ЗэкIэри зэгъусэхэу, купышхо хъухэу ахэр гъогум техьагъэх. Ныхэм сабыйхэр атамэ тесыхэу ахьыщтыгъэ, нахьыжъыIохэр ахэмэ аготхэу лъэсэу кIощтыгъэх. Бэщыр зыIыгъ Мусэрэ Хьарунэрэ апэ итхэу кIощтыгъэх. Израил и Тхьэ Ежьым илъэпкъ фэгумэкIыщтыгъ. Мусэ гущыIэу къыритыгъагъэр Ащ ыгъэцэкIэжьыгъ ыкIи Ащ Ежьым илъэпкъ хэгъэгу чыжьэу Ханаан къыщэжьыщт, ау ар зыхъущтыр илъэсыбэ тешIагъэу ары ныIэп.

1. Сыд фэдэ мэфэкIа израил цIыфхэм хагъэунэфыкIыщтыгъэр?
2. Сыда шъынэм ылъы рашIэнэу Мусэ ариIуагъэр?
3. Сыда а чэщым мысыр цIыфхэр зыкIэгъыщтыгъэхэр?
4. Гошэн къызэчъэхэм, сыда аIощтыгъэр мысыр цIыфхэм?
5. Сыда мысыр цIыфхэм израил цIыфхэм къаратыгъэр?



## *20. ИЗРАИЛ ЦIЫФХЭР ХЫ ПЛЪЫЖЬЫМ ЗЭРЭЗЭПЫРЫКIЫГЪЭХЭР*

Мафэ пчъэгъабэ хъугъагъэ израил цIыфхэр гъогум зытетыгъэхэр. Тхьэр ахэмэ ягъусэу адакIощтыгъ. ЗэкIэми, ары пакIошъ, анахь цIыкIухэми Ар алъэгъун алъэкIынэу щытыгъ. Сыд фэдэрэ уахъти зэпымыожьэу израил цIыфхэм апэ итэу ошъуапщэр кIощтыгъэ: джары Тхьэр ягъусэу зэрадакIощтыгъэр. Чэщырэ ошъуапщэр нэфыщтыгъэ ыкIи анахь зыщышIункIыми, цIыфхэм ягъогу рагъэхъун алъэкIыщтыгъэ, сыда пIомэ а ошъуапщэм ахэмэ ягъогу къафигъэнэфыщтыгъ. Тхьэм Ежьым ицIыфхэм къыфэгумэкIыщтыгъ.

Гошэн нэкIы хъугъэ. Исыжьыгъэхэп джы Мысырым израил цIыфхэр ыкIи Мысырым ицIыфхэмрэ фырхьаунымрэ афэлэжьэни щыIэжьыгъэп. Лъэшэу кIэгъожьыгъагъ фырхьауныр израил цIыфхэр зэритIупщыгъэхэмкIэ. Арыти, пачъыхьэм рихъухьагъ джуртхэм хэгъэгум къаригъэгъэзэжьынэу. ПсынкIэу ащ къаригъэугъоигъэх идзэкIолIхэр ыкIи ку псынкIэм шыхэр къыкIашIэнхэу унашъо афишIыгъ.

Джы мары пачъыхьэм ику псынкIэ хьазыр. „ШъушIэх, псынкIэу талъежъугъажь израил цIыфхэм!“ – ыгъэгуIэщтыгъэх ащ дзэкIолIыхэр. Яку псынкIэхэм дзэкIолIхэм зарадзи, фырхьауныри ягъусэу израил цIыфхэм алъежьагъэх. „Сыдэу пIуагъэми, сыдэу адэ делэ лъэпкъыха мы израил цIыфхэр! – егупшысэщтыгъ фырхьауныр. – Хы Плъыжьым фаузэнкIыгъэу ахэр екIух ыкIи шIэхэу зыдэкIожьыщтыри амышIэу хым ягъогу къыпибзыщт. Ахэр псым рыкIонхэ алъэкIырэп ныIа, былымхэмрэ кIэлэцIыкухэмрэ ягъусэхэу ащ зэпырысыкIышъунхэп. Джащыгъур ары тэ ахэр къызытыубытыщтхэр ыкIи къызядгъэгъэзэжьыщтыр“, – гугъэщтыгъэ пачъыхьэ жъалымыр.

Фырхьаунымрэ ащ идзэкIолIхэмрэ къазэрэкIахьэхэрэр залъэгъум, сыд фэдизэу къэщтагъэха израил цIыфхэр! Зызыщагъэбылъын чIыпIэ гори ахэмэ яIагъэп, апэкIэ щыIагъэр хы закъор ары. Щтагъэхэу ыкIи губжыгъэхэу ахэр Мусэ тезэрэгъэбэнагъэх: „Мыщ тэ тыщылIэнэу щыта? НахьышIугъ Мысырым тыкъимыщыжьыгъагъэмэ!“ „Шъумыщын, – къаритыжьыгъ пэгъокI Мусэм. – Тхьэр тэ къытфэгумэкIыщт“. Тхьэм Мусэм къыриIогъагъ цIыфхэр апэ рагъэхъун зэрэфаер. Ау апэкIэ щыIагъэр хыр ары… „УибэщкIэ хыпсым хау! – къыриIуагъ Тхьэм Мусэ. – ЫкIи ори плъэгъущт хыр зэрэзэкъоущтыр ыкIи гъогу къызэрэлъэгъощтыр. Мысыр дзэхэр, шъуауж итхэу, а гъогум къытехьащтых, ау Сэ ахэр къэзгъэуцущтых!“



Чэщыр къэсыгъ. Тхьэм кIэу Iоф шIагъо къыгъэпсыгъ: ошъуапщэу джынэс израил цIыфхэм апэкIэ итэу кIощтыгъэр джы ауж итэу къадакIоу ригъэжьагъ. Ащ израил цIыфхэм ягъогу къафигъэнэфыщтыгъэ, ау мысыр цIыфхэм къафигъэнэфыщтыгъэп. Израил цIыфхэм апашъхьэкIэ щыхъухэрэр дэгъоу алъэгъущтыгъэ, а охътэ дэдэм мысыр цIыфхэр шIункIым хэтхэу къакIощтыгъэх.

Джа уахътэм джыри зы Iофышхо шIагъо къэхъугъ: Мусэ ибэщкIэ хыпсым хэуагъ ыкIи ащ лъыпытэу псыр зэкъоугъэ, ыкIи гъогур къэлъэгъуагъ. Ащ техьэхи, израил цIыфхэм псынкIэу хыр зэпачэу, адрэ лъэныкъом зэпырыкIыхэу рагъэжьагъ. УеплъынкIэ ар гъэшIэгъоныгъэ: бгъуитIумкIи псыр дэпкъым фэдэу щытыгъ ыкIи Зиусхьаныр зылъыплъэщтыгъэр псыр израил цIыфхэм къатемыоныр ыкIи ымытхьалэнхэр ары.

Адэ Мысырым идзэхэр? Ахэмэ алъэгъущтыгъэ апэкIэ ошъуапщэу нэфыщтыгъэр ыкIи алъэгъущтыгъэ цIыфхэр хым зэпырыкIынхэу зэрежьагъэхэр. Ежьхэми ахэми ауж псынкIэу зырадзагъ. Мары ахэмэ яшыухэр хым зэпырыкIырэ гъогум техьагъэх. Ау ахэр лъэшэу жъажъэу апэкIэ лъыкIуатэщтыгъэх, сыда пIомэ шIункIым хэтыгъэх. А уахътэм ехъулIэу израил цIыфхэр зэкI пIоми хъунэу адрэ нэпкъым нэсыгъагъэх.

Израил цIыфхэр зэкIэри зэпэшыхэу адрэ нэпкъым зэрэнэсыгъэхэм тетэу нэф къэшъыгъ ыкIи тыгъэри къэшIэтыгъ. Мысыр цIыфхэм нэфынэр къызыхихырэ ошъуапщэр алъэгъущтыгъэ ыкIи ащ лъэшэу щыщынэщтыгъэх. Тыгъэм зэкIэ къызегъэнэфым, ахэмэ алъэгъугъ псыр дэпкъитIоу гъогум ыбгъуитIукIэ къызэрэготыр. Ку псынкIэхэр пшэхъо цIынэм ханэхэу къырагъэжьагъ. „Зыкъэгъэнэжьыгъэн фае! Зиусхьаныр израил цIыфхэм адеIэ!“ – аIоу дзэкIолIхэм къахэIукIэу къырагъэжьагъ. Ау кIасэ хъугъэхагъэ. Тхьэм иунашъокIэ Мусэ джыри зэ ибэщкIэ хыпсым хэуагъ ыкIи ащ лъыпытэу псыр мысыр лъэпкъыдзэм къытеуагъ бгъуитIумкIи. ЗэкIэ мысыр лъэпкъыдзэри ахэмэ яшыхэри Хы Плъыжьым хэкIодагъэх.



Адрабгъурэ нэпкъым тетыхэу израил цIыфхэм алъэгъугъ ахэмэ япый мысыр цIыфхэр хыпсым зэритхьэлагъэхэр. Джаущтэу Тхьэм Израилы илъэпкъ къыгъэнэжьыгъ! Джы цIыфхэм ашIэщтыгъэ Тхьэр ахэмэ къызэрадеIэрэр, Мусэ Зиусхьаным шъыпкъэу фэлажьэу зэрэщытыр. Ежьхэр хым къызэпырызыщыжьыгъэу ыкIи фырхьаунымрэ ащ идзэрэ псым чIезгъэхьэгъэхэ Тхьэм фэгъэхьыгъэу, израил лъэпкъым Мусэ кIыгъоу щытхъу орэдыр къыIонэу къыригъэжьагъ. ЯгушIуагъо гъунэ имыIэу щытыгъ!

1. Сыда ышIагъэр фырхьауным израил цIыфхэр Гошэн зыдэкIыжьхэм?
2. Сыда израил цIыфхэм апашъхьэ къыиуцогъагъэр?
3. Сыд аIозэ, цIыфхэр Мусэ текуощтыгъэха?
4. Сыдэущтэу Зиусхьаным израил цIыфхэр адрэбгъурэ нэпкъым зэпырищыгъэха?
5. Сыда къащышIыгъэр мысыр цIыфхэм?
6. Сыда израил цIыфхэм ашIошъ хъугъэр?





## *21. ИЗРАИЛ ЦIЫФХЭМ ШЪОФ НЭКIЫМ КЪЫЗЭРЭЩАКIУХЬАГЪЭР*

Шъоф нэкIэу тыгъэм рижъыкIыгъэм итхэу израил цIыфхэр кIощтыгъэх. Мэфэ жъоркъымэ цIыфхэр лъэшэу агъэпшъыгъагъэх. ЦIыфхэри былымхэри псыфалIэ лIэщтыгъэх, ау тыдэкIи псы щыIагъэп. Ау мары апэкIэ чъыгыхэр къэлъэгъуагъэх. Чъыг къызыщыкIырэм псы щыIэшъ гъэнэфагъэ! Гъэретынчъэ хъугъэ гъогурыкIохэр къэзэрэгъэгуIагъэх ыкIи якIо рагъэхъугъ. ЯнасыпкIэ чъыг чIэгъым псынэкIэчъ чIэтэу къычIэкIыгъ. ЗэкIэми зыратэкъохи, псы ешъохэу аублагъ... Ау псыр зэрэдыджым къыхэкIэу уешъон плъэкIынэу щытыгъэп.

Джащыгъум зэкIэ Мусэ ечъалIэхи, текуохэу рагъэжьагъ. „Сыда адэ джы тызэшъощтыр?“ Мусэ Тхьэм зыфигъази, еупчIыгъ ышIэн ылъэкIыщтымкIэ. Тхьэми Мусэ пэгъокI къыритыжьыгъ: „Пхъэ такъыр штэри, псым хадз!“ Мусэ арэущтэу ышIыгъ ыкIи ащ лъыпытэу гъэшIэгъон къэхъугъэр: псыр зэкIэм къабзэу ыкIи гохьэу хъужьыгъэ. Джы цIыфхэми загъэшъокIын, былымхэри рагъэшъонхэ алъэкIынэу хъугъэ. Джаущтэу джыри Тхьэр Ежьым ицIыфхэм IэпыIэгъу къафэхъугъ, ахэр мыразэхэу тхьаусыхэщтыгъэх нахь мышIэми.

МэкIэ-макIэу израил цIыфхэр апэкIэ лъыкIуатэщтыгъэх. ПсынкIэуи кIонхэ алъэкIынэу щытыгъэп: тIэкIу кIэлэцIыкIухэм загъэпсэфыным пае бэрэ къэуцунхэ фаеу хъущтыгъэ, былымхэри ренэу псынкIэу кIонхэ алъэкIыщтыгъэп. ЦIыфхэм ягъусэу ошъуапщэри ыпэкIэ лъыкIуатэщтыгъэ: Тхьэм Ежьым ицIыфхэр гум ринэщтыгъэп. ЫкIи мары аужыпкъэм зыщагъэпсэфынэу чIыпIэ шIагъо агъотыгъ. Мы чIыпIэм псынэ пшIыкIутIу щыIагъ ыкIи палмэ лъагэхэу тIокIищырэ пшIырэ къыщыкIыщтыгъэ. Израил цIыфхэм Мысырым къызыдыращыгъэу зыдаIыгъыгъэ щтэрхэр агъэуцухи, загъэпсэфынэу гъолъыгъэх. Пчэдыжьым къэтэджыхи, ягъогу техьажьыгъэх.

Израил цIыфхэм хьалыгъоу гъогум къызыдаштэгъагъэр охътэ заулэ тешIагъэу аухыгъ. Губжыгъэхэу ыкIи тIэкIуи къэщтагъэхэу цIыфхэр Мусэ ыдэжь къэкIуагъэх ыкIи къыраIуагъ: „Мысырым тыкъинэгъагъэмэ нахьышIугъ. Ащ мыхъуми тшхын тыщыщыкIэщтыгъэп, джы мыщ гъаблэм тыщигъэлIэщт!“ Мусэ аущтэу къызэрегыигъэхэр лъэшэу ыгу хэкIыгъ. „Сэрэп шъо шъузыфэмыразэр, мыщ фэдизкIэ къышъуфэгумэкIырэ Тхьэр ары нахь“, – арITыжьыгъ ащ пэгъокI.

Израил цIыфхэу Мусэ щыхьэгъагъэхэр Тхьэм щыгъупшэгъагъэхэп, ахэмэ ар яфэмышъуашэу щытыгъэ нахь мышIэми. Бзыу купышхо мыщ дэжьым, израил цIыфхэм ящэтэрхэм апэблэгъабзэхэу, чIыгум къытетIысхьагъ. Ахэр ныбгъугъэх ыкIи цIыфхэм ахэр IэкIэ къаубытынхэ алъэкIынхэу щытыгъэх. Къаубытыгъэ ныбгъухэр машIом щагъэжъэхэти, ашхыщтыгъэх.

Ау ари ригъэкъугъэп Тхьэм. ЯтIонэрэ пчэдыжьым щэтэрхэм крупэ фыжь шъабэ къятэкъокIыгъэу алъэгъугъ. „Мы крупэр шъушхы хъущт, – ыIуагъ Мусэ. – Мыр мэнн зыцIэ шхынэу Тхьэм хьалыгъукIэ тэ къытитыгъэр ары“. Израил цIыфхэм мэнн зыцIэ шхыныр къаугъоий, хьалыгъу IэшIу ащ хашIыкIыгъ. Тхьэмафэм щыщэу мэфихэ израил цIыфхэм а мэнн зыцIэ шхыныр къаугъоищтыгъ ыкIи ащ хьалыгъу хашIыкIыщтыгъ, яблэнэрэ мафэм, шэмбэтым пае, нахь пасэу ар къаугъоищтыгъ. ЫкIи израил ицIыфхэр Ханаан хэгъэгум къэсыфэхэ, мафэ къэс мэнн зыцIэ шхыным хэшIыкIыгъэ хьалыгъу яIагъ.

Джы мары израил цIыфхэр Синай къушъхьэ лъагэм къекIолIагъэх. Зэгорэм бэшIагъэу Мусэ мы къушъхьэм машIо зыкIэнагъэу стырэ куандэ щилъэгъугъагъ. Ащыгъум Тхьэр машIом къыхэгущыIыкIызэ, Мусэ къыдэгущыIэгъагъ ыкIи илъэпкъ мы къушъхьэм къырищэлIэнэу къыриIогъагъ, цIыфхэр Тхьэм мыщ щелъэIунхэм пае. Джы мары аужып-



къэм ахэр Синай къушъхьэм къэсыгъэх, ау израил цIыфхэр ащ зыкIи ыгъэгушIощтыгъэхэп: ахэмэ джыри псыр аухыгъагъ ыкIи джыри Мусэ щыхьагъэх. „Орырэ пшэу Хьарунэрэ псым фэгумэкIынхэ фаехэр! Шъоры мыщ тэ тыкъэзыщагъэр!“ – къытекуощтыгъэх ахэр. Мыжъохэр Мусэ къытратэкъонхэу фэхьазырыгъэх ыкIи апэрэм фэдэу ашIошъ хъущтыгъэп Мусэ Зиусхьаным илIыкIоу зэрэщытыгъэр.

ЦIыфхэм ягубж куо макъэхэр зызэхеххэм, Мусэ Тхьэм елъэIоу ыублагъ. Джащыгъум Тхьэм къыриIуагъ Мусэ: „Къушъхьэм дэкIуаери, уибэщкIэ цэкIэ пытэм еу ыкIи а цакIэм псы къыхэчъыщт“. Лъэпкъым щыщ анахьыжъхэр гъусэ ышIыхи, Мусэ къушъхьэм дэкIоягъ. Шыгум зынэсым, Мусэ ибэщкIэ къушъхьэ цакIэм еуагъ ыкIи ащ псыр къыхэчъыгъ. Мусэ игъусэхэу къушъхьэм дэкIоегъэ цIыфхэм ар алъэгъугъ. Псыр къушъхьэм къечъэхыгъ, къушъхьэ псыхъо цIыкIоу хъузэ. Джы зэкIэ цIыфхэми былымхэми псыкIэ загъэшъокIыжьын алъэкIынэу хъугъэ.

А Iофышхо шIагъор зиIэшIэгъагъэр Тхьэр ары. ИцIыфхэм Ар IэпыIэгъу къафэхъумэ шIоигъуагъ. Арэу щытми, цIыфхэр Тхьэм фэрэзагъэхэп ыкIи ар лъэшэу Ащ гукъао щыхъущтыгъ.

1. Сыда ышIагъэр Мусэ псыр IэшIоу хъуным пае?
2. Сыдэущтэу цIыфхэм Зиусхьаным ыдэжь къикIырэ лыр къаIэкIэхьагъа?
3. Израил цIыфхэм къаугъоити ашхыщтыгъэ крупэм сыда зэреджэщтыгъэхэр?
4. Сыдэущтэу Зиусхьаным псыр къушъхьэ цакIэм къыхигъэчъын ылъэкIыгъа?



## *22. СИНАЙ КЪУШЪХЬЭМ ЫДЭЖЬ*

Израил цIыфхэр Синай къушъхьэм дэжь бэрэ щыпсэугъэх. Ошъуапщэр ренэу къушъхьэ шыгум шъхьащытыгъ: джаущтэу Тхьэр Ежьым ицIыфхэм ягъусэу адыщыIагъ.

Пчэдыжь горэм жьы дэдэу, нэфылъыр къызэкIичэу къызыщыригъэжьэным дэжь, Мусэ зэкIэми ариIуагъ къушъхьэм зэрэдэкIуаерэр. ОшIэ-дэмышIэу ошъуапщэм мэшIобзый къыхэхъупскIыкIыгъ. ЦIыфхэр ащ лъэшэу ыгъэщтагъэх, ау ащ лъыпытэу Тхьэм ымакъэ ахэмэ зэхахыгъэ. Тхьэм цIыфхэм къариIощтыгъэ ахэр Ащ фэлэжьэнхэ зэрэфэе шIыкIэр. А уахътэм Тхьэм цIыфхэм къариIуагъэм хабзэкIэ теджэ, е, унэшъуипшIэу дгъэцэкIэнхэ фаехэр арых.

Тхьэр шIу плъэгъун фае ыкIи шIу плъэгъунхэ фае зэкIэ къыбдыщыIэ цIыфхэр, – къащаIо а унэшъуипшIымэ. Джары Зиусхьаным израил цIыфхэм унашъоу къафишIыгъэр, ау ори, зэкIэ адрэ кIэлэцIыкIухэми, зыныбжь икъугъэхэми а дэдэр ашIэн фае. Зэгорэм чылыс зэIукIэм чIахьэри, Тхьэм иунашъохэм тхьаумэфэ мафэм къызэряджэхэрэм щедэIу. Бэрэ кIэлэцIыкIухэми нахьыжъхэми Тхьэм Ежьым къыгъэуцугъэ унашъохэр амыгъэцакIэхэу къыхэкIы. Джащыгъум Тхьэм ахэмэ пщыныжь арегъэхьы. Ау Тхьэр гукIэгъушIэу щыт, типсэкIодшIагъэхэр Ащ къытфегъэгъух ыкIи ти КъэгъэнэжьакIоу Исус Христос типсэкIодшIагъэхэм апае къащым телIыхьагъ.

Мусэ иIофтабгэ игъусэу ошъуапщэм нэсэу къушъхьэ шыгум лъагэу дэкIоягъ. Мыщ дэжьым Iофтабгэр къыщыуцун фэягъэ: Мусэ изакъоу ыпэ лъыкIотагъ. Мэфэ тIокIитIум къыкIоцI Мусэ Тхьэр къыдэгущыIагъ. Зиусхьаным къыIогъэ гущыIэхэм лъэшэу ыгу ятыгъэу Мусэ ядэIугъ. Тхьэм Мусэ къыриIуагъ цIыфхэм Тхьэм пае чэтэнгъэIэгъэ унэ лъапIэ ашIын зэрэфаер. Ащ зы унэ кIоцI нахь иIэщтэп. ЧэтэнгъэIагъэм чIэтын фае тыдэкIи дышъэ зытебзэгъэ пхъуантэр. Ащ тетынхэ фае дышъэм хэшIыкIыгъэ мэлэIичыхэр. А чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ыпашъхьэ къурмэншIыпIэ щыгъэпсыгъэн фае, цIыфхэм ащ къурмэн къыщахьышъуным пае. Израил и Тхьэ ыцIэкIэ „Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ Тхьэм елъэIухэу ащ чIэтыщтых“, – къыриIуагъ Тхьэм Мусэ.

Ащ ыужым Тхьэм пIуакIэхэу мыжъобгъуитIу къышти, унэшъуипшIыр ахэмэ атыритхи, Мусэ къыритыгъэх ахэр цIыфхэм афихьынхэм пае. Тхьэм зыдэгущыIэхэ нэужым Мусэ иIофтабгэ къызыIуинэгъэ чIыпIэм къекIолIэжьыгъ ыкIи зэгъусэхэу ахэр къушъхьэм къехыжьынхэу рагъэжьагъ. Тхьэм къыритыгъэ мыжъобгъухэм афэсакъызэ Мусэ къыхьыщтыгъэх ыкIи Тхьэм къыриIогъэ гущыIэхэм ягупшысэщтыгъэ. Ау Мусэрэ иIофтабгэхэмрэ нахь благъэу къушъхьэм къехыжьыхэ къэс израил цIыфхэр зыдэщыIэхэ чIыпIэм къыщаIэтыгъэ бырсырым ымакъэ нахь лъэшэу зэхахыщтыгъэ.

Мусэ къушъхьэм къемыхыжьэу охътабэ зытешIэм, цIыфмэ тыраубытагъ ащ щэхъукIэ ар къахэмыхьажьыщтэу. Ащ пае ахэр Хьарунэ ыдэжь кIохи, ащ едэуагъэх: „ТынитIукIэ тлъэгъун тлъэкIыщт Тхьэр о тфэгъэпс“. Хьарунэ цIыфхэм ариIуагъ Тхьэм иунашъохэм Ащ исурэт пшIын уфимытэу, ащ, а сурэтым, шъхьащэ ыкIи къурмэн фэпшIы мыхъущтэу къызэрэщаIорэр. Ау цIыфхэр хэти сыди едэIунхэкIэ фэягъэхэп. Ахэр куощтыгъэх ыкIи даощтыгъэх. Джащыгъум ахэмэ агъэщтэгъэ Хьарунэ ариIуагъ: „Дэгъуба адэ, къысфэшъухь ащыгъум дышъэ! Шъощ пае сэ ащ Тхьэ сурэт шъуфыхэсшIыкIыщт“:

Шъузхэм ыкIи пшъашъэхэм зырагъэдахэу апылъыгъэ дышъэр зэкIэ израил цIыфхэм къаугъоигъ ыкIи Хьарунэ къыфахьыгъ. Хьарунэ а дышъэм тхьэ сурэт хишIыкIыгъ. Джы израил цIыфхэм лъэшэу насыпышIуагъэх: дышъэ шкIэ сурэтыр ахэмэ я Тхьэу аштагъ, ари анитIукIэ алъэгъун алъэкIыгъ. Дышъэ шкIэ сурэтым къеуцокIыгъэхэу ахэмэ орэд къаIощтыгъ ыкIи къашъощтыгъэх.

Ахэр зыщыпсэущтыгъэхэ чIыпIэм Мусэ къызеблагъэм ыкIи дышъэ шкIэ былым сурэтым кIэлъырытхэу къызэрэшъохэрэр зелъэгъум, ар лъэшэу къэгубжыгъ. Игубж къыхэкIэу Тхьэм унэшъуипшI зытетхагъэ мыжъобгъуитIур чIидзыгъэх ыкIи ахэр зэхэкъутагъэх. ЕтIанэ Мусэ еупчIыгъ Хьарунэ цIыфхэм ашIэрэр зыкIафидагъэмкIэ. Хьарунэ къыфиIотагъ Мусэ мы мэфэ тIокIитIум къыкIоцI а чIыпIэм щыхъугъэ-щышIагъэхэр. Дышъэ шкIэ сурэтыр зэришIыгъэмкIэ мыхъунэу зэрэзекIуагъэр Хьарунэ къыгурыIощтыгъ.

ЗэкIэ къыфаIотагъэхэм зядэIу нэужым Мусэ кIэлъырыхьи, дышъэ шкIэ сурэтыр ыкъутагъ. ЦIыфхэм яфэшъуашэр агъотыжьыгъ: а мафэм Синай къушъхьэ лъапсэм дэжь нэбгырабэ щылIагъ. Тхьэм укIэнакIэ хъухэнэу щытэп! „Ащ нахьыбэкIэ Сэ сышъуигъусэжьыщтэп, – къыриIуагъ Тхьэм Мусэ. – МэлэIичыр гъусэу къышъуфэсшIыщт“.

Сыд фэдизэу ыгу хэкIыгъа Мусэ ар зызэхехым! Сыд фэдизэу гукъао ащыхъугъа ар зэкIэ цIыфхэм! „Сыда тэ арэущтэу акъылынчъэу тызыкIыщытыгъэр ыкIи тызыкIэмыдэIуагъэр!?“ – зэгыижьыщтыгъэх ахэр. Арыти, Мусэ

лъэпкъыр гум римынэнэу Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ: „О утимыгъусэу, Зиусхьан, тапэкIэ тылъыкIотэн тлъэкIыщтэп. Мызэгъэгум къытфэгъэгъу тиемыкIу зекIуакIэ!“ Тхьэми ахэмэ япсэкIод афигъэгъугъ.

Мусэ Тхьэм дэжь, къушъхьэм дэкIоягъ унэшъуипшIыр зытетхэгъэ мыжъобгъукIэхэр джыри къыхьынхэу. Къызегъэзэжьым, цIыфхэр IофшIэным пылъыхэу ылъэгъугъ: чэтэнгъэIэгъэ лъапIэр ахэмэ агъэуцущтыгъэ. ЧэтэнгъэIагъэм пае техъо дахэхэр бзылъфыгъэхэм ашъэщтыгъэ, хъулъфыгъэхэм дышъэм, тыжьыным ахашIыкIэу къурмэншIыпIэр ашIыщтыгъ. Охътабэ темышIэу чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ишIын аухыгъ. Хьарунэрэ ащ ыкъохэмрэ Тхьэм къурмэн фашIыгъ ыкIи чэтэнгъэIэгъэ лъапIэм ишIын зэраухыгъэм фэшI цIыфхэм мэфэкIышхо хагъэунэфыкIыгъ.

Ягъогу зыщытехьажьынхэ фэе уахътэр къэсыгъ. Тхьэм Ежьым илъэпкъ Ханаан хэгъэгу чыжьэм рищэжьагъ.

1. Сыда Зиусхьаным Ежьым илъэпкъ къыфиIотагъэр?
2. Къушъхьэм зыдэкIуаем, сыда Тхьэм Мусэ къыритыгъэр?
3. Сыда Хьарунэ лъэпкъым пае ышIыгъэр?
4. Сыда израил цIыфхэм агъэхьазырын фэягъэр?
5. ЧэтэнгъэIэгъэ лъапIэм сыда чIалъхьагъэхэр?



## *23. ХАНААН ЕКӀУРЭ ГЪОГУ КӀЫХЬЭР*

Мафэ къэс израил цӀыфхэм Тхьэм къаритыщтыгъ мэнн зыцӀэ шхыныр ыкӀи ащ хьалыгъу хашӀыкӀыщтыгъ. Арэу щытми, цӀыфхэр рэзагъэхэп ыкӀи ахэмэ лырэ пцэжъыерэ ашхымэ ашӀоигъуагъ. Джыри зэ израил цӀыфхэр Мусэ ыдэжь кӀуагъэх. „Сыда о Мысырым тыкъызкӀипщыжьыгъэр? Ащ тыщыӀэ зэхъум, тызыфаем фэдизэу лырэ пцэжъыерэ тшхыщтыгъэ. Тыфаеп ащ нахьыбэрэ мэнн зыцӀэ шхыныр тшхыжьынэу!“ – куощтыгъэх ахэр. Ащ фэдэ зекӀуакӀэмкӀэ ахэмэ Тхьэми Муси лъэшэу агу хагъэкӀыгъ. Арыти, Тхьэм Мусэ риӀуагъ: „ЯӀу цӀыфхэм неущ зыфаехэм фэдизэу лы яӀэ зэрэхъущтыр. Лэу яӀэ хъущтыр зэрэбэщтым ишӀуагъэкӀэ зэ шхыгъокӀи ашхын алъэкӀыщтэп“. Джащыгъум Мусэ Зиусхьаным еупчӀыгъ: „Адэ тэ шӀотыбзынхэ фая тимэлыхэмрэ тичэмыхэмрэ?“ Ау Тхьэм пэгъокӀ къытыжьыгъ израил цӀыфхэм ябылымхэр шӀуабзынхэу зэримыщыкӀагъэр, Ежьым ышъхьэкӀэ ащ зэрэфэгумэкӀыщтыр.

ЯтӀонэрэ мафэм Тхьэм жьыбгъэшхо къыригъапщи, бзыухэр жъугъэу израил цӀыфхэр зыщыпсэухэрэ чӀыпӀэм къыӀуигъэбыбагъэх. ЦӀыфхэм ахэр ӀэкӀэ къаубытынхэ алъэкӀыщтыгъ. Джы ахэмэ зыфаехэм фэдизэу лы яӀэ хъугъагъэ. Ау цӀыфхэр ежэнхэкӀэ фэягъэхэп а лыр ожъофэкӀэ е ожъэфэкӀэ, зэрэцӀынэу лыр ашхыщтыгъэ. Тхьэм ар ыгу рихьыгъахэп ыкӀи израил цӀыфхэр ыгъэпщынэнхэу тыриубытагъ. А мафэм бэ цӀыфэу лӀагъэр. ПсэупӀэу къызыщыуцугъэхэм щышъыгъохэу рагъэжьагъ, ау тхьамыкӀагъоу къафыкъокӀыгъэмкӀэ ежьыхэр арых мысагъэхэр.

Ау мары аужыпкъэм израил цӀыфхэр Ханаан къэсыгъэх. ГушӀом зэлъиштэгъэ Мусэ – анахь кӀочӀэшӀухэу – хъулъфыгъ нэбгырэ пшӀыкӀутӀумэ къяджагъ ыкӀи Ханаан дзэкӀолӀхэр бэу иӀэхэмэ, икъалэхэр зэрэгъэпытэгъэ шӀыкӀэхэр ыкӀи Ханаан игубгъохэм лэжьыгъабэ арылъмэ къызэрагъэшӀэнхэу ыгъэкӀуагъэх.

Хъулъфыгъэ нэбгырэ пшӀыкӀутӀур лъэшэу сакъыхэу хымэ хэгъэгум къыщакӀухьанэу ихьагъэх. Ахэмэ зыкӀэ ащыщыгъ Мусэ иӀэпыӀэгъоу Исус Иэхьошуа ыкӀи ащ иныбужэгъоу Калев. Мусэрэ зэкӀэ адрэхэмрэ дэӀокӀо-плъакӀо кӀуагъэхэм яжэхэу щысыгъэх. Охътэ заулэ тешӀагъэу зажэщтыгъэхэр къэкӀожьыгъэх сэнэшъхьэ къутэмэшхо ябэщ пышӀагъэу. Къутэмэ онтэгъу дэдагъ ар! Ау зэкӀэми алъэгъущтыгъ къэкӀожьыгъэ хъулъфыгъэхэр зэрэнэшхъэигъэхэр. Мусэ ахэмэ яупчӀыгъ къалъэгъугъэхэмкӀэ. Арыти, ахэмэ къаӀотагъ Ханаан хэгъэгур дахэу ыкӀи инэу зэрэщытыр. Ащ къыщэкӀы къыздахыгъэ сэнэшъхьэ ин лъэпкъыр. Ащ фэдэ зы къутамэ ахэмэ къыздахыгъ адрэхэм арагъэлъэгъуным пае. Фэшъхьаф пхъэшъхьэ-мышъхьэхэу къыщыкӀыхэрэри бэдэдэ мэхъух. Ау а хэгъэгум ит къалэхэр дэгъоу къэухъумагъэх ыкӀи дэпкъы ӀужъухэмкӀэ къэшӀыхьагъэх. ЛӀы кӀочӀэшхуабэ Ханаан щэпсэу, ары пакӀошъ, ахэтых иныжъхэри.

ДэӀокӀо-плъакӀо агъэкӀогъагъэхэм Мусэрэ Хьарунэрэ араӀуагъ израил цӀыфхэр Ханаан екӀу зэрэмыхъущтыхэр, Ханаан дзэкӀолӀыбэ зэриӀэр ыкӀи израил цӀыфхэм егъашӀэми Ханаан аштэн зэрамылъэкӀыщтыр. Калев ары ныӀэп мырэущтэу къэзыӀуагъэр: „Тэ Ханаан текӀун фае“. Ащ ицыхьэ телъыгъ Тхьэр Ежьым илъэпкъ ӀэпыӀэгъу къызэрэфэхъущтым ыкӀи ащ Исус Иэхьошуа дыригъэштагъ. Адрэхэр щынэщтыгъэх хананейхэм къаукӀынхэу. ЦӀыфхэм ащыгъупшагъ Тхьэр ӀэпыӀэгъу къызэрафэхъурэр. Мусэрэ Хьарунэрэ атекуохэу ахэмэ къырагъэжьагъ: „Сыда шъо Мысырым тыкъызыкӀишъущыгъэр? Джы тишъузхэри тикӀэлэцӀыкӀухэри хымэ хэгъэгум илӀыхьанхэ фаеу хъущт! Дгъэзэжьынэу тыфай!“

Сыд фэдэу ар агу хэкӀыгъа ыкӀи губжыгъэха Мусэрэ Хьарунэрэ! Исусрэ Калеврэ израил цӀыфхэм къафаӀуатэу рагъэжьагъ Ханаан хэгъэгур зэрэдахэр. „Тхьэми тэ а хэгъэгур къытитыщт, – аӀощтагъэ ахэмэ, – Тхьэр къызэрэддеӀэщтыр тшӀошъ хъун фае“. Ау хэти ахэмэ ядэӀункӀэ фэягъэп. ЦӀыфхэр Исус Иэхьошуарэ Калеврэ мыжъокӀэ яохэу рагъэжьагъ. Мыщ дэжьым Тхьэм иунэ лъапӀэ Тхьэм иошъуапщэ къыщыфехи, Тхьэм Мусэ къыриӀуагъ: „Сэ згъэпщынэщт зэкӀэ лъэпкъыр“. „Арэущтэу умышӀы, – елъэӀугъ Ащ Мусэ, – умышӀы арэущтэу!“

Тхьэр Мусэ къедэӀугъ ыкӀи зэрэлъэпкъэу ыгъэкӀодыгъэп. Ау Ащ унашъо афишӀыгъ шъоф нэкӀым агъэзэжьынэу. Илъэс пчъэгъабэм къыкӀоцӀ израил цӀыфхэр джыри шъоф нэкӀым къыщакӀухьэу итыгъэх. „Сэ зышӀошъ сымыхъущтыгъэхэр зэкӀэ шъоф нэкӀым илӀыхьащтых. Ахэмэ якӀалэхэр арых ныӀэп Ханаан щыпсэущтхэр. Шъо шъуащыщэу Ханаан зылъэгъущтыр нэбгыритӀу ныӀэп: ахэр Исус Иэхьошуарэ Калеврэ арых ныӀэп. А нэбгыритӀур ары Сэ зышӀошъ сыхъугъэр“, – ыӀуагъ Тхьэм.

Тхьэм ыӀуагъэр зызэхахым, зэкӀэ цӀыфхэр лъэшэу къэнэшхъэигъэх. Нахьыпэм зэкӀэ ахэр Ханаан ифэнхэ алъэкӀыщтгъагъэ, ау джы ахэмэ якӀалэхэр арых ныӀэп ар зылъэгъунхэу зинасып къыхьын ылъэкӀыщтхэр. Арыти,

израил цIыфхэм мырэущтэу зэраIожьыгъэ: „Тэ джы дэдэм текIущт Ханаан ыкIи дзэ кIуачIэкIэ ар тштэщт“. Мусэ лъэшэу ялъэIугъ арэущтэу амышIынэу: Тхьэри ащ фэягъэп ыкIи ошъупщэри ащ щэхъукIэ израил ицIыфхэм ашъхьащытыжьыгъэп.

Ау джыри цIыфхэр Мусэ ыIорэм къедэIугъэхэп. Нахьыпэм ахэр хананейхэм ащыщынэщтыгъэх, джы къызэтепIэжэнхэ умылъэкIхэу зэо-банэм фэблыщтыгъэх. Мусэ, Исус Иэхьошуа ыкIи Калев арых ныIэп Тхьэм иунэ лъапIэ къыIунэгъагъэхэр. Мусэ зыфиIогъэ шъыпкъэр ахэмэ къяхъулIагъ. Тхьэм иунэ лъапIи макIэ къекIолIэжьыгъэр. Ханаан щыпсэурэ цIыф лъэшхэр израил цIыфхэм къатекIуагъэх. А мафэм бэ хъулъфыгъэу заом хэкIодагъэр. ТхьамыкIагъом цIыфхэм агу зэкIикъузагъэ. Бзылъфыгъэхэм агъаещтыгъэх ялIыхэу хэкIодагъэхэр, кIэлэцIыкIухэр ятэхэм апае гъыщтыгъэх. Псаоу къэнагъэхэр джыри шъоф нэкIым ихьажьынхэ фаеу хъугъагъэх.

1. Сыда израил цIыфхэм лым рашIагъэр?
2. Ханаан кIогъэгъэ дэIокIо-плъэкIо пшIыкIутIумэ сыда къэбарэу къахьыгъэр?
3. Хэта Ханаан екIункIэ мыщынэщтыгъэр?
4. Сыд фэдэ пщыныжьа израил цIыфхэм къяжэщтыгъэр?
5. Сыда израил цIыфхэм ашIэнэу зытыраубытагъэр?



## *24. РААВ ИЗРАИЛ НЭБГЫРИТIУМ IЭПЫIЭГЪУ ЗЭРАФЭХЪУГЪЭР*

Илъэс тIокIитIурэ израил цIыфхэр шъоф нэкIым итыгъэх. ЦIыфхэу зэгорэм Тхьэм ыIорэр зышIошъ мыхъущтыгъэхэр лIагъэх. Муси Хьаруни щыIэжьыгъэхэп. Джы лъэпкъыр зыщэщтыгъэр Исус Иэхьошуа ары ыкIи ащкIэ Тхьэр ащ IэпыIэгъу къыфэхъущтыгъ. Джыри израил цIыфхэр Ханаан екIущтыгъэх а хэгъэгум щыпсэурэ цIыфхэм атекIонхэм пае. АщкIэ Тхьэр ахэмэ IэпыIэгъу къафэхъущт.

Ау ыпэ рапшIэу а цIыфхэр псыхъоу Иордан зэпырыкIынхэ фэягъэ. Псыхъом иадырабгъу ары Ханаан хэгъэгур зыщыригъажьэщтыгъэр. Израил цIыфхэм ягушIогъошхуагъ. ЦIыфхэр щыгъозагъэхэп хананейхэр зэрэлъэшыхэм, ау ар зышIэщтыгъэр Исус Иэхьошуа ары, бэшIагъэу узэкIэIэбэжьымэ, ар а хэгъэгум плъакIо кIогъагъэ. Арышъ Иордан псыхъом зэпырыкIыным ыпэкIэ дэгъоу зэгъэшIэгъэн фэягъэ къалэу Ерихон зэрэгъэпытэгъэ шIыкIэр, а къалэр ары израил цIыфхэм апэрэу аштэн фэягъэр.

Исус Иэхьошуа а Iофым нэбгыритIу фигъэзагъ. Ахэр псыхъом зэпырысыкIынхэшъ, зыми къымышIэхэу, гъэбылъыгъэкIэ къалэм дэхьанхэ фэягъэх. Ахэр шъэфыкIэ къэлэ дэпкъым кIэлъырыхьагъэх. Сыдэу дэпкъ Iужъугъа Ерихон къызэрэшIыхьэгъагъэр! Къэлэпчъэ инышхомкIэ дэIокIо-плъэкIуитIур зыми гу къалъимытэу къалэм дэхьагъэх, дзэкIолIхэм къамылъэгъунхэм щыгугъыхэзэ. ЯнасыпкIэ хьазырэу мэзахэ хъугъагъэ, урамхэми макIэ цIыфэу атетыгъэр. Арэу щытми, дзэкIолIхэм гу лъатагъ хымэ нэбгыритIу къалэм къызэрэдэхьагъэхэм. ДзэкIолIхэр пачъыхьэм дэжь кIохи, а къэбарыр раIотагъ.

Пачъыхьэм ышIэщтыгъэ израил цIыфхэр къалэм къызыфыдэхьагъэхэр. „Тикъалэ зэрэгъэпытагъэр зэрагъэшIэнэу ары ахэр зыфаехэр. Къэлапчъэхэр ежъугъэтых! Хымэ цIыфхэу къыдэхьагъэхэр къалэм дэжъугъэкIыжьы хъухэнэу щытэп. Къэжъугъотыхэри садэжь къашъущэх!“ – къафигъэпытагъ пачъыхьэм. ДзэкIолIхэм алъэгъугъагъ Раав зыцIэ бзылъфыгъэм ыдэжь израил хъулъфыгъэхэр зэрихьагъэхэр. А бзылъфыгъэм иунэ къэлэ дэпкъым хэтыгъ – джарэущтэу а къэлэ дэпкъыр Iужъугъэ! Шыхэм яшэсыхи, дзэкIолIхэр Раав иунэ екIугъэх.

Iоф зиIэу къалэм къакIохэрэр Раав иунэ исыщтыгъэх. Джары израил нэбгыритIури ащ къызкIыщыуцугъэхэр. Ахэмэ пчъэр зафыIуехым, Раав ащ лъыпытэу къыгурыIуагъ ыдэжь къэкIогъэ цIыфхэр зыфэдэхэр. Ащ ышIэщтыгъэ Тхьэр израил цIыфхэм къызэрадеIэрэр, арыти ахэр унашъхьэм телъ уарзэм хигъэбылъхьагъэх зыпарэми къымыгъотышъунхэу.

Джы мары ошIэ-дэмышIэу пчъэм къытеуагъэх. Раав пчъэр къызыIуехым, ылъэгъугъэх дзэкIолIхэр. „Моу къыгъэкIыых израил нэбгыритIур, – пхъашэу къыраIуагъ ащ дзэкIолIхэм. Раав ахэмэ джэуап аритыжьыгъ: „Исыгъэх ахэр сиунэ, джыдэд ныIэп зикIыжьыгъэхэр. ПсынкIаIоу Иордан псыхъом ылъэныкъокIэ шъукIомэ, шъуакIэхьан шъулъэкIыщт!“ Джаущтэу ащ дзэкIолIхэр ыгъапцIэхи, израил нэбгыритIур къыгъэнэжьыгъ. Чэщ реным дзэкIолIхэр израил нэбгыритIумэ алъыхъугъэх, ау къагъотынхэ алъэкIыгъэп.

ЛъыхъуакIохэр зыIокIыжьхэм, Раав унашъхьэм дэкIуаий, израил нэбгыритIумэ ариIуагъ: „СэшIэ сэ Тхьэм тихэгъэгу къызэрэшъуитыщтыр. Тэ зэкIэми ар тэшIэ ыкIи джащ пае тэщынэ. Ау шъо шъуи Тхьэ – чIыгумрэ уашъомрэ я Тхьэу щыт, сэри джащ пае сыфай шъуи Тхьэ сыфэлэжьэнэу“. Ащ дакIоу ар лIитIумэ къялъэIугъ израил дзэхэр якъалэ къыздахьэхэкIэ, ежьыр амыукIынэу. Мыдрэхэми ащкIэ ар агъэгугъагъ. „Тэ уиунэ къэтыбгынэн фае, – раIуагъ ахэмэ Раав. – ДзэкIолIхэм ошIэ-дэмышIэу къагъэзэжьын алъэкIыщт ыкIи тэ тыкъагъотынкIи мэхъу“. Раав джыри IэпыIэгъу афэхъугъ израил нэбгыритIумэ. Ащ кIэпсэ плъыжь кIыхьэ къыгъотыгъ ыкIи унэм ишъхьаныгъупчъэ ащ ыцыпэ къыридзыгъ. „ПсынкIаIоу кIапсэмкIэ шъуехыжь!“ – ариIуагъ ащ ахэмэ. „Дэгъу, – аIуагъ израил нэбгыритIумэ, – ау тэ тшIошъ хъущт ти Тхьэ о узэрэфэшъыпкъэр тэ тызептIупщэхыжьрэ нэужыми кIапсэр шъхьаныгъупчъэм къыIугъанэри, ыкIи къалэм тыкъызыдахьэкIэ, утыукIыщтэп“.

ДэIо-плъакIо кIогъагъэхэр псынкIэу кIапсэмкIэ къехыжьыхи, зыми къымышIэхэу къалэм къыдэкIыжьыгъэх. Ау ахэр занкIэу Иордан псыхъом къекIужьыгъэхэп, япый дзэкIолIхэм аIукIэнхэкIэ тещыныхьэщтыгъэхэти. Гъогум дэхыхи, ахэмэ бэу къаухьан фаеу хъугъагъэ ыкIи чэщмэфищ тешIагъэу ары ныIэп псыхъом къызыIухьажьыгъэхэр.

ЛIыблэнитIур псаоу къэкIожьыгъэхэу залъэгъухэм, зэкIэ израил цIыфхэр лъэшэу гушIуагъэх. КъэкIожьыгъэхэм зэхэугуфыкIыгъэу Исус Иэхьошуа зэкIэ къалъэгъугъэр къыфаIотагъ, джы ащ ишIуагъэкIэ израил цIыфхэм ашIэщтыгъэ къалэр зэрэгъэпытэгъэ шIыкIэр ыкIи Тхьэр ежьыхэм къазэрэдеIэрэр. Тхьэр арыба израил нэбгыри-



тIоу къалэм шъэфкIэ дэхьэгъагъэхэр псаоу къэзыгъэнэжьыгъэр. ДэIокIо-плъакIоу кIогъагъэхэм ащыгъупшагъэп Раав къафишIагъэри, кIэпсэ плъыжьэу ащ иунэ шъхьангъупчъэ къищэу пылъэгъагъэри. Ахэр Исус Иэхьошуа елъэIугъэх а бзылъфыгъэр амыукIынэу ыкIи адрэми ащкIэ къыгъэгугъагъэх.

1. Сыда Исус Иэхьошуа израил нэбгыритIумэ пшъэрылъэу афишIыгъагъэр?
2. Сыда ыцIагъэр бзылъфыгъэу зиунэ къэлэ дэпкъым хэтыгъэм?
3. Тыда ащ израил нэбгыритIур зыщигъэбылъыгъагъэр?
4. Сыда Раав ышIошъ хъущтыгъэр?
5. ДэIокIо-плъакIо кIогъэгъэ нэбгыритIур сыдэущтэу къалэм къыдэкIыжьыгъэха?
6. Сыда Раав шъхьаныгъупчъэм къыпишIэн фэягъэр?

## *25. ИЗРАИЛ ЦIЫФХЭР ИОРДАН ПСЫХЪОМ ЗЭРЭЗЭПЫРЫКIЫГЪЭХЭР*

Израил цIыфхэм япсэупIэ щыбырысырыгъ. ЦIыфхэм яIапIэхэр зэкIоцIапхэщтыгъэх, щэтэрхэр Iуахыжьыщтыгъэх, гъогум щызэбгырымыкIынхэм пае былымхэр зэпашIэщтыгъэх. Дин пащэхэм Тхьэм иунэ лъапIэ зэпкъырахи, кум ралъхьагъ. Исус Иэхьошуа зэкIэми алъыплъэщтыгъэ зэрищыкIагъэм тетэу агъэхьазырхэмэ-амыгъэхьазырхэмэ. „Непэ Иордан псыхъом тызэпырыкIыщт, – ыIуагъ ащ. – Шъори шъулъэгъущт Тхьэр IэпыIэгъу къызэрэтфэхъурэр“.

Джы мары зэкIэри хьазыр хъугъэ. ЦIыфхэр гушIощтыгъэх: Зиусхьаным къаритыщт хэгъэгум ахэр макIох. ЗэкIэми апэ итхэу кIощтыгъэх дин пащэхэр дышъэ пхъуантэ лъапIэу зыдырахьыжьагъэр зэрылъ кум готхэу, зэкIэ адрэхэр ахэмэ ауж итхэу кIощтыгъэх. Бэ темышIэу израил цIыфхэр Иордан псыхъом нэсыгъэх. Псым иадырабгъу – Ханаан хэгъэгур арыгъэ.

Псыхъом зынэсыхэм, дин пащэхэу дышъэ пхъуантэ лъапIэр зыIыгъыхэу кIощтыгъэхэри псым хэхьагъэх. Псыр куугъэ ыкIи чъэрыгъэ. Арыти, цIыфхэр адрэ нэпкъым зэпырыкIынхэ алъэкIыщтыгъэп.

Ау мыщ дэжьым гъэшIэгъон къэхъугъэр. ОшIэ-дэмышIэу псэу чъэрэр къызэтеуцуи, дин пащэхэм алъакъохэр гъогу гъушъэу Иордан псыхъом зэпырыкIырэм тетхэу къычIэкIыгъ. Дин пащэхэр ащ техьагъэх ыкIи псыхъом ыгузэгу зынэсыхэм къызэтеуцуагъэх. ЗэкIэ израил цIыфхэр псыхъом зэпырыкIыхэу рагъэжьагъ. ЗэкIэри псыхъом иадрэ нэпкъ зынэсыхэм, ахэмэ ауж итхэу дин пащэхэри нэпкъым дэкIоягъэх. Ащ лъыпытэу гъогу гъушъэу къызэрыкIуагъэхэм ыбгъуитIукIэ псыр къытеожьыгъ, псым ычIэгъ хъужьыгъ. ЦIыфхэм къагурыIуагъ Израил и Тхьэ зэкIэри зыкIуачIэ къыхьырэ Тхьэу зэрэщытыр, адрэмэ акIуачIэ къымыхьыщт Iофышхо гъэшIэгъонхэр Ащ фызэшIокIын зэрилъэкIырэр.

Охътэ заулэ тешIагъэу израил цIыфхэм Пасхэ мэфэкIыр хагъэунэфыкIыгъ. МэфэкIым фэшI къурмэныпхъэ мэлхэр шIуабзыщтыгъэх ыкIи мэлылыр агъажъэщтыгъ. Бзылъфыгъэхэр хьалыгъу гъэжъэным пылъыгъэх, ау мызэгъэгум ахэмэ ар зыхашIыкIыщтыгъэр Зиусхьаным мафэ къэс къафыритэкъохыщтыгъэ мэнн зыцIэ шхыныр арымырэу, фышъхьэ лэжьыгъэу Ханаан хэгъэгум игубгъохэм израил цIыфхэм къыщаугъоищтыгъэр ары. Мэнн зыцIэ шхыныр илъэс тIокIитIум къыкIоцI шъоф нэкIым исхэу ахэмэ гъомылэкIэ агъэфедэщтыгъэр ащ щэхъукIэ уашъом къехыжьыщтыгъэп.

Пасхэ нэужым Исус Иэхьошуа Ерихон къалэм благъэу екIолIагъ ежьыр шъыпкъэм ар къыплъыхьаным фэшI. ОшIэ-дэмышIэу ащ ылъэгъугъ цIыфэу къыбгъодэтыр. Исус Иэхьошуа къэщтагъ ыкIи ащ еупчIыгъ: „Ухэт о, уныбджэгъуа, хьаумэ уджэгъогъуа?“ Ар Зиусхьаным имэлэIичыгъ. Исус Иэхьошуа лъэгонджэмышъхьэкIэ зыридзыхыгъ ыкIи еупчIыгъ: „Сыда О сэ къысапIомэ пшIоигъор?“ МэлэIичым пэгъокI къытыжьыгъ: „Уицуакъэхэр зыщыхых, сыда пIомэ о узытет чIыпIэр лъапIэу щыт“.

ГушIогъошхом зэлъиштэгъэ Исус Иэхьошуа мэлэIичым къыриIуагъэр ыгъэцэкIагъ. Джы ащ ицыхьэ телъэу ышIэщтыгъ Ханаан щыпсэурэ цIыфхэм ябэныгъэнымкIэ Тхьэр ащ IэпыIэгъу къызэрэфэхъущтыр.

1. Тыда зыдэкIуагъэхэр израил цIыфхэр?
2. Дышъэ пхъонтэ лъапIэр хэта Иордан псыхъом езыхьылIагъэхэр?
3. Иордан псыхъом зэпырыкIырэ гъогу гъушъэ къэлъэгъоным хэта фэгумэкIыгъэр?
4. Дышъэ пхъуантэ лъапIэр зыIыгъ дин пащэхэр тыда къызыщыуцугъэхэр?
5. Хэта Исус Иэхьошуа къыдэгущыIагъэр?



## *26. ЕРИХОН ИДЭПКЪХЭР*

Ерихон къалэм икъэлапчъэхэр егъэтыгъагъэх, хэти ащ дэхьани къыдэкIыни ылъэкIынэу щытыгъэп. Къалэм щыпсэухэрэр израил цIыфхэмрэ Израил и Тхьэрэ зэращыщынэхэрэм къыхэкIэу гумэкI зэпымыожьым хэтыгъэх.

Зэгорэм израил цIыфхэм рагъэжьагъ къалэр хъураеу къакIухьэу. Дин пэщэ нэбгырибл апэ итхэу кIощтыгъэх, мэкъэмэ сырынэшхохэм япщэхэзэ, ахэмэ ауж итыгъэх дышъэ пхъуантэ лъапIэр зыхьыщтыгъэхэ дин пащэхэр, етIанэ израил идзэкIолIхэр ахэмэ къакIэлъыкIощтыгъэх. Зиусхьаным Ежьым ицIыфхэм къыриIогъагъ джарэущтэу зэкIэлъыкIоу мэфихым къыкIоцI мафэ къэс къалэр хъураеу зэ къакIухьанэу. Джы мары яблэнэрэ мафэм, яблэнэрэу къалэр хъураеу къызакIухьэ ыкIи дин пащэхэр яблэнэрэу мэкъэмэ сырынэшхом зепщэхэ нэужым Исус Иэхьошуа цIыфхэм ариIуагъ: „ШъугушIу! Зиусхьаным шъо къышъуитыгъ мы къалэр!“ ГушIом зэлъиштагъэхэу, цIыфхэр къэзэрэгъэкуугъэх ыкIи ащ лъыпытэу къалэм идэпкъхэр къызэхэтэкъуагъэх. Израил идзэкIолIхэр къалэм дэхьагъэх. Джэущтэу Ханаан иапэрэ къалэ аштагъ.

Ау о угу къэкIыжьы израил лIитIумэ Раав зэрагъэгугъэгъагъэр ежьыри иунагъуи къагъэнэжьыщтхэу. Раав ежьым ыдэжь къыщэжьыгъагъэх яти, яни, ышыхэри, ышыпхъухэри. Ащ ышIошъ хъущтыгъэ Израил и Тхьэ ежьырырэ иунагъорэ къызэрафэгумэкIыщтыр, а охътэ дэдэу Ерихон щыпсэухэрэр зэкIэ зыщыхэкIодэщтхэ мафэм ежьым иунагъо къызэрагъэнэжьыщтым. Къалэм идэпкъхэр зызэхэтакъохэм, Раав иунэу къэлэ дэпкъым хэтыгъэр зэрэпсаоу къэнэгъагъ. Исус Иэхьошуа ылъэгъугъ унэм ишъхьангъупчъэ кIэпсэ плъыжьэу пышIагъэр, арыти, а бзылъфыгъэм зэгорэм къыгъэнэжьыгъэгъэ лIитIумэ ариIуагъ: „ШъукIуи ащ ыдэжь иунэ исыхэр зэкIэ къалэм къыдэшъущых. Джаущтэу шъо ар жъугъэгугъагъэ“. Арэущтэу къагъэнэжьыгъэх Рааврэ ащ иунагъорэ.

Израил цIыфхэм Ерихон зи къамыгъанэу зэхакъутэгъагъэ ыкIи агъэстыгъагъ, ау тыжьыным, гъуаплъэм ыкIи гъучIым ахэшIыкIыгъэ пкъыгъохэу къаугъоигъагъэхэр дышъэ пхъуантэ лъапIэм дэжь къырахьылIэгъагъэх. Ерихон загъэсты нэужым Исус Иэхьошуа цIыфхэм къариIуагъ а къалэр икIэрыкIэу агъэпсыжьы мыхъунэу Зиусхьаным зэриIуагъэр, Зиусхьаным ишIоигъоныгъэ зыукъорэм пшъэдэкIыжь зэрихьыщтыр.

Ащ ыужыми Исус Иэхьошуамрэ израил цIыфхэмрэ IэпыIэгъу къызэрафэхъущтыгъэр Зиусхьаным зэпигъэу-



гъэп. Хананейхэм ябэнынхэмкIэ Ащ текIоныгъэр ренэу къаригъэхьыщтыгъ. Охътэ гъэнэфагъэ зытешIэм, зэкIэ Ханаан хэгъэгур израил цIыфхэм аIэкIэлъы хъугъэ ыкIи рэхьатэу щыпсэунхэмкIэ ахэмэ амал яIэ хъугъэ. Тхьэм Ежьым хихыгъэ лъэпкъыр къыгъэгугъагъ: „Шъыпкъэныгъэ Сэ къысфышъуиIэ хъумэ, Сэ шъукъысфэлажьэмэ, Сэ ренэу IэпыIэгъу сыкъышъуфэхъущт ыкIи гъомлапхъэр бэу шъуиIэ зэпытыщт, ыкIи сыдигъуи шъубаищт“.

1. Аужырэу Ерихон къакIухьэ зэхъум, сыда израил цIыфхэм аIогъагъэр?
2. Сыда Зиусхьаным къалэм ришIагъэр?
3. Хэт иуна псаоу къэнагъэр?
4. Ханаан текIонымкIэ хэта израил цIыфхэм IэпыIэгъу къафэхъугъэр?



## *27. ГИДЕОН ЛIЫХЪУЖЪЫР*

Гидеон зыцIэ кIэлакIэм фышъхьэ лэжьыгъэхэр ыутыныжьыщтыгъ. Зыми къымылъэгъоу а IофшIэныр ащ ыгъэцэкIэн фаеу хъущтыгъ, сыда пIомэ фышъхьэ лэжьыгъэхэр израил цIыфхэм атезыхыщт зыгу хэлъ пыйхэр бэ хъухэу хэгъэгум исыгъэх.

ЗэкIэ Гидеон зыгорэм ымакъэ зэхихыгъэ: „Зиусхьаныр IэпыIэгъу къыпфэхъу, кIэлэ лIыблан!“ Гидеон лъэшэу къэщтагъ, лIы горэ къыбгъодэтэу зелъэгъум. ЦIыф къызэрыкIоу ар зэрэщымытыр ащ ылъэгъущтыгъ, ау мэлэIичыми ышIэщтыгъэп. „О Зиусхьан, – пэгъокI ритыжьыгъ Гидеон, – Тхьэр ащ щэхъукIэ IэпыIэгъу къытфэхъужьырэп. Типый Мидиан хэгъэгум щыщхэм хэгъэгур зэрэщытэу зыIэкIаубытагъ“.

Сыда адэ къэхъугъэр? Сыда Тхьэм иIэпыIэгъу Ежьым ицIыфхэм къаримытыжьэу зыкIэхъугъэр? Арэущтэу зыкIэхъугъэр ежь израил цIыфхэм ялажьэкIэ ары. Ахэмэ зыщагъэгъупшагъ уи Тхьэ уфэлэжьэн зэрэфаер. ЦIыфхэм шэнэу къахафэ хъугъэ дышъэмрэ мыжъохэмрэ тхьэ сурэтхэр ахашIыкIыхэу ыкIи ахэмэ шъхьащэ афашIэу. Арыти, Тхьэм Израил илъэпкъ ыгъэпщынагъ. Пыйхэм хэгъэгур аубытыгъ, лэжьыгъэхэмрэ былымхэмрэ израил цIыфхэм атырахыхэу къырагъэжьагъ. Израил цIыфхэм япыйхэу къыкъокIыгъэхэр дзэ кIочIэшхо ин зиIэгъэ мидиан цIыфхэр арыгъэх.

Джащыгъум бэмэ къагурыIогъагъ Тхьэм ыпашъхьэкIэ зэрэщымысэхэр ыкIи тхьэ сурэтхэм шъхьащэ афашIыныр щагъэтыжьыгъ. Хэгъэгур зыубытыгъэхэм къаIэкIихыжьынэу Тхьэм елъэIухэу цIыфхэм рагъэжьагъ. Арыти, Тхьэм зэхихыгъэ Ежьым илъэпкъ къызыкIэлъэIурэр. „Мидиан цIыфхэр о зэхэпкъутэнхэу уипшъэрылъ! АщкIэ Тхьэр о къыбдеIэщт“, – къыриIуагъ кIалэм мэлэIичым. „Арэущтэу хъун ылъэкIыщтэп, – ритыжьыгъ джэуап Гидеон. – Мидиан цIыфхэм уатекIоным пае кIочIэ ин зыхэлъ дзэшхо ищыкIагъ“. Гидеон ышIэщтыгъэп къыдэгущыIэрэр мэлэIичэу зэрэщытыр. Джащыгъум мэлэIичым кIалэм къыриIуагъ ар Тхьэм илIыкIоу къызэригъэкIуагъэр, Тхьэм Ежьым илъэпкъ щымыгъупшэжьэу ыгу зэрилъыр ыкIи Ар IэпыIэгъу къызэрэфэхъущтыр. Гидеон лъэшэу кIэлэ лIыбланэу щытыгъ ыкIи тыриубытагъ Тхьэм пае нычэпэ блэмыкIызэ зыгорэ ышIэнэу.

Чэщым Гидеонрэ ятэ иунэIутхэу нэбгырипшIырэ игъусэхэу сакъыхэу ядэжь икIыхи, урам шIункIыхэм атехьагъэх. Ащыщ горэм къурмэн ашIыщт былым ныбжьыкIэр кIапсэ ыпшъэ ишIагъэу, ыуж итэу зыдищэщтыгъ. Сакъэу ыкIи мэкъэнчъэу зэрэзекIощтыгъэхэм къыхэкIэу, ахэр къалэм къызэрэдэкIыгъэхэм хэти гу лъитагъэп.

Къалэм пэмычыжьэу чъыгхэр зытет Iуашъхьэр щыIагъ. Тхьэ нэпцIэу БаIал ыцIэкIэ агъэпсыгъэ къурмэншIыпIэр чъыгхэм азыфагу итыгъ. Тхьэ нэпцIхэм ясурэтхэм къурмэн афашIыным фэшI а чIыпIэм къэлэдэсхэр пчэдыжь къэс къыщызэрэугъоиштыгъэх. Iуашъхьэм дэкIуаехи, Гидеонрэ ащ игъусэхэмрэ къызыфэкIогъэ Iофым фежьагъэх. БаIал ыцIэкIэ агъэпсыгъэ къурмэншIыпIэр ахэмэ зэхакъутагъэ ыкIи агъэлъэпIэрэ чъыгэу Iутыгъэри раупкIыгъ. ЕтIанэ ежьыхэм фэшъхьаф къурмэншIыпIэ – Тхьэм ыцIэкIэ щагъэпсыгъ. Былымэу къызыдащагъэр шIуабзи, ар Тхьэм къурмэн фашIыгъ. ЗэкIэ ахэр зашIахэхэм, Гидеонрэ иныбджэгъухэмрэ къалэм къэкIожьыгъэх.

КъыкIэлъыкIогъэ пчэдыжьым, зэряхабзэу, къэлэдэсхэр къэкIуагъэх тхьэ нэпцIым исурэт ыпашъхьэ къурмэн щашIынэу ыкIи джащыгъум алъэгъугъ чъыг лъапIэр зэриупкIыгъэр ыкIи ежьыр къурмэншIыпIэри зэрэзэхэкъутагъэр. Ащ ычIыпIэкIэ цIыфхэм алъэгъугъ къурмэншIыпIэ кIэу зэрэщагъэпсыгъэр ыкIи къурмэныпхъэкIэ былым зэрэщышIуабзыгъэри.

„Хэта тикъурмэншIыпIэ зэхэзыкъутагъэр?“ – аIуи, къалэм къызагъэзэжьым, ахэмэ бырсыр къаIэтыгъ. Гидеон ар зэрикъутагъэр къашIагъ ыкIи ащ пае ар аукIынэу тыраубытагъ.

Зэрэгъэгубжыгъэ цIыфхэр Гидеон ятэ ыдэжь къакIохи, куохэу иунэ Iууцуагъэх: „Модэ къигъэкI щагум пкъо! Гидеон лIэн фае!“ Ау Гидеон ятэ фэягъэп ыкъо аукIынэу. Арыти, ар иунэ къикIи, ыдэжь къэкIуагъэхэм къариIуагъ: „Шъорэп скъо зыукIын фаер. Ар мысэмэ, зыукIын фаер ежьыр, БаIал ары. Ар тхьэу щытымэ, ащыгъум ежьым ышъхьэ къерэухъумэжь!“ А гушыIэхэр зэкIэми агу рихыгъэх ыкIи ежэхэу рагъэжьагъ ежьым БаIал пшъэдэкIыжь Гидеон зэрэригъэхьыщтым. Ау сыда адэ хъурэр? Уахътэр макIо, Гидеон зыпари къехъулIахэрэп. Арыти, къагурыIуагъ цIыфхэм БаIал тхьэ шъыпкъэу зэрэщымытыр ыкIи ащ къыхэкIыкIэ къурмэншIыпIэр зэхэзыкъутэгъэ кIалэми пшъэдэкIыжь ригъэхьын зэримылъэкIыщтыр.

КъыкIэлъыкIогъэ чэщым къэлэ гъунэм Iут Iуашъхьэм Гидеон дэкIоягъ, мидиан цIыфхэм ядзэшхо иуцупIэ-гъэпсэфыпIэу ащ ылъапсэ щытыгъ. Iуашъхьэм тетэу ащ дэгъоу ылъэгъущтыгъэх щэтэр пчъагъэхэу пыйхэр рэхьатэу зыщычъыещтыгъэхэр. Гидеон рихъухьагъ ошIэ-дэмышIэу миди-

ан цIыфхэм ядзэкIолIхэм атебэнэнышъ, ахэр зэхиукIэнхэу. Тхьэр ащкIэ ежь къыдеIэщт.

Гидеон игъусагъэр зэкIэмкIэ дзэкIолI нэбгырэ шъищ ныIэп. Нахьыпэм ахэмэ япчъагъэ нахьыбэ хъущтыгъэ, ау Тхьэм иунашъокIэ адрэхэр ядэжь ыгъэкIожьыхи, анахь дзэкIолI лIыбланэхэу нэбгырэ шъищ къыгъэнагъ. Гидеон идзэкIолI пэпчъ ритыгъ зы IэмкIэ ыIыгъынэу запщэхэрэ мэкъэмэ сырынэр, адырэ IэмкIэ ыIыгъынэу етIэ къошыным игъэбылъыхьагъэу джорэ.

Израил дзэкIолIхэм пыйхэм ящэтэрхэр къызауцухьэхэм, Гидеон зэкIэ кIуачIэу иIэмкIэ сырынэм епщагъ. Гидеон идзэкIолI нэбгырэ шъищри джащ фэдэу ясырынэхэм япщагъэх. КъыкIэщтэгъэ мидиан цIыфхэр чъые нэхъо-нажъом хэтэу къызыщыхъушъутыгъэх, ежьхэм ядзэкIолIхэри пыим иехэри зэхамышIыкIыжьхэу бырсырышхо къыщыхъугъ. Ащ нэсыфэкIэ Гидеон идзэкIолIхэм етIэ къошынхэр акъутэхи, мэшIотхъуабзэр къызыпыустхъукIырэ джорэхэр къырахыгъэх. Мидиан цIыфхэр ящэтэрхэм къызачIэхъушъутхэм тыдэ уплъэми стырэ джорэхэр щалъэгъугъэх ыкIи зэрэгъэкуохэу къырагъэжьагъ: „Тэ дзэшхом тыкъиухъурэигъ!“ Мэзахэм хэтхэу, израилхэр аукIхэу аIозэ, ежьхэр зэрэукIыжьхэу хъугъэх. Фэшъхьаф мидиан цIыфхэу а бырысырым хэмыкIодагъэхэм сыгу-сыбгъэ аIозэ, ашъхьэ Iуахыжьыгъ.

Тхьэр къадеIагъ Гидеонрэ израил цIыфхэмрэ. Тхьэм фэрэзагъэх ахэр! Ау… ащ охътабэп ыкъудыигъэр. Бэ темышIэу цIыфхэм джыри я Тхьэ ащыгъупшэжьыгъ ыкIи тхьэ нэпцIхэм ясурэтхэм шъхьащэ афашIэу къырагъэжьэжьыгъ.

Джащыгъум Тхьэм ахэмэ къариIуагъ: „Адэ Сэ шъо шъусщыгъупшагъа зэгорэм? Сэ ренэу зекIокIэ дэйхэм шъуащысэухъумэба“. Джыри бэмэ джащ фэдэу Тхьэр зыщагъэгъупшэ. Джары Тхьэм тэ къызыкIытфигъэпытэрэр, Ащ арэущтэу зыкIишIырэр тэ шIу къытфишIэныр ары ныIэп.

1. Хэта Гидеон ыдэжь къэкIогъагъэр?
2. Пыйхэр Iуфыгъэнхэмкlэ хэта Гидеон къыдеIэмэ зышIоигъуагъэр?
3. Гидеонрэ ащ иIофтабгэхэмрэ сыда чэщым зэхакъутагъэр?
4. Сыда мидиан цIыфхэр къызыкIэущыгъэхэр?
5. Хэта израил цIыфхэм джыри зыщагъэгъупшэжьыгъэр?



## *28. ШИМШОН КIОЧIЭШХОР*

Израил щыпсэущтыгъ Маноах зыцIэ лIыр. БэшIагъэ ащ къызищэгъагъэр, ау ишъузырэ ежьырырэ кIэлэцIыкIу къафэхъущтыгъэп. Ар лъэшэу ягукъэуагъ лIымрэ шъузымрэ.

Мафэ горэм Маноах ишъуз унэм къикIыгъ чъыг хатэм щылэжьэнэу. ЗэкIэм ащ ыпашъхьэ къиуцуагъ Зиусхьаным имэлэIич ыкIи бзылъфыгъэм къыриIуагъ: „ДжырэкIэ сабый уиIэгоп, ау бэ темышIэу о шъао къыпфэхъущт“. ЕтIанэ мэлэIичым къыфиIотагъ бзылъфыгъэм ащ къыфэхъущт шъаор ямышIыкIэу зэрэщытыщтыр, егъашIэми ащ ышъхьац ыупсы зэрэмыхъущтыр ыкIи ины хъугъэми, ар егъашIэми санэ ешъо зэрэмыхъущтыр. Джары Тхьэр зэрэфэягъэр: шъэожъыер Зиусхьаным фэлэжьэн фае, етIанэ ыныбжь зикъукIэ, ар Израил ипыйхэм атекIощт.

А лъэхъаным ехъулIэу Израил джыри фэшъхьаф пыйхэм аубытыгъэу щытыгъ. Мызэгъэгум ахэр филишт цIыфхэр ары зыIэкIэфэгъагъэхэр. Ахэр Израил игъунапкъэ щыпсэущтыгъэх ыкIи язекIокIэ дэйхэм апае джуртхэр ыгъэпщынэнхэм фэшI, Тхьэм ахэр Израил къыгъэкIуагъэх.

Шъэожъыер къызэхъум, ащ Шимшон (Самсон) цIэу фаусыгъ. Ным зыпарэкIи кIалэм ышъхьац ыупсыщтыгъэп ыкIи ыкъо кIэлэ кIочIэшхо бэлахьэу къэхъущтыгъ.

Шимшон ыныбжь икъуи, лIы Iэпкъ-лъэпкъ пытэу къэтэджыгъ. Зэгорэм ащ рихъухьагъ филишт цIыфхэр зыщыпсэухэрэ хэгъэгур зэригъэлъэгъунэу. А хэгъэгум зэкIом, щилъэгъугъэ пшъашъэ горэ лъэшэу ыгу рихьыгъэти, къыщэнэу тыриубытагъ. Ядэжь къызэкIожьым, янэрэ ятэрэ ариIуагъ игухэлъ, ау нымрэ тымрэ лъэшэу агу рихьыгъэп акъо закъо филишт пшъашъэ къыщэнэу зэрэрихъухьагъэр. „Адэ Израил хэгъэгум къэпщэн пшъашъэ ибгъуатэрэба?“ – еупчIыгъэх нымрэ тымрэ Шимшон. Ау кIалэр афызэкIэкIуагъэп ыкIи янэ-ятэхэм ялъэIугъ гъусэ къыфэхъунхэшъ, пшъашъэм ятэ-янэхэм адэжь къыдэкIонхэу. Бэрэ зядэо, зялъэIу нэужым ятэрэ янэрэ къезэгъыгъэх Шимшон гъусэ фэхъунхэу.

Пшъашъэр зыдэс къадэм нэмысыгъэхэу, Шимшон ятэ-янэхэр зы чIыпIэ горэм къыгъанэхи, ежьыр изакъоу ежьагъ. ОшIэ-дэмышIэу куандэхэм къахэлъэти, аслъанышхо ащ къытебэнагъ. Шимшон хьэкIэ-къокIэ Iэлым ыжашъо IитIумкIэ ыубыти, зэфэдитIоу аслъаныр зэгуитхъыгъэ. Джащ фэдэу кIочIэшхо Тхьэм къыхилъхьагъ Шимшон! Аслъаныр джаущтэу зэIитхъи, ар гъогум къытырини, Шимшон ятэ-янэхэм адэжь къыгъэзэжьыгъ, къехъулIагъэмкIи ахэмэ зыпари ариIотагъэп.

Пшъашъэр зыдэсыгъэ къалэм къызэсыхэм, Шимшон ятэ-янэхэр сыдрэ IофхэмкIи пшъашъэм ятэрэ янэрэ язэгъыгъэх. Пшъашъэм ятэ-янэхэм лъэшэу агу рихьыгъ Шимшон ыкIи япшъашъэ кIалэм зэрэдакIорэм къызэрэзэгъыхэрэр къараIуагъ.

Мэфэ заулэ тешIагъэу Шимшон янэ-ятэхэр игъусэхэу джыри пшъашъэм ыдэжь кIуагъэх, мызэгъэгум джэгур ашIыным пае. Мэфэ заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, аслъаныр гъогум зыщытыриукIыхьэгъэ чIыпIэм къызынэсым, Шимшон ылъэгъугъ ыукIыгъэ хьакIэ-къуакIэр а чIыпIэ дэдэм зэрэщылъыр ыкIи ащ ыжэ бжьэхэр дэтIысхьэхи, шъоу зэрэдашIыхьагъэр. Шакори зэригъусэу Шимшон янэрэ ятэрэ шъоу къафихьыгъ къызыдырихыгъэр аримыIоу.

Джы мары нысэщэ джэгур зашIыщт мафэри къэсыгъ. Филишт цIыфхэм зэряхабзэу нысащэр мэфибл джэгоу щытыгъ. Джэгу мафэхэм ащыщ горэм Iанэм пэсыхэу Шимшонрэ филишт кIэлэ щэкIырэ къоджэхь-къоджэшхыхэр зэхалъхьэхэу ыкIи ахэр къашIэхэу щысыгъэх. Шимшон ичэзыу къызэсым ыкIи къоджэхь-къоджэшх къафызэхилъхьан фаеу зэхъум, ащ къыIуагъ: „Къоджэхь-къоджэшх горэм имэхьанэ къэшъушIэнэу къышъуфэсIуатэмэ сшIоигъуагъ. Джэгур тэухыфэ нэс ар къызышъушIэкIэ, шъошэ дэхэ дэдэ шъо шъуащыщ пэпчъ сэ къестыщт. Ау шъо ар къызышъумышIэкIэ, ащыгъум шъуащыщ пэпчъ щыгъын зэщылъэгъу къыситыщт“. КIалэхэм лъэшэу агу рихьыгъ ащ фэдэ Iуагъэр ыкIи къэзэрэгъэкуугъэх: „КъаIо, къаIо!“ Шимшони икъоджэхь-къоджэшх къафиIотагъ: „ШхакIом шхыныр къыкIоцIыкIыгъ ыкIи лъэшым IэшIур къыкIоцIыкIыгъ“. Ащ къикIыщтыгъэр шъоур IэшIоу зэрэщытыр ыкIи а шъоу IэшIур Шимшон ыукIыгъэ аслъаным ыжэ къызэрэдихыгъэр, а аслъаныр псэу зэхъум, ежьым зэкIэри зэришхыщтыгъэр ары.

Мэфищым кIалэхэр езэрэгъэгупшысагъэх Шимшон икъоджэхь-къоджэшх къашIэным пае, ау зыпари къадэхъугъэп. Мафэу тешIэрэм къэс ахэр Шимшон нахь фэгубжыщтыгъэх. ЕжьхэмкIэ къоджэхь-къоджэшхыр къиныIоу щытыгъ ыкIи къафигъэнэфэгъэ пIалъэм ехъулIэу ар къамышIэным тещыныхьэщтыгъэх. Джащыгъум ахэмэ ащыщ пэпчъ щыгъын зэщылъэгъу дахэ Шимшон ритын фаеу хъущтыгъэ, ар ахэмэ ашIоигъохагъэп.

Джэгум иуажырэ мафэ къызэсым, зэкIэгубжыхьэгъэ кIалэхэр Шимшон ишъуз ыдэжь кIуагъэх ыкIи раIуагъ: „КъегъэуцуалI уилI къоджэхь-къоджэшхым имэхьанэ кьы-



уиIонэу, етIанэ тэ ар къытэIожь. Ар къызытфэмышIэкIэ, шъузэрисэу уятэ иунэ машIо къыкIэтыдзэнышъ дгъэстыщт". Агъэщынэгъэ бзылъфыгъэр Шимшон ыдэжь чъагъэ. „ШIу сыолъэгъумэ, уикъоджэхь-къоджэшх имэхьанэ къысэIуат!" – елъэIугъ ар Шимшон. „Оры пакIошъ, ащкIэ сяни сяти зыпари ясIотагъэп!" – къыриIожьыгъ Шимшон шъузым. Ау бзылъфыгъэр Шимшон егыеу ригъэжьагъ шIу къымылъэгъоу риIозэ ыкIи Шимшон а къоджэхь-къоджэшхым имэхьанэ къырегъэIотэфэ гъэу щысыгъ.

ПсынкIэу чъагъэ ар филишт кIалэхэм адэжь ыкIи къоджэхь-къоджэшхым имэхьанэ ариIотагъ. Лъэшэу гушIуагъэх кIалэхэр ыкIи пчыхьэм Шимшон раIуагъ: „Шъоум нахь IэшIоу сыда хъужьын зылъэкIыщтыр ыкIи аслъаным нахь лъэшэу хэта хъун зылъэкIыщтыр?" Шимшон ащ лъыпытэу къыгурыIуагъ къоджэхь-къоджэшхыр къызэрашIагъэмкIэ ежьым ишъуз кIалэхэм IэпыIэгъу зэрафэхъугъэр ыкIи ащ лъэшэу ыгъэгубжыгъ. Джы Шимшон кIалэ пэпчъ щыгъын зэщылъэгъу ритын фаеу хъугъагъэ, ау щыгъын зэщылъэгъу щэкI рищэфынэу Шимшон ахъщэ IэкIэлъыгъэп.

Джащыгъум Шимшон гъунэгъу къалэм кIуи, филишт нэбгырэ щэкI къыукIи, ахэмэ ящыгъын къащихи, кIалэхэм аритыгъ. А хъугъэ-шIагъэм ыуж Шимшон ащ щэхъукIэ фэежьыгъэп ишъуз иунэ исыжьынэу ыкIи янэ-ятэхэр игъусэхэу ядэжь, Израил къэкIожьыгъ.

Филишт цIыфхэр Шимшон лъэшэу къыфэгубжыгъагъэх ыкIи ар къаубытын агу хэлъыгъ. Ау Тхьэм Шимшон къыухъумэщтыгъ: Шимшон Тхьэм фэлажьэщтыгъэба!



1. Хэтха израил цIыфхэм япыигъэхэр?
2. Сыда фэдэ хьакIэ-къуакIа Шимшон ыукIыгъэр?
3. Сыда Шимшон филишт цIыфхэм зыкIафэгубжыгъагъэр?

## *29. ШИМШОНРЭ ФИЛИШТ ЦIЫФХЭМРЭ*

Охътэ заулэ тешIагъэу Шимшон кIочIэшхор джыри филишт цIыфхэм яхэгъэгу кIуагъэ. Мызэгъэгум а хэгъэгум зэрэкIорэр щынагъоу щытыгъ, ау арэущтэу хъунэу Тхьэр фэягъ. Сыдэу щытми, Шимшон икъукIэ сакъынычэ къызхимыгъафэу зекIуагъэ ыкIи филишт цIыфхэм яхэгъэгу ащ щишIагъэхэр Тхьэм ыгу рихьыгъэхэп.

Филишт цIыфхэр ренэу зыпылъыгъэхэр Шимшон гъэрэу аубытынэу арыгъэ. Зы уахътэ горэм ар ахэмэ къадэхъугъэуи къашIошIыгъ. Мары ар зэрэхъугъагъэр.

Къалэу Газэ иурамхэм атетэу къыкIухьэзэ, Шимшон зыIукIэгъэ бзылъфыгъэ горэ лъэшэу ыгу рихьыгъ. Ар бзылъфыгъэ хэтакIоу щытыгъ, ау арэу щытми, Шимшон ащ ыуж ихьи, ядэжь дэкIуагъ ыкIи ащ ыдэжь къинагъ. Газэ дэс цIыфхэм алъэгъугъ Шимшон якъалэ къызэрэкIуагъэр ыкIи ар къаубытынэу гухэлъ ашIыгъ. Ахэмэ къалэм икъэлапчъэхэр рагъэтыгъэх. „Джы Шимшон къалэм дэкIыжьын ылъэкIыщтэп ыкIи тэ ар къэтыубытыщт“, – агукIэ аIоштыгъ филишт цIыфхэм, къэлэпчъэ фэшIыгъэхэм адэжь Шимшон щежэхэзэ.

Чэщым Шимшон бзылъфыгъэм ыдэжь къикIыжьи, къалэм къыдэкIыжьын гухэлъ иIэу къэлапчъэм фиузэнкIыгъ. Ащ къызынэсым, къэлэпчъэ онтэгъур зэрегъэтыгъэр ылъэгъугъ. Ащ къыгъэгубжыгъэ кIочIэшхом къэлапчъэр къыхитхъи, ыкIыб тырилъхьи, къалэм къыдихыгъ. Ар зылъэгъугъэ филишт цIыфхэм щтэм къыхэкIыкIэ загъэхъыен алъэкIыщтыгъэп. Шимшон къэлэпчъэ онтэгъушхор ыкIыб телъэу Газэ пэмычыжьэ Iуашъхьэм дэкIоягъ.

ЗэкIэ ахэр фэукIочIынхэмкIэ Тхьэм къарыу Шимшон къыритыгъ, ау Тхьэм ыгу римыхьыгъагъэр ар филишт бзылъфыгъэм ыдэжь зэрэкIогъагъэр ары.

Охътэ тэкIу тешIагъэу Шимшон джыри филишт цIыфхэм адэжь кIуагъэ. Мызэгъэгум ащ ыгу рихьыгъагъ Делилэ зыцIэ бзылъфыгъэр. Делилэ ригъэблэгъагъ Шимшон ыдэжь къэкIонэу ыкIи ащ ыдэжь ар къинагъ. Филишт Iэшъхьэтетхэм Шимшон Делилэ ыдэжь исэу зызэхахым, бзылъфыгъэм къеджэхи, мырэущтэу раIуагъ: „Шимшон ыкIуачIэ зыхэлъ шъэфыр уеупчIэу зызэбгъашIэкIэ, ахъщабэ къыоттыщт“. Делилэ къыраIуагъэр ыгу рихьыгъ, сыда пIомэ бай хъуным ар лъэшэу кIэхъопсыщтыгъэ. Филишт цIыфхэм Шимшон зэраукIыщтым зыкIи ар ыгъэгумэкIыщтыгъэп – ар шIу ылъэгъущтыгъэп.

Ядэжь къызэкIожьым, Делилэ Шимшон елъэIоу ригъэжьагъ: „КъысфэIуат пкIуачIэ ишъэф зыхэлъыр!“ Шимшон щхи, пэгъокI къытыжьыгъ: „КIэпсиблыкIэ сызэкIоцIыппхэмэ скIуачIэ кIодыщт“. А къэбарым ыгъэгушIогъэ Делилэ Iэшъхьэтетхэм адэжь чъи, ариIотагъ зэхихыгъэр. Ядэжь къызэкIожьым, Шимшон чъые уцкIэ хигъэчъыий, кIэпсиблыкIэ ар зэкIоцIипхагъэ. ЕтIанэ Делилэ ащ текууагъ: „Шимшон! Филишт цIыфхэр къыплъыкIуагъэх уаубытынэу!“ Шимшон къэущи, къызыщыхъушъутыгъ, кIэпсиблыри зэу щымыхъоу къызэпичыгъэх. Делилэ лъэшэу къэгубжыгъ ыкIи Шимшон егыеу къыригъэжьагъ шIу къымылъэгъоу ыIозэ. Джащыгъум Шимшон къыIуагъ: „Сэ кIочIаджэ сыхъущт зыпарэкIи амыгъэфедэгъэ кIапсэкIэ сызэкIоцIыппхэмэ“.

ЯтIонэрэ мафэм Шимшон зыхэчъыем, Делилэ кIэпсакIэхэмкIэ ар зэкIоцIипхагъэ. Филишт дзэкIолIхэр адрэ унэм исхэу къежэщтыгъэх. Делилэ къэкууагъ: „Шимшон! Зыкъэухъумэжь!“ Шимшон къызыщыхъушъути, зэрэпхыгъэ кIапсэхэр Iудэнэ псыгъохэм афэдэу зэпичыгъэх.

Делилэ джыри лIым егыи зэхъум, адырэм мырэущтэу ащ къыриIуагъ: „Сэ кIочIаджэ сызыхъущтыр сшъхьацыхэр блэу гощыгъэхэу благъэхэу, етIанэ ахэр шэкI зэрашъэ станокым пыпшIэхэмэ ары“. Мызэгъэгум сакъынчъэу зекIорэ кIочIэшхом къыIэкIэIуагъ ыкIуачIэ ышъхьацхэм зэрахэлъыр. Делилэ Шимшон ышъхьацыхэмкIэ рипхыгъ, ау ащ пае къымыгъанэу ар псынкIэу къыIэкIэкIыжьыгъ.

Джащыгъум бзылъфыгъэм джыри гъэу къыригъэжьагъ ыкIи лIым елъэIугъ ыкIуачIэ ишъэф шъыпкъэ зыфэдэр къырегъэIофэ. „ЗэкIэ сэ скIуачIэ зыхэлъыр сшъхьацхэр арых ыкIи ахэр заупхъухэкIэ, адрэмэ санахь лъэшын слъэкIыщтэп“. Мызэгъэгум Шимшон шъыпкъэр къыIуагъ.

Делилэ шъэфкIэ дзэкIолIхэм къяджи, гъунэгъу унэм ригъэтIысхьагъэх, етIанэ Шимшон зыхэчъыем, ащ ышъхьацхэр тыриупхъукIыгъэх. Нэужым бзылъфыгъэр ащ екууагъ: „Шимшон филишт цIыфхэр къыокIугъэх уаубытынэу!“ Шимшон къэущи къызыщыхъушъутыгъ ыкIи дзэкIолIхэм атебэнагъ. Нахьыпэм фэдэу джыри кIочIэшхоу щытэу ащ къышIошIыщтыгъэ, ау... иIэжьыгъэп джы ащ фэдэ кIуачIэ. Тхьэр нахьыбэкIэ ащ къыдеIэжьынэу фэягъэп. КIочIаджэ хъугъэ Шимшон дзэкIолIхэм аубыти, зэкIоцIапхи, ынэхэр ракIыхи, хьапсым чIадзагъ.

Нахьыпэм хэлъыгъэ кIуачIэр Тхьэм джыри Шимшон зэ къыхилъхьэгъагъ филишт цIыфхэм пшъэдэкIыжь аригъэхьыным пае. Мары ар зэрэхъугъагъэр.

Мафэ горэм филиштхэм тхьэлъэIу унэшхом щагъэмэфэкIыщтыгъэ Шимшон зэрэтекIуагъэхэр. Зэрэфаехэм фэдизэу дэхьащхынхэм пае унашъо ашIыгъ Шимшон хьапсым къычIащынышъ, тхьэлъэIу унэм къащэнэу. НитIунэшъу хъугъэ Шимшон ежь-ежьырэу къэкIон ылъэкIынэу щытыгъэп, арыти, шъэожъые горэм ар къыщагъ. Филишт цIыфхэр лъэшэу гушIощтыгъэх мощ фэдизэу тхьамыкIэу ыкIи къулайцызэу Шимшон зэралъэгъурэм пае. Ахэмэ ягушIо-куо макъэхэр зызэхехыхэм, Шимшон лъэшэу ыгу къыдеIэу Тхьэм елъэIугъ: „О Зиусхьан! Угу сыкъэгъэкIыжьри, зэгорэм кIуачIэу схэлъыгъэр зэзакъо къысхэлъхьажь!“ Ащ лъыпытэу Шимшон зэхишIагъэ нахьыпэм фэдэу кIочIэшхо хэлъэу зэрэхъужьыгъэр. Джащыгъум ар пкъэушхуитIоу тхьэлъэIу унэм ышъхьэ зыIыгъыгъэхэр ыубытыхи, ежь дэжь къыкъудыигъэх. Мыжъо пкъэухэр зызэхэтакъохэм, унашъхьэр Шимшонрэ ыкIи зэкIэ къызэрэугъоигъэ филишт цIыфхэмрэ къатеуагъ.

Арэущтэу хэкIодагъ Шимшон кIочIэшхор, филишт пчъэгъабэхэри ащ зыдихьыжьыгъэх.

1. Хэта Шимшон кIуачIэ къыхэзылъхьэгъагъэр?
2. Сыда Шимшон къалэу Газэ икъэлапчъэ ришIагъэр?
3. Шимшон изекIуакIэхэм ащыщэу сыда Тхьэм ыгу римыхыгъэр?
4. Ышъхьацхэм яхьылIагъэу сыда Шимшон Делилэ риIотагъэр?
5. Сыда филишт цIыфхэм Шимшон рашIагъэр?
6. Сыдэущтэу хэкIодагъа Шимшон?



## *30. МОАВ ХЭГЪЭГУМ ЩЫЩ БЗЫЛЪФЫГЪЭУ РУТ*

Израил къалэу БетлэхьэмкIэ заджэщтыгъэхэм лIы горэ Iэлимэлэх ыцIэу, ишъузэу НэIэми, ыкъуитIоу Махлонрэ Хилионрэ игъусэхэу щыпсэущтыгъ. Илъэс горэм, губгъом лэжьыгъэ макIэ къызэрэщыкIыгъэм къыхэкIэу, хэгъэгум гъаблэ къызыщэхъум, фышъхьэ лэжьыгъэ зэригъэгъотыным пае Iэлимэлэх гухэлъ ышIыгъ иунагъо игъусэу Моав хэгъэгум кIонэу.

Унагъор Моав хэгъэгум къызэкIом ыуж Iэлимэлэх сымаджэ хъуи, лIагъэ. Охътэ заулэ тешIагъэу ащ ыкъохэм моав бзылъфыгъэхэр къащагъэх. Махлон къыщэгъэ пшъашъэм ыцIагъэр Рут. Хилион къыщагъэм зэреджэщтыгъэхэр Орпэ. Ау бэ темышIэу зэшитIури лIагъэх, бзылъфыгъищыр язакъоу къагъанэхи. НэIэми ахэм ащэхъу лъфыгъэ иIагъэп.

Зэгорэм НэIэми гухэлъ ышIыгъ зыщыщ хэгъэгум кIожьынэу. НыситIури ащ гъусэ къыфэхъугъэх. Ау Израил ахэр къызэсыхэм, НэIэми бзылъфыгъэ ныбжьыкIитIумэ ариIуагъ: „ШъукIожь шъуадэжь, сэ Тхьэм сышъуфелъэIущт джыри шъудэкIожьынэу“.

Ау ахэр НэIэми гокIыжьынхэкIэ фэягъэхэп, ау адрэр къашIомыкIэу къяушъыеу ригъэжьагъ: „Ащ щэхъу сэ къо сиIэжьэп, шъо джыри шъуныбжьыкI“. Орпэрэ Рутрэ къэгъыгъэх, етIанэ Орпэ ныожъым къебэужьи, Моав хэгъэгум ыгъэзэжьыгъ. „А Рут, сыда ори Орпэ узкIыдэмыкIожьырэр?“ – еупчIыгъ ащ ныор. „Сэ о сыпкIыгъунэу сыфай, – пэгъокI къыритыжьыгъ Рут. – О уздакIорэм сэри сыкъыбдэкIощт. О уилъэпкъ сэри силъэпкъэу хъущт. О уи Тхьэ сэри си Тхьэщт“.

НэIэмирэ Рутрэ къалэм къызэсыжьхэм, Бетлэхьэм щыпсэухэрэр ахэмэ афэнэгуихыгъэхэу къапэгъокIыгъэх. ЗэкIэми НэIэмирэ ыкъохэмрэ ащымыгъупшагъэхэу къашIэжьыщтыгъэх.

НэIэмирэ Рутрэ тхьамыкIэ дэдагъэх. Зыпари ахъщэ аIэкIэлъыгъэп, ашхыщт гъомлапхъэри къафэзылэжьыщт хъулъфыгъи ашъхьащытыгъэп. А охътэ дэдэм губгъом лэжьыгъэхэр щыIуахыжьыщтыгъэх. „Губгъом къинэгъэ коцышъхьэхэр къэсыугъоинхэу сэрэкIуа?“ – ыIуи, зэгорэм Рут еупчIыгъ НэIэми. „Дэгъуба, кIо“, – къыриIожьыгъ адрэми. Арыти, Рут коцышъхьэхэр къыщиугъоинхэу мэкъумэщышIэ баеу БоIаз (Вооз) илэжьыпIэ губгъом кIуагъэ. Лэжьыгъэр Iузыхыжьыгъэмэ губгъом къыранэгъэ коцышъхьэхэр Рут егугъузэ къыугъоищтыгъэ.

Лэжьыгъэхэр Iузыхыжьхэрэм яIофшIакIэ еплъынэу мафэм БоIаз губгъом къызехьэм, бзылъфыгъэ ныбжьыкIэу угъуаерэр ылъэгъугъ. „Хэта мы бзылъфыгъэ ныбжьыкIэр?“ – ыIуи БоIаз яупчIыгъ IофышIэмэ.

„Ар Моав хэгъэгум щыщ Рут ары, НэIэми игъусэу къыдэкIуагъ“, – ащыщ горэм пэгъокI къытыжьыгъ. Джащыгъум БоIаз Рут къекIолIагъ ыкIи къыриIуагъ: „ЗэкIэ лэжьыгъэм иIухыжьын аухыфэ о мыщ коцышъхьэхэр щыуугъоинхэу укъэкIон уфит. ЗыгорэкIэ псыфалIэ улIэмэ, сиIофышIэхэм псэу къафахьырэм уешъон уфит“. Рут лъэшэу игъэгушIуагъ БоIаз баир арэущтэу къыфэнэгуихыгъэу къызэрэпэгъокIыгъэм. Хэгъэгоу Тхьэм шъхьэкIафэ зыщыфамышIырэм къикIыгъэу ар ежь хымэу щытыгъэба. Ащ пыдзагъэу БоIаз бзылъфыгъэ ныбжьыкIэм къыриIуагъ: „СэшIэ сэ НэIэми ныом узэрэфэгумэкIырэр ыкIи сэ сыщэгугъы Тхьэм гум уримынэнэу. Тэрэзэу пшIагъэ Тхьэм шъхьэкIафэ зыщыфашIырэ хэгъэгум о укъызэрэкIуагъэр“. ЗэрэукIытэрэм фэшI плъыжьы хъугъэу Рут ащ пэгъокI ритыжьыгъ: „КъысэпIогъэ гущыIэхэм апае лъэшэу сыпфэраз, сыда пIомэ хымэ хэгъэгу сыкъыздикIыгъэр!“.

Щэджэгъуашхэ ашIы зэхъум, БоIаз Рут къызгуигъэтIысхьагъ ыкIи ыгъэшхагъ. Зэшхэхэ нэужым БоIаз ихынакIохэм ариIуагъ губгъом нахьыбэу коцышъхьэхэр къыранэнхэу. Ежьырырэ НэIэмирэ апае Рут нахьыбэу коцышъхьэ ригъэугъоимэ ащ шIоигъуагъ.

Пчыхьэм ехъулIэу Рут коцышъхьабэ къыугъоигъэу ядэжь кIожьыгъэ. Инысэ мощ фэдиз коцышъхьэ къыугъоигъэу зелъэгъум, гушIом зэлъиштэгъэ НэIэми ащ къеупчIыгъ: „Хэт игубгъуа непэ коцышъхьэхэр къызыщыуугъоигъэхэр?“ „БоIаз игубгъу ары, – къыритыжьыгъ пэгъокI Рут. – Ар лъэшэу къысфынэгуихыгъагъ ыкIи къысиIуагъ игубгъо лэжьыгъэм иIухыжьын щаухыфэ мафэ къэс коцышъхьэхэр къыщысыугъоинхэу сыкIонэу“.

А гущыIэхэр зызэхеххэм, НэIэми джыри нахь лъэшэу гушIуагъэ. Ар Тхьэм игукIэгъу егупшысагъ. „Зиусхьаныр гукIэгъушI, – ыIуагъ НэIэми. – Ар тэ IэпыIэгъу къытфэхъу. БоIаз тэ тиIахьылба ыкIи тэри ащ фэдизэу тымытхьамыкIэным пае къыддеIэн ылъэкIыщт“.

ЫкIэм-ыкIэжьым лэжьыгъэр зэкIэ Iухыжьыгъагъ. БоIаз лъэшэу гушIощтыгъ: джы лэжьыгъэм иутыжьын рагъэжьэн ылъэкIыщт. Утыжьыныр заухы нэужым мэфэкIышхо зэхащагъэ. НэIэми а мафэм Рут риIуагъ: „Рут, БоIаз ыдэжь кIори, лэжьыгъэкIэ къыддеIэн ылъэкIыщтмэ еупчI“.

Рут БоIаз ыдэжь кIуагъэ. „ЫIпэ рапшIэу сэ къалэм илIыжъ шъхьаIэхэм сяупчIыжьын фае“ – къыриIуагъ БоIаз, ащ лъыпытэуи IэпыIэгъу къафэхъуным къызэрезэгъырэри къыриIуагъ. БоIаз къыритыгъэ коц мэтэшхор ытамэ тетэу гушIом зэлъиштагъэу Рут ядэжь къэкIожьыгъ.

КъыкIэлъыкIогъэ пчэдыжьым БоIаз къалэм икъэлапчъэ дэжь кIуагъэ лIыжъ шъхьаIэхэу ащ дэсхэм зэкIэ Iофыгъо пстэуми адытегущыIэным пае. Рутрэ НэIэмирэ IэпыIэгъу афэхъугъэн фаеу БоIаз зэриIуагъэр адрэмэ агу рихьыгъ. Ау, Израил хэгъэгум шэн-хабзэу илъыгъэм тетэу упсэун хъумэ, БоIаз шъузкIэ Рут къыщэн фэягъэ. БоIаз насыпышIуагъ, сыда пIомэ ащ шIу ылъэгъугъагъ бзылъфыгъэ хъупхъэр. Джы ащ ар къыщэн ыкIи шъуз кIасэу фэхъун ылъэкIыщтыгъ.

Бэ темышIэу БоIаз къыщагъ Рут ыкIи нэбгыритIури лъэшэу насыпышIуагъэх, сыда пIомэ Рути шIу ылъэгъущтыгъэ БоIаз. Джыри уахътэ зытешIэ нэужым ахэмэ шъао къафэхъугъ ыкIи Овед цIэу фаусыгъ. НэIэми ныори насыпышIуагъ. Джы ар БоIазрэ Рутрэ яунагъо исыгъ ыкIи Овед цIыкIур ыпIущтыгъэ.

Овед къэхъуи, ыныбжь зекъум, ащи къыщагъ ыкIи шъао къыфэхъугъ. Охътэ гъэнэфагъэ зытешIэм, ащи къыщи, шъэо заулэу къыфэхъугъэмэ ащыщым Даут цIэу фаусыгъ. Нэужым Даут Израил пачъыхьэу фэхъугъагъ. ЕтIани илъэсыбэ зытешIэ нэужым Даутэ илIакъо къыхэхъухьагъ тэ ти КъэгъэнэжьакIор – Исус Христос.

1. НэIэмирэ илIырэ сыд фэдэ хэгъэгуа зыдэкIогъагъэхэр?
2. НэIэми ыкъомэ къащэгъэ пшъашъэмэ сыда ацIагъэхэр?
3. Хэта Моав хэгъэгум щылIагъэр?
4. Хэта НэIэми игъусэу Бетлэхьэм къыдэкIуагъэр?
5. Хэта Рут зыдэкIуагъэр?
6. БоIазрэ Рутрэ ялIакъо хэта нэужым къыхэхъухьагъэр?



## *31. ЗИУСХЬАНЫМ ФЭЛАЖЬЭРЭ ШАМУЕЛ*

Израил щыпсэухэрэм Зиусхьаным ыцӀэкӀэ тхьэлъэӀу унэ къалэу Шило (Силом) щагъэпсыгъагъ. А лъэхъаным дин пащэу щытыгъэр Эли ары, ау ар жъы хъугъагъэ. А дин пащэм къуитӀу иӀагъ – Хофнирэ ыкӀи Пинэхасрэ ацӀэу. Ау тӀуми Тхьэр ашӀошъ хъущтыгъэп ыкӀи ащкӀэ ятэ лъэшэу рэзэджагъэ.

Зэгорэм Эли тхьэлъэӀупӀэ унэм ичӀэхьапӀэ дэжь щысэу, бзылъфыгъэ ныбжьыкӀэ горэ тхьэлъэӀупӀэм зэрэчӀэхьагъэр ылъэгъугъ. ЗычӀахьэм, лъэгонджэмышъхьэкӀэ етӀысэхи, Тхьэм елъэӀоу бзылъфыгъэм ригъэжьагъ. Ащ ыӀупшӀэхэр зэрэхъублаблэхэрэр Эли ылъэгъущтыгъ, ау итхьэлъэӀу гущыӀэхэр зэхихыщтыгъэхэп. ТхьэлъэӀур зэхэзыхыщтыгъэр Тхьэр ары ныӀэп.

Бзылъфыгъэм ыцӀагъэр Ханнэ. Ӏэлканэ зыцӀэ лӀым ишъузэу ар щытыгъ. Ӏэлканэ шъузитӀу иӀагъ. ЯтӀонэрэ шъузым ыцӀагъэр Пэнинэ. Пэнинэ шъаохэр иӀагъэх, арыти, сабый къызфэмыхъурэ Ханнэ ар ренэу къыкӀэнакӀэщтыгъэ.

Зиусхьаным къурмэн фишӀыным пае Ӏэлканэ ишъузхэр игъусэхэу илъэс къэс Шило къакӀощтыгъэ. Мы илъэсыми ар джащ фэдэу къэкӀогъагъ. Шило къакӀохэ къэс Ӏэлканэ тыны лъапӀэхэр ишъузмэ афишӀыщтыгъэх ыкӀи ары пэпчъ анахь тыны дэхабэ Ханнэ ӀукӀэщтыгъэ, сыда пӀомэ Ханнэ Ӏэлканэ ишъуз кӀасэу щытыгъ. Арэу щытми, Ханнэ чэфынчъагъ: дунаим анахь зыфэягъэр шъао къыфэхъунэу арыгъэ. Джащ пае, зэкӀэри тхьэлъэӀупӀэм зычӀэкӀыжьыхэ нэужым, ежьым Ханнэ къыгъэзэжьыгъ, изакъоу Тхьэм джыри елъэӀуным пае.

„О Зиусхьан! – елъэӀущтыгъэ Ханнэ Тхьэм. – Къысфэгъэхъу сэ шъао! ЕтӀанэ сэ ар О пфэлэжьэнэу къыостыжьыщт“. Бзылъфыгъэ насыпынчъэр Тхьэм елъэӀущтыгъэ шъао къыритынэу ыкӀи ар къызыфэхъукӀэ, Тхьэм гущыӀэ ритыщтыгъ тхьэлъэӀупӀэм дин лэжьакӀоу къычӀигъэнэнэу Зиусхьаным ишӀоигъоныгъэхэр фигъэцэкӀэнхэм пае.

ТхьэлъэӀупӀэм идин пащэу Эли къыгурыӀон ылъэкӀыщтыгъэп мощ фэдиз уахътэм къыкӀоцӀ бзылъфыгъэу лъэгонджэмышъхьэкӀэ щысыр къызыкӀэмытэджыжьырэр. ЕтӀанэ ащ тыриубытагъ бзылъфыгъэр ешъуагъэу тхьэлъэӀупӀэм къэкӀуагъэу ыкӀи ащ паекӀэ къэтэджыжьын ымылъэкӀэу. Арыти, ар бзылъфыгъэм екӀуалӀи, егыеу ригъэжьагъ. Ау Ханнэ ащ къыфиӀотагъ шъао къыфигъэхъуным пае Тхьэм елъэӀунэу ар мыщ къызэрэкӀуагъэр. Ханнэ ыгу егъугъэу Эли ащ риӀуагъ: „УгукӀэ рэхьат зышӀыри, шъуадэжь кӀожь! Израилы и Тхьэ о уилъэӀу къыпфигъэцэкӀэщт!“ Ханнэ ащ фэдэ гущыӀэхэр зызэхехым, лъэшэу гушӀуагъэ.

Зы илъэс тешӀагъэу, сыдигъуи фэдэу, Ӏэлканэ джыри зэкӀэ иунагъо кӀыгъоу Тхьэм елъэӀунэу къалэм къэкӀуагъ. Ау мызэгъэгум ахэмэ Ханнэ ягъусагъэп. Шъэо цӀыкӀоу къыфэхъугъакӀэр ыӀыгъэу ар унэм къинагъ.

Ащ ыуж илъэс заулэ тешӀагъ. Шъэожъыеми зыкъиӀэтыгъ ыкӀи Ханнэ ар тхьэлъэӀупӀэ унэм къыщагъ. Шъэожъыем цӀэу фаусыгъэр Шамуел. „Угу къэкӀыжьа илъэс заулэкӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ шъао къыфигъэхъунэу Тхьэм елъэӀущтыгъэ бзылъфыгъэр сэры – риӀуагъ ащ Эли лӀыжъым. – Тхьэм силъэӀу зэхихыгъэ, ыкӀи, сэ шъао къысфэхъугъэшъ, зэрэсӀуагъэм тетэу, Зиусхьаным илэжьакӀоу тхьэлъэӀупӀэм чӀэтынэу сэ ар мыщ къэсщагъ“.

Шамуел цӀыкӀури тхьэлъэӀупӀэм чӀэхьагъ. Джы ар жъы хъугъэ Элирэ фэшъхьаф дин пащэхэмрэ сыдырэмкӀи ӀэпыӀэгъу афэхъущтыгъ. Шамуел Тхьэр лъэшэу шӀу ылъэгъущтыгъ ыкӀи фэшъыпкъэу ащ фэлажьэщтыгъ. Эли ыкъуитӀоу а тхьэлъэӀупӀэ унэ дэдэм дин пащэхэу чӀэтыгъэхэ Офнирэ Пинэхасрэ язекӀуакӀэ дэигъэ ыкӀи псэкӀодыбэ ашӀэщтыгъ. Эли бэрэ пылъыгъ ыкъохэр гъогу тэрэзым тыригъэуцохэмэ шӀоигъоу, ау адырэхэр ащ къедэӀущтыгъэхэп. ЗэкӀэ ахэр Тхьэм къылъэгъущтыгъэ ыкӀи Офниерэ Пинэхасрэ язекӀокӀэ-шӀыкӀэхэм лъэшэу ыгу хагъэкӀыщтыгъэ. Ау Тхьэр зэкӀэми анахь лъэшэу зыгъэгубжыгъэр Эли лӀыжъым ыкъуитӀу зэримыгъэдэӀошъухэрэр ары. Ащ пае Тхьэм рихъухьагъ Элирэ ащ ыкъохэмрэ пщыныжь аригъэхьынэу.

Пчыхьэ горэм, Эли лӀыжъыр гъолъыжьыгъахэу, Шамуел зэхихыгъэ Тхьэм ымакъэ: „Шамуел! Шамуел!“ Шъэожъыем Эли къеджэу къышӀошӀыгъ ыкӀи ащ ыдэжь чъагъэ. „СыкъэкӀуагъ сэ. Укъысэджагъа?“ – къеупчӀыгъ шъэожъыер. „Хьау, сыоджагъэп. КӀори гъолъыжь,“ – къыриӀожьыгъ ащ Эли. Ау шъэожъыер ипӀэ зэрэхэгъолъхьажьыгъэм лъыпытэу джыри а макъэр зэхихыгъэ: „Шамуел! Шамуел!“ Шъэожъыер джыри Эли ыдэжь чъагъэ ыкӀи еупчӀыгъ: „Укъысаджа о ?“ „Хьау, – къыритыжьыгъ джэуап Эли. – КӀожьи гъолъыжь“. Шъэожъыер гъолъыжьыгъэ, ау джыри къеджэрэ макъэр зэхихыгъэ. Шамуел ышӀэщтыгъэп Тхьэм ымакъэ зыфэдэр ыкӀи джащ пае джыри Эли ыдэжь чъагъэ ар къеджэу къышӀошӀэу. Ящэнэрэу Шамуел Эли ыдэжь къызэкӀом, лӀыжъым къыгурыӀуагъ Зиусхьаныр

шъэожъыем къызэреджэрэр ыкIи мырэущтэу къыриIуагъ: „КIожьыри гъолъыжь, ау джыри зэ къыуаджэмэ, мырэущтэу къаIо: Зиусхьан, къаIо къысапIомэ пшIоигъор, сыда пIомэ уипщылIы укъызэхехы!“

Шамуел ыгъэзэжьи, ипIэ екIужьыгъ. ШIэхэу джыри Тхьэр ащ къеджагъ: „Шамуел! Шамуел!“ ЛъэгонджэмышъхьэкIэ уцуи, шъэожъыем пэгъокI ытыжьыгъ: „КъаIо, Зиусхьан, О уипщылIы укъызэхехы“. Джы Тхьэр Шамуел къыдэгущыIэу къыригъэжьагъ. Ащ къыриIотагъ шъэожъыем Элирэ ащ ыкъохэмрэ япсэкIодшIагъэхэм апае ыгъэпщынэнхэ ыгу зэрэхэлъыр.

Нэф къызэшъым, Шамуел зыкIи фэегъахэп Тхьэм къыриIуагъэхэр Эли риIотэжьынхэкIэ. Ау Эли ежьыр шъэожъыем къеупчIыгъ: „Шамуел, сыда о Тхьэм нычэпэ къыуиIуагъэхэр?“ Арыти, шъэожъыем Эли риIотагъ Тхьэм ятэрэ ыкъохэмрэ ыгъэпщынэнхэу зэрэтыриубытагъэр. Эли мары ащ къыриIолIагъэр: „Ар – Зиусхьанэу щыт. Ащ игъоу ылъэгъурэр ышIэн ыIомэ фит“. Эли ышIэщтыгъэ ежьырырэ ыкъохэмрэ пшъэдэкIыжь яфэшъуашэу зэрэщытыр.

Илъэс заулэ тешIагъэу Элирэ ыкъохэмрэ лIагъэх.

Шамуел ины хъугъэ, ыныбжь икъугъ ыкIи къыщагъ, кIалэхэри къыфэхъугъэх. Джы ар тхьэлъэIупIэ унэм иIофышIэу щытыжьыгъэп. Тхьэм ащ пшъэрылъыкIэ къыфишIыгъагъ: Шамуел пегъымбар хъугъэ. Джащ къыщегъэжьагъэу Тхьэм Ежь ицIыф лъэпкъ къыриIомэ шIоигъуагъэр, Шамуел къыриIоти, мыдырэм Тхьэм игущыIэхэр цIыфхэм къалъигъэIэсыжьыщтыгъэх. Израил цIыфхэм Шамуел къариIохэрэр ашIошъ хъущтыгъэх, сыда пIомэ ахэмэ ашIэщтыгъ Зиусхьаным ар зэрэфэлажьэрэр.

1. Сыда Ханнэ Зиусхьаным зыкIелъэIущтыгъэр?
2. Сыда Ханнэ Тхьэр зэригъэгугъагъэр?
3. Хэта псэкIодшIагъэхэр зиIагъэхэр?
4. Сыда Тхьэм Шамуел къыриIуагъэхэр?
5. Ины хъуи, ыныбжь зекъум, хэтэу хъугъа Шамуел?



# *32. ШАУЛ – ИЗРАИЛ ИАПЭРЭ ПАЧЪЫХЬ*

Илъэсхэр зэкIэлъыкIощтыгъэх. Шамуел жъы хъугъагъэ. Илъэс пчъагъэм къыкIоцI ащ израил цIыфхэм къафиIуатэщтыгъ Тхьэм зэрэфэлэжьэнхэ фэе шIыкIэр. Ащ ыIорэм цIыфхэр едэIущтыгъэх, ау ащ пае къамыгъанэу мыхъунхэр ашIэхэу бэрэ къыхэкIыщтыгъэ. ЕтIанэ мафэ горэм израил цIыфхэр Шамуел лIыжъым ыдэжь кIуагъэх ыкIи раIуагъ: „ЦIыф лъэпкъ пэпчъ ежьым ипачъыхьэ гъэнэфагъэ иI, арышъ тэри тыфай пачъыхьэ тиIэнэу!“ „ШъуищыкIагъэп шъо пачъыхьэ, – ариIожьыгъ ахэмэ Шамуел, къыраIуагъэм ыгу хигъэкIыгъэу. – Шъо шъуипачъыхьэр Тхьэр ары“. Ау Тхьэм Шамуел къыриIуагъ: „Къястыщт Сэ цIыфмэ пачъыхьэ. ЯIу ар цIыфхэм!“

Мафэ горэм нэбгыритIу къалэу Раматаим екIурэ гъогум тетэу кIощтыгъэх. ТIумэ языр кIэлэ лъэпэлъагэу щытыгъ ыкIи ШаулкIэ еджэщтыгъэх. Адырэр Шаул ятэ иунэIутэу щытыгъ. НэбгыритIур зылъыхъущтыгъэхэр Шаул ятэ иIэхъогъу хэкIодыкIыгъэ щыдыр ары. „Шамуел ыдэжь тыкIонышъ, теупчIын фае щыдым тызыщылъыхъущтыр ешIэмэ“, – ыIуагъ унэIутым. Шаул а гущыIэхэр ыгу рихьыгъэх ыкIи ахэмэ Шамуел иунэ фаузэнкIыгъ.

Чэщым Тхьэм Шамуел къыриIогъахэу щытыгъ: „Сэ уадэжь къэзгъэкIощт Израилы пачъыхьэ фэхъун фаер“. Джащ къыхэкIэу ятэ иунэIут игъусэу Шаул Шамуел дэжь къызэкIом, мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ ар ахэмэ къапэгъокIыгъ: „Ащ нахьыбэкIэ шъо щыдым шъулъымыхъужь, агъотыжьыгъах ар. Мыдэ Iанэм шъукъеблагъэх“. ОшхэфэхэкIэ Шамуел лым щыщэу анахь инхэр ыкIи IэшIухэр Шаул къыритыщтыгъэх. КIалэм къыгурыIон ылъэкIыгъэп арэущтэу Шамуел къызкIегугъурэр.

КъыкIэлъыкIогъэ пчэдыжьым Шаул ядэжь къежьэжьыгъ. Дагъэ зэрыт къошыныр зыдишти, Шамуел ахэмэ къадежьагъ. Гъогум техьагъэхэу Шамуел къыIуагъ: „Шаул, еIу унэIутыр тапэ ишъынэу!“ Шаулрэ ежьырырэ язакъоу къызэнэхэм, Шамуел кIалэм зыкъиуфэнэу риIуи зэкIэ дагъэу къошыным итыр ащ ышъхьэ щифагъ. „Зиусхьаным о Израил иIэшъхьэтетэу уакъыхехы“, – риIуагъ Шамуел кIалэм ыкIи ынатIэ ебэугъ. Джаущтэу Израил иапэрэ пачъыхьэу Шаул хъугъэ.

Уахътэр кIуагъэ. Шамуел джыри ятэ ихашъо ылэжьыщтыгъэ. Шамуел фэшъхьаф зыми ышIэщтыгъэп Шаул Израил ипачъыхьэу зэрэхъугъэр. Ау мары зэгорэм Шамуел зэкIэ хъулъфыгъэу Израил исхэр ыугъоигъэх. Зиусхьаным къаригъэлъэгъун фэягъэ цIыфхэм япачъыхьэу хъугъэр. Шаул ятэ игъусэу а зэIукIэм къэкIогъагъ. ЕтIанэ зэкIэри къызызэIокIэхэ нэужым Тхьэм Шаул цIыфхэм къаригъэлъэгъугъ. ЗэкIэми алъэгъумэ ашIоигъуагъ пачъыхьэр, ау кIэлэ рэхьатэу щытыгъэ Шаул лъэшэу зэрэукIытагъэм къыхэкIэу кухэм захигъэбылъхьагъ ыкIи зыми ар къыгъотын ылъэкIыгъэп. Джащыгъум Шамуел Тхьэм еупчIыгъ: „Шаул джыри мы чIыпIэм къэкIонэу щыта?“ Тхьэми ащ пэгъокI къыритыжьыгъ: „Шаул кухэм захигъэбылъхьагъ“. ЦIыфхэм Шаул къагъоти, Шамуел ыдэжь къызащэм, зэкIэми алъэгъугъ ар кIэлэ гохьэу ыкIи кIочIэшIоу зэрэщытыр. ГушIом зэлъиштэгъэ цIыфхэр къэзэрэгъэкууагъэх: „Орэпсау пачъыхьэр!“

Шаул пачъыхьэ зэрэхъугъэр джы зэкIэми ашIэщтыгъэ нахь мышIэми, нахьыпэм фэдэу ар ятэ ыдэжь исыгъ ыкIи губгъом щылажьэщтыгъэ. Тхьэм гъусэ къыфишIыгъэ кIэлэ лIэблэнэ заул ныIэп ащ ыдэжь кIогъагъэхэр – ахэр Шаул иапэрэ дзэкIолIыгъэх.

Илъэс заулэ тешIагъэу пыйхэр къытебанэхи, Израил аштагъ. Шаул хъугъэ-шIагъэм щыгъуазэ хъугъэ. Израил щыпсэурэ цIыф лъэпкъыр пыйхэм ащиухъумэнхэ ылъэкIыным пае, Тхьэм Шаул кIочIэшхоу ыкIи лIыбланэу ышIыгъ. Шаул цIыфхэм къяджагъ ыкIи ахэмэ унашъо афишIыгъ пыйхэм апэуцужьынхэм пае, зэкIэ хъулъфыгъэу хэгъэгум исхэр къаугъоинхэу. ЗэкIэри къызызэрэугъоихэм, Шаул идзэкIолIхэр заом ыщагъэх ыкIи пыйхэр зэхикъутагъэх. Пыйхэу къэнагъэхэм ерагъэу ашъхьэ Iуахыжьыгъ. МыдыкIэ гушIом зэлъиштэгъэ израил цIыфхэм Шаули зэряпащэу ятекIоныгъэ хагъэунэфыкIыщтыгъ. ТекIоныгъэу къыдахыгъэм пае мэфэкIышхо зэхащэгъагъэ ыкIи ащ Тхьэм къурмэн щыфашIыгъ. Тхьэр арыба пыйхэм атекIонымкIэ Шаул IэпыIэгъу къыфэхъугъэр!

Ау, сыдэу гукъаоми, Шаул лъэшэу ыгу етыгъэу Тхьэм фэлажьэщтыгъэп. Тхьэм игъоу къызэрэфилъэгъурэм фэмыдэу, ежьыр зэрэфаем тетэу зекIоу къыхэкIыщтыгъэ. Шамуел лIыжъым лъэшэу ыгу къеощтыгъэ пачъыхьэр арэущтэу дэеу Тхьэм зэрэфэлажьэщтыгъэр. Ау зэгорэм Тхьэм Шамуел къыриIуагъ: „Шаул изекIуакIэ пае зымыгъэчэфынчъ! Фэшъхьаф пачъыхьэ Сэ Израил къестыщт“.

1. Израил ипачъыхьэу хъуным пае хэта Тхьэм къахихыгъэр?
2. Тхьэм ар цIыфхэм къызарегъэлъэгъум, тыда Шаул зызыщигъэбылъыгъэр?
3. Пыихэр зэхикъутэнхэмкIэ хэта Шаул IэпыIэгъу къыфэхъугъэр?
4. Шаул Тхьэр шIу зэримылъэгъущтыгъэр хэта зыгу къеощтыгъэр?
5. Зиусхьаным сыд фэдэ гугъапIа Шамуел къыритыгъэр?



## *33. МЭЛЭХЪО ШЪЭОЖЪЫЕУ ДАУТ*

КIапсэ зыпшъэ ишIэгъэ чэмыр ыуж итэу Шамуел къалэу Бетлэхьэм кIощтыгъ. ЗэкIэ ар зылъэгъугъэхэр гупшысэщтыгъэх: „Мары макIо Шамуел лIыжъыр Бетлэхьэм къурмэн щишIынэу“. Ау Шамуел Бетлэхьэм зыкIакIощтыгъэр ащ къурмэн щишIын закъом паеп. Зиусхьаным ишIоигъоныгъэ ыгъэцакIэзэ, Шамуел а къалэм къыщигъотын фэягъэ Израил пачъыхьакIэу фэхъущтыр. Джащ фэшI Шамуел зыдиIыгъыгъ, пачъыхьакIэм ышъхьэ щифэным пае дагъэ зэрыт къошыныр.

А лъэхъаным Бетлэхьэм щыпсэущтыгъ Овед ыкъоу Ишай (Иессей) зыфаIорэ лIыр. Угу къэкIыжьыба о БоIазрэ Рутрэ акъоу Овед зэрэщытыгъэр? Тхьэм Шамуел къыриIуагъ, Ишай ыкъохэм ащыщ Израил ипачъыхьакIэу зэрэхъущтыр. Бетлэхьэм къызэсым, Шамуел къэлэдэсхэм ариIуагъ: „Тхьэм къурмэн фэсшIынэу сэ мы къалэм сыкъэкIуагъ ыкIи шъо зэкIэми а къурмэным шъукъекIолIэнхэ фае“.

Джы мары къурмэныр рагъэжьагъ. Израил зэрыщихабзэу къурмэн ашIырэ былымым ыл етIанэ ащ къыщызэрэугъоигъэхэмэ щашхыжьыщтыгъэ. Къурмэнылыр ашхынэу зэкIэри зыщыфежьэнхэм дэжь Шамуел ошIэ-дэмышIэу къэтэджи, Ишайрэ ащ ыкъуиблырэ акIэлъырыхьагъ. Шамуел къо нахьыжъым еплъи, ыгукIэ зэриIожьыгъэ: „Мыр Израил ипачъыхьакIэу хъущт“. Ау Тхьэм Шамуел къыриIуагъ: „Мы кIалэр мощ фэдизэу зэрэлъагэм ыкIи зэрэкIочIэшхом зыдямыгъэхьых. Сэ зызакъор ары ныIэп ар зыфэдэ цIыфыр зышIэрэр ыкIи Сэ дэгъоу сыщыгъуаз ар зэрэсфэлэжьэщт ыкIи къызэрэсэдэIущт шIыкIэм. Сыфаеп Сэ ар Израил хэгъэгум ипачъыхьакIэу хъунэу“. Ишай адрэ ыкъохэми пачъыхьэ хъун гори Тхьэм къахигъотагъэп.

Джащыгъум Шамуел къэупчIагъ: „Ишай, адэ джыри о уиIэха фэшъхьаф къохэр?“ „СиI, – къыриIожьыгъ тым. – СиI джыри зы – зэкIэмэ анахьыкIэр. Ау ар мыщ щыIэп, мэл Iэхъогъум пэтэу ар губгъом ит“. „ЛъыгъакIох ащ, ар щымыIэу тэ шхэныр едгъэжьэщтэп“, – ыIуагъ Шамуел.

Ишай иунэIут губгъом чъагъэ Даут къыщэнэу. Даут мэлхэр ыгъэхъущтыгъэх ыкIи ренэу зыдиIыгъ арфэ цIыкIум еощтыгъэ. Даут арфэм орэд къырыгъаIо зыхъукIэ, ащ дакIоу Тхьэм фэгъэхьыгъэ орэдхэр къыIощтыгъэх. Даут лIыблэнэ шъыпкъэу щытыгъ. Мафэ горэм Iэхъогъум аслъаныр къытебэнэгъагъ. Даут а хьэкIэ-къуакIэм пэгъокIи ыукIыгъ. Фэшъхьаф мафэ горэми Iэхъогъум къытебэнэгъагъ мышъэр, ари Даут ыукIыгъ. КIалэм Тхьэр шIу ылъэгъущтыгъэ ыкIи Ащ шъхьэкIэфэшхо фишIыщтыгъ, джащ пае Тхьэри ащ IэпыIэгъу къыфэхъущтыгъ.

КIалэу зылъагъэкIуагъэр игъусэу унэIутыр къалэм къызэсыжьым, Ишай къыIуагъ: „Мары скъоу Даут!“ Шамуел ыпашъхьэ къиуцогъэ кIэлэ зэкIужьыр ылъэгъугъ. А охътэ дэдэм Шамуел зэхихыгъэ Тхьэм ымакъэ: „Дагъэр къаштэри, ар Даут ышъхьэ текI! Ары Израил ипачъыхьакIэр“.

Пачъыхьэ Шаул нахьыбэрэм нэшхъэеу ыкIи губжыгъэу къыхэкIыщтыгъэ. Тхьэр ащ щэхъукIэ Шаул IэпыIэгъу къыфэхъужьыщтыгъэп, сыда пIомэ пачъыхьэм ыгу жъалымэ хъугъагъэ. Зэгорэм Шаул иунэIутхэм ащ ыгу къаIэтынэу рахъухьагъ. Мафэ горэм ахэмэ пачъыхьэм раIуагъ: „Арфэм орэд къезыгъэIон зылъэкIырэ горэ къыпфэтэрэща? Ащ укъигъэчэфынкIи мэхъуба?“ Шаул къыраIуагъэр ыгу рихьыгъ. Джащыгъум Iофтабгэмэ ащыщ горэм къыIуагъ: „Сэ кIэлакIэ горэ сэшIэ. Ар Бетлэхьэм щыщ Ишай икIал. Дэгъу дэдэу ар арфэм ео“.



Шаул иунэIут Ишай ыдэжь ыгъэкIуагъ. „Уишъао пачъыхьэу Шаул ыдэжь къэкIон фае арфэм къырыгъаIорэхэмкIэ пачъыхьэм изэщ тыригъэунэу“. ПсынкIэу Ишай къыгъэхьазырыгъ пачъыхьэм пае шIухьафтын горэхэр. ЧэцIи, хьалыгъу IэшIуи, сэнэ къошыни... ЗэкIэ ахэр Даут зыдиштагъэх.

Шаул иунагъо щыпсэунэу Даут къинагъ. Пачъыхьэр чэфынчъэ хъоу ыкIи гумэкIэу зыхъурэм, Даут ащ пае арфэм еощтыгъэ ыкIи Шаул ащ нэужым къэчэфыжьыщтыгъэ. Ау Шаул, шъыпкъэмкIэ, ышIэщтыгъэп Даут Израил ипачъыхьэ хъунэу зэрэщытыр.

1. Сыда Шамуел Бетлэхьэм щишIэн ыгу хэлъыгъэр?
2. Бетлэхьэм зежьэм, сыда Шамуел зыдиштэгъагъэхэр?
3. Хэта пачъыхьэ хъунэу Шамуел дагъэр зышъхьэ щифагъэр?
4. Мэлыхэр ыгъэхъухэ зэхъум, сыд фэдэ хьэкIэ-къуакIэха Даут ыукIыгъэхэр?
5. Сыда ыцIэр Даут дэгъоу орэд къызэригъаIощтыгъэм?
6. Хэт пае Даут арфэм еонэу хъугъагъа?



## *34. ДАУТ ГОЛИАТ ЗЭРЭТЕКIУАГЪЭР*

Филишт цIыфхэр Израил джыри къытебэнагъэх. Шаул идзэкIолIхэр зэкIэ къыугъоихи, пыим пэгъокIыгъ. ДзитIури зэоным фытегъэпсыхьагъэхэу зэпыщытхэу бгитIумэ атетыгъэх, кIэир ары ныIэп ахэмэ азфагу илъыгъэр. Пчэдыжь къэс Голиат, филишт цIыфхэм ядзэ щыщ дзэкIолI шъэджашъэр кIэим къыдэуцоти, израилхэм къяджэщтыгъ: „Хэта сэ къысэзаомэ зышIоигъоу шъухэтыр?“ Ау зэкIэри мо лIы иныжъым щыщынэщтыгъэх. Гъоплъэ пэIо онтэгъу ащ ышъхьэ тесыгъ, бгъэр зэлъиубытэу гъоплъэ ашъо щыгъыгъ, ылъэтхыхэм ателъыгъэх гъоплъэ бзыгъэ пIуакIэхэр. Голиат ыIыгъыгъ гъоплъэ мэIу якIи пчы онтэгъушхо. Шъыпкъэр пIощтмэ, израил дзэкIолIхэр ащ щыщынэщтыгъэх, ыкIи мо лIышхом езэонхэу тегушхуахьыщтыгъэхэп.

Израил идзэкIолIхэм ахэтыгъэх Даут ышнахьыжъхэри. ЗэкIэми анахьыкIэу зэрэщытыгъэм къыхэкIэу Даут унэм къинэгъагъ ятэ игъусэу. Зэгорэм Ишай ыкъо нахьыкIэ риIуагъ: „КIори къызэгъашIэ пшыхэм зыгорэ къащышIыгъакъомэ. Даут гъогум техьагъ. Дзэм игъэпсэфыпIэ къызэсым Даут ылъэгъугъ дзэкIолIхэм заом зызэрэфагъэхьазырырэр. Даут ышыхэр къыгъотыгъэх ыкIи лъэшэу гушIуагъэ ахэмэ зыпари къызэрямыхьулIагъэм пае. Ащ нэужым кIалэм а гъэпсэфыпIэм къыщикIухьэзэ зэхихыгъэ дзэкIолIхэр игъэгумэкIыхэу зытегущыIэщтыгъэхэр. ЗэкIэри зытегущыIэщтыгъэхэр Голиат ыкIи ащ зэрэщыщынэщтыгъэхэр ары.

А охътэ дэдэм тефэу Голиат джыри кIэим къыдэхьагъ ыкIи Израил идзэкIолIхэм ащыщ горэ езэонэу къахэкIынэу къаджэу къэуцугъ. Голиат зелъэгъум, Даут дзэкIолIхэм яупчIыгъ: „Сыд фагъэшъошэщта мо филишт иныр зыукIырэм?“ Адрэхэми кIалэм къыраIожьыгъ: „Шаул гущыIэ пытэ ытыгъ, Голиат текIорэм ыпхъу ритыщт ыкIи мылъкушхо фигъэшъошэщт“.

А уахътэм тефэу Голиат цIыфхэм ыкIи ахэмэ я Тхьи мыскъарэ къышIыхэу къыригъэжьагъ. Ар Даут фэщэIэгъахэп ыкIи дзэкIолIхэм ариIуагъ: „Сезэощт сэ Голиат!“ ДзэкIолIхэм Даут пачъыхьэ Шаул дэжь къащагъ. Шаул, шъыпкъэмкIэ Даут ащ лъыпытэу къышIэжьыгъ, арфэм къызэрэригъаIощтыгъэмкIэ кIалэм пчъагъэрэ ащ изэщ тыригъэугъагъэба, ау Даут апэрэу ылъэгъурэм фэдэу ащ зыкъишIыгъ.

„Голиат сезэонэу сыфай!“ – риIуагъ Даут Шаул. Ащ ицыхьэ телъыгъ Тхьэр къызэрэдеIэщтым. Шаул ар кIалэм фидагъэп: „Мо филишт иным о уезэон плъэкIыщтэп. О джыри укIэлакI, модырэр заохэм ащыпсыхьэгъэ дзэкIолI пхъаш“.

Ау Даут къызэкIэкIуагъэп. Мэлахъоу губгъом итызэ, Iэхъогъум къытебэнэгъэгъэ аслъанымрэ мышъэмрэ изакъоу ежьым зэриукIыгъэхэр ащ пачъыхьэм къыфиIотагъ. „Тэри, ти Тхьи мыскъарэ тыкъызэришIыгъэхэм пае сэ а филишт иныр сыукIыщт. АщкIэ Тхьэр IэпыIэгъу къысфэхъущт,“ – ыIуагъ Даут.

„Дэгъу, кIо, – къезэгъыгъ Шаул. – Сэри сыщэгугъы Тхьэр о IэпыIэгъу къыпфэхъунэу“. ЕтIанэ Шаул кIалэм щилъагъэх ежьым игъучI паIо, иашъо джанэ ыкIи ритыгъ сэшхо онтэгъушхо. „Хьау, – ыIуагъ Даут, – мощ фэдиз шъошэ онтэгъу спылъэу сэ псынкIэу зызгъэзэн слъэкIыщтэп, сэрыкIэ мыхэр зэкIэ хьылъащэх“. Ар ыIуи, зэкIэ къыщалъагъэхэр кIалэм зыщихыжьыгъэх.

Мэлахъо бэщыр зыдишти, Даут псыхъоныбэм кIуи, мыжъо джэшъуитф иIалъмэкъэу ибгырыпх пыпхагъэм къырилъхьагъэх. Ахэмэ афэшъхьафэу Даут зыдиштагъ щэрыоу мыжъохэр зэридзынхэ ылъэкIырэр. Мэл горэ Iэхъогъум чыжьэу хэкIымэ, Даут имыжъодз къыштэти, мыжъо ащ дилъхьэти, мэлым тыригъэпсыхьэти, еощтыгъ. Мыжъор блэмыоу – мэлым занкIэу тефэщтыгъ ыкIи ар Iэхъогъум къыхэхьажьыщтыгъ.

ЗэкIэ ищыкIагъэхэр зыдиштэхи, Даут кIуагъэ кIэим Голиат езэонэу. Израил цIыфхэм зэкIэми алъэгъугъ Даут кIэим дэтэу зэрэкIощтыгъэр ыкIи Голиат зэрэIукIагъэр. Ахэр зэкIэ егупшысэщтыгъэх: „Джы дэдэм иныжъым мы кIалэр къыукIыщт“. Голиат Даут къызэрелъэгъоу къытекуугъ: „Сыда о бэщыр пIыгъэу укъызкIысфакIорэр? Сыхьэу пшIошIа?“ Ар Даут къехъонышщтыгъ ыкIи къытекуощтыгъ: „Моу къакIо, сэ джы дэдэм ппсэ хэсхыщт!“

Даут кIэлэ лIэбланэу щытыгъ ыкIи ащ ышIэщтыгъэ Тхьэр къызэрэдеIэщтыр. Ащ мыщ фэдэ пэгъокI Голиат ритыжьыгъ: „О гъучIы паIо пщыгъэу, ашъо джанэкIэ уухъумагъэу ыкIи пчыпыджыныр пIыгъэу зэуапIэм укъэкIуагъ, сэ мы чIыпIэм Тхьэр сигъусэу сыкъэкIуагъ. Непэ сэ Тхьэр IэпыIэгъу къысфэхъущт о усыукIынэу“. Сыд фэдэу пхъашэу къэгубжыгъа Голиат! ПсынкIэу пчыпыджыныр къыпхъуати, ар Даут дэжь къыдзыгъ. Ау Даут ащ нахьи нахь псынкIэжьыгъ. Зы мыжъо ащ Iалъмэкъым къырихи, мыжъодзым дилъхьи, лъэшэу ар ыгъэчэрэгъуи, Голиат тегъэпсыхьагъэу кIуачIэу иIэмкIэ ыдзыгъ. Мыжъор жьым

щышъуйи, занкIэу Голиат ынатIэ хэтIысхьагъ. Иныжъыр ащ лъыпытэу зэхэфагъэ. Филишт кIочIэшхор джауштэу кIалэм ыукIыгъ. Израил идзэкIолIхэр гушIом зэлъиштагъэх, филишт дзэхэм кIаIэжьыгъ. Голиат кIочIэшхор ямыгъусэжьмэ, израил дзэкIолIхэм ахэр кIочIэгъу афэхъунхэу щытыгъэхэп. Шаул идзэкIолIхэр кIэзыIэжьыгъэ пыидзэм ыуж илъэдагъэх. Адрэ къэнагъэмэ Даут акIыгъугъ. А мафэм бэ филишт лIыхэу аукIыгъэхэр.

ЯуцупIэ къызагъэзэжьым, зэкIэми текIоныгъэр чэфыгъошхокIэ агъэунэфыгъ. Шаул закъу ныIэп зэкIэмэ адэмыгушIощтыгъэр. Ар егупшысэщтыгъ: „ЗэкIэми алъэгъугъ Даут Голиат зэрэтекIуагъэр. Бэ темышIэу Даут Израил ипачъыхьакIэу хъун ылъэкIыщт“. Шаул ащ фэягъэп, ау Тхьэр ащ фэягъ.

1. Даут ылъэгъугъэ иныжъ кIочIэшхом сыда ыцIагъэр?
2. Сыда Даут псыныбэм къыщиугъоигъэр?
3. Сыда Голиат къехъулIагъэр?
4. Иныжъыр Даут зэриукIыгъэм пае хэта мыгушIощтыгъэр?
5. Сыда Шаул зэгупшысэщтыгъэр?



## *35. ДАУТ ПАЧЪЫХЬЭУ ШАУЛЫ IЭКIЭКIЫЖЬЫН ФАЕУ ЗЭРЭХЪУГЪЭР*

Шаул шIу ылъэгъущтыгъэп Даут. Ащ ышIэщтыгъэ Тхьэм Израил ипачъыхьакIэу Даут ышIынэу зэрэфаер. „Ау аущтэу хъущтэп, – ыгукIэ зэриIожьыщтыгъэ Шаул. – Сэ сшъхьэкIэ сыпачъыхьащт сэлIэжьыфэ нэс, сызылIэрэ нэужым скъо пачъыхьэ хъущт“.

Даут зэхишIэщтыгъэ Шаул джэгъогъу къызэришIыгъэр. Ащ фэшъхьафэуи, ащкIэ къэбар къыфиIотагъ Ионатан, Шаул ыкъоу Даут ныбджэгъушIу къыфэхъугъэми. „Сятэ уиукIын ыгу хэлъ, Даут, – къыриIуагъ ащ зэгорэм Ионатан. – Сэ зэ сеплъыщт арэущтэу ымышIэнэу сфэгъэдэIощтмэ“. ИнасыпкIэ мызэгъэгум Шаул икIалэ къыриIуагъэм едэIугъ. Даут а къэбарым лъэшэу ыгъэгушIуагъ. „Енэгуягъо, сэ къызэрэсшIошIыгъэм фэдэу пачъыхьэм сыримыджагъокIэ“, – ыгукIэ зэриIожьыгъэ Даут.

Джы бэрэ къыхэкIыщтыгъэ Шаул губжыгъэу ыкIи ябгэу. Ащ ышIэщтыгъэ нахьыбэкIэ Тхьэр ежьым къызэрэдемыIэжьырэр, уахътэ зытешIэкIи Даут Израил ипачъыхьэу зэрэхъущтыри. Мафэ горэм Шаул унэм зесым, Даут ылъэгъугъ пачъыхьэр зэрэчэфынчъэр ыкIи арфэм феонышъ, ыгу къыIэтынэу тыриубытагъ. Даут лъэшэу фэIэпэIасэу арфэм къызэрэригъаIорэр зызэхихыкIэ, ар къэчэфыжьы хэбзагъэ. Мызэгъэгум Даут арфэм зэреорэм нахьыбэрэ едэIу къэс Шаул ынэгу нахь Iаеу къызэхахьэщтыгъ. Гужъ фыриIэу ар Даут къеплъыщтыгъэ мэкъэмэ шIагъохэм ямыдэIоу. ЗэкIэ ошIэ-дэмышIэу ащ пчыпыджын папцIэр къыпхъуати, кIалэм дэжь ыдзыгъ. „Даут лIэн фае“, – джары а такъикъым Шаул зэгупшысагъэр. Аужырэ нэгъэупIэпIэгъум Даут псынкIэу зыIуищэинэу игъо фифагъ ыкIи пчыпыджыныр ежьым пэблэгъабзэу дэпкъым хигъэзыхьагъ. Ар зелъэгъум, зыукIынэу зыгу хэлъыгъэ пачъыхьэ жъалымэм ащ нахьыбэкIэ иунэ исыжьынкIэ фэмыеу Даут ышъхьэ хихьажьыгъ.

Чэщым Шаул идзэкIолIхэр къыугъоихи унашъо афишIыгъ Даут иунэ чэщым къырамыгъэкIынэу, ащ пае нэф ошъыфэ ащ фэсакъынхэу. Даут ишъузэу Малхишуэ (Мелхол) дзэкIолIхэу яунэ къекIуалIэхэрэр зелъэгъухэм, илIы риIуагъ: „Мэзахэфэ о мыщ пшъхьэ Iупхыжьын фае“. Лъэшэу фэсакъызэ, Малхишуэ шъхьаныгъупчъэр къыIуихи, ащкIэ Даут макъэ ымыгъэIоу урамым къытехьагъ. ЕтIанэ зыкъаримыгъэлъэгъоу дзэкIолIхэм къаблэкIи, къалэм къыдэкIыгъ.

Малхишуэ лъэшэу бзылъфыгъэ тхьагъэпцIэу щытыгъ. Даут унэр къызебгынэм, Даут ипIэ нысхъэпэшхо хилъхьи, ащ чхыIэныр тырихъожьыгъ. ЕтIанэ мэлышъо тыкъыр къышти, шъхьантэм ар тырилъхьагъ ар Даут ышъхьацэу къашIуигъэшIыным пае.

Пчэдыжьым Шаул унашъо ышIыгъ ежь ыдэжь Даут къащэнэу. ДзэкIолIхэр Даут иунэ ихьэхи, ащ ишъхьэгъусэ раIуагъ: „Пачъыхьэр ядэжь исэу Даут къеджэ“. „СилI сымадж“ – къаритыжьыгъ пэгъокI ахэмэ Малхишуэ. Шаул ыдэжь къагъэзэжьи, дзэкIолIхэм ащ раIуагъ Даут зэрэсымаджэр ыкIи ащ къыхэкIэу пачъыхьэм ыдэжь къэкIон зэримылъэкIыщтыр. „ПIэм зэрэхэлъэу ар садэжь къэшъухьыри сэжъугъэукIы!“ – къатекууагъ Шаул.

ДзэкIолIхэр джыри Даут иунэ чъагъэх, ау ащ ичъыепIэ унэ зехьэхэм, чхыIэнэу пIэм тырахыгъэм ычIэгъ насхъапэ чIэлъэу алъэгъугъ ыкIи Даут ышъхьацэу шъхьантэм телъыгъэр зэрэмэлышъори. Малхишуэ Шаул ыгъэпцIагъ.

Адэ ошIа о Малхишуэ Шаул ыпхъоу зэрэщытыгъэр? Сыд фэдэу пачъыхьэр ыпхъу фэгубжыгъагъа Даут хэхьажьынымкIэ IэпыIэгъу зэрэфэхъугъэм пае! ПсынкIэу Шаул идзэкIолIхэр къыугъоихи, унашъо афишIыгъ Даут къаубытынэу. Ау Тхьэр Даут къыдеIэщтыгъэ ыкIи Шаул амал ритыщтыгъэп ар ыукIынэу. Даут изакъоу щытыгъэп. Шаул жъалымэм игубж зыщиухъумэнымкIэ цIыфыбэ Даут IэпыIэгъу къыфэхъущтыгъэ.

Зэгорэм Даут мэзым зыщигъэбылъэу хэсыгъ. Шаул ар зызэхехым, идзэкIолIхэр игъусэхэу, кIалэм лъыхъунхэу ыуж ихьагъэх. Даут иныбджэгъу Ионатани ахэмэ ягъусагъ. Купыр мэзым зыхахьэм, Ионатан ахэмэ ауж зыкъыригъани, Даут лъыхъунэу ежь изакъоу ежьагъ. ЕтIанэ ар къызегъотым, риIуагъ: „Умыщын! Тхьэм о укъеухъумэ, Даут! СэшIэ сэ Тхьэм о Израил ипачъыхьэу узэришIыщтыр ыкIи сэри сэшIэ пачъыхьэу сызэрэмыхъущтыр. Сятэ Шаули ар ешIэ, ау ыгукIэ еуцолIэн ылъэкIырэп. Сятэ егъашIэми о укъыгъотыни уиубытыни ылъэкIыщтэп, сыда пIомэ Тхьэм Ежь о укъеухъумэ“. Зэрэхъугъэ шъыпкъэмкIи, мызэгъэгум Шаул Даут къыубытын ылъэкIыгъэп.

Ащ ыужыми Шаул зэхихыгъэ Даут къушъхьэ лъагэхэм защигъэбылъэу ыкIи ар къыубытын гухэлъ иIэу джыри лъежьагъ. Шаул идзэкIолIхэр чыжьэкIэ къызелъэгъухэм, иныбджэгъухэр игъусэхэу Даут гъочIэгъы горэм зыщигъэбылъыгъ. А гъочIэгъ дэдэу Даутэрэ иныбджэгъухэмрэ зызыщагъэбылъыгъэм мышIэ IофкIэ Шаул изакъоу зыщигъэпсэфын ыгу хэлъэу къыщыуцугъ.

ГъочIэгъым лъэшэу щышIункIыгъэти, Шаул зыпари ащ чIилъэгъуагъэп ыкIи зигъэпсэфынэу гъолъыгъэ.

„Даут, – къеIушъашъэщтыгъэх ащ дэжьым иныбджэгъухэр, – джы дэдэм Шаул уукIын плъэкIыщт. Ежь Тхьэр ащкIэ о къыпфэгумэкIыгъ“. „Хьау, аущтэу сшIыщтэп, – ыIуагъ Даут. – Тхьэм Израил хэгъэгум ипачъыхьэкIэ къыхихыгъэ лIыр сыукIын слъэкIыщтэп. Макъэ ымыгъэIоу Даут Шаул екIошъылIи, ищэжъые чан къырихи, чъыерэм ищыгъын кIыIутелъыцыпэ къыпиупкIыгъ. ЕтIанэ джащ фэдэ къабзэу цIыкIу-цIыкIоу иныбджэгъухэм къахэхьажьыгъ. ТIэкIу тешIагъэу Шаул къэущыжьи, гъочIэгъым къычIэкIыжьыгъ. Ау ыужкIэ инэIосэ макъэ къыщыIоу ащ зэхихыгъэ: „О сипачъыхь!“ Шаул инэу къэтхыхыгъ – зэу къышIэжьыгъ ащ Даут ымакъэ. КъызызэплъэкIым Шаул ылъэгъугъ гъочIэгъ чIэхьапIэм дэжь Даут зэрэщытыр. КIалэм шъхьащэ къышIи, пачъыхьэм шъхьэкIэфэшхо фыриIэу риIуагъ: „Сыда о сыуукIынэу узыкIыфаер? Сэрымэ, мыхъун о къыозгъэхъулIэнэу сыфаеп“. ЕтIанэ Даут Шаул ригъэлъэгъугъ ищыгъын кIыIутелъ цыпэу пиупкIыгъэр. „О учъые зэхъум, сэ ар пысыупкIыгъ. ЗыпарэкIи къин къысщымыхъоу усыукIын слъэкIыщтыгъэ, ау аущтэу сшIэнкIэ сыфэягъэп“, – ыIуагъ кIалэм.

Зэхихыгъэм нэмыз-Iумыз ышIыгъэу Шаул щытыгъ. Джы ащ ышIэщтыгъэ ежь нахьи Даут бэкIэ нахь цIыф зафэу зэрэщытыр. ЫукIын гухэлъ иIэу Шаул Даут илъэуж хэгъэгум щифыщтыгъэ, ежьым Даут ар къыукIынкIэ фэягъэп, псаоу къыгъэнэжьыгъ. УкIытэжьыгъэу Шаул къыIуагъ: „Джы сэ сэшIэ жъалымагъэ угу къызэрэсфимылъыр. ЫкIи сэшIэ Тхьэм Израил ипачъыхьэу уишIын ыгу зэрэхэлъыр“. Шаул идзэкIолIхэр ыугъоижьыхи, ядэжь кIожьыгъэ, ащ щэхъукIэ ыуж зэримыфэжьыщтэу Даут гущыIэ пытэ къыритыгъэу. Ау ащ гущыIэу къыритыгъэр ыгъэцэкIэжьыгъэп. Ащ нэужыми ар пчъагъэрэ къыфежьэгъагъ Даут ыубытын ыгу хэлъэу, ау ащ пэпчъ зыпари къыдэхъущтыгъэп, сыда пIомэ Тхьэм Даут къыухъумэщтыгъэ.

Охътэ заулэ тешIагъэу Шаул лIагъэ. Израил цIыфхэр Даут ыдэжь къакIохи, Израил ипачъыхьэ хъунэу къелъэIугъэхэти, Даут ащ езэгъыгъ. Ежьым Тхьэм ар фэшъхьафыбэхэм къахихыгъ ыкIи Израил иIэшъхьэтетыкIэу ышIыгъ.

1. Сыда пачъыхьэ Шаул Даут ылъэгъу зыкIэмыхъущтыгъэр?
2. Даут арфэм ео зэхъум, сыда Шаул ышIагъэр?
3. Сыда Малхишуэ Даут ипIэ хилъхьэгъагъэр?
4. Шаул гъочIэгъым зыщэчъыем, сыда Даут ащ римышIагъэр?
5. Сыда Даут Шаул къыригъэлъэгъугъэр?



## *36. ДАУТ ДЫШЪЭ ПХЪОНТЭ ЛЪАПIЭР ЕРУСАЛИМ ЗЭРИХЬЫЖЬЫГЪЭР*

Джауцтэу Тхьэм зэриIуагъэу Даут Израил хэгъэгум ипачъыхьэу хъугъэ. Израил цIыфхэм ар лъэшэу ягопагъ ыкIи япачъыхьакIэ шIу алъэгъущтыгъэ. Iошъхьэ шыгум тет къэлэ дахэу Ерусалим Даут дэтIысхьагъ. Къалэм удэхьаным пае ащ икъэлэпчъэ дэхэ онтэгъушхохэм уадэкIын фэягъэ. Ерусалим Даут пщыпIэ унэшхо зэтегъэпсыхьагъэ щыриIагъ. Ренэу IэпыIэгъу къызэрэфэхъурэм фэшI Тхьэр ыгъэрэзэным Израил ипачъыхьакIэ кIэхъопсыщтыгъ. Арыти, Ерусалим Тхьэм иунэшхо дэхэ дэдэу щигъэпсынэу ащ тыриубытагъ. Ау Тхьэр ащ фэягъэп. Ар зыфэягъэр Даут ыкъо пачъыхьэ зыхъукIэ, а унэр ыгъэпсынэу арыгъэ.

Джащыгъум иунэIутхэр ыугъоихи, Даут ахэмэ ариIуагъ: „Тэ Тхьэм иунэшхо дгъэпсыщт, ащ ыпашъхьэ щытыщт къурмэншIыпIэ, дин пащэхэм Зиусхьаным ыцIэкIэ ащ къурмэныпхъэ былымхэр щышIуабзыщтых“. Ау Тхьэм иунэшхо нэкIэу щыты хъунэу щытыгъэп. Арышъ ащ чIэгъэуцогъэн фае пхъонтэ лъапIэр – пхъэм хэшIыкIыгъэу ыкIоцIыкIи ыкIыIукIи дышъэ зытегъэлъэдагъэу шIыгъэр. А пхъуантэр бэ шIагъэу ашIыгъэгъэ Тхьэм иунэ имытэу, Ерусалим пэмычыжьэу щыпсэурэ дин пащэм иун ар зэрытыгъэр.

Уахътэ тешIагъ ыкIи а пхъуантэр Ерусалим ахьыжьынэу Тхьэм фиты ышIыгъэх. НасыпышIоу зызылъытэжьырэ Даут ащ фэгъэхьыгъэу мэфэкIышхо зэхищэгъагъэ. Ерусалим зэкIэ щыпсэухэрэр а хъугъэ шIагъэм пае гушIощтыгъэх. Ежьым якъалэ къахьыжьыным пае япачъыхьэ Даут кIыгъухэу ахэр пхъонтэ лъапIэм лъыкIуагъэх. Даут ишъхьагъусэ Малхишуэ закъу ары ныIэп ахэмэ адэмыкIуагъэр. Ащ ыгукIэ Тхьэр шIу ылъэгъущтыгъэп ыкIи щагум къыдэнэгъагъ.

Дин пащэхэм пхъонтэ лъапIэр ахьыщтыгъ, ахэмэ апэ итыгъ Даут насыпышIоу. Дин пащэхэм пщынэ зэфэшъхьафхэм орэдхэр къарагъаIощтыгъэх. Ерусалим цIыфэу щыпсэухэрэр пхъонтэ лъапIэм ыуж итхэу, гушIогъошхом зэлъиштагъэхэу къыхэкуукIыщтыгъэх: „Пхъонтэ лъапIэр Ерусалим къахьыжьы! Къэлапчъэхэр къыIушъухых!“

Купыр къалэм къызыдахьэм, ар пачъыхьэм иунэшхо блэкIын фаеу хъугъагъэ. А уахътэм тефэу Малхишуэ шъхьангъупчъэм Iутыгъ ыкIи ылъэгъугъ илIы Даут гушIогъошхом зэлъиштагъэу, апэ итэу къашъозэ ыкIи орэд къыIозэ, зэрэкIощтыгъэр. Малхишуэ лъэшэу губжыгъагъэ илIы пачъыхьэ шъуашэр зэрэщымыгъым ыкIи адрэ цIыф къызэрыкIохэм афэдэу урамым зэрэрыкIорэм ыкIи цIыфхэм зэрадэчэфырэм апае. Ащ зэрилъытэщтыгъэмкIэ, пачъыхьэр сыдигъуи пачъыхьэ шъуашэкIэ фэпэгъэн ыкIи пачъыхьэ теплъэ иIэн фэягъэ. Ау Даут мызэгъэгум арэущтэу щытынэу фэягъэп. „Непэ зэкIэри зэплъынхэ фаер пхъонтэ лъапIэр ары нахь, сэрэп“ – ыгукIэ ыIощтыгъэ ащ.

ЫкIэм-ыкIэжьым купыр Тхьэм иунэ къэсыгъэх ыкIи дин пащэхэм лъэшэу фэсакъхэзэ, пхъуантэр ащ чIахьагъ. Нэужым Тхьэм ыцIэкIэ къурмэншIыпIэм къурмэныпхъэ былымыр щышIуабзи, етIанэ мэфэкIышхор рагъэжьагъ. Къэзэрэугъоигъэхэм ащыщ пэпчъ лы тыкъырышхорэ хьалыгъу псаурэ Даут аритыгъ, анахь тхьамыкIэми, зэкIэмэ ягъусэу мэфэкIыр хагъэунэфыкIын алъэкIыным пае.

Пчыхьэ хъугъэу мэфэкIыр заух нэужым Даут иунэшхо къэкIожьыгъ, ыкIи Малхишуэ ащ еушъыизэ, риIуагъ: „Сыда о уипачъыхьэ шъуашэ зыкIыпщымыгъыгъэр? Сыда о зэкIэми урягъусэу, анахь цIыф къызэрыкIом уфэдэу урамым утетэу укъызыфашъощтыгъэр?“ Даут лъэшэу агъэгубжыгъ ишъхьагъусэ игущыIэхэм ыкIи Малхишуэ риIуагъ: „Тхьэм фэшI сэ сыкъызыфэшъуагъэр“. Тхьэр арымэ, Ащ егъашIэрэу Малхишуэ ыгъэпщынагъ: егъашIэми ащ сабый къыфэхъугъэп.

Илъэсыбэрэ Даут пачъыхьэу Израил хэгъэгум иIагъ. ЗэкIэ ащ изекIуакIэхэр Тхьэм ыгу римыхьыхэуи къыхэкIыгъ ыкIи жъы хъугъэу Даут къыгурыIуагъ псэкIодшIэгъабэ зэриIэр ыкIи ахэр къыфигъэгъунхэу Тхьэм елъэIугъ. Зиусхьаным ащ ипсэкIодшIагъэхэр фигъэгъугъэх. Ащ ышIэщтыгъ Даут Ар шIу къызэрилъэгъурэр ыкIи ыгукIэ зэригъэлъапIэрэр.

Даут жъы зэхъум, цIыфхэм къариIуагъ ежьыр зылIэрэ нэужым ащ ыкъоу Сэлмэн Израил хэгъэгум ипачъыхьэу зэрэхъущтыр. Джары Тхьэр зыфэягъэр.

Охътэ заулэ тешIагъэу Сэлмэн Израил хэгъэгум ипачъыхьэу хъугъэ, Даути лIагъэ. Джы ар ренэу Тхьэм игъусэу ошъогум щыщыIэн ылъэкIынэу хъугъэ. Ащ нэуж илъэс бэ дэдэ тешIагъэу Даут илIакъо къыхэхъухьагъ ти КъэгъэнэжьакIо Исус Христос.

1. Сыд фэдэ къалэр ара Даут зыщыпсэущтыгъэр?
2. Тыда зыдэщыIэн фэягъэр пхъонтэ лъапIэр?
3. Сыда Малхишуэ, Даут ишъхьагъусэ, илIы зыкIыфэгубжыгъагъэр?
4. Сыда Зиусхьаным Даут ипсэкIодшIагъэхэр зэкIэ зыкIыфигъэгъугъэхэр?



## *37. ПАЧЪЫХЬЭ ІУШЭУ СЭЛМЭН*

Сыдэу цІыфыбэ атета Ерусалим иурамхэм! Зыхэм мыжъохэр зэрылъ куржэжъыехэр зэрацщэх, адрэхэм бгыкъушхохэр тамэкІэ зэрахьэх, яцэнэрэхэм пхъэмбгъухэр ахьых. Ерусалим щагъэпсы Тхьэм иунэшхо. Ау ар зыгъэпсырэр пачъыхьэу Даутэп – Даут щыІэжьэп. Ащ ыкъоу Сэлмэн ары Іэшъхьэтетыгъор Израил хэгъэгум щызиІэр. Джары Тхьэм иунэшхо дахэ языгъэгъэпсырэр. Сэлмэн – пачъыхьэ Іуш. Тхьэр ары а акъылыр ащ къезытыгъэр. Израил хэгъэгум зэкІэ щыпсэухэрэм ашІэщтыгъэ Сэлмэн пачъыхьэ Іушэу зэрэщытыр ыкІи лъэшэу яІэшъхьэтеты рыгушхощтыгъэх. Джащ пае Тхьэм иунэшхо ыгъэпсынэу Сэлмэн зырехъухьэм, гушІохэзэ зэкІэри зэлъыфежьагъэх Іофым.

Пачъыхьэу Даут зэгорэм ыгъэпсыгъэгъэ Тхьэ унэм пхъонтэ лъапІэр чІэтыгъ. Ау Тхьэм иунэшхо ишІын зэраухэу ащ къахьыжьын фэягъэ пхъонтэ лъапІэр. ИлъэсиблыкІэ Тхьэм иунэшхо дэхэ дэдэ агъэпсыгъ. Джы дин пащэхэм пхъонтэ лъапІэр Тхьэ унэм къырахыжьынышъ, Тхьэм иунэшхо къахьыжьын алъэкІыщтыгъ.

Тхьэм иунэшхо игъэпсын зэраухыгъэм фэгъэхьыгъэу мэфэкІышхо зэхащэгъагъэ. Дин пащэхэм Тхьэм ыцІэкІэ къурмэн ашІыгъ, пачъыхьэу Сэлмэн тхьэлъэІу ышІы зэхъум, Зиусхьаным елъэІугъ Израил хэгъэгум ынэшІу къызэрэщифэрэр зэпимыгъэунэу. Пыйхэр Израил хэгъэгум къызытебанэхэкІэ, лэжьыгъэр къэмыкІэу къызщыхэкІырэ илъэсхэм, е цІыфхэм жъугъэу узыхэр къяузыхэмэ, ІэпыІэгъу къафэхъунэу ар Тхьэм елъэІугъ. „Къытфэгъэгъу Зиусхьан типсэкІодшІагъэхэр! Умакъэ тыкІэмыдэІукІэу къыхэкІыгъэми, къытфэгъэгъу!“ – елъэІущтыгъ Сэлмэн Тхьэм. Тхьэми ащ илъэІу зэхихыгъэ.

Мэфиблырэ агъэмэфэкІыгъ, етІанэ гушІошхом хэтхэу цІыфхэм ядэжь агъэзэжьыгъ.

Ащ нэуж тэкІу тешІагъэу Сэлмэн пщыунэшхо зыфигъэпсыжьыгъ. ЗэкІэ ар зылъэгъугъэмэ аІуагъ, а пщыунэм нахь дахэ щымыІэу. Сэлмэн ипачъыхьэ тІысыпІэ дышъэ къабзэм хэшІыкІыгъагъ, дзэкІолІхэу а тІысыпІэм кІэлъырытыгъэхэм ящыгъынхэр дышъэ ІуданэхэмкІэ идыкІыгъагъэх.

Пачъыхьэу Сэлмэн иІушыгъэ тыдэкІи дунаим щызэлъашІэ хъугъагъэ. Фэшъхьаф хэгъэгухэм къарыкІыхэти, упчІэжьакІо Сэлмэн ыдэжь бэрэ къакІощтыгъэх. Сэлмэн пачъыхьэм иІушыгъэ икъэбар Шэвэ ипачъыхьэ бзылъфыгъэ лъыІэсыгъагъ. А къэбархэм яшъыпкъапІэ ежьым ышъхьэкІэ зэригъэшІэн ыгу хэлъэу Ерусалим кІонэу ащ рихъухьагъ. Сэлмэн пае шІухьафтын лъапІэхэр: дышъэ, пкъыгъо лъапІэхэр, мэІэшІу зыпихырэ дагъэхэр махъушэ пчъагъэхэмкІэ пачъыхьэм фыращэжьагъэх.

Сэлмэн лъэшэу фэнэгуихыгъэу Шэвэ пачъыхьэ бзылъфыгъэм пэгъокІыгъ. ЗэкІэ ипщыунэшхорэ ыкІи Тхьэм иунэ дэхэшхорэ ригъэлъэгъугъэх. Пачъыхьэ бзылъфыгъэм зэкІэ ахэр ыгу рихьыгъэх, ау зэкІэми анахьэу ащ зэригъэшІэнэу зыфэягъэр цІыфхэм зараІорэм фэдэу Сэлмэн Іушэу щытмэ ары. Джащ пае пачъыхьэ бзылъфыгъэм упчІэ къин заулэ, хэти джэуап къызэратыжьын амылъэкІыгъэхэр, Сэлмэн фигъэуцугъэх. Ау СэлмэнкІэ а упчІэхэр зыкІи къинхэу щытыгъэхэп.

„О уибаигъэрэ уиІушыгъэрэ яхьылІагъэу бэ сэ цІыфхэм къаІуатэу зэхэсхыгъэр, Сэлмэн, ау джы сэлъэгъу, Іофым ызыныкъуи цІыфмэ къызэрэсфамыІотагъэр. Сэ зэрэслъэгъугъэмкІэ, зэраІорэм нахьи нахь убай ыкІи зэкІэри къызэрэптегущыІэхэрэм нахьи нахь уІуш, – къыриІуагъ шъхьэкІэфэшхо хэлъэу пачъыхьэ бзылъфыгъэм. – О Израил хэгъэгум ипачъыхьэу укъыхэзыхыгъэ Зиусхьаным, о уи Тхьэ мыкІодыжьын щытхъур ыдэжь!“ Игъогу техьажьын зэхъум, Сэлмэн шІухьафтын лъапІэхэр пачъыхьэ бзылъфыгъэм фишІыгъэх ыкІи махъушэ караваным ар хэгъэгу чыжьэм рищэжьэжьыгъ.

Пачъыхьэу Сэлмэн, шъыпкъэмкІэ, цІыф Іушэу щытыгъ, ау ащ бэрэ мыхъун зекІуакІэхэр къыхафэщтыгъэх. Хэгъэгу зэфэшъхьафхэм ащыщхэу Сэлмэн шъузыбэ иІагъ. Ау зэкІэмэ анахь дэижьэу щытыгъэр ишъузхэм тхьабэхэр ашІошъ хъоу зэрэщытыгъэр ыкІи ежь ар зэрафидэщтыгъэр ары. Ар хэгъэкІыри, къурмэн шІыпІэ цІыкІубэ ащ Ерусалим дишІыхьэгъагъ ишъузхэм ежьхэм ятхьэ сурэтхэм афэшІ къурмэн къыщахьыным пае. Загъори ежьыр шъыпкъэр а чІыпІэхэм кІощтыгъэ ишъузмэ ягъусэу.

Арыти, Тхьэми ащ фэдэ мыхъун зекІуакІэхэм апае Сэлмэн ыгъэпщынагъ. Къэралыгъоу Израилыр ІахьитІоу гощыгъэ хъугъагъэ: зы Іахьым ипачъыхьэу хъугъэ Сэлмэн ыкъо, адрэ Іахьым пачъыхьэ фэхъугъагъэр Ахав ары.

1. Израил хэгъэгум пачъыхьакІэу фэхъугъэм сыда ыцІагъэр?
2. Хэта ар Іушэу ыкІи баеу зышІыгъэр?
3. Сыда Сэлмэн Ерусалим дишІыхьагъэр?
4. Ибаиныгъэ зэригъэлъэгъунэу хэта Сэлмэн ыдэжь къэкІогъагъэр?
5. Сыд фэдэ псэкІодха Сэлмэн ышІагъэхэр?
6. Сэлмэн зэлІэ нэужым сыда Израил хэгъэгум къехъулІагъэр?



## *38. ПЕГЪЫМБАРЭУ ИЛЯС*

Израил къэралыгъуитIоу гощыгъэ зэхъу нэужым ащ ичIыгу инахьыбэм тетыгъо фызиIагъэр пачъыхьэу Ахаврэ ащ ишъхьагъусэу Изэвэлрэ. Ау Ахави Изэвэли Тхьэр шIу алъэгъущтыгъэп ыкIи ащ фэлажьэщтыгъэхэп. Ахав ышIошъ хъущтыгъэр ыкIи шъхьащэ зыфишIыщтыгъэр тхьэ нэпцIэу БаIал ары, ыкIи ащ ыцIэкIэ къурмэншIыпIабэ зэкIэ хэгъэгум зэфэдэкIэ щигъэпсыгъагъ. Хэгъэгум исым нахьыбэм джащ фэдэу Зиусхьаныр щыгъупшэжьыгъагъ ыкIи япачъыхьэ кIыгъухэу, тхьэ нэпцIым фэлажьэщтыгъэх. ЗэкIэ ахэр ылъэгъухэ зэхъум, Тхьэм пегъымбарэу Иляс къафигъэкIуагъ цIыфхэм мыхъунэу ашIэхэрэр агу къыгъэкIыжьынхэм пае.

Ахав ипщы унэшхо къакIуи, Иляс Тхьэм игущыIэхэр пачъыхьэм къыриIуагъэх: „Пегъымбарэу Иляс къыкIэлъэIуфэ нэс зы ощхыцэ чIыгум къытефэщтэп“.

Ары зэрэхъугъэри. Хэгъэгум ощх къыщещхыжьыщтыгъэп ыкIи огъоу щытыгъ. ЗэкIэ къэкIыхэрэри чъыгхэри игъукIыгъэх, тыгъэ стырым уцхэр ыгъэгъугъэх, былымхэм ашхын щымыIэжьэу къэнэгъагъэх. Хэгъэгум гъаблэр къыщежьагъ. Псыхъошхохэр арых ныIэп псы тIэкIу къызыдэнэгъагъэр. ЦIыфхэр ащ къакIощтыгъэх псы тIэкIу ахьынэу ыкIи былымхэр псы рагъэшъонхэу.

Ау а хэгъэгум ис цIыфхэм афэдэу, Ежь фэлажьэрэ пегъымбар Иляс гъаблэмрэ псыфалIэмрэ къин рагъэлъэгъунэу Тхьэр фэягъэп. Арыти, Тхьэм къыриIуагъ Иляс: „Псыхъоу Кэрит дэжь зыщыухъум. Ащ о узыфаем фэдизэу псы щыбгъотыщт, гъомлапхъэр о мафэ къэс къолэжъхэм къыпфахьыщт“. Тхьэм къызэриIуагъэм фэдэу Иляс ышIыгъ.

Пегъымбарыр псыхъоу Кэрит къызекIуалIэм, ылъэгъугъ бзыушхохэр ежьым ыдэжь къызэрэбыбыхэрэр. АцапэкIэ аIыгъхэу къолэжъхэм Иляс гъомлапхъэ къыфахьыщтыгъ. Зым ыцапэ хьалыгъу дэлъыгъ, адрэм – лы такъыр. Иляс къебыбылIэхи, фэсакъыхэзэ, гъомлапхъэу къахьыгъэр ащ ыбгъукIэ къагъэтIылъи, IубыбыкIыжьыгъэх. Пчэдыжь къэс ыкIи пчыхьэ къэс къолэжъхэр Иляс ыдэжь къэбыбыщтыгъэх ыкIи ышхыщтыр къыфахьыщтыгъэ. Джаущтэу Тхьэр пегъымбарым къыфэгумэкIыщтыгъ.

Ау мары псыхъоу Кэрит дэтыгъэ псыри игъукIыгъ. Тхьэм Иляс къыриIуагъ пэмыкI хэгъэгу кIонэу ыкIи шъузабэ горэм иунэ итIысхьанэу. Иляс къалэу Царфатэ кIуи, Тхьэм къыригъэлъэгъугъэ унэм итIысхьагъ. Бзылъфыгъэу Иляс зыдэжь исыгъэм зы къо закъо иIагъ ыкIи тхьамыкIэ дэдагъ. Иляс ащ ыдэжь къызэкIом, унагъом зи шхын илъыгъэп пIоми хъунэу щытыгъ. Зы хьалыгъу гъэжъэгъу икъунэу хьаджыгъэ тIэкIурэ дэгъэ тIэкIурэ ныIэп шъузабэм къыфэнэжьыгъагъэр. Ау бысымгуащэр емыхъырэхьышэжьэу пщырэхьапIэм кIуагъэ хьалыгъу къыгъэжъэнышъ, пегъымбарыр ыгъэшхэным пае. Ау мыщ дэжьым гъэшIэгъон хъугъэр: бзылъфыгъэм хьалыгъур къыгъэжъагъ, ау пхъэчаим хьаджыгъэу илъыгъэм хэкIыгъэп, къошыным дагъэу итыгъэми къыкIичыгъэп. Джары зэрэхъущтыр мафэ къэси. Бзылъфыгъэм Иляс ыкIи ежьым икIалэ апае хьалыгъу ыгъажъэщтыгъэ, ау хьаджыгъэмрэ дагъэмрэ къащыкIэщтыгъэп. А Iофыр зиIэшIагъэр Тхьэр арыгъэ.

Ау ошIэ-дэмышIэу унагъом тхьамыкIэгъошхо къихъухьагъ: шъузабэм ыкъо закъо къэсымэджагъ ыкIи мэфэ заулэ нахь темышIэу лIагъэ. Ишъао ихьадэ ыкокI илъэу бзылъфыгъэм ыгъаещтыгъэ. Иляс зэкIэ ахэр ылъэгъугъ ыкIи быным IэпыIэгъу фэхъунэу рихъухьагъ. Шъэожъые лIагъэр ежьыр зэрыс унэм къыхьи, пIэкIорым тырилъхьагъ. ЕтIанэ лъэгонджэмышъхьэкIэ етIысэхи, Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ: „А Зиусхьан, а си Тхьэ, мы кIэлэцIыкIум ыпсэ къыпыгъэкIэжь“, – лъаIощтыгъэ Иляс.

Тхьэми Ежьым иIофтабгэ илъэIу зэхихыгъэ. Шъэожъыер къэхъужьыгъ ыкIи Иляс ар янэ фихьыжьыгъ. ИкIалэ къэхъужьыгъэу зелъэгъум, гушIогъошхом зэлъиштэгъэ бзылъфыгъэм мэкъэ IэтыгъэкIэ къыIуагъ: „Джы сэ сэшIэ о пегъымбарэу узэрэщытыр ыкIи Тхьэм укъызэрэтфигъэкIуагъэр!“

Бэрэ щыпсэугъ Иляс къалэу Царфатэ, ау зэгорэм Тхьэм ащ унашъо къыфишIыгъ пачъыхьэу Ахав ыдэжь ыгъэзэжьынэу.

Ахав пегъымбар Иляс къыфэгубжыгъэу щытыгъ. Хэгъэгум бэшIагъэу ощх къызэрэщемыщхырэр Иляс илажьэу ары пачъыхьэм зэрилъытэщтыгъэр. Арыти, ащ иIофтабгэхэм унашъо афишIыгъ пегъымбарыр къаубытынышъ аукIынэу. ДзэкIолIхэр зэкIэ хэгъэгум ащ щылъыхъугъэх, ау тыдэкIи къыщагъотын алъэкIыгъэп. Ау зэгорэм ошIэ-дэмышIэу ежь Иляс пачъыхьэм ыпашъхьэ къиуцуагъ. Ахав ар щыщтэщтыгъэп ыкIи ащ иунэшхо къакIуи къыриIуагъ: „Уихэгъэгу ощх къыщещхынкIэ уфаемэ, хэгъэгум щыпсэурэ цIыфхэр зэкIэ уигъусэхэу Кармэл Iуашъхьэ дэжь укъэкIон фае. БаIал ипегъымбархэри а чIыпIэм къерэкIуалIэх. Ащ шъо щышъулъэгъущт Тхьэ шъыпкъэр зыфэдэр: Зиусхьаныр арымэ е БаIал арымэ!“



Иляс къызэрелъэIугъэм фэдэу Ахав ышIыгъ. Израил хэгъэгум щыпсэухэрэр Iуашъхьэу Кармэл дэжь къыщызэрэугъоигъэх, Ахави ику гъэкIэрэкIагъэ исэу къэкIуагъ. Тхьэ нэпцI БаIал ипегъымбархэри къэкIуагъэх. ЗэкIэри къызызэрэугъоихэм, Иляс ахэмэ къариIуагъ: „Непэ шъо зэкIэми шъулъэгъущт тапэкIэ шъузфэлэжьэн фаер: Зиусхьаныр арымэ е БаIал арымэ“.

БаIал фэлажьэрэмэ ежьым ятхьэ нэпцIы пае къурмэншIыпIэ агъэпсын фэягъэ. Пегъымбарэу Иляс Зиусхьаным фэшI къурмэншIыпIэ ыгъэуцугъ. Ащ нэужым лъэныкъо пэпчъ шъхьафэу къурмэныпхъэ былым зырыз шIуабзыгъ ыкIи ахэр къурмэншIыпIэхэм атыралъхьагъэх. Къурмэныпхъэмэ ачIэгъ чы гъугъэхэр ачIалъхьагъэх. ЕтIанэ Иляс къариIуагъ:. „Чы гъугъэм шъо кIэшъумыгъан машIо! БаIал икъурмэншIыпIэ ар ежьым щызэкIэрэгъан, Зиусхьаными джаущтэу Ежьым икъурмэншIыпIэ машIо щерэшI“. БаIал ипегъымбархэр мэкъэ IэтыгъэкIэ ащ еджэхэу рагъэжьагъ чы гъугъэм машIо къыкIигъэнэнэу. Ау БаIал ар ыкIуачIэ къыхьыгъэп: ар тхьэу щытыгъэп. Джащыгъум Иляс Зиусхьаным ащкIэ елъэIугъ ыкIи ащ лъыпытэу ошъуапщэхэм къахэзи, мэшIобзыеу къехыгъэм чы гъугъэми къурмэныпхъэ былымыми ямызакъоу, къурмэншIыпIэм лъапсэ фашIыгъэ мыжъохэри зэхистыхьагъэх. БаIал икъурмэншIыпIэ арымэ, ащ машIо къыкIэмынэу, зэрэщытыгъэу къэнагъ. ЗэкIэмэ янэрылъэгъоу ар щытыгъ. „Зиусхьаныр – тэ ти Тхьэ, Зиусхьаныр тэ ти Тхьэ!“ – къэзэрэгъэкуугъэх зэкIэри. Къэзэрэугъоигъэ цIыфхэм БаIал ипегъымбархэр аубытыхи, аукIыгъэх.

Ащ нэужым Иляс Ахав риIуагъ: „Уику гъэкIэрэкIагъэ итIысхьажьри, шъуадэжь кIожь, шIэхэу ощх къещхэу къыригъэжьэщт“. Ау ошъогум зы ошъопщэ цIыкIуи иплъагъощтыгъэп. Иляс джыри нахь лъагэу Iуашъхьэм дэкIуаий, Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ. Ащ лъыпытэу хы кIыIум ошъуапщэхэр къыщылъэгъуагъэх. Ахэмэ псынкIэу нахь заушъомбгъущтыгъэ ыкIи шIэхэу ошъопщэ шIуцIэшхом ошъогур зэлъиштагъ. Джы мары ощхышхор къещхэу къыригъэжьагъ. Ахав иунэшхо нэсыжьынкIэ игъо ифэгъагъэп апэрэ ощхыцэшхохэр къызытефэм. ЗэкIэми къагурыIуагъ Иляс и Тхьэу Зиусхьаным а ощхыр къызэрэригъэщхырэр.

„Иляс жъы зэхъум, Тхьэм фэшъхьаф пегъымбарыкIэ цIыфхэм къафигъэкIуагъ. Ащ ыцIагъэр Iэлишэ. Илясу жъы хъугъэр Тхьэм Ежь ыдэжь ошъогум ыщэжьыгъ.

1. Хэгъэгум ощх къыщемыщхыжьыщтэу хэта Ахав къезыIогъагъэр?
2. Сыд фэдэ бзыуа Иляс хьалыгъурэ лырэ къыфэзыхьыщтыгъэхэр?
3. Царфатэ щыпсэущтыгъэ бзылъфыгъэм ихьаджыгъэрэ идагъэрэ сыда къяхъулIэщтыгъэр?
4. Сыда Зиусхьаным бзылъфыгъэм ыкъо ришIагъэр?
5. Хэта къурмэншIыпIэм тыралъхьэгъэ чы гъугъэм машIо къыкIэзыгъэнагъэр?

## *39. ПЕГЪЫМБАРЭУ IЭЛИШЭ*

ПегъымбарыкIэу Израил хэгъэгум Iэлишэ щыхъугъ. Ар Тхьэм фэлажьэщтыгъэ ыкIи Зиусхьаным игущыIэхэр цIыфхэм аригъашIэщтыгъэх. Тхьэр иIэпыIэгъоу Iэлишэ Iофышхо шIэгъуабэ ышIагъ. Мары ахэмэ ащыщ хъугъэшIагъэхэр.

Iэлишэ еджэкIуабэ иIагъ ыкIи ахэм пегъымбарым шIэныгъабэ кIэлъырахыщтыгъ. Iэлишэ иедажакIомэ ащыщ горэ Ерихон щыпсэущтыгъ. А къалэм зэкIэри щыдэгъугъ, ау япс зэрэшIоим ыкIи зэрэIаем къыхэкIэу уешъон плъэкIынэу щытыгъэп. ЯнасыпкIэ, Iэлишэ зэгорэм Ерихон къэкIуагъ. Къэлэдэсхэр пегъымбарым къелъэIугъэх: „IэпыIэгъу къытфэхъу! ЗэкIэ тызыщыкIэрэр тикъалэкIэ тиIэх, ау псыр зэрэшIоим къыхэкIэу дгъэфедэн тлъэкIырэп. Зыгорэ о къытфэпшIэн плъэкIына?“ „Моу къысфэшъухь щыгъу илъэу лэгъэ цIыкIу горэ“, – ариIуагъ ахэмэ Iэлишэ. Щыгъур зэрылъ лэгъэ цIыкIур ыIыгъэу Iэлишэ псыкIэчъыпIэм кIуагъэ. Ар псым хигъэуцуи, къыIуагъ: „Моущтэу Зиусхьаным еIо: „Сэ мы псыр къабззэу ыкIи IэшIоу сэшIы“. Къэлэдэсхэр джыри псым зешъохэм, ар гохьы дэдэу къычIэкIыгъ. Тхьэр ары а Iофыгъошхо шIагъор зиIэшIагъэу щытыгъэр.

ЫкъуитIу игъусэу бзылъфыгъэ горэ Израил хэгъэгум щыпсэущтыгъэ. Ащ илI лIэгъагъэ ыкIи ежьым изакъоу ибын фэгумэкIын фэягъэ. ЗэрэтхьамыкIэ дэдэм къыхэкIэу ащ икIалэхэр аныбэ изэу ыгъэшхэнхэ ылъэкIыщтыгъэп. Ащ фэшъхьафэуи зыгорэм ичIыфэ ритыжьын фаеуи телъыгъ. Ау ащ ахъщэ иIагъэп. „СичIыфэ къысэптыжьынэу ахъщэ уимыIэмэ, ащыгъум уикIалэхэр сфэрэлажьэх“, – къыриIуагъ а лIым бзылъфыгъэм. Ар зызэхехым, бзылъфыгъэр лъэшэу къэгъыгъ.

Бзылъфыгъэр зыхэфэгъэ тхьамыкIагъор зыфэдэр Iэлишэ зызэхехым, ащ ыдэжь кIуагъэ. „Сэ IэпыIэгъу сыпфэхъумэ сшIоигъу, – риIуагъ ащ, – уиунэ гъомлэпхъэ тIэкIу нэмыIэми къинагъэба?“ „Къинагъ, – къытыжьыгъ бзылъфыгъэм джэуап, – джыри къысфэнагъ къошын цIыкIу дагъэ итэу“. „Ащыгъум къуаджэм хахьэри, зэкIэмэ къошын нэкIэу яIэхэр къэугъоих“, – ыIуагъ Елисеи. Бзылъфыгъэм ыкъуитIуи янэ деIэнхэу гъусэ фэхъугъэх. Ахэр къоджэдэсэу зэкIолIагъэхэм зэрялъэIущтыгъэхэр къошын нэкIэу яIэхэр къаратынхэу ары. ЕтIанэ ахэр ядэжь къызахьыхэм, ным пчъэр ригъэти, ежь дагъэр зэрыт икъошын къышти, ащ ит дагъэр къошын нэкIыхэм аригъахъоу ригъэжьагъ. Ау сыда хъугъэр? Къошын нэкIыхэм дагъэр арызы хъущтыгъэ, ау ежьым икъошын цIыкIу итыгъэ дагъэр нахь макIэ хъущтыгъэп. ЗэкIэ къошын нэкIыхэм дагъэр арызы зэхъу нэужыр ары ныIэп къошын цIыкIум итыгъэ дагъэр зиухыгъэр.

Дагъэр зэрыз къошынхэр унэм тыдэкIи итыгъэх. ГушIогъошхом зэлъиштэгъэ бзылъфыгъэр Iэлишэ ыдэжь чъагъэ, къехъулIагъэр риIотэнэу. Iэлишэ ащ къыриIуагъ: „КIори дагъэр щэ. УичIыфэ тыжьы. Ахъщэу къэнагъэм фэсакъ. Орырэ уикIалэхэмрэ апае гъомлапхъэ пщэфын плъэкIыщт“. Джаущтэуи бзылъфыгъэм ышIыгъ. Тхьэр арэущтэу бзылъфыгъэм ыкъохэр шъхьафитэу къэгъэнэжьынхэмкIэ IэпыIэгъу къыфэхъугъ.

Iэлишэ бэрэ Шунем кIощтыгъ. А къалэм щыпсэущтыгъ илI игъусэу бзылъфыгъэ горэ. ИшIэщтыгъ ащ Iэлишэ Тхьэм фэлажьэу зэрэщытыр ыкIи Тхьэм тегущыIэнхэм пае бэрэ ядэжь ар къыригъэблагъэщтыгъ. Зэгорэм ащ ежь илIы риIуагъ: „Джыри зы унэ цIыкIу горэ тиунэ къыпытшIыхьан фае, Iэлишэ чэщырэ щыIэнэу тадэжь къэнэшъуным пае“. Бзылъфыгъэм илIы ар лъэшэу ыгу рихьыгъ, ыкIи Iэлишэ чэзыу къэкIогъоу ахэмэ адэжь къызэкIом, чэщым зыщычъыен ылъэкIыщт унэ зэтегъэпсыхьэгъэ цIыкIу ащ къежэу щытыгъ.

Iэлишэ изэкъуагъэп. Ащ игъусагъ ежьым иIофтабгэу Гехази (Гиезий). „Гехази, – ыIуагъ Iэлишэ, – мы бзылъфыгъэр тэ лъэшэу къытфэхьалэл. ЕупчI зэ, зыпари тэ мыщ фэтшIэн тлъэкIынэу щытыба?“ Бзылъфыгъэр лъэшэу къэукIытагъ а упчIэр зызэхехым ыкIи зыпарэкIи Iэлишэ елъэIункIэ фэягъэп. Джащыгъум Гехази риIуагъ Iэлишэ: „Мы бзылъфыгъэм сабый къыпыфэрэп, ау ащ лъэшэу шIоигъуагъ сабый иIэнэу“. „Къедж моу а бзылъфыгъэм,“ – ыIуагъ пегъымбарым. Бзылъфыгъэр ыдэжь къызэкIом, Iэлишэ ащ риIуагъ: „ИлъэскIэ о сабый къыпфэхъущт“.

Бзылъфыгъэм ар ышIошъ ыгъэхъун ылъэкIыгъэп. Ау… илъэс тешIагъэу шъао къыфэхъугъ. Iэлишэ зэригъэгугъагъэхэр Тхьэм ыгъэцэкIэжьыгъ.

Шъэожъыер къэхъугъ ыкIи ины хъугъэ. Ау зэгорэм ар къэсымаджи, бэ темышIэу лIагъэ. Бзылъфыгъэм сабый лIагъэр Iэлишэ ипIэкIор тырилъхьи, ежьыр илIы ыдэжь чъагъэ. „Сэ Iэлишэ къэсымыгъоты хъущтэп, ащ сылъыкIощт“, – ыIуагъ ащ, ау якIалэ зэрэлIагъэр лIым риIуагъэп. Щыдым тетIысхьи, гъогум техьагъ. Iэлишэ Iуашъхьэм тетэу ар чыжьэкIэ къылъэгъугъ ыкIи иIофтабгэ риIуагъ: „Шунем щыщ бзылъфыгъэр тадэжь къакIо“.

Къызынэсым, бзылъфыгъэм ахэмэ къариIуагъ шIу ылъэгъурэ ишъао зэрэлIагъэр. „Гехази, – ыIуагъ Iэлишэ, – модэ сибэщ штэри, бзылъфыгъэм иунэ чъэ. Бэщыр етIанэ шъэожъые лIагъэм телъхь!“ Гехази арэущтэу ышIыгъ. Бэщыр хьадэм тырилъхьагъ, ау шъэожъыер къэхъужьыгъэп. Апэм Iэлишэ фэягъэп бзылъфыгъэм иунэ кIонэу, ау ар лъэшэу къызэрелъэIущтыгъэм къыхэкIэу езэгъын фаеу хъугъагъэ. ЛIэгъэ кIэлэцIыкIур зэрылъ унэм ихьи, ащ ипчъэ ригъэтыгъ, Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ. ЕтIанэ Iэлишэ шъэожъыем гогъуалъхьи, ежьым ыпкъышъолкIэ ар ыгъэфабэу ригъэжьагъ. Ау шъэожъыер зэрэлIагъэу щылъыгъ. Iэлишэ къэтэджи, унэм къыщикIухьэу ыублагъ. ЕтIанэ шъэожъыем ыдэжь джыри гъолъыгъэ ыкIи мыщ дэжьым гъэшIэгъон хъугъэ. Шъэожъыер заулэрэ къэпси, ынэхэр къызэтырихыгъэх. Iэлишэ шъэожъыем янэрэ Гехазирэ къяджагъ. Ным игушIорэ ирэззэныгъэрэ гъунэ яIагъэп.

1. Ерихон ипс сыдэущтэу IэшIу хъугъа?
2. Сыда бзылъфыгъэм ишъэожъыехэр IофшIакIохэу ытынхэ фаехэу зыкIэхъугъагъэр?
3. Сыдэущтэу бзылъфыгъэм сыдэу хъуми чIыфэр ытыжьын ылъэкIыгъа?
4. Шунем щыщ бзылъфыгъэм Тхьэм ыдэжь къыкIэу сыда ыгъотыгъэр?
5. Сыдэущтэу Iэлишэ шъэожъыеу лIагъэр къыгъэхъужьыгъа?



## *40. ТХЬЭМ НИАМАН ЗЭРИГЪЭХЪУЖЬЫГЪЭР*

Хэгъэгу чыжьэу Сирием ит унэшхо горэм пшъэшъэжъые горэ щыпсэущтыгъэ. А унэр пшъэшъэжъыем яни яти яягъэп. Ар Сирием щыщ дзэпащэ горэм иунэу щытыгъ. А дзэпащэм пшъэшъэжъыер Израилым къырищыгъагъ. Израил хэгъэгум зао дыряIэ зэхъум сирие дзэкIолIхэм пшъэшъэжъыер гъэрэу къаIэкIэфэгъагъ ыкIи джащ къыхэкIэу дзэ пащэм иунэ щыпщылIын фаеу хъугъагъэ.

Дзэ пащэм ыцIагъэр Ниаман. Ар лъэшэу лIы баеу щытыгъ ыкIи Сирием ипачъыхьэ ащ лъытэныгъэшхо къыфишIыщтыгъэ, ицыхьи къытелъыгъ. Ау Ниаман цIыф насыпышIоу щытыгъэп. Узышхо ащ къеузыщтыгъ: шъоджэ узэу агъэхъужьын амылъэкIырэр ары. ЫкIышъо чIыпIэ-чIыпIэу фыжьышъо хъущтыгъэ, ахэмэ нахь заушъомбгъущтыгъэ ыкIи етэгъагъэх. А узым щыбгъэзыен умылъэкIынэу Ниаман илIыкIынэу щытыгъ.

Израил хэгъэгум щыщ пшъэшъэжъыеу Ниаман ипщылIэу щытыгъэм дзэпащэм лъэшэу ыгу егъущтыгъэ ащ узым къинэу ригъэлъэгъущтыгъэм пае. Ау ащ ицыхьэ телъыгъ Ниаман IэпыIэгъу уфэхъун зэрэплъэкIыщтым. „Зиусхьан гуащ, – риIуагъ ащ зэгорэм дзэпащэм ишъхьагъусэ, – Самарием щыпсэурэ пегъымбарым дэжь сизиусхьан кIон ылъэкIыгъагъэмэ, ащ иуз Iае пегъымбарым тырихыжьыщтгъагъэ“. Пшъэшъэжъыем зигугъу ышIыщтыгъэр пегъымбар Iэлишэ арыгъэ. ЫшIэщтыгъэ пшъэшъэжъыем Тхьэр иIэпыIэгъоу Iэлишэ зэрэIазэщтыгъэр ыкIи Ниаман ыгъэхъужьын зэрилъэкIыщтыри.

Пшъэшъэжъыем игущыIэхэр шъузым илIы зыреIотэжьхэм, Ниаман егупшысагъ: „Пшъэшъэжъыем къыIорэр шъыпкъэнкIи мэхъу. Сэ пачъыхьэм дэжь сыкIонышъ, Израил сыкIонэу фитыныгъэ къыIысхын фае“. Пачъыхьэм лъэшэу ыгъэлъапIэщтыгъэ идзэпащэ лIыбланэ. „КIоба адэ, – къыриIуагъ ащ Ниаман, – Израил ипачъыхьэ IэпыIэгъу къыпфэхъунэу сызэрелъэIурэ тхылъыри сэри къыостын“.

Ку гъэкIэрэкIагъэм исэу Ниаман Израил кIуагъэ. Ниаман иунэIутхэр ику готхэу дакIощтыгъэх – ахэмэ япщэу гъогу техьагъэр къаухъумэн фэягъэ. Пегъымбарым пае Ниаман шIухьафтын лъапIэхэр бэ хъухэу Израил зыдищэщтыгъэх: ахэмэ ащыщыгъэх дышъи, щыгъын дэхаби. Израил къызэрэсэу Ниаман кIуагъэ къалэу Самарие, Израил ипачъыхьэ зыдэсыгъэ къалэм. Ниаман къызелъэгъум, пачъыхьэр инэу къэщтэгъагъ – Ниаман Сирие хэгъэгум идзэпащэ шъхьаIэу щытыгъэба. Израилрэ Сириемрэ бэрэ зэзаощтыгъэх. Ниаман къыздихьыгъэ тхыгъэр Израил ипачъыхьэ ритыгъ. „Уадэжь къэсэгъакIо сидзэ ипащэу Ниаман, – къытхыщтыгъэ Сирием ипачъыхьэ. – Сэ сызыфаер ащ зэрифэшъуашэу укъыфэгумэкIынэу ыкIи бгъэхъужьынэу ары“. „Сыдэущтэу сымаджэр сэ згъэхъужьына? – джыри нахь лъэшэу къэщтагъ Израил ипачъыхьэ. – Сы Тхьа сэ?“ Пачъыхьэм Тхьэр шIу ылъэгъущтыгъэп ыкIи фэлажьэщтыгъэп, ау ышIэщтыгъэ Тхьэм а шъоджэ уз Iаер ыгъэхъужьын зэрилъэкIыщтыр. Ыгу еIэжьэу, ышIэщтыр зэримышIэщтыгъэм пае пачъыхьэм щыгъынэу щыгъыр зэгуитхъыгъэ.

Пачъыхьэм иунэшхо щыхъугъэр Iэлишэ зызэхехым, ежьым иунэIутэу Гехази пачъыхьэм ыдэжь ыгъэкIуагъ. „А лIыр садэжь къэрэкIуи, ышIэщт Израил пегъымбар зэрисыр“, – Iэлишэ а игущыIэхэр Гехази израил пачъыхьэм риIонхэ фэягъэ. Ар зызэхехым, пачъыхьэр лъэшэу гушIуагъэ Ниаман лъигъакIуагъэх ыкIи пегъымбарым дэжь кIонэу риIуагъ. Iэлишэ иунэ зынэсым, Ниаман урамым къытенагъ. Ащ къышIошIыгъэр Iэлишэ унэм къикIынышъ къыпэгъокIынэу арыгъэ. Ау Iэлишэ ащ ежьым иунэIут къыфигъэкIуагъ. „Ниаман, псыхъоу Иордан кIори, ащ блэгъогогъу зыщычIэгъау. Джащыгъум о узэрэщытыгъэу псаоу ухъужьыщт“, – къыриIуагъ ащ Iэлишэ иунэIут.

Ниаман лъэшэу губжыгъэ, а гущыIэхэр зызэхехым, ыкIи къалэм дэкIыжьыгъ. „Сэ къысшIошIыгъэр пегъымбарыр иунэ къикIынышъ, къыскIэрыхьанышъ Тхьэм сэщ пае елъэIущтэу, скIышъо тет ягъэ етагъэмэ ыIэ къатырилъхьанышъ, сигъэхъужьыщтэу ары, – ариIуагъ ащ игъусэгъэ иунэIутхэм. – Сыда сэ Иордан псыхъом сызкIыхэхьан фаер? Сирием ит псыхъохэр Иордан псыхъом нахь дэиха? Тихэгъэгу сыкъимыкIэу сэ ахэмэ зачIэзгъэбын слъэкIыныеба? – губжыгъэу ыIощтыгъ дзэ пащэм.

Ау Ниаман иунэIутхэр язиусхьан еушъыйхэу рагъэжьагъ Израил имыкIыжьынэу: „О тизиусхьан, пегъымбарым зы Iофыгъо къин горэ ащкIэ бгъэцэкIэн фаеу къыуиIогъагъэмэ, о ащ укъеуцуалIэщтыгъэ. Адэ сыда ащыгъум о Иордан псыхъом блэгъогогъу зызкIыщычIэмыгъэощтыр?“ „СиунэIутхэм аIорэр шъыпкъэнкIи мэхъу, – егупшысагъ Ниаман. – Сыда мы Iофыр зыкIэсымыушэтыщтыр?“ ЫкIи унашъо иунэIутхэм афишIыгъ Иордан псыхъом ащэнэу.

Псыхъом къызэсыхэм, Ниаман ику гъэкIэрэкIагъэ къикIи, ищыгъын дахэхэр зыщихыхи, псым хэхьагъ ыкIи блэгъогогъу зычIигъэуагъ. ЫкIи… Игъусэхэм алъэгъугъ ащ лъыпытэу Ниаман ыкIышъо тетыгъэ егъэ Iаехэр зэрэкIо-

дыгъэхэр. Ар псау хъужыгъэ. НасыпышIо Ниаман къалэу Самарием ыгъэзэжьыгъ, пегъымбарэу Iэлишэ ыдэжь. Арэущтэу къызэригъэхъужьыгъэм пае зэрэфэразэр риIон ыкIи шIухьафтын лъапIэхэр пегъымбарым ритынхэ ыгу хэлъыгъ. Мызэгъэгум джы Iэлишэ Ниаман къыпэгъокIыгъ. Ащ ылъэгъугъ Ниаман зэрэхъужьыгъэр. „СэшIэ сэ зы Тхьэ щэхъу зэрэщымыIэр – ар Израил и Тхьэ ары. Адэ сэ шIухьафтынхэр къыостынхэ сыфита?“ – еупчIыгъ дзэпащэр пегъымбарым. Ау Iэлишэ фэягъэп Ниаман шIухьафтынхэр Iихынхэу. Ниаман сыдэу зишIыгъэкIи, Iэлишэ ащ къыригъэзэгъын ылъэкIыгъэп. Пегъымбарым ышIэщтыгъэ, ежьыр армырэу, сымаджэр Зиусхьаным зэригъэхъужьыгъэр.

Ау игъогу техьажьыным ыпэкIэ Ниаман гущыIэ къытыгъ:„ Джы къыщегъэжьагъэу сэ Зиусхьаныр ары ныIэп сызыфэлэжьэщтыр“. Зэригъэхъужьыгъэм пае зэрэфэразэр Iэлишэ риIуи, ику гъэкIэрэкIагъэ итIысхьажьи, Ниаман ихэгъэгу Сирием кIожьыгъэ. Ниаман иунэIут пшъэшъэжъыер лъэшэу гушIощтыгъэ изиусхьан хъужьыгъэу ядэжь къызэрэкIожьыгъэм пае. Ицыхьэ телъыгъэба ащ Израил и Тхьэ а сымаджэр игъэхъужьын зэрилъэкIыщтым.

1. Пшъэшъэжъые унэIутым сыда Ниаман ишъхьагъусэ риIогъагъэр?
2. Хэта Израил пачъыхьэм фэтхагъэр?
3. Сыда Iэлишэ Ниаман ышIэн фаеу риIогъагъэр?
4. Хэта Иордан зыщычIигъэон фаеу Ниаман езыIуагъэр?
5. Хэта Ниаман зыгъэхъужьыгъэр?



# *41. ТХЬЭМ ЮНЫС НИНЕВИЕМ КЪЫЗЭРИГЪЭКIУАГЪЭР*

Юныс Зиусхьаным фэлажьэщтыгъэ ыкIи Тхьэм ащ пшъэрылъ къин къыфишIыгъагъ. Ау Юныс ащ лъыпытэу ар ыгъэцэкIагъэп. КъедэIу зэрэхъугъэм.

Зэгорэм Тхьэм Юныс къыриIуагъ „Юныс, къэтэджи, Ниневие кIо ыкIи а къалэм щыпсэухэрэм яIу ахэмэ яжъалымэгъэ зекIуакIэ ехьылIэгъэ къэбархэр къазэрэслъыкIэсыжьыгъэхэм. Ахэр япсэкIодшIагъэхэм афыкIэмыгъожьхэмэ, зэкIэ ахэр кIодыщтых“.

А пшъэрылъым игъэцэкIэн щынагъоу щытыгъ, сыда пIомэ Ниневием щыпсэухэрэр бэ шIагъэу Израил ипыигъэх. Юныс ышIэщтыгъэ Ниневием щыпсэухэрэм япсэкIодшIагъэхэм Тхьэр инэу зэрагъэгубжыгъэр. Ау мырэущтэу егупшысагъ: „СыкIощтэп сэ Ниневием. Ащ фэдэ гущыIэхэм апае а къэлэдэсхэм саукIынкIи мэхъу, сэ джыри сыщыIэ сшIоигъу“. ЫкIи... ышъхьэ хихьажьынэу ежьагъ. Юныс хым Iут къэлэшхо горэм фиузэнкIыгъ. КъухьэуцупIэу, къухьэхэр нахьыбэу зыIутым къэкIуагъ. Тхьэм зышIуигъэбылъыным пае чIыпIэ чыжьэм кIонэу къухьэ лъыхъоу ригъэжьагъ. Къухьэхэм ащыщ горэм хым техьаным зэрэфэхьазырыр зелъэгъум, къухьэ пащэм кIэлъырыхьи, елъэIугъ: „Уикъухьэ сигъэтIысхь, сыолъэIу сызыдепщэжьэнкIэ“. Къухьэ пащэр къезэгъыгъ. Юныс гъогупкIэр ащ ритыгъ ыкIи къухьэр хым техьагъ. Ащ нэужым Юныс къухьэ кIоцIым игъуалъхьи, пытэу хэчъыягъ.

Тхьэм къылъэгъугъ Юныс фишIыгъэ пшъэрылъыр зэримыгъэцэкIагъэр ыкIи хыое жьыбгъэшхо хым къытыритIупщыхьагъ. ПхъэIушкIэным фэдэу зи щымыхъоу а жьыбгъэшхом хыорэу къыIэтыхэрэм къухьэр зэрадзэщтыгъэ. Хыорхэм мэкъэшхо апыIукIэу къухьэбгъум къеощтыгъэх ыкIи хыпсыр къухьэ кIыIум къытекIутэщтыгъэ. Къухьэ пащэмрэ къухьэм иматросхэмрэ лъэшэу къэщтагъэх: псыр нахьыбэу къухьэм къилъадэщтыгъэ ыкIи ар ракIыкIынэу игъо ифэщтыгъэхэп. ЦIыфхэр шъхьадж итхьэ елъэIухэу рагъэжьагъ хыое жьыбгъэшхор агъэуцунэу. Ау ахэмэ ашIошъ хъущтыгъэхэр тхьэ нэпцIхэр арых, ау тхьэ нэпцIхэм ар акIуачIэ къыхьынэу щытыгъэп.

Юныс къухьэ кIоцIым илъэу дэгъоу чъыещтыгъэ ыкIи жьыбгъэшхор къызэрежьагъэм зыпари хишIыкIыщтыгъэп. Къухьэ пащэм ар къыгъэущи, къеупчIыгъ: „Сыдэущтэу о рэхьатэу учъыен плъэкIыра? Къэтэдж псынкIаIоу ыкIи елъэIу уи Тхьэ! Ар IэпыIэгъу къытфэхъункIи мэхъу“. Юныс Тхьэм елъэIункIэ фэягъэп. Ащ ышIэщтыгъэ Тхьэм









ыпашъхьэ зэрэщымысэр ыкIи ащ пае Зиусхьаныр ащ илъэIу къызэремыдэIущтыр. „Тащыщ горэм псэкIод ышIагъ, – зэраIожьыщтыгъэ къухьэм исхэм. – ЫкIи ащ пае пшъэдэкIыжьэу хыое-жьыбгъэшхор Тхьэм къытфигъэкIуагъ“. Ау къухьэ пащэми матросхэми мыхъун горэ аIэкIэшIагъэу зыдашIэжьыщтыгъэп. Джащыгъум ахэмэ рахъухьагъ мысэр пхъэдзыкIэ къагъотынэу. Тхьэм ахэмэ къаригъэлъэгъугъ мыхъун зышIагъэр Юнысэу зэрэщытыр. „Адэ сыд джы отшIэщтыр?“ – еупчIыгъэх ахэр Юныс. „Сыхэшъудз хым, – къариIожьыгъ ащ. – Джащыгъум жьыбгъэшхор уцужьыщт“.

Ау хэти ар ышIэнкIэ фэягъэп. Къухьэр нэпкъым Iуагъэхьанэу матросхэр фежьагъэх, ау жьыбгъэшхом пэшIуекIонхэ алъэкIыщтыгъэп. Джащыгъум цIыфхэри Зиусхьаным, Юныс и Тхьэ, елъэIухэу рагъэжьагъ Юныс псым зыхадзэкIэ, ащ пае ымыгъэпщынэнхэу.

ЕтIанэ матросхэм Юныс ыIэхэмрэ ылъакъохэмрэкIэ аубыти, хым хадзагъ. ЫкIи ащ лъыпытэу гъэшIэгъон къэхъугъэр: жьыбгъэр уцужьыгъэ ыкIи зэрэщытыгъэм фэдэу хыри рэхьатыжьыгъэ. Лъэшэу разэ хъугъэх къухьэ пащэмрэ матросхэмрэ, джы тапэкIэ Зиусхьан закъом фэшъыпкъэнхэу ыкIи фэлэжьэнхэу рахъухьагъ. Юсыф хыпсым зыхафэм, ащ лъыпытэу ылъэгъугъ ежьым ыдэжь пцэжъыешхо горэ къызэресырэр. Зиусхьаныр ары ар къыфэзыгъэкIуагъэр. Пцэжъыем ыжэшхо къызэкIихи, Юныс ыдырыгъ. НэгъэупIэпIэгъум Юныс пцэжъыем ыныбэу зыщымэзэхэ шIункIым илъэу хъугъэ. Ар псаоу къэнагъ – джыри ар Ниневием кIон фаеу щытыгъэба!

Зэрымыр хъугъэ Юныс джыры ныIэп къызыгурыIуагъэр ар лъэшэу Тхьэм ыпашъхьэ зэрэщымысэр. Арыти, ригъэжьагъ ар Тхьэм елъэIоу. ЗэремыдэIугъэм пае къыфигъэгъунэу ыкIи псаоу къыгъэнэжьынэу ар Тхьэм елъэIущтыгъэ. Тхьэм Юныс ипсэкIодшIагъэ къыфигъэгъугъ. Мэфищэ Юныс пцэжъыем ыныбэ исыгъ, етIанэ а пцэжъыер хынэпкъым къесылIи, Юныс къыужъунтхыжьыгъ ыкIи ар псыIушъом Iулъ пшахъом къытыридзагъ. Джы Юныс тыриубытагъ Тхьэм къыфишIыгъэгъэ пшъэрылъыр ыгъэцэкIэнэу ыкIи Ниневием кIуагъэ.

Охътабэрэ ар а гъогум тетыгъ. Аужыпкъэм Юныс къэлэшхоу къэлъэгъуагъэм дэхьагъ ыкIи иурамхэм атетэу

куоу ригъэжьагъ: „Мэфэ тIокIитIу нахь темышIэу Ниневиер зэхэтэкъощт! ЗэкIэ ащ дэт унэхэри, пачъыхьэм иунэшхуи зэхэкъутэщтых ыкIи цIыфхэри псэушъхьэхэри хэкIодэщтых“.

Ниневием дэс цIыфхэр инэу къэщтагъэх ыкIи джы ашIэн фаер ашIэщтыгъэп. Ау а хэгъэгум ипачъыхьэ ышIэщтыгъэ пщыныжьыр щыбгъэзэиен зэрэплъэкIыщтыр. Ащ фэшI унашъо зэкIэми афишIыгъ щыгъын дахэхэу ащыгъхэр зыщахынхэшъ, зэкIэ ащ дэс цIыфхэми, ары пакIошъ, сабыйхэми шэкI пхъэшэ къызэрыкIом хэшIыкIыгъэ щыгъын дэйхэр зыщалъэнхэу. АщкIэ ахэмэ къагъэлъэгъонкIэ зыфэягъэхэр япсэкIодшIагъэхэм ахэр зэрафыкIэгъожьыгъэхэр ыкIи гъогу тэрэз теуцожьынхэу агукIэ зэрэфаехэр ары. ЗэкIэми апэу пачъыхьэм ищыгъын лъэпIэ дахэхэр зыщихыхи, щыгъын къызэрыкIо пхъашэхэр зыщилъагъэх. ЗэкIэ адрэхэми ащ зэришIыгъэм фэдэу ашIыгъ. Ащ фэшъхьафэуи хэти зыныбжь икъугъэхэри, псэушъхьэхэри, кIэлэцIыкIухэри – шхэхэ ыкIи псы ешъохэ хъунэу щытыгъэп. ЗэкIэ цIыфхэр Тхьэм елъэIунхэу рагъэжьагъ. „Хэт ышIэра, Зиусхьаным ынэшIу ащ пае къытщифэнкIи мэхъу“, – ыIощтыгъ пачъыхьэм. Арыти, Тхьэми Ниневием щыпсэухэрэм ялъэIу зэхихыгъэ ыкIи ымыгъэкIодхэу къыгъэнэжьыгъэх.

Ар зелъэгъум, Юныс лъэшэу губжыгъэ ыкIи Тхьэм мырэущтэу риIуагъ: „СшIэщтыгъэ сэ а цIыфхэр зэрэмыукIыщтхэр, япсэкIодшIагъэхэр зэрафэбгъэгъущтхэр. СшIэщтыгъэ сэ мы къалэр зэрэзэхэмыкъутэщтыр. Ары мыщ сыкъэкIонкIэ сызкIыфэмыягъэр. Мыщ сыкъэсыфэ пкIэнчъэу къин сэ гъогум теслъэгъуагъ“. Игукъао лъэшэу зэрэиныгъэм пае, ары пакIошъ, ар Тхьэм елъэIугъагъ аджалыр къыфигъэкIонэу.

ИтхьэлъэIу зеухым, Юныс къэлэ гъунэм Iутыгъэ Iуашъхьэм дэкIоягъ ыкIи къалэм къеплъэу тIысыгъэ къехъулIэщтыр зэригъэшIэнэу. Тыгъэ нэстырым лъэшэу къызэригъэплъырэм пае Юныс ышъхьэ шъхьатехъо тырипхэгъагъ. Зиусхьаныр Юныс къыфэгумэкIыгъ: чэщым ар чъыезэ, зыдэщылъ чIыпIэм чъыг бырэбэ дэхэшхо къыщыкIыгъ. Къызэущыжьым, Юныс ылъэгъурэр шIогъэшIэгъоныгъ, лъэшэуи гушIуагъэ. Джы ащ тыгъэнэстырым зыщиухъумэн ылъэкIыщтыгъэ.

ЯтIонэрэ мафэм Тхьэм иIэмыркIэ чъыгым хьамлыу хэхъуагъ. Ащ чъыгыпкъыр зэщигъэкъуагъэ ыкIи гъоу ригъэжьагъ. Пчэдыжьым Юныс къызэущыжьым, тыгъэ нэстырыр ынэгу кIэтыгъ ыкIи ылъэгъугъ чъыг бырэбэ шIагъор зэрэгъугъэр. Мэфэ реным Юныс тыгъэ нэстырым къинышхо ригъэлъэгъугъ. Ащ фэдэ хьазаб ыщэчыным нахьи лIэныр нахьышIоу Юныс рихъухьагъ. Джащыгъум Тхьэм мырэущтэу Юныс къыриIуагъ: „О лъэшэу угу хэкIыгъ мы чъыг шIагъор зэгъум. Ары шъхьаем, ар о бгъэтIысхьагъэп ныIа?“ „Ары,“ – пэгъокI къытыжьыгъ Юныс. „О чъыгыр зэрэгъугъэр угу къеуагъ, – ащ пыдзагъэу къыриIуагъ Зиусхьаным. – Адэ угу ягъурэба Ниневием щыпсэурэ цIыфхэу лIэнхэу щытыгъэхэм?“ ЫкIи джыры ныIэп Юныс зэкIэри къызгурыIуагъэр. Зиусхьаныр ежьым нахьи бэкIэ нахь гукIэгъу. Ащ фэдэу жъалымэу зэрэщытыгъэм ар фыкIэгъожьыгъ ыкIи Ниневием дэс цIыфхэр къызэригъэнэжьыгъэхэм пае зэрэфэразэр Зиусхьаным риIуагъ.

Джы Юныс рэхьатэу ядэжь кIожьын ылъэкIыщтыгъэ.

1. Ниневием мыкIоным пае сыда Юныс ышIагъэр?
2. Хэта хы-жьыбгъэшхор къафэзыгъэкIуагъэр?
3. Матросхэм сыда Юныс рашIагъэр?
4. Ниневием иурамхэм атетэу куо зэхъум, сыда Юныс къыIощтыгъэр?
5. Сыда Юныс ышъхьагъ къыщыкIыгъагъэр?
6. Ниневием ицIыфхэмрэ ипсэушъхьэхэмрэ кIодынхэм хэта фэмыягъэр?

## *42. ПЕГЪЫМБАРЭУ ИСАЙАС*

„ЦIыфхэм адэжь хэт згъэкIона?“ – еупчIыгъ Зиусхьаныр Исайас. „СыгъакIу сэ!“ – риIожьыгъ Ащ Исайас. „Дэгъу, – ыIуагъ Тхьэм, ащыгъум Сэ къысэдэIункIэ фэмые цIыфхэм яIу ахэр зэрэзгъэпщынэщтхэр“.

Исайас пкIыхьэкIэ Тхьэм джарэущтэу дэгущыIагъ. Исайас Тхьэр зэрилъэгъугъэр – Ар итIысыпIэ лъагэ тесэу Ежьым иунэшхо чIэсыгъ, ыкIи Ащ ыпашъхьэ мэлэIичхэр итыгъэх ыкIи къаIощтыгъэ: „Зиусхьаныр лъапIэ, лъапIэ, лъапIэ!“ Исайас къэщтагъ ыкIи егупшысагъ: „ТхьамыкIагъу къысэхъулIагъэр! СыхэкIодагъ сэ! ПсэкIодшIэгъабэ зиIэ цIыфэу сэри сыщыт. Джащ фэдэуи псэкIод зышIэрэ цIыфхэм садыщыIи“. Хэгъэгум ичIыпIэ пстэуми ащагъэуцугъэ тхьэ сурэтхэр ащ ыгу къэкIыжьыгъэх ыкIи цIыфхэм ахэмэ адэжь агъэуцугъэ къурмэншIыпIэхэм къурмэныпхъэ былымхэр зэрэщышIуабзыхэрэр ащ ыгу къэкIыжьыгъэх.

Мыщ дэжьым мэлэIич горэм Тхьэм иунэшхо чIэт къурмэншIыпIэм илъ машIом IадэкIэ жъоку къыхихи, Исайас къыкIэлъырыбыбагъ. МашIо жъокур ащ Исайас ыIупэхэм къанигъэси, ащ лъыпытэу къыриIуагъ: „ЗэкIэ уипсэкIодшIагъэхэр о пфэгъугъэх!“

Зиусхьаныр фэягъ Исайас Ежьым фэлэжьэнэу. Джары ащ зыкъызкIыригъэлъэгъугъэр. ИсайаскIэ лъэшэу къинэу щытыгъ пегъымбарэу щытыныр. Ащ инэу шIу ылъэгъущтыгъэх ихэгъэгу ис цIыфхэр, джы ахэмэ ариIон фаеу хъугъагъэ пщыныжь ахьын зэрэфаер, Зиусхьаным пыйхэр хэгъэгум къызэрэтыригъэбэнэщтхэр. Лъэшэу къиныгъэ ежьыркIэ цIыфхэм макъэ аригъэIуныр.

АхазкIэ заджэщтыгъэхэ пачъыхьэм ыдэжь Исайас кIуагъэ. РиIуагъ ащ ар Тхьэм фэлэжьэн зэрэфаер. Ау Ахаз ащ ычIыпIэкIэ тхьэ нэпцIым пае къурмэншIыпIэшхо аригъэшIыгъ. Джащыгъум пыйхэр хэгъэгум къытебанэхи, Ерусалим къалэм къекIугъэх. Ахаз лъэшэу къэщтагъ: ышIэщтыгъэ ар ежьым зэрилажьэр. Пыйхэр къызэтригъэуцонхэу ар Зиусхьаным елъэIоу ригъэжьагъ.

Арыти Тхьэм Исайас къыриIуагъ: „Пачъыхьэм дэжь кIори еIу ащ, Сэ пыйхэр Ерусалим къалэм къызэрэдэсымыгъэхьащтхэр!“ Ар зызэхехым, пачъыхьэр лъэшэу къэгушIуагъ. Исайас ащ пыдзагъэу пачъыхьэм риIуагъ: „Ащ фэшъхьафэуи сэ къыосIощт илъэс пчъэгъабэ тешIагъэу къэхъущтыри. Пшъэшъэ ныбжьыкIэм шъао къыфэхъущт, ащ Эммануел цIэу фаусыщт“. ОшIа о а цIэ дахэм къикIырэр? Ащ къикIырэр „Тхьэр тэ тигъус“. Исайас зигугъу къышIыщтыгъэр ти Зиусхьанэу Исус Христос ары.

Исайас бэрэ къытегущыIэщтыгъэ Исусэу чIыгум къэкIощтым. Пегъымбарым ышIэщтыгъэ Исус Тхьэм ЫкъоУ зэрэщытыр, Ар Пачъыхьэу зэрэхъущтыр. Ащ фэшъхьафэу Исайас ышIэщтыгъэ Исус цIыфыбэ насыпышIо зэришIыщтыр, Ежьым чIыгум къинибэ зэрэщызэпичыщтыр. ЦIыфхэм Ащ утынышхо зэрэрахыщтыр, етIанэ зэраукIыщтыр. Ау Исайас джащ фэдэуи къыIуатэщтыгъэ Исус етIанэ лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтыри.

ЗэкIэ ахэр Исайас къыфэзыIотагъэхэр Зиусхьаныр ары. Ау цIыфхэр пегъымбарым едэIущтыгъэхэп ыкIи япсэкIодшIэн зэпагъэущтыгъэп. Охътэ заулэ тешIагъэу пачъыхьэу Ахаз лIагъэ, ащ ипачъыхьэ чIыпIэ иуцуагъэр ыкъоу Хизкие ары. Хизкие Тхьэр лъэшэу шIу илъэгъущтыгъэ ыкIи Исайас ащ ыдэжь къакIоти, Тхьэм нэбгыритIур бэрэ тегущыIэхэу къыхэкIыщтыгъэ.

1. Исайас пегъымбарэу хъун фаеу хэта къезыIуагъэр?
2. Пачъыхьэ дэеу Ахазы сыда ышIагъэр?
3. Хэт икъэбара Исайас цIыфхэм къафиIуатэщтыгъэр?
4. Хэта пачъыхьакIэу хъугъагъэр?
5. Хэта Хизкие шIу ылъэгъущтыгъэр?





# *43. ПАЧЪЫХЬЭУ ХИЗКИЕ*

Ерусалим къалэм лъэшэу щыгумэкIыгъошхуагъ: пыим идзэхэм ар бгъу пстэумкIи къадзыхьэгъагъ. Ассирие цIыфхэр арых мызэгъэгум къалэм къекIугъагъэхэр. Ассирие цIыфхэм язэгъынхэу пачъыхьэм ежьым иIэпыIэгъуищ ыгъэкIогъагъ. АгъэкIогъэ лIыкIохэм къэбарэу къахьыщтым ежэхэу Ерусалим зэкIэ дэсхэр къэлэ дэпкъхэм адэжь къыщызэрэугъоигъагъэх.

Ассирийхэм ядзэпащэу Равшакс пачъыхьэу Хизкие илIыкIохэр ыдэжь кIохэу къызелъэгъухэм, зэкIэми зэхахэу мэкъэ IэтыгъэкIэ Израил ипачъыхьэрэ и Тхьэрэ къакIэнакIэу къыригъэжьагъ. Равшакс куощтыгъэ: „Хизкие пачъыхьэм шъуемыдэIу ыкIи шъуфэмыIорышI! Пачъыхьэ дэй ар. Сэ шъукъызгуахьэхи, Ассирием шъусщэщт, Израил хэгъэгум нахьи ащ бэкIэ щынахьышIу. Израил и Тхьэ – Тхьэ шъыпкъэу щытэп, къалэр къэшъуухъумэнымкIэ Ар IэпыIэгъу къышъуфэхъущтэп“.

Равшакс къазэрэдэхьащхыщтыгъэм джэуап рамытыжьэу лIыкIохэм къалэм къагъэзэжьи, зэкIэ къэбарэу къахыгъэр пачъыхьэм раIотэжьыгъ. Ахэр зэкIэ зызэхехыхэм, Хизкие лъэшэу гукъао щыхъугъ. Къалэм дзэ иIагъэп, къэлэдэсхэр ассириехэм ядзэ зэтегъэпсыхьагъэ пэуцужьынхэ алъэкIынэу щытыгъэхэп. Хизкие Тхьэм иунэшхо кIуагъэ Тхьэм елъэIунэу, ыкIи иIэпыIэгъуищ пегъымбар Исай ыдэжь ыгъэкIуагъэх. „Ерусалим икъэлэдэсхэм апае Тхьэм елъэIу“, – елъэIугъэх ахэр Исай. „ЕшъуIожь пачъыхьэм, – къариIуагъ лIыкIохэм пегъымбарым, – Тхьэм ассириехэр зэригъэпщынэщтхэр“.

Мэфэ заулэ тешIагъэу Равшакс дзэкIолIитIу Израил ипачъыхьэ ыдэжь ыгъэкIуагъ тхыгъэ зыдаIыгъэу. Израил ипачъыхьэрэ и Тхьэрэ адэхьащхэу бэ а тхылъым итхэгъагъэр. Къыфатхыгъэм зеджэ нэужым, ассириехэм язекIуакIэ ыгъэгубжыгъэ Хизкие Тхьэм иунэшхо кIуагъэ. Къыфатхыгъэр ыпашъхьэ чIыгум тырилъхьи, ащ итхьэлъэIу ригъэжьагъ: „О Зиусхьан, – елъэIугъ Хизкие Тхьэм. – Равшакс уицIыфхэм къакIэнакIэ. Ассириехэр гъэпщынэх!“ Тхьэм къызэхихыгъ пачъыхьэм илъэIу ыкIи Ежьым пегъымбар Исай къыгъэкIуагъ. Пегъымбарым пачъыхьэм къыриIуагъ: „Тхьэм лъэпкъыр мыкIодэу къыгъэнэжьыщт ыкIи ассириехэр ыгъэпщынэщтых!“

Джары ыкIи зэрэхъугъэри!

Чэщым, ассирие дзэкIолIхэр ящэтырмэ ачIэлъхэу рэхьатэу чъыехэзэ, Тхьэм мэлэIичыр къафигъакIуи, зэкI пIоми хъунэу ассириехэр ащ зэтыриукIагъэх. Пчэдыжьым Равшакс къызэущыжьым, ылъэгъугъ идзэ зэкI пIоми хъунэу зэрэзэхаукIыхьагъэр. КъэнэжьыгъэдзэкIолI тIэкIур игъусэу ащ кIиIэжьи, Ерусалим IукIыжьыгъ. Тхьэм джаущтэу Израилы ипачъыхьэрэ Ерусалим къалэмрэ къыгъэнэжьыгъэх.

Илъэс пчъагъэ тешIагъэу Хизкие зэгорэм къэсымэджагъ. Ащ ылъакъохэм щыны бжьэтэгъэ Iаехэр къатекIагъэх. Хизкие зекIон ылъэкIыщтыгъэп ыкIи зэкIэри тещыныхьэщтыгъэх ар шIэхэу лIэным. Iазэхэм ашIэщтыгъэп а узым узэреIэзэщт щIыкIэр.

Зиусхьаным пегъымбарэу Исай пачъыхьэм иунэшхо, сымаджэм ыдэжь, къыгъэкIуагъ. Пегъымбарым Тхьэм игущыIэхэр Хизкие риIожьынхэ фаеу ипшъэрылъыгъ. „Пачъыхьэр, о шIэхэу улIэщт“, – риIуагъ Исае сымаджэм ипIэкIор екIуалIэзэ. Пачъыхьэр къэгъыгъ. Ар джыри лъэшэу ныбжьыкIагъэ ыкIи щыIэмэ шIоигъуагъ. ИцIыфхэмрэ ихэгъэгурэ ар джыри афэлажьэмэ шIоигъуагъ. Хизкие Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ: „Зиусхьан, угу сыкъэгъэкIыжь! Джыри щыIэныгъэ къысэт!“





Тхьэм пачъыхьэм илъэIу зэхихыгъэ ыкIи джыри ащ ыдэжь пегъымбарыр къыгъэкIуагъ. Ау мызэгъэгум пегъымбарым къэбар гушIуагъу пачъыхьэм фихьыщтыгъэр: „Пачъыхьэр, Тхьэм уилъэIу зэхихыгъэ. О джыри илъэс пшIыкIутф къэбгъэшIэщт“. Мэфэ заулэ тешIагъэу пачъыхьэр хъужьыгъэ. ГушIогъошхом зэлъиштэгъэгъэ Хизкие Зиусхьаным зэрэфэразэр риIуагъ зэригъэхъужьыгъэм пае. ЕтIанэ илъэсищ тешIагъэу пачъыхьэм шъао къыфэхъугъ.

1. Сыда Ерусалим зыкIыщыгумэкIыгъуагъэр?
2. Дзэпащэу Равшакс сыда къариIуагъэр ыдэжь кIогъэ лIыкIохэм?
3. Сыда Хизкие Равшакс итхыгъэ ришIагъэр?
4. Сыда Тхьэм ассириехэм ядзэ ришIагъэр?
5. Зиусхьаным джыри илъэс тхьапша Хизкие ыгъэшIэнэу къыритыгъагъэр.

## *44. ДАНИЕЛРЭ АЩ ИНЫБДЖЭГЪУХЭМРЭ*

Хэгъэгу чыжьэм, къалэу Бавэл (Вавилон) щыпсэущтыгъэ пачъыхьэу Нэвуходнэцар. Ащ иунэшхо зэтегъэпсыхьагъэ кIэлэкIэ пчъагъэ щыпсэущтыгъ, ахэмэ ащыщыгъэх Израил къыращыгъэ кIэлиплIыри. Ерусалим зештэм, пачъыхьэу Нэвуходнэцар цIыфыбэ гъэрэу ыубытыгъагъэх. А кIэлиплIыри джащ фэдэу гъэрхэм ащыщыгъэх. Бавэл къызащэхэм, пачъыхьэм а кIалэхэр ежьым иунэшхо гъэкIэрэкIагъэ щыпсэунхэу унашъо ышIыгъ. КIэлакIэхэр ащ зыкIи ыгъэгушIуагъэхэп, сыда пIомэ Бавэл ахэр Тхьэм щелъэIунхэ алъэкIынэу щытыгъэп. Бавэл дэсыгъэхэм ашIошъ хъущтыгъэхэр тхьэ нэпцIыхэр арыгъэх ыкIи Нэвуходнэцари фэягъ джырт кIалэхэми тхьэ нэпцIым шъхьащэ фашIынэу. Ахэмэ ащыщэу зым ыцIагъэр Даниел, адрэхэр ащ иныбджэгъугъэх. Пачъыхьэр ахэмэ афэгумэкIыщтыгъэ. Фэшъхьаф кIалэхэу пачъыхьэм иунэшхо исыгъэхэм афэдэкъабзэу кIэлиплIыри хэгъэгум анахь акъылышIоу исхэм шIэныгъэ зэфэшъхьафхэмкIэ рагъаджэщтыгъэх. Пачъыхьэм иунэIутхэм пшъэрылъ афишIыгъагъ анахь гъомылэ дэгъухэмкIэ кIалэхэр агъэшхэнхэу. „Сэ сэжъугъэшхырэ гъомылэм фэдэ ахэми яшъутызэ шъушIы!" – унашъо афишIыгъагъ пачъыхьэу Нэвуходнэцар.

Джы мары зэгорэм Iанэхэр къагъэуцугъагъэх. ЗэкIэри ащ пэтIысхьагъэх шхэнхэу. ЗэкIэри ары, Даниелрэ ащ иныбджэгъухэмрэ афэшъхьафхэр. Iофыр зыфэгъэхьыгъагъэр Бавэл Зиусхьаным иунашъохэм ательэу гъомлапхъэхэр зэрэщамыгъэхьазырыщтыгъэр ары. Даниелрэ ащ иныбджэгъухэмрэ зыфэягъэхэр, а хэгъэгу чыжьэм зэрэщыIэхэзэ, ежьхэм я Тхьэ фэшъыпкъэнхэу арыгъэ. Джащ пае Iанэм зэрэпэтIысхьагъэхэзэ, ахэр гъомлапхъэм хэIабэщтыгъэхэп. „ХэтэрыкIхэмрэ псырэ къытфэхь", – аIуи, ахэр унэIутым елъэIугъэх. Ау унэIутым ахэмэ ялъэIу афигъэцэкIагъэп. Пачъыхьэм ар зишIэкIэ, къыфэгубжыным ар тещыныхьэщтыгъэ. „ХэтэрыкIхэмрэ псырэ щэхъу ясымытымэ, ащыгъум кIалэхэр оды хъунхэба", – ыгукIэ зэриIожьыщтыгъ унэIутым. Ау Даниел унэIутым риIуагъ: „Умыщын, тэ оды ащ пае тыхъущтэп!" Джащыгъум унэIутыр къезэгъыгъ.

Джаущтэу мэфэ заулэ тешIагъ. Ау хэтэрыкIхэмрэ псырэ щэхъу зымышхыщтыгъэ джырт кIалэхэр оды зэрэмыхъущтыгъэхэм имызакъоу, а уахътэм къыкIоцI, адрэ кIалэхэм ялъытыгъэмэ, анахь лъэшхэу ыкIи анахь зэкIужьхэу хъугъагъэх. Зиусхьанир ахэмэ къафэгумэкIыщтыгъ. Пачъыхьэм иунэIут зыпари къыгурыIон ылъэкIыщтыгъэп, ау мафэ къэс зэныбджэгъуплIымэ псырэ хэтэрыкIхэмрэ зэпимыгъэоу къафихьыщтыгъэ.

Даниелрэ ащ иныбджэгъухэмрэ зэкIэмэ анахь дэгъоу еджэщтыгъэх. ЕджэнымкIэ ахэмэ Тхьэр къадеIэщтыгъэ. КIэлиплIымэ ащыщэу Даниел зэкIэмэ анахь Iушыгъ. Ары пакIошъ, пкIыхьыпIэхэм ямэхьанэ ащ къышIэн ылъэкIыщтыгъэ.

Зэгорэм Нэвуходнэцар пкIыхь гъэшIэгъон горэ ылъэгъугъ. Хэгъэгум акъылышIоу исхэр зэкIэ къаугъоинэу пачъыхьэм унашъо ышIыгъ. Ау ахэр зыпарэкIи пачъыхьэм IэпыIэгъу фэхъунхэ алъэкIыгъэп, сыда пIомэ Нэвуходнэцар пкIыхьыпIэу ылъэгъугъэр зыфэдэр щыгъупшэжьыгъагъ. „КъысфэшъуIуат пкIыхьыпIэу слъэгъугъэр зыфэдагъэр ыкIи ащ имэхьанэ!" – ядаоштыгъэ пачъыхьэр акъылышIохэм. Ар зышъуфэмышIэкIэ, унашъо сшIыщт зэкIэри шъо шъуаукIынэу," – губжыгъэ ар. „О пкIыхьыпIэу плъэгъугъэр пщыгъупшэжьыгъэмэ, тэ тащыщэу хэти IэпыIэгъу къыпфэхъун ылъэкIыщтэп", – къыраIожьыгъ ащ акъылышIохэм.

Хэгъэгум зэкIэ акъылышIоу исхэр аригъэукIынхэу пачъыхьэм унашъо зэришIыгъэр Даниел зызэхехым, ащ ыдэжь ар кIуагъэ. „ЯмыгъэукIых акъылышIохэр, пачъыхьэр! Зы мафэ пIалъэу къысэтри, о уипкIыхь имэхьанэ къыпфэсIотэщт", – риIуагъ Даниел пачъыхьэм. Ядэжь къызэкIожьым, IэпыIэгъу къыфэхъунэу Даниел Тхьэм елъэIугъ. КъыкIэлъыкIогъэ пчэдыжьым Даниел унэшхом къэкIуагъ, пачъыхьэм пкIыхьыпIэу ылъэгъугъэр зыфэдэр ыкIи ащ имэхьани къыфиIотагъэх. Пачъыхьэр инэу ащ ыгъэгушIуагъ ыкIи акъылышIохэр псаоу къыгъэнэжьыгъэх. Даниел пачъыхьэм шIухьафтын лъапIэхэр къыритыгъэх ыкIи нэужым хэгъэгум пачъыхьагъур щызэрихьанымкIэ ащ IэпыIэгъу фэхъоу ригъэжьагъ. Арэущтэу зыкIэхъугъэр Тхьэр джырт кIалэхэм къафэгумэкIыщтыгъэти ары.

Охътэ заулэ тешIагъэу Нэвуходнэцар иунашъокIэ саугъэтышхо ашIыгъагъ. Зэрэпсаоу саугъэтыр дышъэ къабзэм хэшIыкIыгъагъ. Губгъошхом игупчэ ар рагъэуцогъагъ ыкIи зэкIэ къалэм дэсхэр кIонхэшъ, ащ шъхьащэ фашIын фэягъэ. Ар Тхьэ нэпцIым исаугъэтэу щытыгъ. Саугъэтым пщынаохэр къегъэуцокIыгъэхэу кIэлъырытыгъэх. ЗэкIэри къызызэрэугъоихэм, пачъыхьэм иунэIут макъэ къыгъэIугъ: „Джы дэдэм орэд макъэр къежьэщт ыкIи саугъэтым зэкIэми шъхьащэ зэдыфашIын фае. Ар зымыгъэцакIэрэр зэрэпсаоу агъэстыщт!".

Къэзэрэугъоигъэмэ ащыщыгъэх Даниел иныбджэгъуищи. Орэдышъохэр къырагъаIохэу къызырагъажьэм, зэкIэри лъэгонджэмышъхьэкIэ тIысыгъэх саугъэтым шъхьащэ фашIэу, ау зэныбджэгъуищыри зэрэщытхэу къэнагъэх.

Ахэр я Зиусхьан фэшъыпкъагъэх ыкIи саугъэтым шъхьащэ фашIынкIэ фэягъэхэп.

Пачъыхьэу Нэвухаднэцар ылъэгъугъ кIалэхэм саугъэтым шъхьащэ зэрэфамышIырэр ыкIи ахэр ежьым ыдэжь къащэнхэу унашъо ышIыгъ. „Сэ джыри зэ къышъосэIо зэкIэми саугъэтым шъхьащэ фашIын зэрэфаер. Орэдышъор къырагъаIоу зырагъажьэкIэ, лъэгонджэмышъхьэкIэ джыри шъузымытIысырэм, унашъо афэсшIыщт шъузэрэпсаоу машIом шъупадзэнэу“, – къафигъэпытагъ ащ зэныбджэгъуищым.

Орэдышъор къырагъаIоу джыри рагъэжьагъ, ау кIалэхэр зэрэщытыгъэхэу къэнагъэх. Ащ ыгъэгубжи, пачъыхьэм унашъо ышIыгъ кIалэхэр аубытынхэшъ ыкIи зэкIоцIапхэнышъ машIом падзэнхэу. КIалэхэр машIо зэрылъ хьакушхом зырадзэхэм, зэкIэми алъэгъугъ ахэр зэрапхыгъэ кIапсэхэр зэрэзэпыутыгъэхэр, кIалэмэ ащыгъыгъэ щыгъынхэр зэрэпсаоу къызэрэнагъэхэр, машIом ежь кIалэхэми зыпари зэраримышIагъэр. КIалэхэм къабгъодэтыгъ Тхьэм къыгъэкIогъэ мэлэIичыр.

Ар зелъэгъум, пачъыхьэр хьакум ечъалIи кIалэхэм яджагъ ащ къикIыжьынхэу. Зэныбджэгъуищыри хьакум зэрэпсаухэу къикIыжьыгъэх. ЗэкIэми агъэшIагъоу кIалэхэм яплъыщтыгъэх. Ахэмэ зыпари къащымышIыгъэу зэрэпсэугъэх, стыгъагъэхэр ахэр зэрапхыгъэ кIапсэхэр арых ныIэп. „Джы сэ сэшIэ Зиусхьаныр Тхьэ шъыпкъэ закъоу зэрэщытыр!“ – джащыгъум ыIуагъ пачъыхьэу Нэвухаднэцар.

1. Сыда Даниелрэ иныбджэгъухэмрэ адрэхэм ягъусэхэу шхэнхэу зыкIыфэмыягъэхэр?
2. Хэта пачъыхьэу Нэвухаднэцар ипкIыхьыпIэ имэхьанэ къэзышIэн зылъэкIыгъэр?
3. Бавэл щыпсэухэрэм хэта шъхьащэ зыфашIын фэягъэр?
4. Зэныбджэгъуищымэ сыда арашIагъэр?
5. Зэныбджэгъухэм ягъусэу хэта машIом адыхэтыгъэр?



## *45. ДАНИЕЛРЭ АСЛЪАНХЭМРЭ*

Бавэл пачъыхьэу фэхъугъагъэр пщэу Дарий ары. Даниел пачъыхьэм иныбджэгъушIоу щытыгъ ыкIи IофыгъуабэхэмкIэ ащ IэпыIэгъу фэхъущтыгъэ. Дарий инэу шIу ылъэгъущтыгъэ Даниел, ау пачъыхьэм адрэ иунэIутхэм ар агу рихьыщтыгъэп. Арыти, ахэмэ тыраубытагъ Даниел аукIынэу. Бэрэ егупшысагъэх ахэр ар зэрагъэцэкIэщт шIыкIэм ыкIи къумал шIыкIэ къаугупшысыгъ.

Пачъыхьэм иунэшхо къакIохи, Даниел иджэгъогъухэм мырэущтэу Дарий раIуагъ: „Пачъыхьэр, мэфэ щэкIым къыкIоцI зэкIэ хэгъэгум щыпсэурэ цIыфхэр ощ щэхъу зыми ерэмылъэIух!“ Ау Зиусхьаным фэгъэзэгъэ тхьэлъэIури – ари джащ фэдэу лъэIуба! ЗэкIэми ашIэщтыгъэ Даниел Тхьэр лъэшэу шIу зэрилъэгъущтыгъэр ыкIи Ащ мафэ къэс зэрелъэIущтыгъэр. Зиусхьаным елъэIуным пае Даниел иунэ шъхьангъупчъэ Iухыгъэ дэжь мафэ къэс щэгъогогъу лъэгонджэмышъхьэкIэ щетIысэхыщтыгъ.

Даниел ипыйхэм ар ашIэщтыгъэ. Джащ пае ахэмэ пачъыхьэм раIуагъ: „А мэфэ щэкIым къыкIоцI о уиунашъо зыукъорэр пхъашэу гъэпщынэ! Уиунэшхо зыдэт щагум мэшэ куу щашIыгъэу уиаслъанхэр ащ щаIыгъых. Уиунашъо зыукъорэр а машэм ис аслъанхэм ахарэдз!“ Пачъыхьэу Дарий а гущыIэхэр ыгу рихьыгъэх ыкIи мэфэ щэкIым къыкIоцI ежьым щэхъу хэти лъэIукIэ зыфагъазэ мыхъущтэу къызыщиIорэ унашъом кIэтхагъ.

Даниел а унашъор ыгъэцэкIэн ылъэкIынэу щытыгъэп. Иунэ ишъхьангъупчъэу Ерусалим ылъэныкъокIэ гъэзагъагъэр Iуихыти, щэгъогогъу – пчэдыжьым, щэджагъом ыкIи пчыхьэм – Зиусхьаным елъэIущтыгъэ.

Ау пчэдыжь горэм, сыдигъуи зэрихабзэу, Даниел тхьэлъэIу зыщишIыщтыгъэ уахътэм дэжь, пачъыхьэм иунэIутхэр иунэ къыбэнагъэх. Ахэмэ алъэгъугъ Даниел лъэгонджэмышъхьэкIэ щысэу Тхьэм зэрелъэIурэр. УнэIутхэм Даниел аубыти, пачъыхьэм ыдэжь ащагъ. Джыры ныIэп иунэIутхэм ягухэлъ бзаджэхэр пачъыхьэм къызыгурыIуагъэхэр. Дарий лъэшэу къэчэфынчъагъ: Даниел ащ ианахь ныбджэгъу дэгъоу иIагъ. Ау джы ар аслъанхэм зэхацунтхъэн фэягъэ. Дарий еж зыкIэтхэгъэ унашъор зэрихъокIыжьын ылъэкIынэу щытыгъэп. „Тхьэм о гум уримынэнэу сыщэгугъы“, – пачъыхьэм Даниел къыриIуагъ. УнэIутхэм Даниел аубыти, щагум дэт мэшэшхом исыгъэ аслъанхэм ахадзагъ.

Чэщ реным пачъыхьэр хэчъыен ылъэкIыгъэп. „ЗыгорэкIэ Даниел и Тхьэ мыкIодэу къыгъэнэжьын шъуIуа ежь?“ – егупшысэщтыгъэ пачъыхьэр.

Пчэдыжьым жьэу зифапи, щагум дэт машэм гуIэзэ, екIолIагъ. „Зиусхьаным фэлажьэрэ Даниел, Тхьэм о аслъанхэм уащиухъумагъэба? – джагъэ пачъыхьэр. – О хьалэл шъыпкъэу Ащ уфэлажьэщтыгъэба“. „О пачъыхьэр! – зэхихыгъэ Дарий иныбджэгъу ымакъэ. – Зиусхьаным Ежьым имэлэIич садэжь къыгъэкIуи, ащ сэ аслъанхэм сащиухъумагъ“.

ГушIом зэлъиштэгъэ Дарий иунэIутхэм къяджи, ахэмэ псынкIэу машэм Даниел кIапсэу фырадзыхыгъэмкIэ къыращыжьыгъ. Ар псаугъ ыкIи аслъанхэр ащ нэсыгъагъэхэп! Тхьэм Даниел гум ринагъэп!

Пачъыхьэм игушIогъошхуагъ Даниел зыпари къыщымышIэу къызэрэнагъэм пае. ЗэкIэ хэгъэгум щагъэцэкIэн фаеу ащ унашъо ышIыгъ: „ЗэкIэ хэгъэгум щыпсэурэ цIыфхэр Даниел и Тхьэ фэлэжьэнхэ фаех“. Даниел иджэгъогъухэр арымэ, Дарий унашъо афишIыгъагъ ахэр къаубытынхэшъ, машэм ис аслъанхэм ахадзэнхэу ыкIи арэущтэу зашIым, аслъанхэм ащ лъыпытэу ахэр зэпкъыратхъыгъэх.

1. Даниел иджэгъогъухэм сыда Дарий раIогъагъэр?
2. Мафэм тхьапшырэ Даниел шъхьангъупчъэм кIэлъырысэу Тхьэм елъэIущтыгъа?
3. Даниел аслъанхэм ащиухъумэным пае хэта Зиусхьаным ащ ыдэжь къыгъэкIуагъэр?
4. Хэта чэщ реным мычъыягъэр?
5. Дарий Даниел ипыйхэр сыдэущтэу ыгъэпщынагъэха?





## *46. БЗЫЛЪФЫГЪЭ ПАЧЪЫХЬЭУ ЭСТЕР*

Зэгорэм перс пачъыхьэу Ахашверуш ишъуз лъэшэу фэгубжыгъ къызэремыдэIурэм пае ыкIи ар иунэшхо рифыгъ. Бэ темышIэу пачъыхьэм унашъо афишIыгъ зэкIэ пшъэшъэ дахэхэу хэгъэгум исхэр къаугъоинхэшъ, ыдэжь къащэнхэу. Пачъыхьэм ыгу хэлъыгъ ахэмэ ащыщ шъузкIэ ыштэнэу. Унэшхом къащэгъэ пшъашъэхэм зы джурт пшъашъэ ахэтыгъ. Ащ ыцIагъэр Эстер. Чэзыу-чэзыукIэ зырызэу пшъашъэхэр пачъыхьэм ыдэжь чIахьэщтыгъэх ыкIи ар ахэмэ къадэгущыIэщтыгъэ. Эстер чэзыур къынэсыгъ. Пачъыхьэм ыдэжь ар зычIахьэм, ащ къылъэгъугъ Эстер зэкIэ пшъашъэхэм анахь дахэу зэрэщытыр, зыдэгущыIэми, ышIошъ къэхъугъ, анахь зэрэIушри. Арыти Ахашверуш Эстер шъузкIэ къахихыгъ.

Эстер ятэ-янэхэр бэ шIагъэ зимыIэжьыгъэхэр ыкIи исабыигъом къыщегъэжьагъэу ятэшэу Мордахай ар ыпIужьыгъагъ. Джы Мордахай пчэдыжь къэс пачъыхьэм иунэшхо къакIоти, пачъыхьэ гуащэу Эстер ищыIэкIэ-псэукIэ зэригъашIэщтыгъэ.

Зэгорэм пачъыхьэм иунэшхо къекIуалIэзэ, Мордахай гу лъитагъ унапчъэм дэжь пачъыхьэм иунэIутитIу зэрэщызэIушъашъэхэрэр. Нахь благъэу зякIуалIэм, Мордахай зэхихыгъэ а нэбгыритIум пачъыхьэр аукIынэу гухэлъ зэрашIыгъэр. Ащ лъыпытэу Мордахай а къэбарыр Эстер риIотэжьыгъ, ежьым Эстери ащкIэ пачъыхьэм макъэ ригъэIугъ. ШъэфыкIэ пачъыхьэр зыукIын зыгу хэлъыгъэхэр палъагъэх, пачъыхьэр къэзыгъэнэжьыгъэ Мордахай ыцIэ датхагъ мэхьэнэшхо зиIэ хъугъэ-шIагъэхэр зыдэт тхылъым.

Пачъыхьэу Ахашверуш Хьаман зыцIэ ныбджэгъу иIагъ. Мафэ къэс Хьаман пачъыхьэ унэшхом къакIощтыгъэ ыкIи ар цIыфхэм къаблэкIы зыхъукIэ, зэкIэ унэIутхэм ащ шъхьащэ фашIыщтыгъ. Мордахай закъор ары ныIэп арэущтэу зымышIыщтыгъэр. „Сыда мы джуртым шъхьащэ къызкIысфимышIырэр? – гупшысэщтыгъэ Хьаман. – ЗэкIэ мы джуртхэр укIыгъэнхэ фаех“.

Зэгорэм пачъыхьэм ыдэжь къэкIуагъэу Хьаман ащ риIуагъ: „Джуртхэм уиунашъохэр агъэцакIэхэрэп ыкIи шъхьэкIафэ къыпфашIырэп. А лъэпкъыр хэгъэгум игъэкIодыкIыгъэн фае. Сэ ар пшъэрылъ къысфэшI!“ Хьаман игущыIэхэр Ахашверуш ышIошъ хъугъэх ыкIи унашъо ышIыгъ хэгъэгум щыпсэурэ джуртхэр зэкIэ аукIынхэу. Пачъыхьэм иунашъо зызэхахым, зэкIэ джуртхэр гумэкI-гузэжъогъум хэфагъэх ыкIи ахэр я Зиусхьан елъэIухэу рагъэжьагъ.

Джащ фэдэу Мордахай зэхихыгъэ Хьаман игухэлъ бзаджэ икъэбар. Ыгу еIэжьыгъэу, ар гузэжъогъукIэ пачъыхьэ унэшхом кIуагъэ. „А къэбарыр Эстер зэхихын фае“, – ыгукIэ ыIощтыгъэ ащ. Эстер шъхьангъупчъэм къызеплъым, пачъыхьэ унэшхом къакIорэ Мордахай ылъэгъугъэти, Iофтабгэм риIуагъ: „Сыда Мордахай мыщ фэдизэу зыкIэчэфынчъэр? Модэ кIори, ар садэжь къащэ“.

Мордахай Эстер ыдэжь къызехьэм, зэкIэ зэхихыгъэр ащ риIотагъ. „Эстер, пачъыхьэм ыдэжь умыкIо хъущтэп! Джуртхэр ащ аджалым щиухъумэнхэкIи хъун“. „Ар пшIэн плъэкIынэу щытэп, – къыриIожьыгъ Эстер. – Пачъыхьэм ыдэжь укIон узыфитыр ежьыр къыуаджэмэ ары ныIэп“. „Арэу щытми, умыкIо хъущтэп, – теубытагъэ хэлъэу къыIуагъ Мордахай. – ЗэкIэ хэгъэгум джуртэу исхэр аукIынхэ фаеу хъумэ, ори уаукIын фаеу хъущт, ори уджыуртыба!“ „Дэгъу, сыкIощт сэ пачъыхьэм ыдэжь, – къезэгъыгъ Эстер. – Тхьэм сфелъэIу!“ ЕтIанэ анахь шъошэ дахэу иIэхэр зыщилъэхи, Зиусхьаным елъэIуи, Эстер пачъыхьэм ыдэжь кIуагъэ.

Пачъыхьэм хэгъэгу Iофхэр зыщызэшIуихырэ унэм зехьэм, Эстер къызэтеуцуагъ. Ахашверуш ар къылъэгъугъ, ау ежь-ежьырэу ыдэжь къызэрэкIуагъэм пае къыфэгубжыгъэп. Лъэшэу ащ Эстер шIу ылъэгъущтыгъэ. „СыдкIэ укъысэлъэIунэу садэжь укъэкIуагъа?“ – къеупчIыгъ ар ишъузы. „Уиныбджэгъоу Хьаман уигъусэу сипчыхьэзэхахьэ къакIо“, – елъэIугъ бзылъфыгъэр пачъыхьэм.

Ешхэ-ешъо уахътэм Ахашверуш джыри зэ ишъуз еупчIыгъ: „Адэ зыгорэкIэ укъысэлъэIу пшIоигъоба?“ „Уиныбджэгъоу Хьаман уигъусэу джырэ неущ садэжь къакIо. Неущ сэ къыосIощт силъэIу зыфэдэр“. Хьаман лъэшэу зигъэпэгагъ: пачъыхьэ гуащэм ятIонэрэу ар регъэблагъэ ипчыхьэзэхахьэ.

ЯтIонэрэ мафэм Хьаман пачъыхьэ унэшхом къызэкIом, джыри Мордахай IукIагъ. Джуртым джыри ащ шъхьащэ къыфишIыгъэп. Ащ джыри нахь лъэшэу Хьаман ыгъэгубжыгъ.

Чэщым пачъыхьэр хэчъыен ымылъэкIы зэхъум, унэIутым риIуагъ зыгорэм къыфеджэнэу. УнэIутым хъугъэ-шIагъэхэр зыдэтхэгъэ тхылъыр къышти, къеджагъ Мордахай пачъыхьэр къызэригъэнэжьыгъэм икъэбар. „Адэ сыда ащ пае сэ Мордахай фэсшIагъэр?“ – къыкIэупчIагъ пачъыхьэр. „Зыпари фэпшIагъэп“, – къыритыжьыгъ унэIутым пэгъокI. Джы Ахашверуш ышIэщтыр зыфэдэр ышIэщтыгъэ.

Мордахайрэ зэкIэ джуртхэмрэ укIыгъэнхэ зэрэфаем фэгъэхьыгъэ унашъом пачъыхьэр кIигъэтхэным пае къыкIэлъыкIорэ мафэм Хьаман унэшхом къызэкIом, пачъыхьэр ащ еупчIыгъ: „Сыд фэшIэгъэн фая цIыфэу зэфагъэрэ шъыпкъагъэрэ хэлъэу пачъыхьэм фэлажьэрэм?“ Ежьым ар фэгъэхьыгъэу Хьаман къышIошIыгъ ыкIи мыщ фэдэ пэгъокI пачъыхьэм ритыжьыгъ: „Ащ фэдэ цIыфым ифэшъуашэр пачъыхьэм ишы тесэу, пачъыхьэ шъуашэмрэ пачъыхьэ паIомрэ щыгъыхэу зэкIэ къалэр зэпызычырэ урамым рыкIонэу ары. ШыIупэр ыIыгъэу зыщэнэу зытефэрэр пачъыхьэм иIэпыIэгъухэм ащыщ, етIани ащ зэкIэми зэхахэу мыр къыIозэ ышIын фае: „Джары ежьым къыфэшъыпкъэу къулыкъу фэзышIэрэм пачъыхьэр зэрэдэзекIощтыр!“

„Ащыгъум лъыкIуи, садэжь къащэ Мордахай!“ – унашъо къыфишIыгъ Ахашвероуш. Хьаман зэрымыр-щынэным зыIэкIиубытагъ зэкIэ пачъыхьэм игущыIэхэр, ащ фэдиз шIур зыфишIэщтыр ежь арымырэу, Мордахай арэу зэрэщытыр къызыгурэIом. Ау пачъыхьэм иунашъо умыгъэцэкIэн уфитыгъэп.

Мордахай пачъыхьэм ишы тесэу, пачъыхьэм ипаIо шъхьащысэу, пачъыхьэ шъуашэкIэ фэпагъэу къалэм иурамхэм арыкIуагъ. ШыIупэр зыIыгъыгъэр ыкIи ымакъэ Iэтыгъэу. „Джары ежьым фэшъыпкъэу къулыкъу фэзышIэрэм пачъыхьэр зэрэдэзекIощтыр!“ – ыIозэ къезыщэкIыгъэр Хьаман ары.

А уахътэм Эстер пачъыхьэм риIотагъ ежьыри джурт лъэпкъэу зэрэщытыр. „ЗэкIэ сызыщыщ лъэпкъыр зыгъэкIодын зыгу хэлъыгъэр гъэпщынэ!“ – елъэIугъ ар илIы. Джы Ахашвероуш къыгурыIуагъ Хьаман гухэлъ мэхъаджэу иIагъэр зыфэдэр: Хьаман пачъыхьэ гуащэри аригъэукIын ыгу хэлъыгъ. Джащ фэшI Хьаман пачъыхьэ унэшхом къызегъэзэжьым, Ахашвероуш унашъо афишIыгъ ар къаубытынышъ аукIынэу. Джуртхэм хэти анэсыгъэп. Джауштэу Тхьэр Ежьым хихыгъэ лъэпкъым фэгумэкIыгъ Эстер пачъыхьэ гуащэу зэришIыгъэмкIэ. Мордахай пачъыхьэм анахь ныбджэгъу дэгъоу фэхъугъ.

1. Хэта пачъыхьэ гощакIэу хъугъэр?
2. Хэта Хьаман шъхьащэ фэзышIынкIэ фэмыягъэр?
3. Сыда Хьаман джуртхэм аришIэн ыгу хэлъыгъэр?
4. Хэта агъэпщынагъэр?
5. Хэта пачъыхьэм анахь ныбджэгъу дэгъоу фэхъугъэр?



## *47. МЭЛЭIИЧЭУ ДЖЭБРАIИЛ КЪЭБАРЭУ КЪЫIIУАГЪЭР*

Израилым щыпсэущтыгъэ дин пащэу Захарие. Ар жъы хъугъагъ, ишъхьагъусэу Элисавети ныо хъугъагъэ. Нэбгырит1ури шъыпкъагъэ фыряIэу Тхьэм фэлажьэщтыгъэх. Зы гукъау ахэмэ яIагъэр: кIалэ агъотыгъэу щытыгъэп. Бэрэ ахэр Тхьэм елъэIухэу къыхэкIыгъэх сабый къаритынэу. Илъэсхэр тешIэщтыгъэх, ау кIалэ зэрямыIэм тетэу щытыгъ.

Мафэ горэм Захарие Ерусалим кIуагъэ. Ащ дэт Тхьэм иунэшхо Зиусхьаным пае къурмэн ащ щишIын фэягъэ. Тхьэм иунэшхо Захарие зычIахьэм, пчъэхэр ащ лъыпытэу зэфашIыгъэх. ЗэкIэ адрэ игъусагъэхэр дин пащэм ежэхэу щагум къыдэнагъэх. Захарие изакъоу къурмэныпхъэ былымыр шIуибзын ыкIи Тхьэм елъэIун фаеу щытыгъ.

ОшIэ-дэмышIэу Захарие къурмэншIыпIэм дэжь щыт мэлэIичыр ылъэгъугъ. „Умыщын Захарие, – къыриIуагъ мэлэIичым, – уитхьэлъэIу Тхьэм зэхихыгъэ. ШIэхэу уишъхьагъусэ шъао къыфэхъущт. Иуан ащ цIэу фэус. ШъуикIэлэцIыкIу Зиусхьаным фэлэжьэщт. Ау анахь мэхьанэшхо зиIэр уикIалэ Исус Христос икъэбар цIыфхэм зэрафиIотэщтыр ары“.

Ау Захарие мэлэIичым едэIущтыгъэми, зэхихырэр ышIошъ хъущтыгъэп. „Сэри сишъхьагъуси жъыщэ тыхъугъ сабый къытфэхъуным пае“, – ыдэщтыгъэп зэхихыгъэр дин пащэм. „МэлэIичэу ДжэбраIилыр сэры, – ащ пыдзагъэу къыриIуагъ мэлэIичым. – Сэ ренэу Тхьэм сыпэмычыжьэу сыгот зэпыт ыкIи мары Зиусхьаным уадэжь сыкъигъэкIуагъ. Ау сэ къыуасIорэр о пшIошъ хъурэп. Ащ пае пщыныжь фэдэу къыптеслъэхьэрэр джы къыщегъэжьагъэу бзако узэрэхъущтыр ыкIи ащ нахьыбэкIэ угущыIэн зэрэмылъэкIыщтыр ары“. Ахэр къыIохи, ащ лъыпытэу мэлэIичыр бзэхыжьыгъэ.

Захарие изакъоу Тхьэм иунэшхо къычIэнагъ. „ЦIыфхэм сахэхьэн фае, – егупшысагъ дин пащэр. – Охътабэн фае тешIагъэр сакъызыхэкIыгъэм щегъэжьагъэу ыкIи бэ шIагъэу къысажэхэн фае“. Захарие пчъэр къыIуихи, Тхьэм иунэшхо къычIэкIыжьыгъ. Ащ ыIэхэр ошъогум фэгъэзагъэхэу къыIэтыхи, ыжэ къызэтырихыгъ къэгущыIэнэу, ау... ылъэкIыгъэп. Захарие бзако хъугъэ. „Сыда дин пащэм къехъулIагъэр“ – зэупчIыжьыщтыгъэх цIыфхэр. – ЕнэгуягъоащТхьэм иунэшхо зыгорэ чIилъэгъуагъэкIэ“. ТIэкIурэ зызэхэтхэ нэужым цIыфхэр зэбгырыкIыжьыгъэх, Захарие джыри ыгъэзэжьи, Тхьэм иунэшхо чIэхьажьыгъ.

Мэфэ заулэ тешIагъэу ядэжь къызэкIожьым, Захарие тхылъыпIэрэ къэлэмрэ къыштэхи, зэкIэ къехъулIагъэр ытхыгъ. Элисаветэ а тхылъыпIэм тетхагъэм еджагъ ыкIи лъэшэу гушIуагъэ. Насыпышхом зэлъиштагъэу, Тхьэм зэрэфэразэр риIоу ыублагъ. Элисаветэ гъэнэфэгъэ шъыпкъэу ышIэщтыгъэ джы сабый къызэрэфэхъущтыр, джащ фэдэуи Захарие ар джы ышIошъ хъугъэ.

Мерэм зыцIэ пшъашъэр къалэу Назарет щыпсэущтыгъэ. А къэлэ дэдэм дэсыгъ Тхьэм ищынагъо зыгу илъ лIэу Юсыф. КъызэрэзэрэщэщтхэмкIэ ахэмэ Iуагъэ зэдашIыгъэу щытыгъ. Зэгорэм бэ шIагъэу Израил ипачъыхьэу щытыгъэ Даутэ илIакъо тIури къыхэкIыгъэу щытыгъ.

Мафэ горэм Мерэм изакъоу унэм исызэ, ошIэ-дэмышIэу мэлэIичэу ДжэбраиIил ыпашъхьэ къиуцуагъ. МэлэIичыр зелъэгъум, Мерэм къэщтагъ, ау адрэм къыриIуагъ: „Умыщын Мерэм, Зиусхьаным о адрэ бзылъфыгъэхэм укъахихыгъ. О сабый къыпфэхъущт, Ар Зиусхьаным ыкъоу щытыщт, цIэу фэшъуусыщтыр Исус Христос“. „Ары шъхьэкIэ, сыдэу хъумэ сэ сабый къысфэхъуна джыри сыдэмыкIуагъэмэ?“ – къыкIэупчIагъ Мерэм. „Тхьэм ар иIэмыр, – къыриIуагъ ДжэбраиIилэ. – Элисаветэ ныоми джащ фэдэу шъао къыфэхъущт“. „Зиусхьаным зэкIэ рихъухьэгъэ Iофыгъохэр шIагъох“ – шъхьэкIафэ хэлъэу къыIуагъ ныIэп Мерэм ыкIи ащ лъыпытэу мэлэIичыр бзэхыжьыгъэ. „ПсынкIаIоу Элисаветэ ыдэжь кIогъэн фае, ар ныо зэрэхъугъэзэ, етIани ащ сабый къыфэхъунэу щыт. Тхьэм зэхихыгъэх ащ илъэIухэр“, – егупшысэщтыгъэ Мерэм гъогум техьаным зыфигъэхьазырызэ.

Гъогу чыжьэр ыкIуи, Мерэм Захариерэ Элисаветрэ адэжь къэкIуагъ. Яунэ къекIолIэрэ Мерэм къызелъэгъум, Элисаветэ гушIом хэтэу къыIуагъ: „Мары къакIо си Зиусхьаны янэ!“ Тхьэм Элисаветэ къыфызэIуихыгъ Исус Христос Мерэм къызэрэфэхъущтыр. Мерэми насыпышIуагъ. „Бзылъфыгъэу щыIэ пстэуми сэ Тхьэм сакъыхихыгъ. Шъао сэ къысфэхъущт. Ащ зэкIэ цIыфхэр насыпышIо ышIыщтых. ЗэкIэ Ар шIу зылъэгъущтхэр насыпышIо хъущтых!“ ТIэкIурэ Элисаветэ ыдэжь зыщэIэм Мерэм ядэжь, Юсыф къызыщежэщтыгъэ Назарет, кIожьыгъэ.

Охътэ заулэ тешIагъэу Элисаветэ къо къыфэхъугъ. Элисавети Закъэрие лъэшэу насыпышIуагъэх. Ау ахэмэ ягушIуагъо къызэIэзыгъахьэщтыгъэр Захарие гущыIэн зэримылъэкIырэр ары. Мары ягъунэгъухэр ахэмэ адэжь къэкIуагъэх сабыир зэрагъэлъэгъунэу. „Сыд цIэу шъукъо фэшъуусыщтыр?“ – аIуи, ахэр Элисаветэ къеупчIыгъэх.

„Ятэ шъуеупчІ“, – ариІожьыгъ Элисаветэ. Захарие ышІэщтыгъэ шъэожъыем цІэу фэусыгъэн фэягъэр, ау къэгущыІэн зэримылъэкІырэм пае тхылъыпІэм къытыритхагъ: „Иуан“. Мыщ дэжьым гъэшІэгъон хъугъэр. Ыкъо ыцІэ тхылъыпІэм къызэрэтыретхэу Захарие ыбзэ къытІупщыжьыгъ. НасыпышІо хъугъэ Захарие Тхьэм щытхъу фишІэу елъэІугъ. Бзылъфыгъэхэри Захарие итхьэлъэІу едэІугъэх, етІанэ Захарие бзылъфыгъэхэм къафиІотагъ Исусыр – дунаим ицІыфхэр къэзыгъэнэжьыщтыр – шІэхэу къызэрэхъущтыр.

1. Сыда Захарие Тхьэм иунэшхо щишІэщтыгъэр?
2. Сыда мэлаІичэу ДжэбраІил Захарие къыфиІотагъэр?
3. Сыда ДжэбраІил Мерэми къыриІуагъэр?
4. Хэта Мерэм къыфэхъун фэягъэр?
5. Ыкъо ыцІэ тхылъыпІэм къызытыретхэм, сыда Захарие къехъулІагъэр?



## *48. ИСУС КЪЫЗЭРЭХЪУГЪЭР*

Пегъымбархэм ащыщ горэм ыпэкIэ къызэриIогъагъэм тетэу Исус къалэу Бетлэхьэм къыщыхъун фэягъэ. Ау Юсыфрэ Мерэмрэ Бетлэхьэм лъэшэу пэчыжьэ къалэу Назарет ары зыдэсыгъэхэр.

Мафэ горэм Рим идзэкIолI Назарет къэкIуагъ ыкIи Рим ипачъыхьэ иунашъо къэлэдэсхэм къафеджагъ: „Шъо шъуащыщ пэпчъ нахьыпэм ятэ-янэхэр игъусэхэу зыдэсыгъэ къалэм ыгъэзэжьын фае. Рим идзэкIолIхэм цIыфхэм япчъагъэ къалъытэщт ыкIи къалэ пэпчъ дэс нэбгырэ пчъагъэр агъэунэфыщт. Джащ фэд унашъоу Рим ипачъыхьэу Аугуст ышIыгъэр“.

Рим идзэкIолI игущыIэхэр Юсыф зэхихыгъэх ыкIи, ядэжь къэкIожьи, Мерэмрэ ежьырырэ гъогу чыжьэм техьанхэу загъэхьазырэу фежьагъэх. ОхътабэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Бетлэхьэм къалэм Даут щыпсэущтыгъ, ежьхэри Даут илIакъу къызхэкIыгъагъэхэр.

Бетлэхьэм кIорэ гъогур лъэшэу къинэу ыкIи кIыхьэу щытыгъ, ау Рим ипачъыхьэу Аугуст джащ фэдэ унашъу ышIыгъагъэр, Тхьэри джары зыфэягъэр. Исус Бетлэхьэм къызыщыхъун фэягъэр.

Бетлэхьэм цIыфжъугъабэ щызэблэкIыщтыгъэ, хэгъэгум ичIыпIэ пстэуми къарыкIыгъэ цIыфхэр мыщ къэкIогъагъэх зарагъэтхынэу. ЗэкIэ ахэр чэщыр зыщырахын алъэкIыщт хьакIэщ щагум къезэрэгъэкIущтыгъэх. Джащ пае Мерэмрэ Юсыфрэ Бетлэхьэм къызэсыхэм, чIыпIэ нэкI а щагум щагъотыжьыгъэп. Урамым темылъынхэм пае ахэр чэмэщ горэм чIэгъолъхьагъэх. ЗэкIэ чэмэщ джэхашъом уарзэ тетэкъогъагъ, джэхэшъо гузэгум былым Iусыр зыдатакъорэ шхынлъэ итыгъ.

Чэщ хъугъэ. Бетлэхьэм дэс цIыфхэр чъыежьыгъагъэх. ЗэкIэ – Мерэмрэ Юсыфрэ афэшъхьафхэр. НасыпышIохэу ахэр зэгосыхэу щысыгъэх. Мерэм ыIыгъыгъ ыкъоу къыфэхъугъэ къодыер. Исус къэхъугъ. Тхьэм Ыкъо, цIыфыбэхэм ящыIэкIэ-псэукIэ насыпышIо зышIыщтыр къэхъугъ.

Мерэм чхыIэн фабэм ыкъо кIоцIищыхьагъ ыкIи Ар шхынлъэм дигъэгъолъхьагъ. Джы а шхынлъэр Ащ икушъэу хъугъэ!

А чэщ дэдэм Бетлэхьэм пэмычыжьэу мэлахъохэр губгъом исыгъэх. МашIоу зэкIагъэнагъэм пэсыхэу ахэмэ къэбархэр къаIуатэщтыгъэх ыкIи апэгъунэгъоу агъэхъурэ мэлхэм алъыплъэщтыгъэх. Ау ошIэ-дэмышIэу ошъогум къикIэу нэфынэ горэ ахэмэ къашъхьащыхьагъ ыкIи мэлахъохэм мэлэIичыр алъэгъугъ. „Шъумыщын, – къариIуагъ мэлэIичым зэрымыр хъугъэ мэлахъомэ, – зыфэдэ мыхъурэ къэбар гушIогъошхо шъосIонэу ары сэ мыщ сыкъызкIэкIуагъэр. Джы дэдэм Бетлэхьэм къыщыхъугъ КъэгъэнэжьакIор, Христос – Зиусхьаныр. Сабыир чхыIэным кIоцIыщыхьагъэу шхынлъэм дэлъэу шъо къэжъугъотыщт“. Ардэдэм ошъогум мэлэIичыбэхэр къыщылъэгъуагъэх, Тхьэм ищытхъу къэзыIотэрэ орэдыр ахэмэ къыхадзагъ: „Щытхъушхор уашъомкIэ Тхьэм ий, чIылъэмкIэ цIыфхэу Тхьэр разэ зыфэхъухэрэм гупсэфыныгъэр яй!“ Зэхахырэм, алъэгъурэм агъэсамбырыгъэ мэлахъохэр агъэшIагъоу орэд шIагъом едэIущтыгъэх.

Орэдыр къаIуи, мэлэIичхэр ошъогум зыдэкIоежьхэм, мэлахъомэ мырэущтэу зараIуагъэ: „ПсынкIаIоу Бетлэхьэм тыжъугъакIу ыкIи тежъугъэплъ ащ къыщыхъугъэу зикъэбар Зиусхьаным къытигъэIугъэр“. А чэщ дэдэм ахэр гъогум техьагъэх, ямэлхэр чъыехэу мэшIо пашъхьэм къыIуанагъэхэу. Тхьэм мэлхэр хьэкIэ-къокIэ Iэлхэм ащиухъумэщтыгъэх.



Къалэм къызэсыхэм, ахэмэ къагъотыгъ къакъыр шхынлъэр зычIэтыгъэр. Сабыир ащ дэлъыгъ. Ащ Мерэмрэ Юсыфрэ кIэлъырысыгъэх. ШъхьэкIафэ хэлъэу Iахъомэ шхынлъэм ыпашъхьэ шъхьащэ щашIыгъ: шхынлъэм дэлъыгъ Исус Зиусхьаныр.

Нэф къызэшъым, мэлахъохэр ядэжь къежьэжьыгъэх, ыкIи гъогум зыщыIукIэгъэхэ пстэуми араIуатэщтыгъ ти КъэгъэнэжьакIоу Исус къызэрэхъугъэр. Ахэмэ къаIукIэрэ цIыфхэми агъэшIагъощтыгъэ: „Арэущтэу хъун ылъэкIына – КъэгъэнэжьакIор шхынлъэм къыдэхъухьагъэу?“ „Ары, къыдэхъухьагъ“, – араIожьыщтыгъэ ахэмэ мэлахъохэм ыкIи ягушIогъошхоу Тхьэм щытхъу фашIыщтыгъ.

Исус къызэрэхъугъэм пае тэри Тхьэм щытхъу фэтшIын фае. Тэ зэкIэми зекIокIэ пхэнджхэр къытхэфэх, ау Исус тэ къытфехыгъ ахэр къытфигъэгъунхэм пае. Ори Ар шIу плъэгъумэ, Ащ уипсэкIодшIагъэхэр пфигъэгъущтых.

1. Рим идзэкIолI сыда къыIуагъэр Назарет къызэкIом?
2. Сыд фэдэ къала Мерэмрэ Юсыфрэ зыдэкIуагъэхэр?
3. Хэта Бетлэхьэм къыщыхъугъэр?
4. Хэта мэлэIичхэм яорэдыIо макъэ зэхэзыхыгъэр?
5. Исус къызэрэхъугъэм пае сыда тэ Тхьэм щытхъу зыкIыфэтшIын фаер?



## *49. ТЫГЪЭ КЪЫКЪОКIЫПIЭМ КЪИКIЫГЪЭ ТХЬАГУРЫМАГЪОХЭР*

Чыжьэу тыгъэ къыкъокIыпIэмкIэ щыIэ хэгъэгу горэм щыпсэущтыгъэх тхьагурымагъохэр (цIыф акъылышIохэр). Ошъогум ит жъуагъо пэпчъ ичIыпIэ гъэнэфагъэ ахэмэ ашIэщтыгъэ. Чэщы къэс ахэмэ жъуагъохэр зарагъашIэщтыгъэх. Пчыхьэ горэм зэряхабзэу ошъогум еплъыхэзэ, тхьагурымагъохэм ащыщ горэ къыхэкуукIыгъ: „Шъуеплъэлъ модэ, жъогъуакIэ къэлъэгъуагъ! Ащ ыпэкIэ егъашIэми тэ ар тлъэгъугъэп. Ар Иудеим и Пачъыхьэ ижъуагъу ары. НекIох, Ащ ыдэжь псынкIаIоу шъхьащэ фэтшIынэу тыжъугъакIох!“ Джаущтэу тхьагурымагъохэр гъогу чыжьэм техьагъэх, Исус Христос шъхьащэ фашIыным пае. Ар Ащ ижъуагъоу щытыгъэба, Ар Иудеим и Пачъыхьагъ.

А лъэхъаным Ерусалим пачъыхьэу иIагъэр Ирод арыгъэ. Къалэм къызэрэсыхэу, тхьагурымагъохэр ащ лъыпытэу пачъыхьэм иунэшхо кIуагъэх. Иудеим и Пачъыхьэ а унэшхом къыщыхъугъэу ары ахэмэ къашIошIыгъэр. „Тыдэ щыIа Иудеим и Пачъыхьэу къэхъугъакIэр? Тэ Ащ ижъуагъоу тыгъэ къокIыпIэм къыщылъэгъуагъэр ошъогум итлъэгъуагъ ыкIи мыщ тыкъэкIуагъ Ащ шъхьащэ фэтшIынэу“, – яупчIыщтыгъэх ахэр зэкIэ зыIукIэхэрэм. Ирод лъэшэу къэщтагъ тхьагурымагъохэм ягущыIэхэр зызэхеххэм. „ПачъыхьакIэ къэхъугъэуи? ЕтIанэ сыда Ащ ижъуагъо ошъогум къызкIыщылыдын фаер? Енэгуягъо Ар пачъыхьэ лъэш дэдэкIэ!“ – егупшысэщтыгъэ Ирод. Тэрэз ащ зыфиIощтыгъэр: къэхъугъ Исус Христос, зэкIэ дунаем и Пачъыхьэ, Тхьэм ЫкIъо.

Ирод Ерусалим щыщ дин пащэхэм яупчIэу ыублагъ: „Тыда ПачъыхьакIэр къызыщыхъугъэр?“ Дин пащэхэм ар ашIэщтыгъэ, сыда пIомэ Библием зэкIэ итхагъэхэр ахэмэ ашIэщтыгъэ. ЫкIи ахэмэ пэгъокI къатыжьыгъ: „Зиусхьаным ипегъымбар къызэриIуагъэм тетэу Бетлэхьэм ары къызыщыхъугъэр“. А зэхихыгъэр Ирод лъэшэу ыгу рихыгъэп. „Сэ сыфаеп сихэгъэгу пачъыхьакIэ къихъухьанэу ыкIи сэ сыфаеп а пачъыхьэр сэщ нахьи нахь лъэшынэу“, – ыIощтыгъ Ирод ыгукIэ.

Тыгъэ къокIыпIэм къикIыгъэ тхьагурымагъохэр ежьым ыдэжь къэщэнхэу Ирод унашъо ышIыгъ. „Бетлэхьэм шъукIори, джащ шъущылъыхьу Сабыим ыкIи Ар шъо къэжъугъотымэ, садэжь шъукъэкIожьыри къысашъуIу Ар зыдэщыIэ чIыпIэр. Джащыгъум Сэри Бетлэхьэм сыкIонышъ, Ащ шъхьащэ фэсшIыщт“. Ау ар шъыпкъагъэп, фэегъахэп ащ Исус шъхьащэ фишIынэу, зыфэягъэр Ар аригъэукIынэу ары.

Къагъэзэжьыщтэу пачъыхьэр къагъэгугъи, тхьагурымагъохэр Бетлэхьэм кIуагъэх. Къалэм зынэсыхэм, ахэмэ джыри ошъогум ралъэгъуагъ адрэ жъуагъохэм анахьи нахь лъэшэу лыдырэ жъуагъор. А охътэ дэдэм ар зышъхьагъ щылыдыщтыгъэр Мерэм, Юсыф ыкIи Исус цIыкIур зэрысыгъэхэ унэр ары. Джы тхьагурымагъохэм щэч хэмылъэу ашIэщтыгъэ Исус Христос зэрылъ унэр. Ахэр унэм ихьагъэх ыкIи шъхьэкIэфэшхо фыряIэу Ащ шъхьащэ фашIыгъ. ЕтIанэ Ащ ыбгъукIэ агъэтIылъыгъ шIухьафтын лъапIэхэу къыфахьыгъэхэр: дышъэ, мэ IэшIу зыпихырэ уцхэу – ладан ыкIи смирнэ.

Чэщым тхьагурымагъохэр чъыехэзэ, пкIыхьыпIэм хэтэу мэлэIичыр къадэгущыIагъ. Ащ мырэущтэу ахэмэ къариIуагъ: „Ирод ыдэжь шъуемыкIолIэжь, занкIэу шъуадэжь шъукIожь нахь. Ау зыжъугъэзэжькIэ, Ерусалим шъудэмыхь!“

А чэщ дэдэм Юсыф пкIыхьыпIэ ылъэгъугъ. Зиусхьаным имэлэIич къыфехи, мырэущтэу ащ къыриIуагъ: „Сабыимрэ Мерэмрэ зыдещажьэхэри, Мысыр хэгъэгум шIукIу. ШъукъэкIожьымэ хъунэу сэ къышъосэIофэкIэ ащ шъукъэт. Ирод Исус ыукIы шIоигъу“. Юсыф къэущыгъ. Чэщ кIасэу щытыгъэ нахь мышIэми, Мерэм къыгъэущи, Исус зыдашти, ащ лъыпытэу гъогу чыжьэм техьагъэх.

Тхьагурымагъохэр къэкIожьыхэмэ ыIозэ, Ирод апаплъэщтыгъэ ыкIи мафэ къэс зыфэмыщэIэжьэу нахь губжыщтыгъэ. „Сыда адэ тхьагурымагъохэм джы нэс къызкIамыгъэзэжьыгъэр?“ – яупчIыщтыгъэ ар унэIутхэм. Ащ нахь фэмыщэIэжьы зэхъум, идзэкIолIхэр Бетлэхьэм ыгъэкIуагъэх. А къалэм дэсыгъэ кIэлэцIыкIухэу илъэситIу мыхъугъэхэр зэкIэ пачъыхьэм идзэкIолIхэм аукIыгъэх. Ау... Исус Христос аукIынэу хъугъэп. Мысырым Ащ зи щынагъо щышъхьащытыгъэп.

1. Сыда тхьагурымагъохэм ошъогум ралъэгъуагъэр?
2. Сыд пае тхьагурымагъохэр гъогум техьагъэха?
3. Сыда Ирод ыгу римыхыгъэр тхьагурымагъохэм ягущыIэхэр зызэхеххэм?
4. Исус зэрылъыгъэ унэм ышъхьагъ сыда тхьагурымагъохэм щалъэгъугъэр?
5. Мерэмрэ Исусырэ игъусэхэу тыда Юсыф зыдэкIон фаеу хъугъагъэр?
6. Сыда Ирод идзэкIолIхэм пшъэрылъ афишIыгъагъэр?



## *50. ИЛЪЭС ПШЫКIУТIУ ЗЫНЫБЖЬ ИСУС ТХЬЭМ ИУНЭШХО ЗЭРЭКIУАГЪЭР*

Мэфэ заулэкIэ Израил мэфэшхо щыхагъэунэфыкIын фаеу щытыгъ. Пэсхэ мэфэшхор ары! Израил ичIыпIэ пстэуми къарыкIыгъэ цIыфыбэхэр Ерусалим кIощтыгъэх. ЗэкIэри зыфэягъэхэр Пасхэр Ерусалим щагъэкIоныр арыгъэ. А мафэхэм хэгъэгум игъогухэм цIыфыбэ атетыгъ. Хъулъфыгъэхэр, бзылъфыгъэхэр, кIэлэцIыкIухэр – зыкIэ зыдакIощтыгъэхэр Ерусалим ары.

Юсыфи, Мерэми, Исуси зыщыпсэущтыгъэхэ Назарет дэкIыхи, джащ фэдэу Ерусалим ежьагъэх. Исус илъэс пшIыкIутIу ыныбжь хъугъэхагъэ ыкIи Ежьым Ар зекIон ылъэкIынэу щытыгъ. Юсыфи, Мерэми ыкIи Исуси язэкъуагъэп: ахэмэ ягъусагъэх яIахьылхэмрэ яныбджэгъухэмрэ. ЗэкIэ ахэр чэфыгъэх ыкIи зэгорэм пачъыхьэу Даутэ ыусыгъэгъэ орэдыхэр къаIощтыгъэх.

Ерусалим къызэсыхэм, Юсыф Мерэм ыкIи Исус зы унэ исынхэу къыщыуцугъэх. Адрэ джуртхэм ягъусэхэу мафэ къэс ахэр Тхьэм иунэшхо кIощтыгъэх. Исус ренэу Мерэмрэ Юсыфрэ ягъусагъэп, ау ахэр Ащ фэгумэкIыщтыгъэхэп; Исус Iэдэб зыхэлъ кIалэу къэхъущтыгъэ.

Мэфэ заулэ тешIагъ. Пасхэр аухыгъ ыкIи цIыфхэри ядэжь кIожьынхэу зэбгырыкIыжьыгъэх. Юсыфрэ Мерэмрэ адрэхэм ягъусэхэу ядэжь къежьэжьыгъэх. Адрэ кIэлэцIыкIухэм ахэтэу ауж итэу къэкIожьы аIозэ, Исус фэмыгумэкIыхэу Юсыфрэ Мерэмрэ, ягъусэмэ адэгущыIэхэзэ, къэкIожьыщтыгъэх.

Джаущтэу мафэр кIуагъэ, ау пчыхьэ хъуи, чэщыр зыщырахыщт чIыпIэу къыхахыгъэм къызыщэуцухэм, Юсыф Мерэм еупчIыгъ: „Тыдэ щыIа адэ Исус?“ Шъэожъыем лъыхъухэу ахэмэ рагъэжьагъ, ау тыди Ар къыщагъотын алъэкIыгъэп. „Ти Исус шъулъэгъугъэба?“ – яупчIыщтыгъэх гумэкIыгъошхом хэфагъэхэу Мерэмрэ Юсыфрэ зэкIэ зыIукIэхэрэ цIыфхэу ягъусагъэхэм. Ау хэти Ар ымылъэгъугъэу ыIощтыгъэ. „Мыщ Ар зыщытымыгъотыкIэ, Ерусалим дгъэзэжьын фаеу хъущт“ – зэраIожьыщтыгъэ Юсыфрэ Мерэмрэ.

Бэрэ лъыхъугъэх ахэр Исус, ау тыди къызыщамыгъотым а чэщ дэдэм Ерусалим агъэзэжьыгъ. Пчэдыжьым жьэу Мерэмрэ Юсыфрэ къалэм къэсыгъэх ыкIи ащ лъыпытэу Пасхэм игъом къызыщыуцугъагъэхэ унэм кIуагъэх. Ау Исус ащи къыщагъотыгъэп. Щынэгъошхомрэ гумэкIыгъошхомрэ зэлъаштагъэхэу нымрэ тымрэ Ерусалим иурамхэу цIыфыбэ зытетхэр къалъыхъухэу аублагъ. Ящэнэрэ мафэм, ащ нахь афэмыщэIэжьынэу пшъыгъэхэу, ахэр Тхьэм иунэшхо къэкIуагъэх. Тхьэм иунэшхо цIыфыбэ чIэтыгъ. Ахэр Ерусалим идин пащэхэр арыгъэх. Ахэр куп хъураеу щытыгъэх. Ахэмэ азыфагу итыгъ Исус. Дин пащэхэм анахь упчIэ къинхэу ашIошIыхэрэр Исус къыратыщтыгъэх, ау Исус зыкIи къин къыщымыхъоу ахэмэ япэгъокIхэр къаритыжьыщтыгъэх. ЗэкIэри Ащ едэIущтыгъэх ыкIи иакъылышIуагъэ агъэшIагъоштыгъэ: „Мощ фэдэ шъэожъые цIыкIум анахь упчIэ къинхэми яджэуапхэр сыдым ригъашIэхэра?“ – аIощтыгъэ зэкIэми.

Исус зелъэгъум, Мерэм гушIозэ, Ащ кIэлъырыхьагъ ыкIи риIуагъ: „СикIал, сыда адэ О мыщ укъызыкIэнагъэр? Уятэрэ сэрырэ тыдэкIи О тыщыплъыхъугъ ыкIи тыгу щышIагъэр бэ!“ Исус янэ мырэущтэу къыриIожьыгъ:



„Сыда Сэ шъукъыслъыхъун зыкIыфэягъэр? ШъушIэщтыгъэба Сэ Сятэ иунэ сызэрэчIэсын фаер?“ Исус Ятэу щытыгъэр Тхьэр арыба. Ащ нэужым Исус дин пащэхэм къахэкIыжьи, Юсыфрэ Мерэмрэ къадежьэжьи, Назарет къэкIожьыгъ.

1. Сыд фэдэ мэфэкI хагъэунэфыкIынэу ара Ерусалим цIыфхэр зыкIакIощтыгъэхэр?
2. Мерэмрэ Юсыфрэ ягъусэхэу хэта адэкIогъагъэр?
3. Илъэс тхьапша Исус ыныбжьыгъэр?
4. Мерэмрэ Юсыфрэ тыда Исус къызыщагъотыжьыгъэр?
5. Хэта Исус Ятэр?



## 51. ИУАН УМЭХЪЭКIОМ ИСУС ЗЭРИУМЭХЪЫГЪЭР

КъэошIэжьа дин пащэу Захарие ащ ишъхьэгъусэу Элисаветрэ Иуан ыцIэу шъао къызэрафэхъугъагъэр? МэлэIичэу ДжэбраиIил Захарие къыриIогъагъ кIэлэцIыкIу къызэрэфэхъущтыр ыкIи Иуан Исус Христос къызэрэкIощтыр цIыфхэм зэрариIощтыр.

Охътэ заулэ тешIагъ, Иуани ины хъугъэ ыкIи Христос ехьылIагъэу цIыфхэм къафиIуатэу ащ ригъэжьагъ. ЧIыпIэ пстэуми къарыкIыхэти, цIыфхэр ащ ыдэжь къакIощтыгъэх къыIуатэхэрэм ядэIунхэу. Иуан цIыфхэм къафиIуатэщтыгъэ япсэкIодшIагъэхэм яхьылIагъэу ыкIи цIыфхэм ариIощтыгъэх ашIэ мыхъущтхэр.

Нэбгырабэхэр фэягъэх япсэкIодшIагъэхэр афэгъунхэу. Ахэр Иуан ыдэжь къакIохэти, къыфаIуатэщтыгъэ япсэкIодшIагъэхэр зыфэдэхэр. Ахэмэ афэдэ цIыфхэм ягъусэу Иуан Иордан псыхъом хахьэщтыгъэ ыкIи псэкIодшIагъэ зиIэу еуцолIэжьыгъэхэр ыумэхъыщтыгъэх. „ШъуипсэкIодшIагъэхэм шъузэрафыкIэгъожьыгъэр къэжъугъэлъэгъонэу сэ псымкIэ шъусэумэхъы, ау саужкIэ КъэкIощтым сэщ нахьи нахь лъэкIыныгъэшхо иI“, – ариIощтыгъэ Иуан цIыфхэм. АщкIэ Иуан зигугъу къышIыщтыгъэр Исус Христос, ти КъэгъэнэжьакIу ары. „Ащ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэрэ машIомрэкIэ шъо шъуиумэхъыщт“, – къыпидзэжьыщтыгъэ Иуан.

ЦIыф бэ дэдэ Иуан ыумэхъыщтыгъэ ыкIи ащ къыхэкIыкIэ тэ ащ „УмэхъэкIо ИуанкIэ“ теджэ. ЕтIани тыдэ кIуагъэми, Иуан цIыфхэм къафиIуатэщтыгъэ къалэу Назарет Исус Христос икъэбар къызэрикIын фаер.

Адэ ошIа о Иуан щыгъынэу щыгъыгъэхэр зыфэдэхэр? Ащ ищыгъынхэр мэхъушэцым хэшIыкIыгъагъэх, шъо бгырыпх ыбгы илъыгъ. Иуан гъомылэ фэхъущтыгъэр мэзыбжьэмэ къашIыгъэ шъоумрэ мацIэмрэ арых.

Мафэ горэм Назарет къикIи, Иуан ыдэжь Исус къэкIуагъ. Ар зелъэгъум, Иуан лъэшэу гушIуагъэ. „Сэри сыуумэхъы сшIоигъу“, – къыриIуагъ Иуан Исус. „Арэу оIокIэ хъуна? – ыгъэшIэгъуагъ Иуан. – Оры сэ сызыумэхъын фаер“. Иуан ышIэщтыгъэ егъашIэми Исус мыхъун горэ зэримышIагъэр ыкIи ащ пае ышIэщтыр ымышIэу къэнагъ Исус зыригъэумэхъымэ шIоигъоу ыдэжь къызэрэкIуагъэр къызыреIом. Ау Исус мырэущтэу къыриIожьыг: „Сэ къызэрэуасIорэм тетэу шIы“. Иуани къыриIуагъэр ыгъэцэкIагъ.

Зэгъусэхэу ахэр Иордан псыхъом хэхьагъэх, ыкIи Иуан Исус ыумэхъыгъ. ЫкIи а охътэ дэдэм ошъогум макъэ къиIукIыгъ. „Мары сэ шIу слъэгъурэ Скъо кIасэу сыгу зэIурэр“. Ар Исус Ятэу, Тхьэм ымакъэу щытыгъ! Ошъогум къибыбыкIи, тхьаркъо Исус ышъхьэ къытетIысхьагъ. Ар къызэрэбгурыIощтыр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ Исус къыфехыгъэу ары. Джы ащ къыщегъэжьагъэу Исус иIоф дунаим щыригъэжьэн ылъэкIыщтыгъэ.

ЗэкIэ цIыфэу дунаим тетхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пае Исус чIыгум къызкIэкIуагъэр. Ахэмэ апае Ар лIэнэу щытыгъ.

Исус зыIокIыжьым, Иуан зэкIэмэ къафиIуатэу ригъэжьагъ Ар Исус Христосэу, дунаир Къэзыгъэнэжьыщтыр арэу зэрэщытыр.

1. Сыда Иуан цIыфхэм къафиIуатэщтыгъэр?
2. Сыд пае тэ Иуан умэхъакIокIэ теджэра?
3. Сыда умэхъэкIо Иуан игъомылагъэр?
4. Хэта Иуан зыригъэумэхъынэу ыдэжь къэкIогъагъэр?
5. Хэт ымакъа ошъогум къиIукIыгъагъэр?





## *52. АПЭРЭХЭУ ИСУС ИГЪОГУ ТЕХЬАГЪЭХЭР*

Бэ темышIагъэу Исус джыри умэхъэкIо Иуан ыдэжь къэкIуагъ ыкIи тIури Тхьэм тегущыIэхэу рагъэжьагъ. Ахэмэ акIэлъырытыгъэ цIыфхэм ашIэщтыгъэп Иуан къыдэгущыIэрэр. А уахътэм Ерусалим къикIыгъэ дин пэщэ заулэ Иордан псыхъом къекIолIагъэх. „Ухэта о? Ора Христосыр?“ – къеупчIыгъэх дин пащэхэр Иуан. „Хьау, – къариIожьыгъ ахэмэ Иуан. – Сэрэп Христосыр. Ау Ар мы чIыпIэм Iут, мы цIыфхэм ахэт. Шъо джыри Ар шъушIэгорэп. Слъэгъугъэ сэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ тхьаркъом фэдэу къехи, Ащ ышъхьэ къызэрэтетIысхьэгъагъэр“. Ау Иуан къаригъэлъэгъугъэп Исусыр. Исус Ежь ышъхьэкIэ цIыфхэм адэжь къэкIощт.

ЯтIонэрэ мафэм умэхъэкIо Иуан Иордан псыхъом джыри Iутыгъ. Ащ кIыгъугъэх игъогу рыкIорэ кIэлитIу: зым ыцIагъэр Индрыс, адрэм Иуан. Исус къыкIэлъырыхьэу зелъэгъум, умэхъэкIо Иуан ежьым игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ: „Мары Тхьэм Икъурмэныпхъэ Шъынэр“. ЕджэкIуитIумэ къагурыIуагъ Иуан зыфиIорэр, къагурыIуагъ ахэмэ Тхьэм и Къурмэныпхъэ ШъынэкIэ заджэхэрэр – ар ти КъэгъэнэжьакIоу Исус Христосыр арэу зэрэщытыр. КIалэхэр Исус ыуж ихьагъэх, ахэр джы къыщегъэжьагъэу зыфэягъэхэр Ащ ренэу игъусэнхэр ары. КъызызэплъэкIым, Исус ылъэгъугъ кIэлэкIитIур ыуж итхэу къызэрэкIохэрэр ыкIи ахэмэ къяупчIыгъ: „Сыда шъо шъузылъыхъурэр?“ КIалэхэм пэгъокI къатыжьыгъ: „Тэ тшIэмэ тшIоигъу узыщыпсэурэ чIыпIэр“. „Сэ шъукъыздакIори шъулъэгъущт“. Индрысрэ Иуанрэ лъэшэу гушIуагъэх: джы къыщегъэжьагъэу мафэ къэс ахэр Исус ренэу дэгущыIэнхэ ыкIи Ащ къыIуатэхэрэм ядэIунхэ алъэкIыщтыгъэ. Пчыхьэм Индрысрэ Иуанрэ ядэжь кIожьыгъэх. Ахэмэ къагъотыгъ КъэгъэнэжьакIор ыкIи Ащ икъэбар нэмыкIхэми къафаIуатэ ашIоигъуагъ.

Индрысэ шы иIагъ Симон ыцIэу. Ышы ыдэжь къызэкIом, Индрыс ащ риIуагъ: „Къэдгъотыгъ тэ КъэгъэнэжьакIор“. Симони джащ фэдэу Исус дэгущыIэ шIоигъуагъ ыкIи ащ пае ятIонэрэ мафэм Индрыс КъэгъэнэжьакIом ыдэжь кIон зэхъум, Симони зыдырищэжьагъ. Унэм къихьэрэ Симон къеплъи, Исус ащ лъыпытэу къыIуагъ: „О у Симон, ау джы къыщегъэжьагъэу о зэкIэ къызэрэоджэщтхэр Петр, ащ къикIырэр «мыжъо»“. Джы Петрэ къушъхьэ цакIэм фэдэу пытэу ыкIи кIочIэшхоу щытын фэягъэ. Джы къыщегъэжьагъэу Исус Христосыр ежьыркIэ ЗиусхьанэУ ыкIи ЕгъэджакIоу щыт ыкIи Ар сыдырэмкIи Петр IэпыIэгъу къыфэхъущт.

ЯтIонэрэ мафэм Исус ылъэгъугъ Филипп зыцIэ кIалэр. „Сауж къыихь“, – риIуагъ Исус ащ, адрэри ыужы къихьагъ. Джы къыщегъэжьагъэу Филиппи Исус игъогу рыкIорэмэ ащыщ хъугъэ ыкIи Исус ари ренэу шIу ылъэгъущтыгъэ. Филипп насыпышIо псынкIэу кIуагъэ иныбджэгъу Нафанаил ыдэжь Исус икъэбар къыфиIотэнэу. А лъэхъаным Нафанаил джыри ышIэщтыгъэп Исус. Чъыг чIэгъым чIэсэу Филипп къыгъотыгъ иныбджэгъу. Ар лъэшэу чэфынчъагъ ыкIи гухэкI горэ иIагъ. Ари джащ фэдэу КъэгъэнэжьакIом лъыхъущтыгъэ, ау Ар къыздыщигъотыщтыр ышIэщтыгъэп. Иныбджэгъу къызегъотым, Филипп гушIом хэтэу къэкууагъ: „КъэгъэнэжьакIор тэ къэдгъотыгъ! Ар Исус, Назарет щыщ Юсыф ыкъор ары“. „Арэущтэу хъун ылъэкIыщтэп, – къезэгъыгъэп Нафанаил иныбджэгъу къыриIуагъэм. – КъэгъэнэжьакIор Назарет къыдэкIын ылъэкIына? Назарет шIугъэ зыхэлъ горэ къыдэкIына?“ Нафанаил ышIошъ ыгъэхъун ылъэкIыгъэп Филипп къыIуагъэр. „НекIо къыздакIу, – къыриIуагъ Филипп. – Ар пшъхьэкIэ о плъэгъущт“. Нафанаил иныбджэгъу ыIорэм едэIуи, ыуж ихьагъ. Исус ыдэжь зехьэхэм, КъэгъэнэжьакIор кIалэм къеплъи, къыриIуагъ: „УсэшIэ Сэ узэрэ Нафанаилыр. Филипп мыщ укъищэным ыпэкIи Сэ услъэгъугъагъ инжир чъыг чIэгъым учIэтэу“.

Джы Нафанаили ышIошъ хъугъэ ыпашъхьэ итыр КъэгъэнэжьакIор арэу зэрэщытыр. „О у Христос! – гушIом хэтэу ымакъэ Iэтыгъэу къыIуагъ Нафанаил. – О джуртхэм уряпачъыхь!“ Нафанаил джаущтэу КъэгъэнэжьакIор къыгъотыгъ ыкIи Ащ игъогу техьагъ. Исус игъогу рыкIохэрэр нэбгырэ пшIыкIутIу хъущтыгъэх. Ащ игъусэу ахэмэ хэгъэгур къакIухьэщтыгъэ ыкIи Ащ зэкIэ ышIэхэрэр алъэгъущтыгъэх. Ар ахэмэ я ЕгъэджакIоу щытыгъ.

1. Хэта Иордан псыхъом къэкIуагъэр умэхъэкIо Иуан ащ Iутызэ?
2. Хэта зэкIэми апэу Исус ыдэжь къэкIуагъэр?
3. Филипп ежьым иныбджэгъоу Нафанаил тыдэ къыщигъотыгъа?
4. Сыда Исус игъогу рыкIохэрэр ащ фэдизэу зыкIэнасыпышIуагъэхэр?
5. Адэ ори Христос шIу плъэгъумэ пшIоигъуа? Сыд пае?



## *53. КАНЭ КЪУАДЖЭМ НЫСАЩЭ ЗЭРЭЩЫIАГЪЭР*

Галилей хэкум ит Канэ къуаджэм нысэщэ джэгу щашIыгъагъ. Джэгум рагъэблэгъагъэх Канэ щыпсэухэрэм ямызакъоу, гъунэгъу къуаджэхэм ащыщхэри. Исус янэ Мерэм, Ежь Исус, игъогу рыкIохэрэри игъусэхэу джащ фэдэу а джэгум рагъэблэгъагъэх. ХьатыякIор, ешхэ-ешъом иунэшъошI ары, хьакIэхэм ашхыщтымрэ зэшъощтыхэмрэ икъоу ягъэгъотыгъэным фэгумыкIыщтыгъэ. Джэгур кIозэ, хьатыякIом гу лъитагъ санэпсыр шIэхэу зэраухыщтым. „Сыда джы шIэгъэн фаер?“ – ыIуи ар егупшысагъ.

Исус янэ Мерэми джащ фэдэу гу лъитагъ сэнэпсыр зэраухырэм. „ЗыгорэкIэ Исус IэпыIэгъу хъун ылъэкIынкIи мэхъу“, – егупшысагъ ар ыкIи псынкIэу Ыкъо екIолIагъ. „Мыхэмэ сэнэпс яIэжьэп“, – ыIуи, Ыкъо ар еIушъэшъагъ. Исус ащ къыриIожьыгъ: „Сэ сиуахътэ джыри къэсыгъэгоп“.



Гъомлапхъэхэмрэ шъонымрэ зезыхьэхэрэ унэIутхэм акIэлъырыхьи, Мерэм мырэущтэу ариIуагъ: „Исус къызэрэшъуиIорэм тетэу шъушIы“.

Псыр зэрагъэхъорэ къошынышхуих унэ натIэм дэжь щытыгъэх. Ау ахэр джы дэдэм нэкIыгъэх ыкIи Исус ар ышIэщтыгъэ. „Ахэмэ псы арызы шъушIы“, – ариIуагъ Исус унэIутхэм ыкIи адрэхэми арэущтэу ашIыгъ. „Джы ахэмэ къахэшъухи хьатыякIом къашыкъыр фэшъухь“, – ариIуагъ джыри ащ пыдзагъэу унэIутхэм. Арэущтэу ахэми ашIыгъ.

УнэIутхэм къыфахьыгъэр зыфэдэр хьатыякIом ыуплъэкIугъ. Арымэ сыда адэ? Сэнэпс шIагъоу ар къычIэкIыгъ! Ау унэшъошIым ышIэщтыгъэп псыр сэнэпс зэрашIыгъэр ыкIи ащ пае къэзыщэгъакIэм екIуалIи, мырэущтэу риIуагъ: „НахьыбэрэмкIэ зэрашIы хабзэр сэнэпс дэгъур джэгум иублапIэ къаты, икIэухым нахь дэир ары зэрагъэашъохэрэр. Орымэ, анахь дэгъур джэгум икIэухым пае къэбгъэнагъ!“ Джащ фэдэу сэнэпс IэшIугъ ар! Джэгур зырагъэжьэм, цIыфхэр зэшъуагъэхэм нахьи ар бэкIэ нахь дэгъугъ.

Ар апэрэ Iофышхо шIагъоу Исус дунаим щишIагъэу щытыгъэр ары.

1. Канэ щыIэгъэ нысэщэ джэгум хэта рагъэблэгъагъэхэр?
2. Хэта Исус къезыIуагъэр сэнэпсыр зэраухырэр?
3. УнэIутхэм тыда псыр зэрагъэхъон фэягъэр?
4. ХьатыякIом сыда къэзыщэгъакIэм риIуагъэр?
5. Сыда Исус ащ фэдэ Iофышхо шIагъо ышIэн зыкIилъэкIыгъэр?



*54. ИСУС ЩЭН-ЩЭФАКIУЭХЭР ТХЬЭМ ИУНЭШХО ЗЭРЭЧIИФЫГЪЭХЭР*

Ерусалим дэхэ дэдэу Тхьэм иунэшхо дэтыгъ зэкIэ джуртхэр рыгушхохэу. Ащ ищагу ренэу цIыфыбэ къыщызэрэугъоищтыгъэ. КъурмэныпхъэкIэ дин пащэхэм шIуарагъэбзынхэм пае цIыфхэм былымхэр аратыщтыгъэх. Байхэм чэмхэр е мэлхэр къыздащэщтыгъэх, ау тхьамыкIэхэмкIэ ар лъэпIагъэ ыкIи нахьыбэрэмкIэ ахэмэ тхьаркъо заулэ къыздахьыщтыгъ. Джары ахэмэ Тхьэм къурмэн фашIыщтыгъэр.

ЗэкIэ джуртхэр Тхьэм иунэшхо пэблагъэхэу псэущтыгъэхэп. Лъэшэу ащ бэкIэ пэчыжьэу псэухэрэри щыIагъэх ыкIи ежьыр зыщыпсэурэ къалэм е къуаджэм къыращэу къурмэныпхъэ былымыр Ерусалим нэс къащэныр къин къызэращыхъурэм пае а псэушъхьэхэр Ерусалим щащэфыщтыгъэх.

Ары шъхьаекIэ, ошIа о адэ ащ дэеу хэлъыгъэр? Къурмэныпхъэ былымхэу къызыдащагъэхэр – чэмхэр, мэлхэр ыкIи тхьаркъохэр зыдаIыгъхэу щакIохэр Тхьэм иунэшхо ищагу къакIощтыгъэх. Джащ къыхэкIэу Тхьэм иунэшхо бэдзэрышхо хъугъагъэ. ЩакIохэмрэ щэфакIохэмрэ зэдаохэзэ, куощтыгъэх ыкIи зэнэкъокъущтыгъэх, чэмыхэр быущтыгъэх, мэлхэр Iоищтыгъэх, тхьаркъохэр гурымыщтыгъэх ягъучIы хъагъэхэм арысхэу. Бырысыр Iэе дэд ащ дэтыщтыгъэр! ЕтIани зэкIэ ахэр зыщыхъущтыгъэр Тхьэм иунэшхо ыпэшъхьэ шъыпкъ. Ахъщэхэр зыхъожьхэрэри ахэмэ ахэсыгъэх. Апашъхьэ ит Iанэхэм ахъщэхэр ателъыгъэх.

Зэгорэм Исус игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу Ерусалим къэкIуагъ. Мэфэ заулэкIэ Пасхэр хагъэунэфыкIынэу щытыгъ ыкIи Исус а мэфэкIым щыIэнэу фэягъ. Ау Тхьэм иунэшхо къызэкIом, Исус ылъэгъугъ зэкIэ ащ щыхъу-щышIэрэр, емыкIу бырысырэу дэтыр. Исус – Тхьэм Ыкъу, Тхьэм иунэшхо – Ащ Ятэ иун. ЦIыфхэм Ащ Ятэ иунэ бэдзэр ашIыгъ. „Ар шIэгъуае! ЩакIохэмрэ ахъщэр зыхъожьыхэрэмрэ мыщ яIоф дэлъэп,“ – Исус Ежьым зэриIожьыгъэ.

КIапсэхэу чIадзыжьыгъэхэр къыштэхи, ахэмэ къамыщ кIако ахишIыкIи, былымхэр щагум къыдифыхэу ащ ригъэжьагъ. Тхьаркъохэр зыщэхэрэм Ащ ариIуагъ: „Шъуигъучl хъагъэхэри зыдэшъуштэжьри, зыIуежъугъэх мы чIыпIэм! Сыдэущтэу гу тешъушIыхьагъа шъо Сятэ иунэ бэдзэр шъушIынэу?“

Джуртхэр инэу Исус фэгубжыгъагъэх. „Мыщ фэдэ Iофхэр пшIэнэу хэта фит узышIыгъэр?“ – къеупчIыщтыгъэх ахэр Ащ. А упчIэм ипэгъокI Исус игъогу рыкIорэмэ ашIэщтыгъэ: Исус Тхьэм Ыкъоу чIыгум къехыгъэр ары.

1. Бырысыр дэтэу, цIыфхэр щызэутэкIыхэу тыда зыщашIыгъагъэр?
2. Тхьэм иунэшхо ыпашъхьэ сыда цIыфхэм щащэщтыгъэхэр?
3. Хэта Тхьэм иунэшхо къэкIогъагъэр?
4. Тхьэм иунэшхо къызэкIом, сыда Исус ышIагъэр?
5. Сыда ащ фэдизэу Исус зыгъэгубжыгъэр?





## *55. ИСУС КІЭЛЭЦІЫКІУ СЫМАДЖЭР ЗЭРИГЪЭХЪУЖЬЫГЪЭР*

Хэгъэгум игъогухэм цIыфыбэ ащызэблэкIы. Хъулъфыгъэхэр, бзылъфыгъэхэр, кIэлэцIыкIухэр гъогухэм атетхэу Исус тегущыIэх. Ежьым игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу Исус а цIыфхэм ахэтэу макIо. Пасхэм имэфэкIэу Ерусалим щыIагъэм Ар хэлэжьагъ ыкIи джы Галилеим ыгъэзэжьыгъэу мэкIожьы.

Охътэ заулэ тешIагъэу игъогу рыкIохэрэр зэригъусэхэу Исус къуаджэу Канэ дэхьагъ. Угу къэкIыжьа о Исус Ежьым иапэрэ Iофышхо шIагъо а къалэм зэрэщишIэгъагъэр? Исус гъогум дытегъэ цIыфхэм ашIэщтыгъэ Канэ щыIэу Исус псыр санэпс зэришIыгъагъэр. ЫкIи ахэр джыри зэгупшысэщтыгъэхэр а къалэм Исус джыри зы Iофышхо шIагъо горэ къыщигъэлъэгъонэу ары.

А уахътэм Капернаум щыщ хъулъфыгъэ горэ Исус къыкIэлъырыхьагъ. Ар лIы бай дэдэу щыгъын кIэракIэхэр зыщыгъыр арыгъэ. „О Зиусхьан, – къелъэIугъ а лIыр Исус, – сишъао сымэджэ хьылъэу лIэныгъэр шъхьащыт. СикIэлэцIыкIу умыгъалIэу гъэхъужьыба“. А лIыр къелъэIу зэхъум, Исус лъэшэу ыгу етыгъэу ащ едэIущтыгъэ.

„Шъуадэжь кIожь, – риIожьыгъ ащ Исус, – уишъао хъужьыгъэ“. ЗыгорэкIэ тыр дэIохъугъакъомэ? Ишъао хъужьыгъэуи? Ау Исус арэущтэу къыIуагъ ыкIи пачъыхьэм икъулыкъушIэ ар ышIошъ ыгъэхъугъ. „Ащ ишъэожъые хъужьыгъэна? – зэупчIыжьыщтыгъэх цIыфхэр. – Ар шъыпкъэнэуи?“

Тым ащ лъыпытэу ядэжь, Капернаум ыгъэзэжьыгъ. НасыпышIоу ар ядэжь кIожьыщтыгъэ: узым къыIэкIэкIыжьыгъэ ишъао ащ шIэхэу IаплI рищэкIыщт.

Гъогу чыжьэм тетыфэкIэ лIыр зэ къэуцугъэп зигъэпсэфынэу. ГуIэзэ, ар ядэжь кIожьыщтыгъэ. ЗэкIэм ащ ылъэгъугъ гузажъохэзэ, къыпэгъочъыгъэ цIыфхэр. Ащ лъыпытэу ахэр ышIэжьыгъэх – ахэр ежьым иунэIутхэр арыгъэх. Язиусхьан зэралъэгъоу ахэр гушIохэзэ къэзэрэгъэкууагъэх: „Уишъао хъужьыгъэ!“ „Сыдигъу ар нахьышIу зыхъугъагъэр? Сыдигъу ар зыхъужьыгъэр?“ – яупчIыгъ лIыр иунэIутхэм. „Тыгъуас, мафэм ары“, – къыратыжьыгъ ащ пэгъокI. Пачъыхьэм иIофышIэ Исус зыдэгущыIэгъэ сыхьат дэдэр ары ар зытефэгъагъэр.

Ежьым иунэIутхэр игъусэхэу ты насыпышIор ядэжь псынкIэу нэсыжьыгъ. Сыд фэдэ Iофышхо шIагъуа ащ ишъэо кIасэ зэрэхъужьыгъэр? Щагум дэтэу джэгоу ащ икIэлэцIыкIу ылъэгъугъ. Шъэожъыер ятэ къечъалIи пытэу IаплI къырищэкIыгъ. КIэлэцIыкIур псау-таугъ, зэрэпытэ цIыкIумкIэ ыкIи нэгушъхьаплъэу зэрэщытымкIэ ар зэгорэм сымэджагъэми пшIэныгъэп.

Ядэжь зынэсыжьым, лIым ишъхьагъусэ ыкIи зэкIэ иныбджэгъухэм ариIотагъ Исус ыдэжь ар зэрэкIогъагъэр ыкIи ежьым гъусэ къыфэхъоу Капернаум къэмыкIоу, аукъодыеу къызэрэриIуагъэр: „Шъуадэжь кIожь, уишъао хъужьыгъэ!“ ЛIым къызэриушыхьатыгъэмкIэ, шъэожъыер зыхъужьыгъэр тыгъуасэ Исус зыщыIукIэгъэ сыхьатыр ары зытефагъэр. „Исус – Тхьэм Ыкъу, – ариIуагъ лIым ишъхьагъуси, икIалэхэми ыкIи иунэIутхэми. – Ар тэ ти Къэгъэнэжьак Iу, тэ Ар тлъэгъун ыкIи шIошъхъуныгъэ фытиIэн фае. Ащ тэ зэкIэми насыпышIо тишIыщт. Ащ сэ сишъао ыгъэхъужьыгъ“.

1. Сыд фэдэ мэфэкIа Ерусалим щыIэгъэу Исус къыздикIыжьыщтыгъэр?
2. Пачъыхьэм иIофышIэ сыда Исус зэрелъэIугъэр?
3. Сыд фэдэ пэгъокIа Исус ащ ритыжьыгъэр?
4. Сыда пачъыхьэм иIофышIэ Исус ехьылIагъэу къыIотагъэр?



# *56. КЪОШЪУИТIОУ ПЦЭЖЪЫЕХЭР ЗЭРЫЗЫБЗЭХЭР*

Исус Капернаум щыпсэущтыгъ. Геннисарет псы хъураем пэмычыжьэу а къалэр щытыгъ. ЦIыфхэм адэгущыIынэм пае Исус мафэ къэс псы хъураем къакIощтыгъэ. Мыщ цIыфыбэ ренэу къыщызэрэугъоищтыгъэ. ЗэкIэми дэгъоу ар къалъэгъуным пае ыкIи зэхахыным пае Исус къуашъомэ ащыщ горэм иуцоти, ащ итэу цIыфхэм къадэгущыIэщтыгъэ.

Зэгорэм псы хъураем цIыф бэдэдэ къыщызэрэугъоигъагъ. ЗэкIэми Христос къауцухьэгъагъ, зэкIэми Ащ нахь пэблагъэ хъухэмэ ашIоигъуагъ. А мафэм Исус псы хъураем зытеплъэм, къошъуитIу ащ тырилъэгъуагъ. Зы къуашъор пцэжъыяшэ Петрэ иягъ. Мафэ къэс Петрэ псы хъураем техьэщтыгъэ пцэжъые ешэнэу. Загъорэ бэу ащ пцэжъые къыубытыщтыгъэ, загъорэ мэкIэ дэд къыубытыщтыгъэр, ау непэ Петрэ зы пцэжъые гори къыубытыгъэп.

Адрэ къуашъом исыгъэх Исус игъогу рыкIорэ кIэлитIоу Иуанрэ Якъубэрэ. Ахэр Зеведей зыцIэ лIым ыкъохэу щытыгъэх. Якъубэрэ Иуанрэ а мафэм Петрэ деIэщтыгъэх пцэжъые ешэнымкIэ.

Къуашъохэр нэпкъым къызыIохьэхэм, Исус Петрэ икъуашъо итIысхьагъ ыкIи ащ риIуагъ: „ПсыIушъом уикъуашъо IугъэкI.“ Петрэ арэущтэу ышIыгъ. Джы Исус рэхьатэу цIыфхэм адэгущыIэн ылъэкIыщтыгъ. ЗэкIэми ар дэгъоу алъэгъун ыкIи зэхахын алъэкIынэу хъугъэ. Исус цIыфхэм адэгущыIэу ригъэжьагъ.

ЕтIанэ Исус псыIушъом Iутхэм зэрадэгущыIэрэр зэкIэм зэпигъэуи, Петрэ риIуагъ: „ПсыIушъом нахь чыжьэу IукIыри, нахь зыщыкуу чIыпIэм уихъытыу джыри зэ щыхадз!“ „Гъуазэр, – къыриIожьыгъ ащ Петрэ. – Тэ чэщы реным пцэжъые тешагъ, ау зыпари къэтыубытыгъэп, ау О зэрэпIорэм тетэу, джыри зэ хъытыухэр сэ хэсыдзэжьыщтых.

Петрэ нахь чыжьаIоу нэпкъым IукIи, ихъытыу хидзагъ. Арымэ сыда къэхъугъэр? Хъытыур ащ лъыпытэу псычIэм ехыгъ ыкIи Петрэ ылъэгъугъ зы такъикъкIэ ащ пцэжъыер изы зэрэхъугъэр. Хъытыур онтэгъу зэрэхъугъэм къыхэкIэу Петрэ яджагъ Якъубэрэ Иуанрэ: „ПсынкIаIоу садэжь шъукъакIу, армырмэ сэ сизакъоу мы хъытыур къыхэсхын слъэкIыщтэп, IэпыIэгъу шъукъысфэхъу“. Якъубэрэ Иуанрэ игъо шъыпкъэм къэсыгъэх. КIуачIэу яIэр рахьылIи, хъытыур псым къыхалъэшъоу рагъэжьагъ. Хъытыур зэкIэ псым къыхалъэшъугъ зыщыпIощтым хъытыур зэIэтхъи, пцэжъыеу къаубытыгъэхэр къошъуитIумэ арытэкъуагъ. Пцэжъыехэр бэдэдэ зэрэхъущтыгъэм къыхэкIэу къошъуитIуми арызыбзэ хъугъэх. Исус игъогу рыкIохэрэр фэсакъыпэхэзэ, къуашъохэр псыIушъом фагъэзагъэх.



Iофышхо шIэгъо къэхъугъэу ары Петрэ зэрилъытэщтыгъэр. Чэщы реным зэпимыгъэоу ар псы хъураем тетыгъэба, чэщы реным зэпимыгъэоу зы пцэжъый нэмыIэми къыубытыным ыуж итыгъэба, ау ары пакIошъ, зы пцэжъые цIыкIу нэмыIэми ихъытыу къифагъэп. Исус „Хадз хъытыур!“ къызэреIоу, ащ лъыпытэу хъытыум пцэжъыер изыбзэ хъугъэ. ЗэкIэри нэпкъым къызытехьажьхэм, Пет-

рэ Исус ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ зыщыридзыхи, Ащ риIуагъ: „СбгъодэкI, Зиусхьан! Сэ сыпсэкIодышIэ цIыф“. Петрэ джы ышIэщтыгъэ Исус – Тхьэу зэрэщытыр, сыда пIомэ Тхьэр ары ныIэп ащ фэдэ Iофышхо шIагъохэр зыкIуачIэ къыхын зылъэкIыщтыр!

Ау Исус мыщ фэдэ пэгъокI ащ ритыжьыгъ: „Умыщын, джы къыщегъэжьагъэу, пцэжъые къэшъуубытыным пае, ыуж шъузэритыгъэм фэдэу, цIыфхэр сэ сигъогу къытежъугъэхьанхэм пае, ыуж шъуихьащт“. Ау шъыпкъэ, Исус а гущыIэхэр Петрэ риIохэ зэхъум, цIыфхэр хъытыукIэ къыубытынхэу арэп къыригъэкIыгъэр. Ащ къыригъэкIыгъэр, джы къыщегъэжьагъэу Петрэ зэкIэми Исус икъэбар цIыфхэм зэралъигъэсыщтыр ары, зэпстэуми шIошъхъуныгъэ яIэным ыкIи Исус шIу алъэгъуным пае.

„Сауж шъукъуихь!“ – иIуагъ Исус. Петрэ, Иуан ыкIи Якъубэ зэкIэ къагъани, Исус Христос ыуж ихьагъэх.

1. Тыдэ щытыщтыгъэ Исус цIыфхэм къадэгущыIэ зыхъукIэ?
2. Сыдигъуа Петрэ пцэжъые къыубытын зимылъэкIыгъэр?
3. Сыда Исус пае Петрэ ышIэн фэягъэр?
4. Къошъо тхьапша пцэжъыехэр зэрызыбзэ хъугъагъэр?



## *57. ИСУС ВИФЕЗДЭ ДЭЖЬ СЫМАДЖЭР ЗЭРЭЩИГЪЭХЪУЖЬЫГЪЭР*

Ерусалим щымэфэкIышху. А мафэхэм цIыф бэдэд къалэм къэкIогъагъэр, игъогу рыкIохэрэри игъусэхэу Исуси Ерусалим къэкIуагъ. ЦIыфыбэ чIэтыгъ Тхьэм иунэшхоу Ерусалим дэтым. Ау Тхьэм иунэшхо чIэтыгъэ цIыфхэм анахь мэкIагъэп гъэпскIыпIэу Вифездэ щыIагъэри. Бэ мыщ цIыф сымаджэу къыщызэрэугъоигъагъэхэр. КъэкIогъагъэх мыщ нэшъухэри, лъащэхэри, зыпкъ ыубытыгъэхэри – лъэбэкъу зыдзын зымылъэкIыхэрэри. ЗэкIэ ахэр мыщ дэжьым щылъыгъэх. Зиусхьаным имэлэIич къафехэу гъэпскIыпIэм ит псыр къызигъыбырысырыщтым ежэхэу. Сыд фэдэрэ уз иIэми, апэу а псым хахьэрэр ащ лъыпытэу хъужьыщтыгъэ. Ау зыIэпкъ-лъэпкъ ыубытыгъэ сымаджэхэр ежь-ежьырэу гъэпскIыпIэм хэхьанхэ алъэкIынэу щытыгъэп, ахэмэ зыгорэ IэпыIэгъу афэхъун фэягъэ.

Сымаджэхэм яплъынхэу цIыфыбэ мыщ къыщызэрэугъоигъагъ. Ау мафэр шэмбэтэу щытыгъэти – а мафэм джуртхэм Iоф ашIэрэп, джащ пае сымаджэхэм IэпыIэгъу афэхъун зылъэкIын гори гъэпскIыпIэм Iутыгъэп.

Ежьым игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу Исус а мафэм Вифездэ кIогъагъэ. Сымаджэхэм ахэтэу Ащ къыкIухьэщтыгъэ ыкIи гуфаплъэу ахэмэ ахаплъэщтыгъэ. Ау мары Ар сымаджэ горэм дэжь къыщыуцугъ. Ар зыпкъ ыубытыгъэ цIыфэу мыщ дэжьым щылъыгъэр ары. КIэлъынэу ащ иIагъэр орзэ кIэутэу, аукъодыеу мыжъо пцIанэм тетэкъогъагъэр арыгъэ. Исус ащ еупчIыгъ: „Ухъужьымэ пшIоигъуа?“ „Адэ сшIоигъу, Зиусхьан, бэу лъэшэу сшIоигъу. Ау щыIэп сэ гъэпскIыпIэм сыхэзыхьан зылъэкIын горэ. Сэрсэрэу сыкIон слъэкIырэп, ащ къыхэкIэу гъэпскIыпIэм сызецохъулIэкIэ, ащ зыгорэ хэуцогъахэу къычIэкIы,“ – тхьаусыхэзэ, сымаджэм пэгъокI къытыжьыгъ. Джащыгъум Исус ащ риIуагъ: „Къэтэджыри, уикIэлъыни зыдэштэжьыри, кIо!“

Адэ арымэ, сыда хъугъэр? Зыпкъ ыубытыгъэгъэ сымаджэр ащ лъыпытэу хъужьыгъэ. Ылъакъохэр ыгъэIорышIэшъухэу хъужьыгъэти, къэтэджи тезэкIуахьэу ыублагъ. НасыпышIоу, лIым икIэлъын ыпхъотэжьи, ар зэкIоцIищыхьи ытамэ тырилъхьи, гъэпскIыпIэм IукIыжьыгъ. Зызакъу ныIэп ымышIагъэу къэнагъэр: зэригъэхъужьыгъэм пае зэрэфэразэр Исус къыриIоныр ары.

Ау угу къэкIыжьа о а мафэр джуртхэмкIэ гъэпсэфыгъо мафэу зэрэщытыгъэр? Ащ къикIырэр а шэмбэт мафэм джуртхэм Iоф амышIэнэу ары. Ахэмэ а мафэм загъэпсэфы ыкIи зы хьылъэ гори ахэмэ зэрахьэ хъущтэп. ГъэпскIыпIэм къыIукIыжьи, сымэджэгъэ лIыр икIэлъын ытамэ телъэу къэлэ урамым къытехьагъэу кIощтыгъэ. Ар залъэгъум, джуртхэр ащ текуохэу рагъэжьагъ: „Пщыгъупшэжьыгъа о непэ зэрэшэмбэтыр? Мы мафэм о зыпари хьылъэ зепхьэ зэрэмыхъущтыр?“ ЗэкIэ къэлэдэсхэм ашIэщтыгъэ а лIыр, ашIэщтыгъэ джащ фэдэ илъэс пчъагъэ хъугъэу ыпкъыхэр ыубытыгъэхэу зэрэщылъыгъэр. Ау, шэмбэт мафэм икIэлъын ытамэ телъэу зэрихьырэм, инэу ыгъэгубжыгъ джуртхэр. Ахэмэ гу лъатагъэп Iофышхо шIагъоу хъугъэм – илъэс пчъагъэрэ зэсымэджэ нэуж, а лIыр узынчъэу зэрэхъужьыгъэм. Хъужьыгъэ лIым ахэмэ пэгъокI къаритыжьыгъ: „Сэ сызгъэхъужьыгъэм къысиIуагъ: УикIэлъын зыдэштэжьыри, кIожь!“ Джащыгъум цIыфхэр ащ къеупчIыхэу къаублагъ: „Хэта о узгъэхъужьыгъэр?“ „СшIэрэп сэ“, – ариIожьыгъ псау хъужьыгъэм ыкIи Тхьэм иунэшхо кIуагъэ.

А охътэ дэдэм ехъулIэу Исус ащ къэкIогъагъ ыкIи мыщ ыгъэхъужьыгъэ лIыр зыщелъэгъум, ащ къыкIэлъырыхьи, къыриIуагъ: „Мары джы о ухъужьыгъ, ащ щэхъукIэ джы псэкIод умышIэжь ащ нахь дэй къыомыхъулIэным пае“. Мыщ дэжьым а лIым къыгурыIуагъ ар зыгъэхъужьыгъэр Исусэу зэрэщытыр. Ащ лъыпытэу мо лIым зэкIэми ариIоу ригъэжьагъ: „Сэ сызгъэхъужьыгъэр Исус ары!“

Джуртхэм дэгъоу ашIэщтыгъэ Исус. Арыба сатыушIэхэр Тхьэм иунэшхо къычIэзыфыгъэхэр ыкIи ащ пае ахэмэ бэшIагъэу Ащ губж фыряIагъ. Шэмбэтым зыпари пшIэ хъущтэп, сымаджэхэми уяIазэ хъущтэп. Исус Тхьэм иунэшхо зыщалъэгъум, Ар къаубытынэу ыкIи аукIынэу ахэмэ рахъухьагъ. Ау Исус мырэущтэу ахэмэ ариIуагъ: „Сятэ ышIэрэр ары Сэри сшIэрэр“. Ар, шъыпкъэмкIэ, джары зэрэщытыри. Тхьэр мафэ къэс, шэмбэтыми, цIыфхэм къафэгумэкIы. Джащ фэдэу шэмбэтыми тыгъэр къепсы ыкIи уцыри къэкIы. ЗэкIэ ахэмэ Тхьэр къафэгумэкIы. Исус Христосыр арымэ – Ар Тхьэм ЫкъоIа.

1. Ерусалим ичIыпIэу тыда сымаджэхэр зыдэщылъыгъэхэр?
2. Сыдэущтэу сымаджэхэм загъэхъужьын алъэкIыщтыгъа?
3. Сыда Исус зыпкъ ыубытыгъэ сымаджэм риIуагъэр?
4. Хъужьыгъэм сыда ытамэ телъэу ыхьыщтыгъэр?
5. Джуртхэм яхабзэкIэ сыд фэдэ мафэр ара зыпари пшIэ зымыхъущтыр?



## *58. ИСУС ШЪУЗАБЭМ ЫКЪО КЪЫЗЭРИГЪЭХЪУЖЬЫГЪЭР*

Бзылъфыгъо горэ Наин зыцIэ къалэм щыпсэущтыгъэ. Ащ илI бэшIагъэ зылIэгъагъэр, ыкIи ыкъо закъо игъусэу ар псэущтыгъэ. Ау тхьамыкIэгъуакIэ шъузэбэ насыпынчъэм къыфикъокIыгъ: ыкъо сымаджэ хъуи, лIагъэ.

Къалэм пэмычыжьэу кIалэм ихьадэ щагъэтIылъынэу щытыгъ. Шъузабэм икIэлэ закъо ихьадэ зыщагъэIылъыщтым цIыфыбэ къекIолIэгъагъ. Хъулъфыгъэхэм пхъэмбгъум хьадэр тыралъхьагъ. КъаIэти, атамэ телъэу рахьыжьагъ. Хьадэр къэхалъэм зыхьырэ купыр къалэм къызыдэкIым, ахэмэ алъэгъугъ ежьыхэм япэгъокIэу куп горэ къалэм къызэрэкIорэр. А купэу къакIорэм хэтыгъ Исуси, Ащ игъогу рыкIохэрэри. Адрэ цIыфхэр ахэмэ ауж итхэу къакIощтыгъэх ыкIи Исус къыIуатэрэмэ ядэIущтыгъэх.

Хьадэр къэхалъэм зыхьыхэрэр зелъэгъухэм, Исус ахэмэ нахь благъэу якIолIагъ. Ар еплъыгъ кIэлэ лIагъэм, янэу гъырэм ыкIи бзылъфыгъэм риIуагъ: „Умыгъ!“ ЕтIанэ Исус хьадэр зытелъ пхъэмбгъум екIуалIи, къыIуагъ: „КIалэр, осэIо, къэтэдж!“ ЫкIи ... ащ лъыпытэу кIалэм ыпсэ къыпыкIэжьыгъ. Исус ным икIалэ ритыжьыгъ. ГушIошхом зэлъиштэгъэ ным къыIощтыр ымышIэжьэу щытыгъ: ыкъо кIасэ къэхъужьыгъ!

ЗэкIэ цIыфхэм алъэгъугъ а Iофышхо шIагъор. Ахэмэ зэраIожьэу аублагъ: „Исус – Пегъымбарыр ин дэд! Ар Тхьэм фэлажьэ. Тхьэм Ежьым ипегъымбар къытфигъэкIуагъ“. Ахэмэ джыри ашIэщтыгъэп Исус тэ ти КъэгъэнэжьакIоу зэрэхъущтри, Ар Тхьэм Ыкъоу зэрэщытри.

Исус чIыгум Iоф зэфэшъхьафыбэ щызэшIуихынэу къыпыщылъыгъ. ЦIыфыбэ Ащ насыпышIо ышIыщт. ЗэкIэ цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэм япщыныжь Ащ Ежьым ыпшъэ рилъхьажьыгъ, Ащ шIошъхъуныгъэ фызиIэхэм ыкIи Ар шIу зылъэгъухэрэм мыкIодыжьын щыIэныгъэ къареты.

1. Хэта Наинэ щылIэгъагъэр?
2. Хьадэр загъэтIылъырэ уахътэм тефэу хэта къалэм къэкIогъагъэр?
3. Сыда Исус кIэлэ лIагъэм риIуагъэр?
4. Хэта насыпышIуагъэр?



Исус кIэлэ лIагъэр къызэригъэхъужьыгъэр зылъэгъугъэ цIыфхэр зэкIэ Ащ ыуж итхэу къалэу Капернаум дэкIуагъэх. А лъэхъаным Капернаум щыпсэущтыгъэ рим дзэ пащэ горэ. ДзэкIолI нэбгыришъэмэ ар япэщагъ. А дзэ пащэм лъэшэу шIу ылъэгъоу унэIут горэ иIагъ. Ау ошIэ-дэмышIэу а унэIутыр хьылъэу къэсымэджагъ ыкIи рим дзэ пащэр ар лIэным тещыныхьэщтыгъэ. Исус Капернаум къызэрэкIуагъэр дзэ пащэм зызэхехым, ежьым иныбджэгъу джуртхэм адэжь кIуи, ялъэIугъ: „Исус ыдэжь шъукIонышъ, садэжь къэшъущэн шъулъэкIына, сиунэIут ыгъэхъужьыным пае Ащ?“ Джуртхэм а дзэ пащэр лъэшэу шIу алъэгъущтыгъэ ыкIи шъхьэкIафэ фашIыщтыгъэ, анахьэу ар къызыхэкIыщтыгъэр синагогыкIэ (тхьэелъэIупIэ) зыдарегъэшIыхьэ нэужыр ары. Джащ пае ахэр ащ лъыпытэу Исус ыдэжь кIохи елъэIухэу рагъэжьагъ: „ТыолъэIу, гъэхъужь рим дзэ пащэм иунэIут. Дзэ пащэм ар ифэшъуаш: тилъэпкъ шIу елъэгъу ыкIи синагог тфаригъэшIыгъ“.

Исус ащ къезэгъыгъ ыкIи ыдэжь къэкIуагъэхэм ягъусэу рим дзэ пащэм иунэ кIонэу ежьагъ. Ау а унэм нэмысызэ, Исус аIукIагъ рим дзэ пащэм къыпигъэгъокIыгъэ цIыфхэм. Ахэмэ мырэущтэу Исус къыраIуагъ: „Тизиусхьан мырэущтэу къыотIожьынэу къытфигъэпытагъ: „Ащ фэдиз къин зэмыгъэлъэгъу Зиусхьан! О сиунэ укъихьанэу сэ сифэшъуашэп ыкIи сэри О уадэжь сыкъэкIонэуи сифэшъуашэп. Ау гущыIэ закъо къаIори, сиунэIут хъужьыщт!“ А гущыIэхэр зызэхеххэм, Исус ыгъэшIэгъуагъ. Рим дзэ пащэм шIошъхъуныгъэ Ежьым къыфыриI. Ащ ышIошъ мэхъу Исус Тхьэм ЫкъоуIзэрэщытыр. Исус игъусэхэм ариIуагъ: „Ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ пытэ Сэ, ары пакIошъ, Израили сыщырихьылIагъэп“.

Дзэ пащэм ыIофтэгъэгъэ цIыфхэм ядэжь къызагъэзэжьым, ахэмэ алъэгъугъ рим дзэ пащэм иунэIут кIасэ зэрэхъужьыгъэр: Исус ар ыгъэхъужьыгъ. Ар арэущтэу зыкIишIыгъэр рим дзэ пащэм шIошъхъуныгъэ къыфыриIагъэти ары.



1. Рим дзэ пащэр сыдым пае ялъэIугъа иныбджэгъухэм?
2. Сыда рим дзэ пащэм ышIошъ хъущтыгъэр?
3. Сыда ащ иунэIутэу сымаджэ хъугъагъэм къехъулIагъэр?

# *59. ЧЫЛАПХЪЭР ЗЫПХЪЫРЭМ ЕХЬЫЛIЭГЪЭ ГЪЭСЭПЭ ТХЫДЭР*

А мафэм Исус дэжь цIыфыбэ къыщызэрэугъоигъагъ. Нахь пэблагъэу Ащ екIуалIэхэмэ ашIоигъоу ахэр зэхэгукIагъэхэу щытыгъэх ыкIи Ар къадэгущыIэнымкIэ къинэу щытыгъ. Джащыгъум Ар къуашъом итIысхьи, нахь чыжьаIоу нэпкъым IукIыгъ ыкIи цIыфхэм къадэгущыIэу ригъэжьагъ. Ащ ыдэжь къэкIуагъэ пэпчъ Ар дэгъоу ылъэгъун ыкIи зэхихын ылъэкIэу хъугъэ. Игубгъо лэжьыгъэ щызыпхъыгъэ мэкъумэщышIэм ехьылIэгъэ къэбарымкIэ Исус ипсалъэ къыригъэжьагъ. Ау ащ игубгъо илъыгъэ чIыгур зэфэдэкIи дэигъэ. Зы чIыпIэм чIыгур мыжъуалъэу щытыгъ, фэшъхьаф чIыпIэхэм уцыжъхэр бэу къащыкIыщтыгъэ. МэкъумэщышIэр губгъом итэу IэбжыбыкIэ чылапхъэр ыпхъыщтыгъэ.

Чылапхъэу риутыгъэм щыщ мэкъумэщышIэм игубгъо хэкIыщтыгъэ гъогум тетэкъуагъэти, бзыумэ ащ лъыпытэу ар ашыпыгъ.

Чылапхъэм щыщ мыжъолъэ чIыпIэм тефагъ. ПсынкIэу ащ чылапхъэр къыщыхэкIыгъ, ау чIыгоу телъыр зэрэмакIэм къыхэкIэу ылъапсэхэр куоу ытIупщын ылъэкIыгъэп. Ащ къыхэкIыкIэ тыгъэр къызэрэкъокIэу чылэпхъэ къыхэкIыгъакIэхэр гъухи, кIодыгъэх.

Уцыжъ лъапсэхэр къызыхэнэгъэ чIыгуми чылэпхъацэхэр тефагъэх. Ау уцыжъхэр къыхэкIыхи, чылэпхъэ къэкIыгъакIэр агъэкIодыгъ.

Ау чIыгу дэгъуми чылапхъэм щыщ тефэгъагъ. Мыщ коцышъхьэ шIагъохэр къыщыхэкIыгъэх. Коцышъхьэ пэпчъ коцыбэ къикIагъ, ахэтыгъэх коцыцишъэ зытетхэри, тIокIищ, щэкIы зытетыгъэхэри. А къэкIыгъэкIэ коцыцэмэ мэкъумэщышIэр лъэшэу агъэгушIоштыгъэ, лэжьыгъэр угъоижьыгъэным паеба ащ лэжьыгъэр зыкIипхъыгъэр.

Ащ фэдэ гъэсэпэ тхыд Исус цIыфхэм къафиIотагъэр. ЗэкIэми Ащ къыIотагъэр лъэшэу агу рихьыгъ, ау цIыфхэм къагурыIуагъэп ащ къикIыщтыгъэр, имэхьанэ зыфэдэр. Ау Исусым а тхыдэм имэхьанэ купкI къафиIотэнэу елъэIугъэхэп. Исус игъогу рыкIохэрэми а тхыдэр зэхахыгъэ, ау ахэмэ ашIэмэ ашIоигъуагъ ащ къикIырэр. Исуси а тхыдэм имэхьанэ къафиIотагъ. КъедэIу ори ащ.

Исус лэжьыгъацэм къыригъэкIырэр ошIа? Исус, Ар къызытегущыIэщтыгъэр Тхьэм ИгущыIэхэр ары. Исус чIыгум къызыкIэкIуагъэр Ащ игущыIэхэр цIыфхэм алъигъэIэсынхэм пае, ау цIыфыбэхэр фаехэп Тхьэм игущыIэхэм ядэIунхэу. Ахэмэ афэдэ цIыфхэр арых Исус зигугъу къышIыгъэхэр лэжьыгъацэхэу гъогум тефагъэхэу бзыухэм ашыпыгъэхэм къатегущыIэ зэхъум. Фэшъхьаф цIыфхэм зэрашIырэр нэмыкI шъыпкъ: Зиусхьаным игущыIэхэр ахэмэ зэрэзэхахыгъэм лъыпытэу Тхьэр ашIошъ агъэхъунэу ыкIи зекIокIэ дэгъу щэхъу къызыхамыгъэфэнэу рахъухьэ. Ау шIэх дэдэу ахэмэ Тхьэр ащэгъупшэжьы ыкIи нахьыпэм фэдэу псэкIодхэр аIэкIашIэхэу рагъэжьэжьы. Ащ фэдэ цIыфых Исус зигугъу къышIыщтыгъэхэр чылэпхъацэхэу мыжъолъэ чIыгум тефагъэхэу, къэкIыгъакIэхэу, ау псынкIэу гъужьыгъэхэм яхьылIагъэр къыIуатэ зэхъум.

Уцыжъ лъапсэхэр къызыхэнэгъэ чIыгум ехьылIагъэу Исус къыIуатэ зэхъум, зигугъу къышIыгъэхэр унэгъэ Iофхэм апкъ къикIыкIэ шIошъхъуныгъэр зыщыгъупшэгъэ цIыфхэр арых.

Ау, тинасыпкIэ, щыIэх цIыфыбэхэр зыгу Тхьэм игущыIэхэм афызэIузыхыгъэхэр. Ахэмэ Зиусхьаным шъыпкъэныгъэ фыряI ыкIи Ар шIу алъэгъу. Ары шъыпкъ – а чIыгур ары дэгъоу лэжьыгъэр зыщыбэгъуагъэр.

Джары зыныбжь икъугъэ цIыфхэми кIэлэцIыкIухэми къяхъулIэхэрэр. КIэлэцIыкIухэми ащ фэдэу Тхьэм ехьылIагъэу бэ зэхахырэр: Тхьэм ехьылIагъэу янэ-ятэхэм унэм ахэмэ къащафаIуатэ, тхьаумафэм чылыс зэIукIэм зыдащэхэмэ, ащ щызэхахы Тхьэм ехьылIагъэу дин IофышIэхэм къащаIуатэхэрэр. КIэлэцIыкIухэри Тхьэм игущыIэхэм агу етыгъэу ядэIунхэ фае, джащыгъум ахэри насыпышIо хъущтых.



Зиусхьаным игущыIэхэр угу щэпсэуха? Щэпсэухэмэ, ащыгъум, шъыпкъэ, о унасыпышIу.

1. Гъогум тетэкъогъэ чылэпхъацэхэр хэта зышыпыгъэхэр?
2. Мыжъолъэ чIыгум тефэгъэ чылэпхъацэхэм сыда къяхъулIагъэр?
3. Уцыжъхэм сыда чылэпхъацэхэм арашIагъэр?
4. ЧIыгу дэгъум тефэгъэ чылэпхъацэхэр сыд фэдэхэу къэкIыгъэха?
5. СыдкIэ Зиусхьаным о уелъэIун плъэкIыщта?



# *60. ИСУС ИАИР ЫПХЪУ КЪЫЗЭРИГЪЭХЪУЖЬЫГЪЭР*

Исус джыри Капернаум къэкIуагъ. ЦIыфыбэ хыIушъом Iутыхэу Ащ ежэщтыгъэх. ЗэкIэри Ащ едэIухэмэ ашIоигъуагъ.

Исус нэпкъым къыдэкIоягъ ыкIи ащ лъыпытэу Ар цIыфхэм къауцухьагъ. Ахэмэ ахэтыгъ Иаир зыцIэ лIыри. Ар лъэшэу чъэфынчъагъ, сыда пIомэ ащ ипшъэшъэжъыеу илъэс пшIыкIутIу зыныбжьыгъэр сымэджэ хьылъэ хъугъагъэ. Ащ пае Исус къызекIуалIэм, Ащ ыпашъхьэ Иаир лъэгонджэмышъхьэкIэ щетIысэхи, елъэIоу ригъэжьагъ: „Зиусхьан, садэжь къакIо. Сипшъэшъэжъые сымэджэ хьылъэу щылъ, ар лIэным сэ сытещыныхьэ. Гъэхъужь ар, сыолъэIу!“

Исус къезэгъыгъ. Ау Ащ цIыфыбэ зэрэкIэлъырытыгъэм пае ерагъэу къахэкIыщтыгъ. ЗэкIэм Исус къызэтеуцуи, цIыфхэм къяупчIыгъ: „Хэта Сэ къызнэсыгъэр?“ Зыми Ащ пэгъокI къыритыжьыгъэп. Ау Исус ышIэщтыгъ Ежьым къекIолIагъэр ыкIи къынэсыгъэр.

Iофыр зэрэхъугъэр: Купым хэтыгъ бэшIагъэу сымэджагъэу бзылъфыгъэ горэ. Iазэхэр ащ IэпыIэгъу фэхъунхэ алъэкIыщтыгъэп, арыти, Исус нэпкъым къызытехьэм, бзылъфыгъэр Ащ къыкIэлъырыхьагъ ыкIи, зыми гу къылъимытэу, иджэнэ кIыIутелъ къуапэ IэкIэ къынэсыгъ. Бзылъфыгъэм ышIошъ хъущтыгъэ ащ ишIуагъэ къызэрекIыщтыр. ЫкIи Iофышхо шIагъо хъугъэ: бзылъфыгъэр ащ лъыпытэу хъужьыгъэ. Арэущтэу зыкIэхъугъэр ащ Исус ышIошъ хъущтыгъэти ары. Ау Исус «Хэта къызнэсыгъэр?» ыIуи къызэупчIэм, бзылъфыгъэм зыпари къыIуагъэп ыкIи джэуап къыритыжьыгъэп.

„Гъуазэр! – ыIуагъ Исус игъогу рыкIорэмэ ащыщэу Петрэ. – ЦIыфыбэ дэди мыщ Iутыр! Мощ фэдиз цIыф жъугъэр зыщызэхэтым О къыбнэсыгъэр сыдэущтхэу зэхэпшIэн плъэкIыщта?“ Ау Исус пэгъокI къытыжьыгъ: „СэшIэ Сэ зыгорэ къызэрэзнэсыгъэр. Сэ кIуачIэ зэрэсхэкIыгъэр зэхэсшIагъэшъ ары“.

Ар кIуачIэу бзылъфыгъэр зыгъэхъужьыгъэр арыгъэ. Исус игущыIэхэр зызэхехххэм, къэщтэгъэ бзылъфыгъэр Ащ къыкIэлъырыхьагъ ыкIи къыриIуагъ бэ шIагъэу ар зэрэсымаджэр, Iазэхэр IэпыIэгъу къыфэхъунхэ зэрамылъэкIырэр, ыкIи ащ къыхэкIыкIэ Исус иджэнэ кIыIутелъ нэсынэу зэрэрихъухьагъэр. Бзылъфыгъэм къыIотагъ джэнэ къуапэм зэрэнэсэу зэрэхъужьыгъэр Ащ къыIотагъэм зедэIухэ ужым Исус мырэущтэу къыIуагъ: „О уишIошъхъуныгъэ уигъэхъужьыгъ. Гъогу маф. Гупсэфыныгъэ уиIэу опсэу!“

Исус бзылъфыгъэм дэгущыIэфэ Иаир иунэIут къыкIэлъырыхьи, мырэущтэу къыриIуагъ: „Уипшъашъэ лIагъэ. ПкIэнчъэу къин емыгъэлъэгъу Исус, джы Ар ащ IэпыIэгъу фэхъужьын ылъэкIыщтэп“. Ау Исус ар къызызэхехым, Иаир риIуагъ: „Умыщын, шIошъхъуныгъэ зигъэIэ къодый!“ ЕтIанэ Ар Иаиры иунэ кIуагъэ. ЗэкIэ а зэраIуагъэхэр цIыфхэм зэхахыгъэу щытыгъэти, Исус ыуж ихьагъэх Ащ ышIэрэр зыфэдэр зэрагъэлъэгъуным пае.

Иаир иунэ къызекIуалIэхэм, Петрэ, Иуан ыкIи Якъубэ игъусэхэу Исус унэм ихьагъ, адрэхэр урамым къытыранэхи. Пшъэшъэжъыеу лIагъэм иIэхьылхэмрэ унэIутхэмрэ кIэлъырытыгъэх. ЗэкIэми лIагъэр агъаещтыгъ. Исус ахэмэ ариIуагъ: „Шъумыгъ! Пшъэшъэжъыер лIагъэп, мэчъые ныIэп ар!“ Ау хэти Исус ыIуагъэр ышIошъ хъугъэп. Ащ нэуж Ащ зэкIэри унэм къыригъэкIыхи, Ежьым игъогу рыкIохэрэр ыкIи пшъэшъэжъыем янэ-ятэхэмрэ къыгъэнагъэх. Ахэр игъусэхэу Ар пшъэшъэжъыер зытелъ пIэкIорым кIэлъырыхьагъ ыкIи мырэущтэу къыIуагъ: „Къэтэдж, пшъэшъэжъый!

ЫкIи Iофышхо шIагъо хъугъэ. Пшъэшъэжъыем ынэхэр къызэтырихыхи, зикъудыий къэтэджыгъ. Исус ащ янэ риIуагъ гъомылэ къыфихьынэу ыкIи пшъэшъэжъыем зэкIэ къыфахьыгъэр ышхыгъ.

Иаирырэ ишъхьэгъусэрэ лъэшэу гушIощтыгъэх, ау ахэмэ къагурыIон алъэкIыщтыгъэп Исус япшъэшъэжъые къыгъэхъужьын зэрилъэкIыгъэ шIыкIэр. Енэгуягъо, ори ар къыбгурыIон умылъэкIырэкIэ, ау ар къыбгурыIонэуи ищыкIагъэп. Ар пшIошъ хъун фае.

1. Сыда Иаир Исус зэрелъэIугъэр?
2. Хэта Исус иджэнэ кIыIутелъы къынэсыгъэр?
3. Сыда бзылъфыгъэм къыщышIыгъэр?
4. Исус игъусэу хэта джыри Иаир иунэ ихьагъэр?
5. Сыда Исус пшъэшъэжъыем риIуагъэр?



# *61. ИСУС НЭБГЫРЭ МИНИТФ ЗЭРИГЪЭШХАГЪЭР*

Исусрэ Ащ игъогу рыкIохэрэмрэ лъэшэу пшъыгъагъэх къалэхэмрэ къуаджэхэмрэ къакIухьэхэзэ. Ащ къыхэкIэу зэгорэм къуашъом итIысхьэхи, тIэкIу зыкъыщагъэпсэфынэу цIыфхэр зыдэщымыIэхэ чIыпIэ горэм кIуагъэх. Ау Исус зыдэщыIэ чIыпIэр зашIэм, цIыфхэр Ащ ыдэжь кIуагъэх. Ахэмэ ашIэщтыгъ Ащ сымаджэхэр зэригъэхъужьыхэрэр, ащ пае ясымаджэхэри ягъусагъэх. Мэфэ реным Исус зы сымаджэм кIэлъырыкIымэ адрэм кIэлъырыхьэзэ ахэмэ яIэзагъ ыкIи ыгъэхъужьыгъэх.

Ау мары пчыхьэ хъугъэ. Тыгъэр къохьажьыгъ ыкIи шIэхэу мэзахэ къэхъунэу щытыгъ. Ау Исус ыдэжь къэкIогъэ цIыфхэр ядэжь кIожьынхэкIэ фэягъэхэп ыкIи ащ лъэшэу ыгъэгумэкIыщтыгъэх Исус игъогу рыкIохэрэр. Ащ къыхэкIэу ахэр Исус ыдэжь кIуагъэх ыкIи раIуагъ: „Гъуазэр! Мы тызыдэщыIэр шъоф нэкIэу щыт, уахътэри хэкIотагъ. ТIупщыжьых цIыфхэр, гъунэгъу къуаджэхэм кIонхэшъ, ашхын гъомлапхъэ къызфащэфыжьыным пае“. Исус пэгъокI къаритыжьыгъ: „ЦIыфхэр зыми кIонхэу ищыкIагъэп. Яшъут шъо ахэмэ ашхын“. „Хьалыгъуитфырэ пцэжъыитIурэ щэхъу тэ тиIэп, – агъэшIэгъуагъ зэхахырэр игъогу рыкIорэмэ. – Ар макIэ зэкIэри гъэшхэгъэнхэмкIэ“. – „Къысфэшъухьых Сэ а хьалыгъухэмрэ пцэжъыехэмрэ“, – ариIуагъ Исус ахэмэ.

Игъогу рыкIорэмэ хьалыгъуитфымрэ пцэжъыитIумрэ Ащ къыфахьыгъэх. Исус Ежьым ыдэжь къэкIогъэ цIыфхэр нэбгырэ шъэныкъо хъурэ куп-купэу уцым хэтIысхьанхэу ариIуагъ. ЦIыфхэм арэущтэу ашIыгъ. Исус игъогу рыкIорэмэ ахэр къызалъытэхэм, бзылъфыгъэхэмрэ кIэлэцIыкIухэмрэ хэмылъытагъэхэу, нэбгырэ минитф Исус ыдэжь къэкIуагъэу къычIэкIыгъ. ЕтIани зэкIэ ахэр гъэшхэгъэнхэ фэягъэ. Игъогу рыкIорэмэ зыкIи къагурыIон алъэкIыщтыгъэп хьалыгъуитфырэ пцэжъыитIурэкIэ мощ фэдиз цIыф жъугъэр бгъэшхэн зэрэплъэкIыщтыр.

Хьалыгъухэмрэ пцэжъыехэмрэ аIихыхи, Исус Тхьэм щытхъу фишIыгъ, етIанэ хьалыгъумрэ пцэжъыехэмрэ Iулъхьэ-Iулъхьэу ыгощыхи, Ежьым игъогу рыкIохэрэм аритыгъ цIыфхэм афахьынхэм пае. Игъогу рыкIорэмэ хьалыгъу такъырхэмрэ пцэжъыехэмрэ цIыфхэм афагощыгъэх ыкIи зэкIэри шхэным фежьагъэх. Адэ сыдэу хъугъа? ЗэкIэри шхагъэх ыкIи зэкIэми загъэшхэкIыгъ. Хьалыгъур бэ дэдэ зэрэхъущтыгъэм къыхэкIэу зэкIэхэм афикъугъ, ары пакIошъ, къялыжьыгъ ыкIи. ЗэкIэми зызагъэшхэкIы нэужым хьалыгъоу къялыжьыгъэр Исус игъогу рыкIорэмэ къаугъоижьыгъ ыкIи ахэмэ мэтэ пшIыкIутIум хьалыгъур арызыбзэу ашIыгъ. Арэущтэу Исус, Тхьэм Ыкъо хьалыгъуитфырэ пцэжъыитIурэкIэ нэбгырэ минитфыр ыгъэшхагъ.



1. Хэта цIыфхэм гъомлапхъэ афэзыугощын фэягъэр?
2. Сыда игъогу рыкIорэмэ къагурыIон амылъэкIыщтыгъэр?
3. Сыд фэдиз хъущтыгъа хьалыгъэу ыкIи пцэжъыеу Исус игъогу рыкIорэмэ къафэнэгъагъэр?
4. Сыда ыпэрапшIэу Исус ышIагъэр?
5. Нэбгырэ тхьапша хьалыгъухэмрэ пцэжъыехэмрэ зышхыгъэхэр?
6. Къэнэгъэ хьалыгъум сыда рашIагъэр Исус игъогу рыкIорэмэ?



## *62. ИСУС ПСЫ КІЫУМ ТЕТЭУ ЗЭРЭКІУАГЪЭР*

Исус игъогу рыкIорэмэ ариIуагъ къуашъом итIысхьанхэшъ, хыкъумэм иадрэ Iушъо кIонхэу. ЕтIанэ Ежьым ыдэжь къэкIогъэ цIыфхэр зэкIэ ытIупщыжьыхи, изакъоу зыкъигъэнагъ. Изакъоу Ар Тхьэм елъэIумэ шIоигъуагъ.

Iуашъхьэм дэкIуаи, Исус Зиусхьаным, Ежьым Ятэ, дэгущыIагъ.

Чэщым хыкъумэм хыорышхохэм зыкъыщаIэтыгъ. Къуашъом ичэтэн гъэIагъэ жьыбгъэм зэридзэщтыгъ, ар зыпышIэгъэ пкъэури къыуфэщтыгъэ ыкIи зэпэкIы къыпшIошIэу макъэ къыпыIукIыщтыгъэ. Игъогу рыкIорэмэ ащ лъыпытэу чэтэн гъэIагъэхэр къуашъом тырахыгъэх, ау жьыбгъэр зэрэлъэшым ыкIи хыорхэр зэрэинхэм къахэкIэу къуашъом зэпымыоу псыр къыиощтыгъэ. КIуачIэу яIэр рахьылIагъэу игъогу рыкIорэмэ къошъо бэщхэмкIэ етIуп-



щыгъэу Iоф ашIэщтыгъ, ау ахэмэ зэкIэ ашIэрэр пкIэнчъагъ. Къурэм фэдэу хыорхэм къуашъор псыкIыIум щызэрадзэщтыгъэ. Игъогу рыкIохэрэр лъэшэу къэщтагъэх: „Мы псым титхьалэпэна? – зэраIожьыщтыгъ ахэмэ. – Исус тигъусэп, а Зызакъор ары ныIэп тэ тыкъэзыгъэнэжьын зылъэкIыщтыр“. Зэрэщтагъэхэм къыхэкIэу IэпыIэгъу къафэхъуным пае Исус ежьыхэм ямыгъусэми зэрэхъущтыр ахэмэ ащыгъупшэгъагъ.

ЗэкIэм игъогу рыкIорэмэ алъэгъугъ цIыф горэм къуашъом къыфиузэнкIыгъэу псы кIыIум тетэу къызэрякIуалIэрэр. „Ар хьэдэ джэдэ шъыпкъ, зэ шъуеплъ, хьэдэ джадэр псы кIыIум тетэу къызэрэкIорэм! ЗанкIэу псы кIыIум тетэу къакIо!“ – зэрэщтагъэхэм къыхэкIэу кIэзэзыхэзэ игъогу рыкIорэмэ мэкIэ-макIэу зэраIожьыщтыгъ. Ау ар хьэдэ джадэу щытыгъэп. Ар – Исус, ахэмэ я ЕгъэджакIу арыгъэ. Iуашъхьэм тесэу Ар Тхьэм елъэIущтыгъэми, игъогу рыкIохэрэр къин зэрэхэфагъэхэр ышIэщтыгъэ ыкIи IэпыIэгъу афэхъуным пае занкIэу псы кIыIум тетэу, ахэмэ адэжь къэкIуагъ. Тхьэм Ыкъо ыкIуачIэ къымыхьыни фэмылъэкIыни щыIэп! ЦIыфхэм ащыщ горэми ышIэн ымылъэкIыщтыр Ащ зэшIуихышъущт.

„Шъумыщын, Сэры ар“, – зэхахыгъэ игъогу рыкIохэрэм Ащ ымакъэу дэгъоу янэIуасэр. Петрэ зэкIэми апэу Исус джэуап ритыжьыгъ: „Зиусхьан, мыр Орымэ, псы кIыIум сытетэу уадэжь сыкъэкIонэу къысаIу!“ „КъакIо!“, – къыIуагъ Исус. Бэрэ емыгупшысэжьэу Петрэ къуашъом къикIи, псы кIыIум тетэу Исус пэгъокIынэу ежьагъ. Ау зэкIэм ащ хыорышхохэр ылъэгъугъ, жьыбгъэм ишъуй макъэ зэхихыгъ, инэуи къэщтагъ ыкIи... псым чIихьэу ригъэжьагъ. Арэущтэу зыкIэхъугъэр Петрэ зэрэщтагъэм къыхэкIэу Исус зэрэщыгъупшагъэр ары. Ащ и ГущыIэ ицыхьэ тыригъэлъыным ычIыпIэкIэ ежьым ылъэгъущтыгъэхэр хыорышхохэмрэ жьыбгъэ шъуи макъэмрэ ары.

„Зиусхьан, сыкъэгъэнэжь!“ – къэкуугъ Петрэ, ыIэхэр Исус фищэихызэ. Исус ащ къыготыгъэти, Петрэ ыIэ къыубыти, ащ риIуагъ: „О шIошъхъуныгъэр зимакIэр, сыда узкIехъырэхъышагъэр?“ Петрэ ыIапэ ыIыгъэу Исус къуашъоу адрэ игъогу рыкIохэрэр зэрысыгъэхэм фиузэнкIыгъ.

Къуашъом зехьажьым, Исус жьыбгъэм унашъо фишIыгъ Iэсэжьынэу. Ащ лъыпытэу жьыбгъэри уцужьыгъэ, хыорхэри Iэсэжьыгъэх, хыкъумэри рэхьатыжьыгъэ. Исус джыри зэ игъогу рыкIорэмэ къаригъэлъэгъугъ Ар Тхьэм Ыкъоу зэрэщытыр. Игъогу рыкIохэрэр лъэгонджэмышъхьэкIэ тIысыхи, Исус къызэригъэнэжьыгъэхэм пае зэрэфэразэхэр раIоу ыкIи Тхьэм елъэIухэу рагъэжьагъ.

1. Iуашъхьэм изакъоу къызытенэм, сыда Исус ышIагъэр?
2. Сыда игъогу рыкIорэмэ къащышIыгъэр?
3. Зэрэщтагъэхэм къыхэкIэу сыда игъогу рыкIорэмэ ащыгъупшагъэр?
4. Сыдэущтэу Исус къуашъом къекIолIагъа?
5. Исус залъэгъум, сыда игъогу рыкIорэмэ къашIошIыгъэр?
6. Сыда Исус Петрэ джэуапэу къыритыжьыгъэр?
7. Хэта Исус зыщыгъупшагъэр ыкIи сыда ащ къехъулIагъэр?
8. Сыд фэдэ унашъуа Исус жьыбгъэм фишIыгъэр?



## *63. ШIОШЪХЪУНЫГЪЭШХО ЗИIЭ БЗЫЛЪФЫГЪЭМ ИКЪЭБАР*



Зэгорэм Исус игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу хымэ хэгъэгу горэм къэкIуагъ. Ащ ыпэкIэ зыкIи Ар а хэгъэгум кIогъагъэп. Зы пчэдыжь горэм жьэу Ар чэщыр зыщырихыгъэ унэм къикIыгъ. Ащ ыуж къихьагъ имынэIосэ бзылъфыгъэ горэ. Бзылъфыгъэр зыпари ымыIоу Ащ ыуж итэу къакIощтыгъ, ау Исус, ащ гу лъитэщтыгъэп. Ау тIэкIу тешIагъэу бзылъфыгъэр Исус къеджагъ: „О Зиусхьан! Даут Ыкъу! Угу къысэгъэгъу! Сипшъашъэ сымэджэ хьылъэу щылъ!“

Исус игъусэгъэ игъогу рыкIохэрэм ар лъэшэу агъэшIэгъуагъ: „Мы бзылъфыгъэм сыдым Исус фыригъашIэра? Зэгорэм ар Израил щыIагъа ыкIи ащ Исус щилъэгъугъагъа?“ Ау Исус бзылъфыгъэм зыпари пэгъокI ритыжьыгъэп ыкIи зэрэкIорэми къыщигъэкIагъэп. Ау бзылъфыгъэр Ащ ыуж имыкIэу къакIощтыгъэ ыкIи зэпымыоу IэпыIэгъу къыфэхъунэу къелъэIущтыгъэ. Ащ къыIохэрэр зэкIэ урамым щызэхахыщтыгъ, джары анахьэу игъогу рыкIорэмэ къямыкIущтыгъэр. Ащ нэсыфэкIэ ахэр макIэу зэрэгъэгущыIэхэзэ, рэхьатэу кIощтыгъэх. Джы бзылъфыгъэм илъэIу макъэ къэлэдэсхэм зызэхахым, зэкIэ урамым къытелъадэхэу рагъэжьагъ урамым рыкIохэрэр зэрагъэлъэгъумэ ашIоигъоу. ЧIыпIэ пстэумэ къарычъыхэти, къэлэдэсхэр Ащ къечъалIэщтыгъэх. „Сыда Исус ащ IэпыIэгъу зыкIыфэмыхъурэр? Джащыгъум бзылъфыгъэр IукIыжьыныгъи, тэри рэхьатэу тигъогу тырыкIоныгъи“, – зэраIожьыщтыгъ игъогу рыкIохэрэм.

Джыри зэ зыщагъэгъупшагъ игъогу рыкIохэрэм аукъодыеу къелъэIунхэу Исус хэти зэрэримыгъэзырэр. Ащ ышIэмэ шIоигъуагъ а бзылъфыгъэм шIошъхъуныгъэу Ежьым къыфыриIэм иинагъэр, Исус щэхъу ипшъэшъэжъые сымаджэ IэпыIэгъу фэхъун щымыIэу елъытэ шъыпкъэмэ, хьауми аукъодыеу ар къелъэIумэ.

ЗэкIэм Исус къызэтеуцуагъ. Бзылъфыгъэм ащ лъыпытэу лъэгонджэмышъхьэкIэ Ащ ыпашъхьэ зыщыридзыхи, къелъэIоу къыригъэжьагъ: „О Зиусхьан, IэпыIэгъу къысфэхъу!“ – „Сэ IэпыIэгъу сыпфэхъун слъэкIыщтэп, – къыриIожьыгъ Исус. – О уджуртэп ныIа. Джуртхэм IэпыIэгъу сафэхъунэу ары сыкъызыфэкIуагъэр. Сабыйхэм хьалыгъур аIыпхэу хьэхэм яптыныр дэгъоп“.

Исус къыриIомэ шIоигъор бзылъфыгъэм къыгурыIуагъ. Ащ къыгурыIуагъ джуртхэм IэпыIэгъу афэхъуным пае Исус къызэрэкIуагъэр ыкIи Ар ахэмэ сабыйхэкIэ зэряджэрэр. Хьэхэм ягугъу къызешIым, Ащ къыригъэкIыгъэр зэкIэ адрэ цIыф лъэпкъхэр арых. Ау бзылъфыгъэм Исус цыхьэ фишIыщтыгъ ыкIи мырэущтэу Ащ риIожьыгъ: „Шъыпкъэ, Зиусхьан, ау хьэхэми язиусхьанмэ яIанэ къетэкъохырэ хьалыгъу шкъойхэр ашхых“. Ащ ипэгъокIэу Исус къыIуагъ: „О бзылъфыгъ! ШIошъхъуныгъэу уиIэр ин дэд! О укъызыкIэлъэIурэр къыбдэрэхъу. КIожь шъуадэжь, уипшъашъэ хъужьыгъэ“.

Ащ лъыпытэу гузажъозэ, бзылъфыгъэр ядэжь къежьэжьыгъ. Къэсыжьи, иунэ зелъэдэжьым, ащ ылъэгъугъ ипшъэшъэжъые зэрэхъужьыгъэр.



1. Сыда бзылъфыгъэр Исус къызэрелъэIущтыгъэр?
2. Сыда игъогу рыкIорэмэ агъэшIагъощтыгъэр?
3. Сыда Исус бзылъфыгъэм ехьылIагъэу ышIэмэ шIоигъуагъэр?
4. Сыд фэдэ пэгъокIа Исус бзылъфыгъэм ритыжьыгъэр?
5. Бзылъфыгъэм шIошъхъуныгъэшхо зэриIэр зелъэгъум, сыда Исус ышIагъэр?

## 64. ИСУС ШЪОДЖЭ УЗ IАЕ КЪЫЗЭУЗЫЩТЫГЪЭ НЭБГЫРИПШЫР ЗЭРИГЪЭХЪУЖЬЫГЪЭР

„О Зиусхьан, гукIэгъу къытфэшI! IэпыIэгъу къытфэхъу!“ – а лъэIу гущыIэхэр Исус зэхихыгъэх къуаджэ горэм зыдахьэм. „Хэта арэу куорэр?“ – зэупчIыжьыщтыгъэх игъогу рыкIохэрэр. ЫкIи зэкIэри а макъэхэр къызыдиIукIыхэрэ лъэныкъом зэрэгъэплъагъэх. Игъогу рыкIорэмэ цIыф куп алъэгъугъ. ЗэкIэ ахэр сымэджэ хьылъагъэх, агъэхъужьын амылъэкIырэ шъоджэ уз Iае ахэмэ къяузыщтыгъ. Шъоджэ узыр – уз щынэгъо дэд. Ар къызэузырэ цIыфхэр адрэмэ адыщыIэнхэ алъэкIынэу щытэп. Арымырмэ цIыф псаухэми а узыр ахэмэ апахыщт. Ащ къыхэкIэу шъоджэ уз къызэузыхэрэр шъхьафэу щыIэх, мэпсэух. Яунэхэр къабгынэх. ЕгъашIэрэу яунагъохэр къызэранэкIых.

Исуси а сымаджэхэр ылъэгъущтыгъэх, „IэпыIэгъу къытфэхъу“ аIозэ, ахэр къызэрелъэIухэрэри зэхихыщтыгъ. Исус ышIэщтыгъ Ежьым щэхъу а узыр хэти ыгъэхъужьын зэримылъэкIыщтыр. Ежьыр, Тхьэм ЫкъоЗакъу ары ныIэп ар зыкIуачIэ къыхьыщтыр.

Исус якIолIагъ а сымаджэхэм. НэбгырипшI хъущтыгъэх ахэр. ПсынкIэу кIонхэ алъэкIыщтыгъэп ахэмэ, сыда пIомэ зэкIэ акIышъо, алъакъохэм, аIэхэм егъэ цIынэ етэгъэ Iаехэр атетыгъэх. IэпыIэгъу зэфэхъужьыхэзэ, ахэри тIэкIу-тIэкIоу лъэбакъохэзэ, Исус къыпэгъокIыгъэх. Исус ахэмэ яуз апихыным щыщынэщтыгъэп, сыд фэдэрэ узи ЕжькIэ, Тхьэм ЫкъокIэ ыкIи Ащ игъогу рыкIохэрэмкIэ щынэгъуагъэп.

„ШъукIори дин пащэр къызэжъугъэплъ!“ – ариIуагъ Исус а сымаджэхэм. ОшIа о арэущтэу ахэмэ Исус зыкIариIуагъэр? КIышъо узыр къызэузыщтыгъэхэу хъужьыгъэхэр ыпэ рапшIэу дин пащэм ыдэжь кIонхэ фэягъэ, ядэжь мыкIожьхэзэ. Дин пащэр ары ныIэп ащ иунагъо ыгъэзэжьыным ифитныгъэ къезытын зылъэкIыщтыгъэр. Джары Исус сымэджэ нэбгырипшIыр дин пащэм ыдэжь зыкIигъэкIуагъэхэр. Джыри зэрэмыхъужьыгъэхэр нэбгырипшIыми ашIэщтыгъэ нахь мышIэми, ахэр дин пащэм дэжь ежьагъэх. Ахэмэ Исус яцыхьэ телъыгъ, ары Исус ахэр дин пащэм ыдэжь кIонхэ фаеу къызареIом, зи хамыIухьэу зыкIэкIуагъэхэри. ЫкIи гъэшIэгъон хъугъэр! Сымаджэхэр кIом хэтыхэу хъужьыхэу рагъэжьагъ, аIэхэмрэ алъакъохэмрэ атетыгъэ етэгъэ ягъэхэр атетэкъужьыщтыгъэх ыкIи такъикъ заулэкIэ ахэр атекIодыкIыжьыпагъэх. „Нахь псынкIаIоу дин пащэм ыдыжь тынэжьугъэс!“ – къэзэрэгъэкууагъэх насыпышIо хъужьыгъэ цIыфхэр.

Зы нэбгырэ ныIэп адрэмэ ягъусэу дин пащэм дэжь емычъэжьэгъагъэр. Ар Самарие хэкум щыщыгъ. Джащ къыхэкIэу джы зыхъужьыгъэкIэ, ар ежьым идин пащэ дэжь зыдэкIон фэягъэр. Ау ащ арэущтэу ышIыгъэп. Ар Исус ыдэжь зыдэкIуагъэр. Самарие лIым ышIэщтыгъэ ар уз мэхъаджэм Исус къызэрэIэкIихыжьыгъэр. Ащ екIуалIи, лъэгонджэмышъхьэкIэ ыпашъхьэ зыщыридзыхи, зэригъэхъужьыгъэм пае лъэшэу зэрэфэразэр риIоу ригъэжьагъ.

Исус Ежьым игъогу рыкIорэмэ мырэущтэу ариIуагъ: „Адэ нэбгырипшIыба хъужьыгъэхэр? Тыдэ щыIэх адрэхэр? Сыда Сэ садэжь Самарие лIым щэхъу къызыкIэмыкIуагъэр Сэ къызэрэсфэразэр къысиIонэу?“ Исус мырэущтэу а лIым риIуагъ: „Къэтэджыри, шъуадэжь кIожь! УишIо-



шъхъуныгъэ уигъэхъужьыгъ". ГушIогъошхом хэтэу Самарие хэкум щыщ лIыр ядэжь кIожьыщтыгъэ: зэрэхъужьыгъэм имызакъоу, Исус шIу зэрилъэгъугъэр ыкIи Ащ шIошъхъуныгъэ фыриIэу зэрэхъугъэр ары ар анахьэу зыгъэгушIощтыгъэр. Адрэ нэбгырибгъур хъужьыгъэхэ нахь мышIэми, самарие лIым фэдэу насыпышIуагъэхэп, сыда пIомэ ахэмэ Исус, ти КъэгъэнэжьакIо шIошъхъуныгъэ фыряIэу хъугъэхэп ыкIи Ар шIу алъэгъугъэп.

1. Сыд фэдэ уза нэбгырипшIым къяузыщтыгъэр?
2. Сыда ахэр яунагъо исхэу щыIэнхэ зыкIамылъэкIыщтыгъэр?
3. Сыда ахэмэ ашIэнэу Исус унашъоу афишIыгъагъэр?
4. Зэригъэхъужьыгъэм пае зэрэфэразэр хэта Исус къезыIуагъэр?
5. Сыда самарие лIыр ащ фэдизэу зыкIэнасыпышIуагъэр?



## *65. ИСУС НЭШЪУР КЪЫЗЭРИГЪЭПЛЪЭЖЬЫГЪЭР*

Шъори къызэрэшъушIэжьэу, джыртыбзэмкIэ шэмбэтым раIорэр шаббат. А мафэм джуртхэм Iоф ашIэрэп. Арыти, шэмбэт мафэ горэм Ежьым игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу Исус Тхьэм иунэшхо кIуагъэ. ЕтIанэ Тхьэм иунэшхо къычIэкIыжьызэ, ащ ичIэхьэгъум дэжь щыс цIыфыр ылъэгъугъ. Ар нэшъугъэ. Iоф ышIэн ылъэкIынэу щытыгъэпти, мафэ къэс ар Тхьэм иунэшхо икъэлапчъэхэм адэжь IутIысхьэти, блэкIырэмэ сэдакъэ къаIихыщтыгъ. Ар нэшъоу къэхъугъагъ ыкIи ныбжьи къэзылъфыгъэ яни яти ылъэгъугъэхэу щытыгъэп. Ащ егъашIэми ылъэгъугъагъэхэп тыгъэри, жъуагъохэри, уашъори.

ЛIы нэшъур алъэгъугъ Исуси игъогу рыкIохэрэми. „О Зиусхьан, – еупчIыгъэх ахэр Исус, – сыда мы цIыфыр зыкIэнэшъур? Хэта мыхъун зышIагъэр – ежьыр ара хьауми янэ-ятэхэр арыха? Сыда мы цIыфым пщыныжь зыкIихьырэр?“ „Хьау, – къариIожьыгъ ахэмэ Исус, – мы цIыфым ежьыми янэ-ятэхэми зыпари лажьэ яIэп. Мы цIыфыр нэшъоу къызыкIэхъугъэр Тхьэм ыкIуачIэ къыхьын ылъэкIыщтыр ащкIэ къэлъэгъоныр ары“.

Ар къыIуи, Исус нэшъум кIэлъырыхьагъ, ащ зытыриуфагъ ыкIи чIыгум теужъунтхагъ. ЧIыгур цIынэу зэхъум, а псынжъыр къышти, нэшъум ынэхэм ащицIэлыгъ ыкIи риIуагъ: „КIори, зыгъэпскIыпIэм зыщытхьакIыжь!“

ЗыгъэпскIыпIэу Ерусалим иIагъэр псыутIэшхоу къалэм иадрэ цыпэ щыIагъэр ары. Ащ фэдиз ичыжьагъэу кIонэу егъашIэми нэшъум гу тыришIыхьаныеп, сыда пIомэ ар лъэшэу ежьыркIэ чыжьагъэ, къиныгъэ ыкIи щынэгъуагъэ. Ау нэшъум Исус шIошъхъуныгъэ фыриIагъ ыкIи ащ фэшI къэтэджи, фэсакъыпэзэ, жъажъэу игъогу техьагъ.

Сыдэу хъуми, охътэ шIукIае тешIагъэу нэшъур зыгъэпскIыпIэм нэсыгъ. ПсыутIэм дэт псымкIэ нэшъум ынэхэр ытхьакIыжьыгъэх. ЫкIи ащ...ылъэгъоу хъужьыгъэ. Ылъэгъугъ апэрэу ащ ошъо шхъуантIэр, ылъэгъугъ ащ къэгъагъэхэу псыутIэм хъураеу къырагъэтIысэкIыгъэхэр, ылъэгъугъ ащ цIыфхэу зыгъэпскIыпIэм къэкIуагъэхэр.

ГушIогъошхом зэлъиштагъэу ар янэрэ ятэрэ адэжь ечъэжьэжьыгъ. Ерусалим иурамхэу цIыфыбэ зытетыгъэхэр джы ащкIэ щынагъохэу щытыжьыгъэхэп, зэкIэ къэзыуцухьэхэрэр ащ джы ылъэгъущтыгъэх. Урамхэм атет цIыфхэу ар ядэжь зэрэчъэжьырэр зылъэгъущтыгъэхэм зэраIожьыщтыгъ: „Шъуеплъ, шъуеплъ, мыр тэ тинэшъуба!“ „Ары дэд, сэры ар“, – ариIожьыщтыгъ ащ зэкIэми. „Сыд гъэшIэгъон тлъэгъурэр, – агъэшIагъощтыгъ адрэхэми, – мыщ фэдиз илъэс пчъагъэм умылъэгъущтыгъэу джы о укъэплъэжьыгъ“.

„Исус зыцIэ цIыфыр къыскIэлъырыхьи, зыкъыстыриуфи, чIыгум теужъунтхи, етIанэ а цIынэ хъугъэ ятIэр сынэхэм къатырицIэлагъ, ащ нэужым зыгъэпскIыпIэм сыкIонышъ, сынэхэр ащ щыстхьакIыжьынхэу къысиIуагъ. Арэущтэу сэ сшIыгъэ ыкIи джы слъэгъун слъэкIэу сыхъужьыгъ“, – къафиIуатэщтыгъэ нэшъоу щытыгъэм зэкIэ къеупчIыхэрэм. Джащыгъум ар цIыфхэм зыдыращажьи, фарисейхэм адэжь ащагъ. Ащ къыIотагъэр зызэхахым, фарисейхэр Исус лъэшэу фэгубжыгъэх: „Шэмбэтым зыгорэ пшIэмэ хъуна? Сыда Исус а хабзэр зыкIимыгъэцакIэрэр?“ Ащ нэужым фарисейхэр цIыфхэм яупчIыхэу рагъэжьагъ: „Шъыпкъэ дэдэмкIэ, мы цIыфыр нахьыпэм нэшъоу щытыгъа? ЗыгорэкIэ зэкIэри ащ къыугупшысыгъэмэ? Янэятэхэм адэжь кIуагъэу яупчIыгъэн фае“.

Нэшъущтыгъэр зыщыпсэурэ унэм къакIохи, фарисейхэр ащ янэ-ятэхэм яупчIыгъэх: „Мыр шъора зыкъор?“ „Ары, тэры ар зикIалэр“, – къыраIожьыгъ адырэхэми. „Адэ ар нэшъугъа?“ – яупчIыщтыгъэх ахэмэ фарисейхэр. „Ары, нэшъоу ар къэхъугъагъ“, – къариIожьыгъ ным. „Сыдэущтэу хъугъа адэ, джы зэкIэм ар къэплъэжьынэу?“ „Тэ тшIэрэп ар, – къариIожьыгъ тым. – АщкIэ шъо ежьым шъуеупчI“.

Арыти, фарисейхэм къаплъэ хъужьыгъэм зэкIэ икIэрыкIэу къырагъэIотэжьыгъ. Адрэми икIэрыкIэу зэкIэри къафиIотэжьыгъ. „СшIэрэп сэ Исус шэмбэтым сызэригъэхъужьыгъэм пае псэкIод ышIагъэмэ, ау сэ сшIэрэр егъашIэми зыпари сымылъэгъущтыгъэу джы сыкъызэрэплъэжьыгъэр ары“, – аужыпкъэм къариIуагъ ащ фарисейхэм.

Нэшъущтыгъэу, джы къэплъэжьыгъэу гъогум рыкIорэр зелъэгъум, Исус ащ кIэлъырыхьи, еупчIыгъ: „Тхьэм ЫкъоIо шIошъхъуныгъэ фыуиIа?“ „Хэта Ар, Зиусхьан, шIошъхъуныгъэ фысиIэным пае?“ – къыриIожьыгъ ащ. Исус мырэущтэу ащ риIуагъ: „Ар – Сэры“. ЛIыр Исус ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ щытIысыгъ ыкIи къыIуагъ: „СшIошIы мэхъу, Зиусхьан!“

Арэущтэу а цIыфыр насыпышIо хъугъэ. Ащ дунаир зэрилъэгъужьыгъэм имызакъоу, Исуси ышIагъ ыкIи шIу ылъэгъугъ. Фарисейхэр Ащ зэрэфэгубжыгъэхэм нэшъущтыгъэмкIэ ащ фэдиз мэхьанэ иIагъэп. Ащ нахьи нахьыбэу ежьыркIэ мэхьанэ зиIагъэр Исус игъусэу зэрэхъугъэр ары.

1. Сыда нэшъур сэдакъэ зыфыкIэлъэIущтыгъэр?
2. Сыдэущтэу Исус нэшъур ыгъэхъужьыгъа?
3. Хэта Исус фэгубжыгъэр?
4. Сыда фарисейхэр Исус зыкIыфэгубжыгъэхэр?
5. Сыда нэшъущтыгъэр насыпышIо зыкIэхъугъэр?



## *66. САМАРИЕ ЛIЭУ ГУКIЭГЪУ ЗЫХЭЛЪЫМ ИКЪЭБАР*

Исус Ежьым игъогу рыкIохэрэм зэгорэм мары къафиIотагъэр: „Мэфэ жъоркъэу гъогухэм ащызэгъокIэу къызыщыхэкIыгъэм лIы горэ Ерусалим икIыгъэу Ерихон кIощтыгъ. ОшIэ-дэмышIэу ащ хъункIакIохэр къытебэнагъэх. Ахэмэ гъогурыкIор укIыкIаеу зэхаукIыхьи, ахъщэу ыIыгъыгъэр тырахи, амалынчъэу гъогум къытырани, ежьхэм ашъхьэ Iуахыжьыгъ.

Iаеу зэрэзэхаукIыхьагъэм къыхэкIэу лIы насыпынчъэм зигъэхъыен ылъэкIыщтыгъэп. Узым къинэу ригъэлъэгъурэм нахьи нахь щэчыгъоягъэр псыфалIэ зэрэлIэщтыгъэр ары. Мафэр лъэшэу жъоркъэу щытыгъ, ежьыри тыгъэнэстырым хэлъэу гъогум телъыгъ.

ТIэкIу тешIагъэу ащ ылъэгъугъ дин пащэ горэ гъогум къырыкIоу. „Iо хэмылъэу, дин пащэр IэпыIэгъу къысфэхъун“, – егупшысагъ къинышхо хэфэгъэ цIыфыр. Ау гъогум телъыгъэ цIыфым къыфыремыплъэкIэу дин пащэр блэкIыгъ.

Ащ ыуж бэ темышIэу гъогум къыщылъэгъуагъ левитыр. Левитыр – ар Зиусхьаным иунэшхо щылэжьэрэ цIыф. ЗэкIэми IэпыIэгъу афэхъунэу ащ ипшъэрылъ шъыпкъэба! Арышъ, уемыхъыхъырэхъышэжьынэу, амалынчъэу гъогум къытыранэгъэ цIыфым ар IэпыIэгъу фэхъун фае, ау мары левитыри къекIолIагъ, къеплъыгъ ыкIи... зы гущыIи къыримыIоу блэкIыгъ.

Левитыми дин пащэми псэкIодышхо ашIагъ. НэбгыритIуми япшъэрылъэу щытыгъ тхьамыкIагъо хэфагъэм IэпыIэгъу фэхъунхэу, ау нэбгыритIури ежьхэм ашъхьэ фэгумэкIыжьхэзэ, ежь ашъхьэкIэ япшъэрылъ шъыпкъэ зыщагъэгъупшагъ.

Сыхьат пчъагъэ тешIагъ, лIыр гъогум телъызэ. Ар псыфалIэ зэрэлIэрэмрэ фэбэшхом зэрэхэлъымрэ къахэкIыкIэ кIочIэджэ шъыпкъэ хъугъагъэ ыкIи зыгорэм IэпыIэгъу къыритыным щымыгугъыжьэу щылъыгъ. Ау мыщ дэжьым ащ ылъэгъугъ щыдым тесэу лIы горэ гъогум къызэрэщылъэгъуагъэм. Ар Самарием щыщэу къычIэкIыгъ. Джуртхэм ахэр яджэгъуагъэх тхьабэ ашIошъ зэрэхъурэм пае ыкIи ащ фэшI агъэпыиштыгъэх.

Ау самарие лIыр амалынчъэ хъугъэм къызекIуалIэм, ар лъэпкъэу зыщыщым – джуртмэ е самариемэ ыIоу егупшысэжьэу щытыгъэп – щыдым къепсыхи, насыпынчъэр псы ригъэшъуагъ, иуIагъэхэри фипхыгъэх. ЕтIанэ фэсакъыпэзэ, джурт тхьамыкIэр щыдым тыригъэтIысхьи, къалэм дэт хьакIэщым рищэлIагъ.

ЯтIонэрэ мафэм игъогу техьажьын зэхъум, самарие лIым хьакIэщыр зыем риIуагъ: „Мары ахъщэу тебгъэкIодэщтыр къыосэты, фэгумэкI мы насыпынчъэм! ЗыгорэкIэ ахъщэу остырэр имыкъумэ, о уиахъщэ тегъэкIуад, уихьакIэщ силъынэу джыри сыкъызыкIокIэ, къыостыжьыщт“.

Самарие лIы закъор ары зипшъэрылъ зыгъэцэкIагъэр. IэпыIэгъу зищыкIагъэ хъугъэгъэ цIыфым ар фэгумэкIыгъ. Левитымрэ дин пащэмрэ япшъэрылъ ащыгъупшагъ ыкIи, ар псэкIодышхоу щыт. Зиусхьаныр зэкIэми афэгумэкIы, ори зэкIэми IэпыIэгъу уафэхъун фае ахэр о уиныбджэгъухэу щымытхэми.

1. Ерихон кIощтыгъэ гъогурыкIом сыда гъогум къыщехъулIэгъагъэр?
2. Хэта зэкIэми апэу гъогум телъыгъэм екIолIэгъагъэр ыкIи сыда ащ фишIагъэр?
3. Хэта джыри ащ блэкIыгъэр?
4. Хэта зэхаукIыхьэгъэ джуртым IэпыIэгъу фэхъугъэр?
5. Сыда о ренэу пшIэн фаер?





## *67. МЭЛЭУ КIОДЫГЪЭМ ЕХЬЫЛIЭГЪЭ ГЪЭСЭПЭ ТХЫДЭР*

Ащ ыуж бэ темышIэу Исус джыри зы хъугъэ-шIагъэ къыIотагъ. Ар зыфэягъэр Ежьым къыIуатэрэм къедэIурэ цIыфхэр бэмэ аригъэгупшысэнхэр ыкIи бэмэ афигъэсэнхэр арыгъэ. Мары а къэбарыр.

ЩыIагъ мэлахъо горэ мэлыбэ иIэу. Ащ лъэшэу шIу ылъэгъущтыгъэх ежьым имэлхэр ыкIи ренэу ахэмэ афэгумэкIыщтыгъ. Ау имэлхэм ащыщ горэ мыдаIоу щытыгъ. Ренэу ар Iэхъогъум ыуж къинэщтыгъ е фэшъхьаф лъэныкъо дырекIокIыщтыгъ, ары къэс мэлахъом ар Iэхъогъум къыхигъэзыхьажьыщтыгъ.

Ау мафэ горэм мэлахъом а мэлыр Iэхъогъум ыуж къызэринагъэм гу лъитагъэп. Мэл делэ тхьамыкI! ИщыкIагъэм фэдизэу ежь зыфэгумэкIыжьын, псы зыщешъон чIыпIэ къыгъотын ыкIи, анахь Iофыр – тыдэкIи щыхъоигъэ хьэкIэ-къокIэ Iэлхэм защиухъумэжьын ылъэкIынэу ар щытыгъэп.

Мэлахъом иIэхъогъу шъоф нэкIым къызырегъэзыхьэм, ахэмэ япчъагъэ къылъытэу ригъэжьагъ. ЫшIэщтыгъэ ащ мэлишъэ зэриIэр, ау джы ахэмэ япчъагъэ зэрэхъущтыгъэр тIокIиплIырэ пшIыкIубгъурэ ныIэп. Мэлахъом ащ лъыпытэу къыгурыIуагъ кIодыгъэ мэлыр зыфэдэр. Ащ зэкIэ имэлхэр, ацIэхэм афырикъужьэу, дэгъоу ышIэщтыгъ.

„Чыжьэу ар IумыкIыгъэнкIи мэхъу. Машэм ифи, ылъакъо зэпыкIыгъэнкIи пшIэщтэп. ЗыгорэкIэ хьэкIэ-къуакIэхэр къытебанэхи, зэхалIыхьагъэу ар джы гъогум телъынкIи мэхъуба! Сэ ар къэзгъотыжьын фае“, – зэриIожьыщтыгъ мэлахъом. Арыти, адрэ къыфэнэгъэ мэл тIокIиплIырэ пшыкIубгъурэр шъофым къыринэхи, кIодыгъэ мэлым лъыхъунэу мэлахъор ежьагъ. Бэрэ зылъэхъу нэуж икIэмикIэжьым мэлахъом мэлыр къыгъотыжьыгъ. ГушIогъошхом зэлъиштэгъэ мэлахъом мэлэу къыгъотыжьыгъэр ыпшъэ дэсэу къыхьыжьыгъ. Адрэ мэлхэр къызыщигъэнэгъэгъэ чIыпIэм къызынэсыжьыр ары ныIэп ар чIыгум къызытыригъэуцожьыгъэр. Зэрэщытыгъэм фэдэу джы ащ мэлишъэ иIэу хъужьыгъагъэ.

ТIэкIу тешIагъэу ядэжь, икъуаджэ къызэкIожьым, мэлахъом ежьым иныбджэгъухэм ариIуагъ: „Шъукъысфэгушlу! Симэлэу кIодыгъагъэр къэзгъотыжьыгъ“. ЫкIи зэкIэри ащ къыфэгушIуагъэх.

Джащ фэдэу „...ПсэкIод зышIэрэ пэпчъ ипсэкIодхэм зафыкIэгъожьыкIэ, уашъоми нахь щыгушIогъошхощт“.

1. Сыда ышIагъэр мэл делэм?
2. КIодыгъэ мэлым лъыхъунэу хэта ежьэгъагъэр?
3. Сыда мэлахъом иныбджэгъухэм ариIуагъэр?
4. Сыдигъуа ошъогум мэлэIичыхэр зыщыгушIохэрэр?



## *68. КІОДЫГЪЭ КІАЛЭМ ЕХЬЫЛІЭГЪЭ ГЪЭСЭПЭ ТХЫДЭР*

ЛІы горэм къуитІу иІагъ. Нахьыжъыр сыдигъокІи кІэлэ дэгъоу ыкІи ятэ едэІоу щытыгъ. Апэрэ уахътэм нахьыкІэри ятэ едэІущтыгъ, ау иныы зэхъум, ятэ ыдэжь кІуи, мырэущтэу риІуагъ: „Сят, унэгъо мылъкум щыщэу къыстефэрэ Іахьыр джыдэдэм къысэпты сшІоигъу“. Ыкъо къызэрэкІэлъэІугъэм фэдэу тым ышІыгъ. Джаущтэу ошІэ-дэмышІэу нахьыкІэр цІыф баеу хъугъэ ыкІи ар егупшысагъ: „Сыда сэ хымэ хэгъэгу горэм сыкІоу сыкъызыкІыщымыІэщтыр?“ Ар ыІуи, ахъщэу иІэр зэкІэ зыдишти, ятэ иунэ къыбгыни, насып лъыхъунэу гъогу техьагъ.

ИмынэІосэ хэгъэгу горэм зынэсым, ащ щыпсэунэу къэнагъ. ЗэкІэри мыщ ыгу щырихыщтыгъ. Мафэ къэс ащ зэфэшъхьаф пкъыгъо дахэхэр зыфищэфыжьыщтыгъэх ыкІи анахь шхын ІэшІухэр ышхыщтыгъэх. Ау Іоф ышІэнкІэ фэягъэп. Ащ ахъщэ къыгъахъэщтыгъэп ыкІи джащ къыхэкІэуи зэкІэ ахъщэу зыдиштагъэр бэ темышІэу ыухыгъ. ЫкІи джы мары ар лъэшэу тхьамыкІэ хъугъэ.

Ащ фэшъхьафэуи хэгъэгоу ар зыщыпсэущтыгъэм тхьамыкІагъо къехъулІэгъагъ. А илъэсым ощхы бащэ къызэрещхыгъэм къыхэкІэу зэкІэ лэжьыгъэхэр губгъом ишъухьэгъагъэх. Лэжьыгъэр дэигъэ ыкІи мэкІэ дэдагъ. Анахь тхьамыкІэхэр гъаблэм ригъэзыгъагъэх, сыда пІомэ хьалыгъур зыхашІыкІырэ фышъхьэ лэжьыгъэхэр хэгъэгум имэкІагъэх ыкІи ащ пае хьалыгъур лъэшэу лъапІэ хъугъагъэ. Баихэр арых ныІэп хьалыгъур зыщэфынэу амал зиІагъэхэр. Мыдырэ кІалэм зэкІэ ахъщэу ІэкІэлъыгъэр шъхьамысэу зэригъэкІодыгъэм къыхэкІэу лъэшэу тхьамыкІэ хъугъагъэ ыкІи ежьым фэдэу хэгъэгум ис тхьамыкІэмэ афэдэу гъаблэм ыгъалІэщтыгъэ.

Зэгорэм, мэфэ заулэ мышхагъэу, ар егупшысагъ: „Баижъ горэм ыдэжь сыкІон фае. ІофшІэн горэ ащ ыдэжь щызгъотынкІи мэхъу. Іоф зэрэфасшІэрэм пае сигъэшхэн“.

ШъыпкъэмкІи, унэгъо бай горэм ІофшІэн щигъотыгъ. Къохэр ащ ыгъэхъунхэ фэягъэ. Мафэ къэс къохэр хьаджыгъэ хьантхъупскІэ агъашхэщтыгъэх. Ахэр гуІэхэзэ, шхыным тебанэщтыгъэх. КІалэр къохэр зэрэшхэрэм еплъэу щытыгъ, ыкІи ежьыри а хьантхъупсыр ышхы шІоигъоу ехъопсагъ. Ау зыми ащ ышхын гъомылэ къыфихьыщтыгъэп: баижъым ыгу къэкІыгъахэп кІалэр гъэшхэгъэн зэрэфаер.



Джарэущтэу мэфэ заулэ тешIагъ ыкIи кIалэм мы аужырэ уахътэм зэкIэ ежьым къехъулIагъэхэм ягупшысэу ригъэжьагъ. КъыгурыIуагъ ащ зекIокIэ къончэгъабэ къызэрэхэфагъэр ыкIи ахэмэ афыкIэгъожьэу ыублагъ. Ыгу къэкIыжьыгъэх ащ яунэ, ятэ, ыгу къэкIыжьыгъ гъомлапхъэу ядэжь щишхыщтыгъэр зыфэдэр. „Сятэ иунэIутхэм зыфаехэм фэдизэу ашхыщт гъомлапхъэр тиунэ рагъуатэ, сэ мыщ, хэгъэгу чыжьэм, гъаблэм сыщегъалIэ“, – зэриIожьыщтыгъ ащ. Арыти, къызыщыхъугъэ хэгъэгум, ятэ ыдэжь къэкIожьы шIоигъоу ащ ыгу къыихьагъ. „Сятэ ыдэжь сыкIожьынышъ, мырэущтэу ащ есIощт: Сят, ЗиусхьанымкIи оркIи сэ псэкIод сшIагъэ. СэшIэ сэ ащ щэхъукIэ о уишъаоу сыщытын зэрэсымылъэкIыщтыр, ау фит сышI сыпфэчырэнэу“. Джарэущтэу рихъухьагъ кIэлэ ныбжьыкIэм.

ЫкIи ар ядэжь къэкIожьынэу къежьэжьыгъ. Гъогум тетэу ар зэупчIыжьыщтыгъ: „Къысфэгубжын шъуIуа сятэ сызилъэгъукIэ? Сыкъыдифын шъуIуа щагум?“

Ау икъуаджэ къыпэблэгъагъэу, ащ ылъэгъугъ гъогум тет лIыжъ горэ. Ащ лъыпытэу ар ышIэжьыгъ: ар ежьым ят арыгъэ. Ау сыдэу ежьыр зыдэмысыгъэ уахътэм къыкIоцI ар зэхъокIыгъэ хъугъа? Ар лъэшэу оды ыкIи жъы хъугъэ. Тыми псынкIэу ыкъо къышIэжьыгъ ыкIи гуIэзэ, къыпэгъокIыгъ. Ынэпсыхэр къетэкъохыхэзэ, ащ ыкъо IаплI рищэкIыгъ ыкIи ебэоу ригъэжьагъ.

„Сят, – ыIуагъ кIалэу къэзыгъэзэжьыгъэм, – Зиусхьаными ори къышъомыпэсыгъэ зекIокIэ дэйхэр сэ къысхэфагъэх. Ащ щэхъукIэ о сыуишъаоу слъытэныр сифэшъошэжьэп“. Ау гушIогъошхом зэлъиштэгъэ тым зи зэхихынхэкIи фэягъэп. ИунэIутхэм къяджи, унашъо афишIыгъ: „ПсынкIаIоу щыгъынхэр къыфэшъухьыхэри, сикIалэ мы щыгъын зэхэцунтхъэгъэ шIоихэр зыщежъугъэхых“. УнэIутхэм ащ лъыпытэу цокъэ кIэракIэхэр, щыгъын хэшыпыкIыгъэхэр ыкIи фэшъхьаф хьап-щып дахэхэр ащ къыфахьыгъэх. КIэлакIэм зырагъэгъэпскIи, зызефапэм, нахьыпэм зэрэщытыгъэм фэдэу кIэлэ зэкIужьэу хъужьыгъэ.

„МэфэкIышхо зэхэщэгъэн фае, – ыIощтыгъ ащ пыдзагъэу тым, – скъо садэжь къыгъэзэжьыгъ. ЕгъашIэми сикIалэ сытемыплъэжьынкIэ сытещыныхьэщтыгъэ. Сытещыныхьэщтыгъ сэ ар гъогум текIодагъэу. Ау ар псау, садэжь къэкIожьыгъ, арышъ, сэ сэ сынасыпышIу. Сэ сызэрэнасыпышIор!“ Лъэшэу фэчэфхэу унэIутхэр Iофым ыуж ихьагъэх.

Ахэмэ шкIэ гъэпщэрыгъэ аукIыгъ, ар агъэжъагъ ыкIи мэфэкIым цIыфыбэ къырагъэблэгъагъ. ХьакIэхэр шхэщтыгъэх, ешъощтыгъэх ыкIи лъэшэу чэфыгъэх.

А уахътэм тым ыкъо нахьыжь дэсыгъэп. Ар губгъом лэжьакIо щыIагъ. Пчыхьэм къуаджэм къызэкIожьым, ащ зэхихыгъэ ятэ иунэ мэфэкIышхо зэрэщызэхащагъэр. „Сыда къэхъугъэр? Сыда унагъом мэфэкI зыкIыщызэхащагъэр?“ – ар яунэIутхэм яупчIэу ригъэжьагъ. „ПшынахьыкIэ къэкIожьыгъ, – къыраIуагъ ащ унэIутхэм, – ыкIи ащ пае уятэ шкIэ гъэпщэрыгъэр аригъэукIи, хьакIэхэр къыригъэблэгъагъэх. Джы мары пшы къызэрэкIожьыгъэр зэкIэми агъэмэфэкIы“.

А гущыIэхэр зызэхехыхэм, лъэшэу къэгубжыгъ къо нахьыжъыр! Ары пакIошъ, унэм ихьанкIи ар фэягъэп. Джащ къыхэкIэу ятэ унэм къикIи, ыкъо къеупчIыгъ: „Сыда о узыкIэгубжыгъэр?“ Къо нахьыжъым пэгъокI ятэ ритыжьыгъ: „Сэ мыщ фэдиз илъэсым Iоф сшIагъэ, зэгорэми пIорэм сыдэхыгъэп. Ау о, ары пакIошъ, сэщ пае зы чэцIы цIыкIуи сфышIуябгъэбзыгъэп синыбджэгъухэр сигъусэхэу згъэмэфэкIы зэхъум. Джы кIодыгъэгъэ пкъо нахьыкIэ къызэригъэзэжьыгъэм пае шкIэ псау фябгъэукIыгъ“. Лъэшэу къэчэфынчъэгъэ тым мыщ фэдэ пэгъокI ыкъо ритыжьыыгъ: „А сикIал, о сыдигъуи усигъусэу укъыздыщыIагъ. ЗэкIэ мылъкоу зэIузгъэкIагъэр оры зиер. Сыда адэ о узыкIэмыгушIорэр пшы закъо псаоу ыкIи узынчъэу ядэжь къызэрэкIожьыгъэм пае?“

Джащ фэдэ тхыдэ къафиIотагъ Исус Ежьым игъогу рыкIохэрэм. Ары пакIошъ, псэкIодшIагъэ уиIэми, ащ уфыкIэгъожьымэ, лIыжъым ыкъо нахьыкIэ зэришIыгъэм фэдэу, джащыгъум о уипсэкIодшIагъэхэр о уяти пфигъэгъущтых. Ау зыбгъэпагэу узыфежьэрэм, къо нахьыжъым къызэрехъулIагъэм фэдэу, егъашIэми насыпышIо ухъущтэп.

1. Къо нахьыкIэр сыдкIэ ятэ елъэIугъа?
2. Ахъщэр зыдишти, тыдэ кIуагъа къо нахьыкIэр?
3. Ахъщэр еухыфэ, сыда ащ ышIэщтыгъэр?
4. КIодыгъэ кIалэр ядэжь къызегъэзэжьым, сыда ятэ риIуагъэр?
5. Хэта ятэ фэгубжыгъэр?
6. УипсэкIодшIагъэхэм уафыкIэгъожьмэ, хэта о сыдигъуи зэкIэри къыпфэзгъэгъущтыр?

## *69. ФАРИСЕИМРЭ ХЬАКЪУЛАХЬ АХЪЩЭР ХЭЗЫХЫРЭ ЛIЫМРЭ*

Мары джыри зы тхыдэу Исус цIыфхэм къафиIотагъэр. Ар зыфэгъэхьыгъэр фарисеимрэ хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIымрэ арых.

Зэгорэм фарисеимрэ хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIымрэ Тхьэм иунэшхо кIуагъэх Тхьэм елъэIунхэу. ОшIа о фарисейхэр цIыф пхъашэхэу зэрэщытыгъэхэр? Ахэр зылъыплъэщтыгъэхэр, ежьыхэм яшIошIыкIэ, зекIокIэ къуанчэхэр цIыфхэм къахэмыфэнхэр арыгъэ. Ежь фарисейхэр пIомэ, ахэр сыдигъокIи зыпылъыгъэхэр зэфагъэрэ хьалэлыгъэрэ къызыхагъэфэнхэр арыгъэ. Ахэр зыщыгугъыщтыгъэхэр, ащ пае, ежьхэр зылIэхэрэ нэуж, Тхьэм ахэмэ апсэ уашъом дихыежьынхэр ары. Тхьэм иунэшхо зычIахьэм, фарисеим ащ чIилъэгъуагъ хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIыр. Фарисеим ылъэгъу хъущтыгъэхэп хьакъулахь ахъщэр зыугъоихэрэр. Зытет шъыпкъэмкIи, хьакъулахь угъоихэр зэкIэ пIоми хъунэу цIыф хьэрамыгъэх ыкIи жъалымагъэх. Ахэмэ джуртхэм къаIахыгъэ хьакъулахьыр римхэм аратыжьыщтыгъэ. А лъэхъаным римхэм Израил кIуачIэкIэ аштагъэу щытыгъэти, джуртхэм къаIэкIэхьэрэ федэм щыщ Iахь римхэм аратынэу япшъэрылъыгъ. Хьакъулахь ахъщэр зыугъоихэрэр, зэрэхъущтыгъэмкIэ, джуртхэм япыйхэм афэлажьэщтыгъэх. Ащ фэшъхьафэуи, хьакъулахь угъоибэхэм римхэм аратын фаем нахьи нахьыбэу джуртхэм ахъщэ аIахыщтыгъ ыкIи ащ къелырэр ежьхэм яджыбэ ралъхьэщтыгъ.

Фарисеимрэ хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIымрэ тхьэлъэIу ашIэу рагъэжьагъ. Фарисеим мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ Тхьэм зыфигъэзагъ: „О Зиусхьан, модэ щыт хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIым сэ сызэрэфэмыдэм пае щытхъу пфэсэшIы!“ Фарисеир Тхьэм елъэIухэщтыгъэп. Ежьыр цIыф шIагъоу щытэу ыIозэ, ар Тхьэм ыпашъхьэ зыщытхъужьэу итыгъ. Тхьэр ащ ищыкIэгъэхагъэп.

Хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIыр нахь чыжьаIоу уцугъагъэ, уашъом ынэ фигъэзэным ащ гу тыришIыхьэщтыгъэп. Мэкъэ макIэкIэ ар Зиусхьаным елъэIуштыгъэ ипсэкIодшIагъэхэр къыфигъэгъунхэу.

Исус къедэIуштыгъэ цIыфхэм мырэущтэу ариIуагъ: „Зиусхьаным хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIым ипсэкIодшIагъэхэр фигъэгъущтых, ау фарисеим ипсэкIодшIагъэхэр фигъэгъущтхэп. ЗызышIопагэу зызышIошIыжьырэр насыпышIо хъущтэп. НасыпышIон зылъэкIыщтыр Тхьэм ыпашъхьэкIэ псэкIодшIагъэхэр щыриIэу зэхэзышIэрэр ары ныIэп“.

1. Хэта зызышIопэгагъэр?
2. Хэта, ары пакIошъ, ынэгу уашъом фигъэзэнэу гу тезымышIыхьэщтыгъэр?
3. Хэта а нэбгыритIумэ яззу насыпышIо хъун зылъэкIыщтыр?

## *ИСУС КIЭЛЭЦIЫКIУХЭМ ТХЬЭМ ЫНЭШIУ КЪАЩИФЭНЭУ ЗЭРАФЕЛЪЭIУГЪЭР*

Исус едэIухэрэм ахэтыгъэх кIэлэцIыкIухэри. Ахэмэ янэхэр ягъусагъэх. ЫкIи мары ныхэм ащыщ горэм исабый ыIапэ къыубыти Исус къыфиуззнкIыгъ. Ащ лъэшэу шIоигъуагъ Исус зыгорэ икIэлэцIыкIу къыриIонэу, Тхьэм фелъэIунэуи.

Ар залъэгъум, адрэ ныхэми ашIоигъоу хъугъэ Исус ежьхэми якIэлэцIыкIухэм ынэшIу къащифэнхэу. Арыти, ахэри Исус екIолIэнхэм пае цIыфэу зэхэтхым къапхырыкIыхэу къежьагъэх.

Исус игъогу рыкIохэрэм алъэгъугъ кIэлэцIыкIухэр зигъусэ ныхэу Исус ыдэжь къежьагъэхэр ыкIи зэраIожьэу рагъэжьагъ: „Мы бзылъфыгъэхэр тэ къэдгъэуцунхэ фае. Исус ахэмэ апылъынэу уахътэ иIэп, кIэлэцIыкIухэр арымэ, ахэр сыдигъуи мыдаIох...“ ЫкIи ахэр бзылъфыгъэхэм апэгъокIыгъэх Исус рамыгъэкIолIэнхэр агу хэлъэу.

Исус игъогу рыкIорэмэ лъэшэу афэгубжыгъ. Сыдэущтэу ахэмэ кIэлэцIыкIухэр Ежьым ыдэжь къамыгъэкIонхэу агу къэкIыгъа?! ЫкIи Ащ игъогу рыкIорэмэ ариIуагъ: „Сабыйхэр мо садэжь къэрэкIох, зи яшъумыIоу. Ащ фэдэхэр Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо ыIэчIэгъ чIэтых“.

Игъогу рыкIорэмэ къагурыIуагъ хэукъоныгъэ зэрашIыгъэр. Ахэр псынкIэу кIэлэцIыкIухэм акIэлъырыхьэхи, аIапэ къаубыти, ежьхэм я ГъэсакIо къыращэлIагъэх. Исус ахэмэ IаплI арищэкIыгъ, гъогушIу техьанхэу Тхьэм афелъэIугъ ыкIи Зиусхьаныр ахэмэ ренэу къызэрафэгумэкIыщтыр ариIуагъ. Зиусхьаныр джащ фэдэу ори къыпфэгумэкI зэпытыщт.

1. Сыда ныхэр зыфэягъэхэр?
2. Сыда ыпэ рапшIэу игъогу рыкIорэмэ ашIагъэр?
3. Сыда Исус ышIагъэр?



# 70. ИСУС ЛАЗАР ЛIАГЪЭХЭМ КЪЫЗЭРАХИГЪЭТЭДЖЫКIЫЖЬЫГЪЭР

Ерусалим пэмычыжьэу щыт къуаджэ горэм дэсыгъ Исус иныбджэгъоу Лазар зыцIагъэр. ШыпхъуитIу иIагъ Лазар: Мерэмрэ Марфэрэ. Исус лъэшэу шIу ылъэгъущтыгъэх Лазари ащ ышыпхъухэри, ащ пае Ерусалим кIо зыхъукIэ, бэрэ ахэмэ адэжь къыщыуцущтыгъ.

Зэгорэм Исусырэ игъогу рыкIохэрэмрэ Ерусалим пэчыжьэу зыщыIукIыгъэхэм лIы горэ жьы къыфэмыщэжьэу Ащ къыкIэлъырыхьагъ, гуIэзэ къызэрэкIуагъэр пшIэнэу, ыкIи къыриIуагъ: „Зиусхьан, О шIу плъэгъурэр сымадж!“ А лIыр Марфэрэ Мерэмрэ Исус ыдэжь къагъэкIогъагъ ашы кIасэ лIэным лъэшэу тещыныхьэхэти. Ахэмэ алъэгъущтыгъ мафэ къэс Лазар ипсауныгъэ изытет нахь дэй зэрэхъущтыгъэр ыкIи Iазэхэри ащ IэпыIэгъу фэхъунхэ зэрамылъэкIырэр. Исус фэшъхьаф Лазар ыгъэхъужьын ылъэкIынэу щыIагъэп.

Исус Ежь къылъыкIогъэ Iофтабгэм риIуагъ: „Лазар сымэджэ хьылъ, ау ар лIэщтэп“. Исус мэфитIо ежагъ, етIанэ Ежь игъогу рыкIорэмэ ариIуагъ: „Джы тэ ащ ыдэжь тыкIон фае!“ ЗэкIэри зэгъусэхэу сымаджэм ыдэжь ежьагъэх. Гъогум тетхэу игъогу рыкIохэрэр Лазар тегущыIэщтыгъэх: „ЫIпсэ пытын шъуIуа джыри?“ Исус ахэмэ пэгъокI аритыжьыгъ: „Тиныбджэгъу Лазар хэчъыягъ, ау къэзгъэущыжьынэу сэкIо“.

Исус игущыIэхэм къарыкIырэр игъогу рыкIорэмэ къагурыIуагъэп. „О Зиусхьан, – аIуагъ ахэмэ, – ар мэчъыемэ, ащыгъум хъужьыгъэба“. „Лазар лIагъэ“, – къариIожьыгъ Исус. Джы игъогу рыкIорэмэ къагурыIуагъ Лазар къыгъэущыжьыныр арымырэу, ар къыгъэхъужьынэу Исус ащ ыдэжь зэрэкIорэр. Исус кIощтыгъэ хьалэмэт ышIэнэу. Игъогу рыкIорэхэм ашIэщтыгъэ ядин гъэсакIо зэкIэри ыкIуачIэ къызэрихьырэр, ары пакIошъ, лIагъэхэри къызэригъэхъужьыхэрэр.

Джы мары игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу Исус Лазар зыдэс къуаджэм къэсыгъэх. Ау ахэр ыкIи гъунэм ежэнхэу къыщыуцугъэх нахь Лазар иунэ кIуагъэхэп. Ахэр щэтыфэхэкIэ цIыфыбэ къаблэкIыгъ ыкIи зэкIэ ахэр зыдакIощтыгъэхэр Мерэмрэ Марфэрэ адэжь ары. А цIыфхэм Исус къыфаIотагъ Лазар зэрэлIагъэр ыкIи загъэтIылъыгъэм ыуж мэфиплI зэрэтешIагъэр. ЦIыфхэр Мерэмрэ Марфэрэ адэжь зыкIакIощтыгъэхэр ахэмэ ягъусэхэу Лазар агъэенэу ары.

ЦIыфхэу адэжь къэкIуагъэхэм Исус игъогу рыкIохэрэр кIыгъухэу къоджэ гъунэм зэрэIутыр зараIуатэм, Марфэ ащ лъыпытэу Ащ ыдэжь чъагъэ, Мерэм унэм къинагъ. „О Зиусхьан, – ыIуагъ Марфэ Исус къызекIуалIэм, – О мыщ ущыIагъэемэ, сэ сшы лIэщтыгъэп“. Исус мырэущтэу бзылъфыгъэм риIожьыгъ: „Пшы къэхъужьыщт. СэркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэр лIагъэми, къэхъужьыщт“. „Ары, Зиусхьан, ар сэ сшIошъ мэхъу“, – ыIуагъ Марфэ. Ащ нэужар Мерэм дэжь чъэжьыгъэ. „Дин гъэсакIор къэсыгъ, – риIуагъ ащ ышыпхъу. – Ар о къыоджэ“.





Мерэм гуIэзэ, Исус пэгъокIыгъ ыкIи бэмэ къашIошIыгъэр ар Лазар икъэунэ ыдэжь кIоу ары ыкIи ащ ыуж ихьагъэх. Ау ахэмэ алъэгъугъ Мерэм Исус зэрекIолIагъэр ыкIи Ащ ыпашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ зэрэщетIысэхыгъэр. „О Зиусхьан, – къыIуагъ Мерэм ыкIи къэгъыгъ, – О мыщ ущыIагъэемэ, тшы лIэщтыгъэп“. Мерэм игъусэу къыIухьэгъэ цIыфхэри къэмыгъынхэ алъэкIыгъэп: зэкIэ ахэмэ Лазар лъэшэу шIу алъэгъущтыгъ. Ахэмэ къашIошIыгъэр Исус кIэсащэу мыщ къэкIуагъэу ыкIи ащ къыхэкIэу зыпари ишIуагъэ къыгъэкIон ымылъэкIыжьыщтэу ары.

„Тэдырэ чIыпIа Лазар зыщыжъугъэтIылъыгъэр?“ – яупчIыгъ Исус. „НекIох, сэ ар къыозгъэлъэгъущт“, – ыIуагъ Мерэм. „Шъуеплъ Исус зэрэгъырэм. Ащ лъэшэу Лазар шIу ылъэгъущтыгъ“, – аIощтыгъэ цIыфхэм.

Лазар зычIэлъ къэунэр гъочIэгъэу щытыгъ, ащ ичIэхьапIэ мыжъошхо IугъэукIорэежьыгъэу щытыгъ. „Iушъух мыжъор!“ – зэкIэм ариIуагъ Исус цIыфхэм. Мерэм ар ыдагъэп: „О Зиусхьан, мэфиплI тешIэжьыгъ ар зыдгъэтIылъыгъэм ыуж“.

Ау Исус теубытагъэ хэлъэу ар дэдэр къариIожьыгъ. Анахь хъулъфыгъэ кIочIэшхо заулэ мыжъом екIуалIэхи, ар IуагъэкIотыгъ ыкIи гъочIэгъым ичIэхьапIэ къызэIуахыгъ. Ежьым Ятэу уашъом щыIэм елъэIуи, гъочIэгъым Iухьи, Исус къыIуагъ: „Лазар, къычIэкI!“ ЫкIи хъугъэр хьэламэт... Лазар къэунэм къычIэкIыжьыгъ. Ар псаугъ. ГушIогъошхом зэлъиштагъэхэ Мерэмрэ Марфэрэ шIу алъэгъурэ ашы IаплI ращэкIэу ыкIи ар къызэригъэхъужьыгъэм пае Исус зэрэфэразэхэр раIоу рагъэжьагъ.

1. Хэта сымаджэ хъугъагъэр?
2. Хэта Лазар IэпыIэгъу фэхъун зылъэкIыщтгъагъэр?
3. Къуаджэм къызэкIом, хэта Исус къекIолIагъэр?
4. Хэта ащ ыужым Исус ыдэжь къэкIуагъэр?
5. ЗагъэтIылъыхэ нэужым сыда Лазар къыщышIыгъэр?

# *71. ИСУС ВАРТИМЕЙ НЭШЪУР КЪЫЗЭРИГЪЭПЛЪЭЖЬЫГЪЭР ЫКIИ ЗАКХЕЙ КЪЫЗЭРИГЪЭНЭЖЬЫГЪЭР*

„Исус къакIо! Исус къакIо!“ – ащызэхэпхыщтыгъэ Ерихон иурамхэм куо макъэхэр. Исус къызэрыкIорэ гъогум бгъу пстэумкIи къарыкIыщтыгъэ цIыфхэр къыщызэрэугъоищтыгъэх. ЗэкIэри фэягъэх Ар зэрагъэлъэгъунэу.

А гъогум напцэм сэдэкъэхэдз горэ Iусыгъ. ВартимейкIэ ащ еджэщтыгъэх. Вартимей нитIу нэшъугъ. ЦIыфхэм якуо макъэ зызэхехым, Вартимей егупшысагъ: „Исус сэри силъэгъункIи мэхъуба. Ащ сигъэхъужьынкIи мэхъуба?“ – „О Зиусхьан, Даут Ыкъу, IэпыIэгъу къысфэхъу!“ – джагъэ Вартимей.

Джыри зы нэшъу горэм, Вартимей ымакъэ зызэхехым, къаджэу къыригъэжьагъ: „О Зиусхьан, гукIэгъу къысфэшI!“ ЦIыфхэр ахэмэ лъэшэу афэгубжыгъэх ыкIи зэрэкуохэрэр щагъэтынэу афагъэпытагъ. „Сыдэу зышъушIыгъэми, Исус шъо ешъуIорэм къедэIущтэп!“ – араIощтыгъэ ахэмэ. Ау нэшъухэм джыри нахь мэкъэ IэтыгъэкIэ Исус еджэхэу аублагъ.

Ау Исус ахэмэ амакъэ зэхихыгъэ ыкIи ахэр Ежьым ыдэжь къыращэлIэнхэу ариIуагъ. „НекIох, – аIуагъ цIыфхэм, – Исус шъо къышъоджэ“. Вартимей ищыгъын кIыIутелъ шIой псынкIэу зыщихи, цIыфхэм адежьагъ Исус ыдэжь кIонэу. Адрэ нэшъури ахэмэ ауж ихьагъ. „Сыда Сэ къышъуфэсшIэнэу шъузыфаер?“ – яупчIыгъ Исус нэшъухэм. „Равви!, – къыриIуагъ Ащ Вартимей, – сынэхэр къэгъэплъэжьых“. Исус нэшъу тхьамыкIэхэм ыгу ягъугъ ыкIи ариIуагъ: „Шъукъэплъэжьых!“ ЫкIи ащ лъыпытэу нэбгыритIуми алъэгъу хъужьыгъэх. Вартимейрэ ащ иныбджэгъурэ гъунэнчъэу насыпышIуагъэх. ТIуми алъэгъоу хъужьыгъагъэх ыкIи тIуми Исус къагъотыгъ ыкIи шIу алъэгъугъ. Ар ахэмэ я КъэгъэнэжьакIоу хъугъэ ыкIи тыдэ кIуагъэми, Ащ ыуж итхэу къыдакIухьэу рагъэжьагъ.

„Исус къакIо! Исус къакIо!“ – а куо макъэхэр зэхихыгъэх джыри зы нэбгырэ, Закхей ащ зэреджэщтыгъэхэр. Закхей хьакъулахь ахъщэ хэхэу щытыгъ. Римхэм аритын фэегъэ ахъщэм нахьи нахьыбэу ащ джуртхэм къаIихыщтыгъэ, ахъщэ лыер ежьым иджыбэ рилъхьэщтыгъ ыкIи ащ ишIуагъэкIэ лъэшэу бай хъугъагъэ. Ерихон зэкIэ цIыфэу дэсхэм Закхей алъэгъу хъущтыгъэп.

Исус Ерусалим зэрэкIорэр зызэхехым, Закхеий Ар зэригъэлъэгъумэ шIоигъоу хъугъэ. Исус ехьылIагъэу ащ ежьыри бэба зэхихыгъэр. Джащ пае Ерихон дэс адрэ цIыфхэм ягъусэу ари Исус пэгъокIыгъ. Закхей лIы лъхъэнчэ цIыкIоу щытыгъ ыкIи ащ пае цIыф купмэ зыпари ащ рагъэлъэгъущтыгъэп. Арыти, ар гъогу напцэм Iут чъыгым дэкIоягъ, ащ пкIашъэу пытхэм захигъэбылъхьагъ ыкIи Исус ежэу тIысыгъэ. Арэущтэу ышIымэ, хэти гу къылъимытэнэу ары ар зэрэгугъэщтыгъэр.

Ау мары Исус а чъыгым къызэсым, къэуцугъ. „Закхей, – еджагъ ащ Исус, – къех чъыгым! Сэ уадэжь себлэгъэн сыгу хэлъ“.

Сыд Iофышхо шIагъу ар! Къэлэдэсхэм Закхей дунаим тыралъагъо хъущтыгъэп, Исус ащ ыдэжь еблэгъэнэу ыгу хэлъ. ЕтIани Исус сыд фэдэу фэнэгуихыгъэу Закхей къеплъыра! Закхей псынкIэу чъыгым къехи, Исус готэу дежьагъ. Ар насыпышIуагъ. АнахьышIоу Исус зэрихьакIэщтым ар егупшысэщтыгъ. Ерихон щыпсэущтыгъэхэр ащ пае Исус лъэшэу фэрэзэджагъэх. „Анахь цIыф дэеу къалэм дэсыр бысымкIэ Ащ къыхихыгъ“, – зэраIожьыщтыгъ ахэмэ. НасыпышIо зэкъуагъэр Исус готэу кIощтыгъэ Закхей ары ныIэп. ЗэкIэм ащ къыгурыIуагъ щэIэфэ псэкIодшIэгъабэ зэрэзэрихьагъэр. Ежьыр нахь бай хъуным пае римхэм Iоф афишIэу, джурт тхьамыкIэхэм ямылъку аIэкIихэу ащ ригъэжьагъэба. „О Зиусхьан, – ыIуагъ Закхей, – симылъку ызыныкъо сэ тхьамыкIэхэм ястыщт. Зы Iоф горэмкIэ цIыф горэ згъэпцIагъэмэ, фэдиплIыкIэ нахьыбэу естыжьыщт“.

Исус къыгурыIуагъ Закхей ипсэкIодшIагъэхэм зэрафыкIэгъожьырэр ыкIи мырэущтэу ыIуагъ: „Непэ Закхей иунэ къэкIуагъ цIыфхэр мыкIодхэу къэзгъэнэжьырэр. Сэ сыкъызыкIэкIуагъэр фэхыгъэхэмрэ кIодыгъэхэмрэ къэзгъэнэжьынхэу ары“.

Джары ыкIи зэрэщытыгъэр: хьакъулахьэугъоякIоу Закхей гъогу пхэндж зытехьэгъагъэр. Исус ар къыгъотыгъ ыкIи шъыпкъагъэм игъогу тыригъэуцожьыгъ мэлахъор мэлы гъощагъэм зэрэдэзекIорэм фэдэу.

1. Вартимейрэ ащ иныбджэгъурэ сыда Исус зэрелъэIугъагъэхэр?
2. Сыда Исус нэшъуитIумэ афишIагъэр?
3. Сыда Вартимейрэ ащ иныбджэгъурэ Исус ыуж зыкIихьагъэхэр?
4. Сыда Закхей чъыгым зыкIыдэкIоегъагъэр?
5. Сыда Закхей дэеу ышIэгъагъэхэр?
6. Закхей чъыгым зэрэтесыгъэр хэта зышIэщтыгъэр?
7. Сыда Закхей Исус зэригъэгугъагъэр?
8. Сыда Закхей цIыф насыпышIо зыкIэхъугъэр?



## *72. ИСУС ЕРУСАЛИМ ЗЭРЭДЭХЬАГЪЭР*

Бэ шIагъэу, бэ шIагъэу узэкIэIэбэжьмэ, римхэм Израил пэщэныгъэ дызэрахьэу хъуным ыпэкIэ, джуртхэм ежьхэм яджурт пачъыхьэ яIагъ. Пэсэрэ тхылъхэм зэрарытымкIэ, пыйхэм Израил заубытырэ нэужым, Израил ис цIыфхэм ежьхэм ащыщ пачъыхьэ ямыIэу охътабэ тешIэщт; илъэс пчъэгъабэхэм къакIоцI пыйхэм пачъыхьагъур аIыгъыщт, ау ащ ыуж джыри зы джурт пачъыхьэ щыIэщт, аужырэр, ыкIи ар, адрэ джурт пачъыхьэхэм зэрашIыщтыгъэм фэдэу щыдым тесэу Ерусалим къыдэхьащт.

Исус Ежь Пачъыхьэ зэрэхъущтыр ышIэщтыгъ. Ау унэ гъэкIэрэкIагъэшхом исырэ пачъыхьэ къызэрыкIоу арэп Ар зэрэхъун фаер, уашъом щыIэ Пачъыхьэу ары нахь. Ащ ехьылIагъэу Ащ бэрэ цIыфхэм къафиIуатэщтыгъ, ау макIэ Ащ къыIохэрэр зышIошъ хъущтыгъэхэр. Ары пакIошъ, Ащ Ежь игъогу рыкIорэмэ Исус икъукIэ къагурыIощтыгъэп. Ахэмэ зэрашIошIыщтыгъэр ежьхэм ядин ГъэсакIо мы дунаим, ягупсэ хэгъэгум пачъыхьэ щыхъунэу ыкIи ежьхэр Ащ IэпыIэгъу фэхъунхэу ары. Исус фэягъэп дунаим пачъыхьэ щыхъунэу. Ау пэсэрэ джурт тхылъхэм арытхагъэхэр ищыIэныгъэкIэ къыушыхьатыжьынэу Ащ рихъухьагъ: цIыфхэм ашIошъ хъуным пае Ежь чIыми уашъоми зэря Пачъыхьэр ыкIи Ежь Тхьэм зэрэ Ыкъор.

Лазар зыщыпсэущтыгъэ къуаджэм дэкIи, игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу Исус Ерусалим кIуагъэ. Мэфэ заулэкIэ къалэм Пасхэр щагъэмэфэкIын фаеу щытыгъ. Къуаджэ горэм блэкIыхэзэ, Исус игъогу рыкIорэмэ ариIуагъ: „Мы къуаджэм шъудахьэри, зыкIи нэбгырэ горэ зытемытIысхьэгъэ щыд ныбжьыкIэ къысфашъущ!“

Исус игъогу рыкIохэрэри Ащ игъусэ цIыфхэри лъэшэу гушIуагъэх ар зызэхахым. „ИкIэм-икIэжьым хъун фаер джы хъущт! Исус щыдым тесэу джурт пачъыхьэм фэдэу Ерусалим дэхьащт! Джарэущтэу пэсэрэ тхылъхэм арытхагъ“, – зэраIожьыщтыгъэ ахэмэ. Игъогу рыкIорэмэ щыд ныбжьыкIэ Исус къыращэлIагъ, яджэнэ кIыIутелъхэр зыщахыхи, шъхьэкIафэ фашIызэ, щыдым ытхыцIэ тыраубгъуагъэх. Исус къыдакIощтыгъэ цIыфхэм къутэмэ цIынэ цIыкIухэр чъыгхэм къагуачыхи, щыдым ыпашъхьэ ралъхьагъэх. Ащ къикIыщтыгъэр Исус пачъыхьэ хъунэу ахэмэ лъэшэу зэрашIоигъуагъэр ары.

„Исус – Израил хэгъэгум ипачъыхьакI! ПачъыхьакIэр орэпсау!“ – гушIогъошхом зэлъиштэгъэ цIыфхэр зэпамыгъэоу куощтыгъэх. Ахэмэ апэ къэкIыгъэ цIыфхэри куохэу къырагъэжьагъ: „Зиусхьаным пачъыхьакIэ къытитыгъ!“ Къалэм дэхьаным ыпэкIэ Исус Елеон Iуашъхьэм къыщыуцугъ. Ар ащ тетэу Ерусалим къалэр зэрэпсаоу ылъэгъущтыгъэ. Къалэр зелъэгъум, Исус къэгъыгъ. Ежьым шIошъхъуныгъэ къыфэзышIынкIэ фэмые цIыфхэм апай Ар зыкIэгъыщтыгъэр ыкIи джащ пае ахэр насыпышIонхэ алъэкIыщтэп. Ащ джащ фэдэу къэлэ дэхэшхоу Ерусалим ыгъаещтыгъэ. Ащ ышIэщтыгъэ а къалэми ащ щыпсэухэрэми къащышIыщтыр. Ащ ышIэщтыгъэ римхэм зэрэпсаоу къалэр зэрэзэхакъутэщтыр ыкIи ащ ехьылIагъэу къафиIотагъ игъусэхэу Ежьым къыготыгъэ цIыфхэм.

1. Тыда Исус Пачъыхьэу зыщыхъун фэягъэр?
2. Исус щыдым зытетIысхьэм, сыда цIыфхэм ашIэу рагъэжьагъэр?
3. Сыда Исус ышIэн фаеу цIыфхэр зэрежэщтыгъэхэр?
4. Сыда цIыфхэм ашIошъ агъэхъункIэ зыфэмыягъэхэр?
5. Ерусалим еплъызэ, сыда Исус зыкIэгъыгъагъэр?



# *73. ПШЪЭШЪИПШЫМЭ ЯХЬЫЛIЭГЪЭ ГЪЭСЭПЭ ТХЫДЭР*



Мары джыри зы гъэсэпэ тхыдэу Исус къыIотагъэр.

Къуаджэ горэм мэфэкIышхо щызэхащэгъагъ: кIалэрэ пшъашъэрэ къэзэрэщэнхэ фаеу щытыгъ. Псэлъыхъом иныбджэгъухэм ар икъэщэн къызыщежэщтыгъэ унэм ащэн фэягъэ. Пчыхьэ кIэсагъ ыкIи мэзахэ хъугъэхагъэ.

Хэгъэгум зэрэщыхабзэу остыгъэхэр зыIыгъ пшъэшъипшIымэ псэлъыхъом игъогоу унэм екIурэр къагъэнэфын фэягъэ. Джары мызэгъэгуми зэрашIыгъагъэр. ПшъэшъипшI гъогубгъум готхэу псэлъыхъом къежэщтыгъэх ыкIи гъогур къыфагъэнэфыщтыгъ. Остыгъэр дэгъоу блэным пае ащ икъоу дагъэ итын фэягъэ, армырэмэ машIор шIэхэу кIосэн ылъэкIыщтыгъ. Джащ пае пшъашъэхэм шIокI имыIэу зыдаштэн фэягъэ дэгъэ лые зэрыт къошын цIыкIухэр, охътэ тэкIу тешIэ къэс остыгъэмэ акIагъэхъоным пае.

Пшъашъэхэр лъэшэу рыгушхощтыгъэх псэлъыхъом игъусэхэу ащ игъогу къызэрэфагъэнэфыштым. Псэлъыхъом иунэ ахэмэ мэфэкI джэгушхор къыщяжэба! Арыти, ежьхэм анахь щыгъын дахэхэу яIэхэр къызыщалъэгъагъэх. Ау псэлъыхъом бэрэ ежэнхэу хъугъэти, пшъашъэхэр лъэшэу пшъыгъэх. Апэ ахэр гъогунапцэм IутIысхьагъэх ыкIи бэ темышIэу зэкIэ нэбгырипшIыри пытэу хэчъыягъэх. Остыгъэхэр зэрэхэгъэнагъэхэу блэщтыгъэх ыкIи джащ пае ахэмэ макIэ дагъэу къарынэжьыгъагъэр.

ЗэкIэм джэмакъэу къэIугъэм пшъашъэхэр къыгъэущыгъэх: „Псэлъыхъор къаIо! ПсынкIэу ащ шъупэгъокI! „Арэущтэу аIозэ къэкуощтыгъэхэр псэлъыхъом иныбджэгъухэр арыгъэх. ПшъэшъипшIымэ яостыгъэхэр апхъуатэхи, гъогур къагъэнэфынэу чъагъэх. Ау остыгъэмэ арытыгъэ дагъэр аухыгъагъ пIоми хъунэу щытыгъ ыкIи ащ пае ахэр дэеу блэщтыгъэх. Пшъэшъитфымэ якъошын цIыкIухэр къаштэхи, яостыгъэхэм псынкIэу дагъэ акIагъэхъуагъ.

Ау адрэ пшъэшъитфыр ащ фэдэу гумэкIылэхэу къычIэкIыгъэхэп ыкIи дагъэ зэрыт къошын цIыкIухэр къызыдаштагъэхэп. „ТышъолъэIу, къытэшъут дэгъэ тIэкIу тиостыгъэхэм акIэдгъэхъонэу, арымырмэ псэлъыхъом тыкIыгъун тлъэкIыщтэп», – ялъэIугъэх ахэр адрэ пшъашъэхэм. „Хьау, дагъэ шъоттышъущтэп. Ащыгъум тэри дагъэр тфырикъущтэп. Ащ нахьи нахьышIу, псынкIаIоу щакIом ыдэжь шъукIоу дагъэ къэшъущэфымэ“.

Арыти, дэгъащэм ыдэжь кIонхэшъ, дагъэ къыщащэфыным щэхъурэ хэкIыпIэ пшъашъэхэм къафэнэжьыгъагъэп. Ахэр зыщыгугъыщтыгъэхэр игъом а чIыпIэм къэсыжьынхэшъ, псэлъыхъор иунэ нэс агъэкIотэшъунэу арыгъэ.

Ау мары иныбджэгъухэр игъусэхэу псэлъыхъор гъогум къыщылъэгъуагъ. Яостыгъэхэр зыдаштэхи, апэрэ пшъэшъитфыр ащ гъусэ фэхъугъэх. ЗэкIэри псэлъыхъом иунэ еблэгъагъэх ыкIи джэгу-мэфэкIыр рагъэжьагъ. Адэ адрэ пшъэшъитфымэ сыда къяхъулIагъэр? Ахэр псэлъыхъом иунэ къызэсыжьыхэм, джэгум ижъотыпIагъ. „ТышъолъэIу, къытфыIушъух пчъэр!“ – лъаIохэу пшъашъэхэм къырагъэжьагъ.

Псэлъыхъом а джэмакъэхэр зэхихыгъэти, пчъэм къыIухьагъ: „Шъухэта шъо? Сэ шъо шъусшIахэрэп“, – ариIуагъ ахэмэ ыкIи пчъэр афыIуихыгъэп. Пшъэшъитфыр джарэущтэу урамым къытенагъэх. Ахэр кIэсащэу къэкIуагъэх,



сыда пIомэ яостыгъэмэ акIагъэхъощт дагъэм игъом фэгумэкIыгъэхэпышъ ары.

А гъэсэпэ тхыдэр Исус игъогу рыкIохэрэмрэ ыкIи Ежь къедэIунхэу къэззэрэугъоигъэ цIыфхэмрэ къафиIотагъ. ПсэлъыхъокIэ заджэщтыгъэр Ежьыр шъыпкъэр ары. ЫшIэщтыгъэ Ащ бэ темышIэу уашъом зэрэдэкIоежьыщтыр, ау охътэ гъэнэфагъэ зытешIэкIэ, етIани дунаим къызэригъэзэжьыщтыр. Адэ Ар Ежьым иунэу уашъом щыIэм нэс удэкIотэнэу уфэхьазырыщта? О Ар шIу олъэгъуа? Арымэ, ащыгъум о Ащ сыдигъуи уригъусэн плъэкIыщт. ШIу умылъэгъурэмэ, ащыгъум пшъэшъитфэу псэлъыхъом иджэгу къэгужъуагъэхэу къэкIогъагъэхэм къяхъулIагъэр ори къыохъулIэнкIи мэхъу.

1. Хэта къэзыIотагъэр пшъэшъипшIымэ яхьылIэгъэ гъэсэпэ тхыдэр?
2. Пшъэшъитфымэ сыда зыдаштэн фэягъэу ащыгъупшагъэр?
3. Тыда ахэр гужъуагъэу зыдэкIуагъэхэр?
4. Псэлъыхъом игугъу къышIы зэхъум, хэта Исус къызтегущыIэщтыгъэр?
5. Ащ уригъусэу удэкIон плъэкIынэу хъумэ, сыда о пшIэн плъэкIыщтыр?

## *74. ЗИУСХЬАНЫМ ИПЧЫХЬЭШЪХЬАШХЭ*

Зэгорэм Исус игъогу рыкIохэрэм ариIуагъ: „ШIэхэу Сэ сылIэщт. Израил цIыфхэм Сэ саубытыщт ыкIи саукIыщт“. Зэхахыгъэм къыгъэнэшхъэигъэхэу игъогу рыкIорэхэр Исус къыгосыгъэх. Фэягъэхэп ахэр ядин гъэсакIо къыIорэр ашIошъ агъэхъунэу. „Шъыпкъэу Ар лIэнэуи? Исус Ежь фэмыемэ, Ащ хэти теIэбэн ылъэкIыщтэп“. Ау Исус лIэн фэягъэ. Ежьыми ар шIоигъуагъ. ЗэкIэ цIыфхэм апае Ар лIэн фэягъэ. Зыныбжь икъугъэхэми кIэлэцIыкIухэми ягъэшIэ къагъашIэфэ псэкIодыбэ ашIэ. ЫкIи зэкIэ а псэкIодшIагъэхэр Исус Ежь ыпщыныжьынхэу ыпшъэ рилъхьажьыгъэх. „ЗэкIэ цIыфхэм псэкIодшIагъэхэу яIэхэм апае Сэ пщыныжь сэрэхьы!“ – ыIуагъ Ащ.

Ау, гухэкI нахь мышIэми, зэкIэ цIыфхэм Исус а ишIушIагъэ къагурыIорэп. Бэмэ къашIошIырэр Исус ахэмэ ямыщыкIагъэу ары. Ау ар арэущтэу щытэп. ЗэкIэ тэ типсэкIодшIагъэхэм апае Исус зэрэлIагъэр зышIошъ хъухэрэр арых ныIэп, зытет шъыпкъэмкIэ, Зиусхьаным фэлажьэхэрэр. Игъогу рыкIорэмэ къагурыIон зыкIи алъэкIыщтыгъэп ежьхэм ядин гъэсакIо зыкIэлIэн фаер ыкIи джащ къыхэкIэу а мафэм ахэмэ лъэшэу къин алъэгъугъ.

Ежь игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу Исус Ерусалим щыIагъ. ЗэкIэ адрэ джуртхэм афэдэ къабзэу ахэми а пчыхьэм Пасхэ мэфэшхор агъэмэфэкIыщтыгъэ. МэфэкIым фэшI унэкIоцIым Iанэр къыщызэрагъэфэгъагъ. Iанэм тетыгъэх къурмэн ашIыгъэ мэлыл гъэжъуагъэр зэрылъ лэгъэшхор, хьалыгъу, щыпсы ыкIи санэр зэрыт къошын кIэракIэр. Исусэ Ащ игъогу рыкIорэ нэбгырэ пшIыкIутIумрэ Iанэм пэсыгъэх.

Игъогу рыкIорэмэ ащыщ горэ а пчыхьэм лъэшэу губжыгъэу щытыгъ. Ар Исус фэгубжыгъагъ Израил хэгъэгум ипачъыхьэу хъункIэ зэрэфэмыягъэм пае. Иудэ Исус шIу ылъэгъущтыгъэп, ау ар лъэшэу фэягъ бай хъунэу. Исус Израил хэгъэгум ипачъыхьэу хъугъагъэмэ, ар лъэшэу бай хъунэу щыгугъыщтыгъ. Иудэ зэгупшысэщтыгъэхэр Исус ышIэщтыгъ. Ащ джащ фэдэу ышIэштыгъэ а мафэм Иудэ фарисейхэмрэ дин пащэхэмрэ адэжь зэрэщыIагъэр ыкIи Исус аубытынымкIэ ахэмэ IэпыIэгъу афэхъунэу Iуагъэ зэрадишIыгъэр. Ащ Исус къумалыгъэ къыдызэрихьагъ ыкIи ащ пае дин пащэмэ Иудэ ахъщэ къыратынэу къагъэгугъагъ.

„Сэ лъэшэу сигуапэ, – ариIуагъ Исус игъогу рыкIохэрэм, – сылIэным ыпэкIэ шъо шъусигъусэу Пасхэр згъэмэфэкIын зэрэслъэкIырэр“. ЕтIанэ Тхьэм елъэIуи, хьалыгъур къыштагъ, ар зэгуичи, игъусэхэм ариIуагъ: „Шъуштэри шъушхы“. Ащ нэужым санэпсыр зэрыт шъуалъэр къышти, Ятэ щытхъу фишIыгъ. Игъогу рыкIорэмэ Исус ариIуагъ: „Сэ сызылIэрэ нэужым шъузэрэугъоизэ, хьалыгъур зэгошъучызэ, шъуалъэм ит санэпсыр зэфэжъугощызэ, шъуипсэкIодшIагъэхэм апае сызэрэлIагъэр шъугу къэжъугъэкIыжьызэ шъушIы“.

Джы дэдэм тэри джары чылысым зэрэщытшIырэр, Зиусхьан ипчыхьэшхьашхэ дгъэмэфэкIы зыхъукIэ. Исус игъогу рыкIохэрэм пчыхьэшъхьашхэу адишIыгъагъэм арэущтэу теджэ.

Иуди хьалыгъумрэ санэпсымрэ ыштагъэх. А пчыхьэм Иудэ Исус ианахь шъыпкъагъэ фызиIэм фэдэу зекIощтыгъэ, адрэ игъогу рыкIорэхэр ащыгъозагъэхэп Иудэ игухэлъхэм. Исус ары ныIэп Ащ къумалыгъэ къызэрэдызэрихьащтыр зышIэщтыгъэр. Мыщ дэжьым Исус къыIуагъ: „Мы апсым сигъусэу зыIэкIэ хьалыгъу къыхэзыгъаорэр ары тетыгъо зиIэхэм саIэкIэзыгъэхьащтыр. Ар мы Iанэм къыздыпэсымэ ащыщ“. Иудэ ихьалыгъу тыкъыр щыпсым хигъэуагъ, ау щысхэм ащыщ горэми ар къумалэу ылъытагъэп. ЗэкIэри зэупчIыжьыщтыгъэх: „Тэ тащыщ горэм Исус къумалыгъэ дызэрихьанэуи?“ ЫкIи ахэмэ ащыщ пэпчъ Исус еупчIыщтыгъэх: „О си Зиусхьан, сэрына ар?“

Ау щытми Исус къумалым ыцIэ занкIэу къыриIуагъэп. Иудэ фэмыщыIэу къызеупчIым: „Зиусхьан, сэрын шъуIуа ар?“ Исус пэгъокI къыритыжьыгъ: „Ор-орэу къэпIуагъ, арышъ, ипхъухьагъэр гъэцакIэ!“ Ар зызэхехым, Иудэ Iанэм къыпэкIи, унэм икIыгъ. Адрэ игъогу рыкIорэмэ зыпари къагурыIуагъэп. Ахэмэ къашIошIыгъэр Исус Иудэ ыIофтагъэу ары. Ахэмэ ащыщ гори Иудэ къумалэу егупшысагъэп.

Иудэ унэм зекIым, ащ ыпэкIэ Пасхэр агъэмэфэкIы зыхъукIэ ренэу зэрашIыщтыгъэм фэдэу, Исус игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу орэдыр къыхидзагъ. ТIэкIу тешIагъэу ахэр унэм къикIыхи, Ерусалим пэмычыжьэу щыт Iуашъхьэм дэкIоягъэх. Гъогум тетхэу игъогу рыкIохэрэр гумэкIым зэлъиштагъэх: „Адэ Исус шъыпкъэмкIэ лIэн фая джы?“ ЫкIи Петрэ Исус риIуагъ: „О Зиусхьан, сэ ренэу О сыуигъусэщт IэпыIэгъу сыпфэхъуным пае“. Ау Исус ащ пэгъокI къыритыжьыгъ: „Мы чэщым атакъэр къэмыIозэ, о гъогогъуищэ сымышIахэу къэпIощт“. «Хьау, – къэкууагъ Петрэ, – сэ егъашIэми арэущтэу сшIынэп».

Адэ Петрэ игущыIэ фэгъэцэкIэжьыщта?

1. Исусэ игъогу рыкIохэрэмрэ сыда хагъэунэфыкIыщтыгъэр?
2. Хэта Исус къумалыгъэ дызезыхьащтыр?
3. Сыда Исус хьалыгъумрэ санэпсымрэ аришIагъэр?
4. Хэты пая Исус зыкIэлIэн фэягъэр?
5. Сыдигъуа цIыфхэм чылысым хьалыгъур зыщашхырэр ыкIи санэпсым зешъохэрэр?
6. А уахътэм Хэта цIыфхэр зэгупшысэхэрэр?



## *75. ДЗЭКІОЛІХЭМ ИСУС ЗЭРАУБЫТЫГЪЭР*

Игъогу рыкIохэрэр игъусэхэу Исус Елеон Iуашъхьэм зыкIэлъырэхьэм, Петрэ, Якъуб ыкIи Иуан Ежьым гъусэ къыфэхъухэу, адрэхэр а чIыпIэм къыIунэнхэу Ащ ариIуагъ. Ежьым Ятэ елъэIуным пае етIанэ Ар Гефсимание чъыг хатэм кIуагъэ. Исус ышIэщтыгъэ бэ темышIэу Ежьым къехъулIэщтыр. ЫшIэщтыгъэ Ащ шIэхэу дзэкIолIхэр къызэрэлъыкIощтхэр ыкIи Ежь зэраубытыщтыр, ахэмэ Иуди зэрягъусэщтыр. ЫшIэщтыгъэ Ащ етIанэ къинэу ылъэгъущтыр зэкIэ ащ къызэрэзэкIэлъыкIощтхэр. Ащ пае Исус Ятэ елъэIумэ шIоигъуагъ зэкIэ а къиныгъохэр ыщэчынхэм пае кIуачIэ къыхилъхьанэу.

Чъыг хатэм зыдахьэм, Исус Петрэ, Якъубэ ыкIи Иуан къыгъанэхи, Ежь изакъоу ыпэкIэ лъыкIотагъ. Ахэр къыгъанэхэ зэхъум, Исус къариIуагъ: „Мыщ дэжьым шъущыI ыкIи Сэщ фэдэу шъори шъумычъый“.

Петри, Якъуби ыкIи Иуани лъэшэу ашIоигъуагъ Исус IэпыIэгъу фэхъунхэу ыкIи Ащ ежэхэзэ, хэмычъыенхэм яшъыпкъэу пылъыгъэх. Ау бэ темышIэу чъыер къатекIуагъ. Изакъоу къызэнэм, Исус итхьэлъэIу ригъэжьагъ: „О Сят! Мы къин щэчыныгъэм ишъуалъэ сIыпхы мыхъунэу щытмэ, Сэ сызыфаер мыхъоу, О узыфаер орэхъу!“.

Исус игъогу рыкIорищымэ адэжь къызегъэзэжьым, ылъэгъугъ ахэр пытэу зэрэхэчъыягъэхэр. „Зы сыхьат нэмыIэми адэ шъукъысэжэн шъулъэкIыгъэба?“ – ариIуагъ ахэмэ Исус ыкIи икIэрыкIэу IукIыгъ Тхьэм елъэIунэу. Охътэ заулэ тешIагъэу къызегъэзэжьым, игъогу рыкIорэхэр джыри хэчъыягъэхэу ылъэгъугъ. Ахэр къыгъэущыхи, джыри Ар IукIыгъ Тхьэм елъэIунэу.

Ящэнэрэу Ар Петри, Якъуби ыкIи Иуаны адэжь къызекIолIэжьым, джыри ахэр чъыехэу тыриубытагъэх. Исус ахэр къыгъэущыхи, мырэущтэу ариIуагъ: „Шъукъэтэдж, сэ пыйхэм саIэкIэзыгъэхьащтыр мыщ къакIо!“ Петри, Якъуби ыкIи Иуани къэтэджыхи, ядин гъэсакIо кIыгъухэу, зэкIэри адрэ игъогу рыкIохэрэмэ адэжь кIуагъэх.

А уахътэм тефэу Ерусалим цIыф куп къыдэкIыгъагъ. Иудэ зэкIэми апэ итыгъ. Ащ ышIэщтыгъэ адрэ цIыфхэу Исус игъогу рыкIорэмэ ягъусэу Ар Гефсимание чъыг хатэм зэрэкIуагъэр. ЫкIи джы Иудэ а чIыпIэм дзэкIолIхэр къыщэщтыгъэх Исус аригъэубытынэу. ДзэкIолIхэм остыгъэхэр аIыгъыгъэх, сыда пIомэ бэ шIагъэу мэзахэ хъугъэхагъэ. Къамэхэмрэ пчыпыджынхэмрэкIэ ахэр уIэшыгъагъэх.

Ахэр чъыг хатэм зыдахьэхэм, Исус къылъэгъугъэх ыкIи



къяупчIыгъ: „Хэта шъузылъыхъурэр?“ «Тэ тызылъыхъурэр Назарет щыщ Исус ары», – пэгъокI къыратыжьыгъ дзэкIолIхэм. «Сэры ар», – ариIуагъ ахэмэ Исус.

Ар зызэхахым, дзэкIолIхэр чIыгум тезэрэгъэфагъэх (джащ фэдизэу Исус, Тхьэм Ыкъо, ыкIуачIэ лъэшы дэдагъ), ау ащ лъыпытэу ахэр псынкIэу алъакъо къытеуцожьыгъэх, Исус къаубытын фаеу ахэмэ пшъэрылъ къафашIыгъагъ ыкIи ащ игъэцэкIэн агъэгужъонэу амал иIагъэп.

Иудэ тхьагъэпцIым Ерусалим къыдэкIынхэм ыпэкIэ дзэкIолIхэм ариIогъагъ: „Сэ сызэбэущт лIыр ары Исус. Джары шъо къэшъуубытын фаер“. Джы чъыг хатэм къызыдахьэхэм, Иудэ Исус екIуалIи, ебэугъ ыкIи мырэущтэу риIуагъ: „Опсэу, Дин гъэсакIор!“ Исус ащ мырэущтэу къыриIожьыгъ: „Иуда, укъызэрэсэбэугъэмкIэ о саIэкIэогъахьа?“.



Джы дзэкIолIхэм теубытагъэ яIэу ашIэщтыгъэ аубытын фаер. ДзэкIолIхэм зэкIоцIапхэфэ Исус рэхьатэу щытыгъ. Игъогу рыкIохэрэмэ къагурыIуагъ ежьхэми щынагъор зэрашъхьащытыр. Ахэр лъэшэу къэщтагъэх ыкIи а чIыпIэм зыIурагъэхыгъ. Ахэмэ ахэтыгъ Петри. Ренэу игъусэщтэу Исус гущыIэ зэрэритыгъагъэр ащ щыгъупщэжьыгъ.

Исус изакъоу ипыйхэм къаIэкIэнагъ. Адрэхэми Исус къалэм ащагъ, дин пэщэшхо Кайафэ иунэ, фарисейхэмрэ дин пащэхэмрэ зыщызэрэугъоигъагъэхэм.

1. Исус игъусэу хэта Гефсимание чъыг хатэм щыIагъэр?
2. Исус Ежьым Ятэ сыдым пае елъэIугъ?
3. Исус тхьэлъэIу ешIыфэ, сыда Ащ игъогу рыкIорэмэ ашIэщтыгъэр?
4. Хэта дзэкIолIхэр Гефсимание чъыг хатэм къэзыщагъэхэр?
5. Сыда Исус игъогу рыкIорэмэ ашIагъэр?

## *76. ИСУС КЪАЩЫМ ЗЭРЭКIЭРЫЛIЫХЬАГЪЭР*

Петрэ лъэшэу фэягъ Исус игъусэнэу. Пчэдыжьыр жьы дэдагъ ыкIи тыгъэр джыри къыкъомыкIыгъэ нахь мышIэми, дин пэщэшхоу Кайафэ иунэ ар кIуагъэ. Ащ цIыфхэр бэ хъухэу Iутыгъэх: Исус тегущыIэнхэм пае зэкIэ джурт цIэрыIохэр Кайафэ иунэ дэжь къыщызэрэугъоигъэх.

Петри джащ фэдэу щагум дэхьагъ ыкIи цIыфхэм къауцухьагъэу ащ дэтыгъэ Исус ылъэгъугъ. Джыри нахь благъэу Петрэ Ащ екIолIагъ. ЗэкIэми аIоштыгъэр Исус лIэн фаеу ары. Петрэ лъэшэу къэщтагъ: ежьыри Исус игъогу рыкIорэмэ зэращащыр мы цIыфхэм зыгорэкIэ къашIакъомэ? Ащыгъум ежьыри аубытынышъ, аукIынэу фэенхэкIи мэхъу. Арыти, Петрэ тIэкIу IукIоти, щагум бэ дэдэ хъоу дэтыгъэ дзэкIолIхэм ахэуцуагъ.

А уахътэм дин пэщэшхом иунэIут бзылъфыгъэмэ ащыщ горэ Петрэ къекIуалIи къыриIуагъ: „Ори Исус игъогу рыкIохэрэм уащыщ“. „Хьау, – риIожьыгъ ащ Петрэ, – сэ сшIахэрэп о зыфапIорэр“. Петрэ щагум къыдэкIыжьы зэхъум, ащ къекIолIагъ фэшъхьаф унэIут бзылъфыгъэ ыкIи ащи джащ фэдэу къыриIуагъ: „Мы лIыр Исус игъусагъ“. Петрэ джыри пцIы ыусыгъ ыкIи Ар имынэIосахэу тхьэ ыIуагъ.

Щагум къыщызэрэугъоигъэ цIыфхэр Исус кIэнакIэщтыгъэх. Дин пэщэшхор Ащ еупчIыгъ: „КъысаIу сэ: Ора Христосыр, Тхьэм Ыкъор?“ „Ор-орэу ар къэпIуагъ“, – къыритыжьыгъ ащ пэгъокI Исус. ЦIыфхэр джыри нахь лъэшэу къэзэрэгъэгубжыгъэх ыкIи Исус еохэу, ынэгу кIэужъунтхэхэу къыдаублагъ. Чыжьэу щытэу зэкIэ ахэр зелъэгъухэм, Петрэ джыри нахь лъэшэу къэщтагъ. ЕтIанэ дзэкIолIхэм ащыщ горэм Петрэ Iапэ къыфишIызэ, цIыфхэм ариIуагъ: „Сэ сэшIэ мыр. Ар Исус игъогу рыкIорэмэ зыкIэ ащыщ“. – „Хьау, сащыщыхэп, – къэгуIагъ Петрэ. – Сэ сшIахэрэп мо ЛIыр“. А уахътэм тефэу нэфшъэгъо атакъэр къэIуагъ ыкIи Петрэ ыгу къэкIыжьыгъ Исус игущыIэхэр: „Мы нычэпэ дэдэм, атакъэр тIо Iоным ыпэкIэ, гъогогъуищэ сэ сыкъэмышIэу къэпIощт“. Лъэшэу гухэкI щыхъоу Петрэ къэгъыгъ: Исус ыIуагъэр шъыпкъэу къычIэкIыжьыгъ.

ТIэкIу тешIагъэу дин пащэхэм Исус Рим илIыкIо Iэшъхьэтетэу Израил хэгъэгум щыIэгъэ Пилат иунэ ащагъ. Пилат иунэшхо купышхоу кIорэм, джыри цIыфыбэ ауж ихьагъ. Ахэр къызыкIэдэущтыгъэхэр Тхьэм Ыкъоу ыкIи Израил хэгъэгум ипачъыхьэу зызэрилъытэжьыгъэм пае Пилат Исус паригъэлъэнэу арыгъэ.

Дин пащэхэм Исус зэрагъэмысэщтыгъэр Пилат къыгурыIоштыгъэп. „Хьау, – ыIоштыгъ ащ, – сэ сишIошIыкIэ, мы ЛIым зыпари лажьэ иIэп“. Джуртхэр джыри нахь лъэшэу къэзэрэгъэгубжыгъэх ыкIи къэкуохэу рагъэжьагъ: „Исус лIэн фае!“ Пилат къэщтагъ ыкIи цIыфхэм яупчIыгъ: „Ары шъхьаем, Ар шъо шъуипачъыхьэу щытба?“ – „Хьау, ар тэ типачъыхьэп ыкIи ар къащым кIэрылIыхьан фае!“ – куощтыгъэх ахэр.

Джащыгъум Пилат егупшысагъ: „Мы цIыфхэм Исус лIэмэ лъэшэу ашIоигъу ыкIи сэ ащ сезэгъын фаеу мэхъу. Арымырмэ, ахэр сидзэкIолIхэм къатебэнэнхэкIи пшIэщтэп, сэ ащ Iофыр нэзгъэсы хъухэщтэп“. ЫкIи Пилат цIыф купэу иунэ пашъхьэ къыщызэрэугъоигъэм риIуагъ: „Исус шъуIэ къиселъхьэ. Шъузыфаер Ащ ешъушIэн шъуфит!“ Купыр гушIозэ къэкууагъ: „Джы Исус лIэщт! Ащ нахьыбэкIэ Ащ тицIыфхэр къыгъэбырысырыжьыщтхэп ыкIи хэгъэгум рэхьат щыхъужьыщт“.

Ащ фэдиз уахътэм къыкIоцI Исус зы гущыIи къыIуагъэп пIоми хъущт. Пилат Ащ зыгорэкIэ зеупчIыкIэ, Исус зыпари къыриIожьыщтыгъэп. ЫшIэщтыгъ Ащ, Ежьым цIыфхэу шIу ылъэгъущтыгъэхэм япсэкIодшIагъэхэм апае, лIэн зэрэфаер.

Пилат идзэкIолIхэр Исус кIэнакIэщтыгъэх. Ахэмэ щыгъын кIыIутелъ горэ Ащ ыплIэIу тыраубгъуагъ ыкIи пырэжъые панэм хэшIыкIыгъэ блэрыр ышъхьэ тыралъхьагъ. „Шъуеплъ мыдэ, – щхыхэзэ зэраIожьыщтыгъ ахэмэ, – мыр Израил хэгъэгум ипачъыхь ары!“ Ахэр Исус ынэгу кIэужъунтхэщтыгъэх ыкIи бэщыкIэ ышъхьэ еощтыгъэх. Ахэмэ ашIэщтыгъэп Ар Тхьэм Ыкъоу зэрэщытыр.

Ау мары къэсыгъ Исус къащым зыщытыраIулIэщт чIыпIэм зыращэлIэн фэе уахътэр. Исус Ежь ыхьын фэя-



гъэ икъащ хьылъэ, ау Ар гъэретынчъэ хъугъагъэ. Джащ къыхэкIэу дзэкIолIхэм фэшъхьаф лIы горэм егъэзыгъэкIэ ар ыхьынэу пшъэрылъ фашIыгъ.

Къащищ тетыгъ бгышъхьэу Голгофэ – джары чIыпIэу бзэджашIэхэр зыщыпалъэщтыгъэхэм зэреджэщтыгъэхэр. Исус фэшъхьафэу джыри хъункIэкIуитIу ащ щытыраIулIагъэх. Ахэр къащхэм закIытыраIулIэгъагъэхэр бзэджэшIэгъэ жъалымагъэ зэрэзэрахьагъэм пае. Ау сыда ышIагъэр Исус? УкIакIохэм ягъусэу сыда Ар Голгофэ къащым зыкIыщытыраIулIэн фэягъэр? ЦIыфхэм зэкIэ псэкIодшIагъэхэу ашIагъэхэм апае Ар лIэн фэягъэ!

Исус къащым зытыраIулIэм, ащ лъыпытэу къэушIункIыгъ мэфэ нэфэу ыкIи тыгъэри ащ ыпэкIэ къэшIэтэу щытыгъэ нахь мышIэми. Лъэшэу мэзахэ зэрэхъугъагъэм къыхэкIэу цIыфхэр ерагъэу зэрэлъэгъужьыщтыгъэх. Ар Ежьым Ыкъоу зэрэщытыр джарэущтэу Тхьэм къыгъэлъагъомэ шIоигъуагъ. „СиIоф ухыгъэ!“ – джары Ащ иаужырэ гущыIэхэр. Джар къыIуи, Ащ ыпсэ хэкIыгъ. А такъикъым чIыгур къэсысыгъ ыкIи Тхьэм иунэшхо ипэIухъо онтэгъу зэфэдитIоу зэготхъыгъэ. Рим идзэкIолIхэм зэкIэ ахэр зылъэгъугъэхэр лъэшэу къэщтагъэх ыкIи зэраIожьэу рагъэжьагъ: „Шъыпкъэ дэдэу мыр Тхьэм Ыкъоу щытыгъ“. Христос къащым зэрэтыраIулIэщтым еплъыхэмэ зышIоигъоу бгышъхьэу Голгофэ къыщызэрэугъоигъэгъэ цIыф хэр зэбгырыхъушъутыжьхэу рагъэжьагъ. Ахэмэ ащыщ бэ кIэгъожьыгъагъ Исус лIэмэ зэрашIоигъуагъэмкIэ. Ау кIасэ хъугъагъэ.

Иныбджэгъухэ фэсакъыхэзэ, Исус ихьадэ къащым къыпахыжьыгъ ыкIи къэунэм чIалъхьагъ.

1. Кайафэ ищагу сыда Петрэ гъогогъуищэ къыщиIуагъэр?
2. Дин пащэхэм тыда Исус зыдащэгъагъэр?
3. Сыда Исус къащым теIулIэгъэн фаеу Пилат къызкIезэгъыгъэр?
4. Сыда Исус къащым зыкIытелIыхьагъэр?
5. Хэта Исус зыгъэтIылъыжьыгъэр?



## *77. ИСУС ЛIАГЪЭХЭМ КЪЫЗЭРАХЭТЭДЖЫКIЫЖЫГЪЭР*

КъыкIэлъыкIогъэ пчэдыжьым, шэмбэтым, Исус игъогу рыкIохэрэр бэмышIэу зэгъусэхэу Пасхэр зыщагъэмэфэкIыгъэгъэ унэм къыщызэрэугъоигъэх. Мызэгъэгум ахэмэ ахэсыгъэп шIу алъэгъущтыгъэ я Дин ГъэсакIо. „Сыдэущтэу арэу хъун ылъэкIыгъа? Сыда Исус лIэн зыкIыфэягъэр? – зэупчIыжьыщтыгъэх ахэр. Игъогу рыкIорэмэ ахэсыгъэх бзылъфыгъитIу: Исус янэу Мерэмрэ Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэмрэ. ТIури лъэшэу гъыщтыгъэх. Мэфэ реным бзылъфыгъитIури игъогу рыкIохэрэри ахэр егъэшIэрэу къэзыбгынагъэхэ Исус тегущыIэщтыгъэх. Ау, зытет шъыпкъэмкIэ, Исус ахэр егъэшIэрэу къыбгынагъэха?

Джы мары тхьаумэфэ мафэр къэсыгъ. Пчэдыжь нэфшъагъом ошъогум къикIыхи, мэлэIичитIу Исус икъэунэ дэжь къыщетIысэхыгъэх. Исус ихьадэ къушъхьэ мыжъо цакIэм хэупкIыгъэ гъочIэгъым чIалъхьэгъагъ, ащ ичIэхьэгъу Iуагъэогъагъ мыжъобгъушхо. МэлэIичхэм мыжъошхор IуагъэкIотыгъ, тIумэ языр ащ тетIысхьи, адрэр къэунэм чIэхьагъ. ЫкIи Iофышхо шIагъу хъугъэр: Исус къэунэм къычIэкIыжьыгъ! Ар къэхъужьыгъ!

Исус икъэунэ Голгофэ пэчыжьагъэп. А мафэм Исус янэу Мерэмрэ Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэмрэ Ащ икъэунэ кIуагъэх ыкIи алъэгъугъ мыжъо онтэгъушхор къэунэ чIэхьапIэм зэрэIугъэкIотыгъэр ыкIи бэным ичIэхьапIэ зэрэзэIухыгъэр. „Хэта мощ фэдиз зионтэгъогъэ мыжъор IузыгъэкIотын зылъэкIыгъэр? – агъэшIэгъуагъ ахэмэ. Джыри нахь благъэу къэунэм зыкIэлъырэхьэхэм, ахэмэ ошIэ-дэмышIэу алъэгъугъ щыгъын фыжьыбзэхэр шIэтхэу зыщыгъыхэ мэлэIичитIур. Бзылъфыгъэхэр лъэшэу къэщтагъэх, ау мэлэIичхэм ахэмэ къараIуагъ: „Шъумыщын! ТэшIэ тэ къащым тыраIулIэгъагъэ Исус шъузэрэлъыхъурэр. Ащ щэхъукIэ Ар мы чIыпIэм щыIэжьэп, Ар къэхъужьыгъ! ШъукIори шъуеплъ шъори Зиусхьаныр зыдэщылъыгъэ чIыпIэм!“

Зытет шъыпкъэмкIэ, къэунэр нэкIыгъэ. Исус ащ чIэлъыжьыгъэп. „ПсынкIаIоу игъогу рыкIорэмэ адэжь шъукIуи, Исус лIагъэхэм къазэрэхэтэджыкIыжьыгъэр яшъуIу“, – къариIуагъ ахэмэ мэлэIичитIумэ язым.

Бзылъфыгъэхэр Ерусалим чъэжьыгъэх. Игъогу рыкIохэрэр къызыщяжэщтыгъэхэ унэм зэрелъадэхэу ахэр гушIогъошхом хэтхэу къэзэрэгъэкуугъэх: „Ащ ихьадэ къэунэм чIэлъыжьэп. МэлэIичхэм къытаIуагъ Ар къызэрэхъужьыгъэр! Игъогу рыкIорэмэ зэхахыгъэр ашIошъ агъэхъун алъэкIыщтыгъэп ыкIи ахэмэ ащыщ нэбгыритIу – Петрэрэ Иуанрэ – къэунэм къеплъынхэу кIуагъэх. Къэунэм къызэкIохэм, ахэмэ алъэгъугъ мыжъор ыбгъукIэ зэрэIугъэкIотыгъэр ыкIи къэунэр зэрэнэкIыр. Джащыгъум ахэми ашIошъ хъугъэ Исус къызэрэхъужьыгъэр. Къалэм къызагъэзэжьым, ахэмэ адрэмэ араIотагъ алъэгъугъэр. Охътэ тIэкIу тешIагъэу Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм джыри кIуагъэ Исус икъэунэ дэжь. Ар лъэшэу ыгу хэкIэу гъыщтыгъэ: адэ джы тыдэ щыIа Исус, зытет шъыпкъэмкIэ, ыпсэ къыпыкIэжьыгъа? ЫкIи ошIэ-дэмышIэу ащ ыкIыбкIэ макъэ горэ зэхихыгъэ: „О бзылъфыгъэр, сыда узкIэгъырэр?“ Мерэм къышIошIыгъэр ар чъыг хатэм ипэсакIо ымакъэу ары ыкIи къызэмыплъэкIэу пэгъокI къыритыжьыгъ: „Зиусхьан, Исус къэунэм о къычIэпхыгъэмэ, Ар зыдэбгъэтIылъыгъэр къысаIу сэ язгъэщэжьынымпае!“ Ау макъэр джыри къэIугъ: „О Мерэм!“ ЫкIи мыщ дэжьым Мерэм ышIэжьыгъ Исус ымакъэ. КъызызэплъэкIым, Ар ылъэгъугъ ыкIи гушIом хэтэу зыфидзыгъ. Ау Исус мырэущтэу ащ къыриIуагъ: „Сигъогу рыкIорэмэ адэжь кIори, яIу ахэмэ Сэ шIэхэу Сятэ ыдэжь сызэрэкIожьыщтыр“. ЫгукIэ разэ хъугъэу ыкIи гушIогъошхом зэлъиштагъэу Магдалэ къуаджэм щыщ Мерэм игъогу рыкIорэмэ адэжь чъагъэ ыкIи Исус зэрилъэгъугъэри зэрэдэгущыIагъэри ахэмэ къафиIотагъ.

1. Игъогу рыкIохэрэмрэ бзылъфыгъитIумрэ тыда зыщызэрэугъоигъагъэхэр?
2. Хэта пчэдыжьым жьэу Исус икъэунэ кIогъагъэр?
3. Хэта къэунэр къызэIузыхыгъэр?
4. Сыда ащ ыужым Исус ышIагъэр?
5. Хэта зэкIэми апэу Исус зылъэгъугъэр?





# 78. ИСУС ИГЪОГУ РЫКIОРЭМЭ ЗЫКЪЫЗЭРАРИГЪЭЛЪЭГЪУГЪЭР

НэбгыритIу Ерусалим къыдэкIыхи, Еммаус къуаджэм ежьагъэх. Ахэр Исусырэ Ащ игъогу рыкIохэрэмрэ яныбджэгъугъэх. Ерусалим ахэмэ щызэхахыгъагъ Исус икъэунэ нэкIы зэрэхъугъэр. Ахэмэ джащ фэдэу ашIэщтыгъ Петрэрэ Иуанрэ къэунэм къеплъынхэу зэрэкIогъагъэхэр ыкIи ахэми джащ фэдэу Исус ихьадэ ащ къызэрэчIамыгъотагъэр.

Джы ахэр гъогум тетхэу, чэфынчъэхэу ыкIи агу цIыкIоу егупшысэщтыгъэх. „Тыда щыIэн шъуIа Исус ихьадэ?“ – егупшысэщтыгъэх ахэр. ЗэкIэм ахэмэ гу лъатагъ ямынэIосэ лIы горэ ягъусэу къазэрадакIорэм. „Сыда къэхъугъэр? – къяупчIыгъ ахэмэ ямынэIосэ ЛIыр. – Сыда ащ фэдизэу шъузыгъэнэшхъэирэр?“ – „О пшIэрэба адэ къэхъугъэр зыфэдэр? – ыгъэшIэгъуагъ нэбгыритIумэ язэу Клеопэ зыцIэм. – Къащым тыраIулIэгъэ Исус ехьылIагъэу зыпари зэхэпхыгъэба? Тэ зэкIэхэр тыкъигъэнэжьынэу тыщыгугъыщтыгъэ. Ау непэ пчэдыжьым бзылъфыгъитIу Ащ ыдэжь зэкIохэм, зычIэлъыгъэ къэунэм ихьадэ чIагъотэжьыгъэп. Къэунэм дэжь бзылъфыгъитIумэ щалъэгъугъ мэлэIичитIу. Ахэмэ бзылъфыгъитIумэ къараIуагъ Исус зэрэпсаур“.

„Сыда адэ ар шъушIошъ зыкIэмыхъурэр? – къяупчIыгъ ямынэIосэ ЛIыр. – Хъун фаеу щытыгъэр ары хъугъэр“. ЫкIи Ащ нэбгыритIумэ къафиIотагъ Христос зэкIэ ехьылIагъэу Библием къыщитхыхэрэр: ыпэ рапшIэу Ащ къин зэрищэчыщтыр, етIанэ уашъом зэрэдэкIоежьыщтыр.

А уахътэм ехъулIэу ахэр Клеопэ зыщыщ къуаджэу Еммаус къэсыжьыгъэх. „Джы лъэшэу кIасэ хъугъахэ, зыгорэкIэ сэ садэжь чэщыр щипхынэу укъезэгъына, уесэгъэблагъэ“, – еупчIыгъ Клеопэ ямынэIосэ ЛIым. Адрэри зэрэрагъэблэгъагъэм къезэгъыгъ.

Ахэр унэм ихьэхи, Iанэм зыпэтIысхьэхэм, мары хъугъэр: ЯмынэIосэ лIыр Тхьэм елъэIуи, хьалыгъоу къыштагъэр зэгуичи, ныбджэгъуитIуми Iахьы зырыз аритыгъ. Джащыгъур ары ахэмэ Iанэм къадыпэсыр зыфэдэр залъэгъугъэр. Ар Исус – Ежь ышъхьэкIэ арыгъэ. НэбгыритIуми зэу Ащ зыфадзыгъ, ау мыщ дэжьым Исус кIодыжьыгъ. Исус ыпкъышъол джы къызэрыкIоу щытыгъэп: Ар зэу къэлъэгъон ыкIи джащ фэдэу зэу кIодыжьын ылъэкIынэу хъугъэ.

Исус зэрэбзэхыжьыгъэм Клеопэрэ ащ иныбджэгъурэ ащ фэдизэу агу къыгъэкIодыгъэп. Ежьымэ анэкIэ ахэмэ Исус алъэгъугъ ыкIи Ащ дэгущыIагъэх. Джы ахэмэ ашIэщтыгъэ шъыпкъ Исус ыпсэ къызэрэпыкIэжьыгъэр. Джащ къыхэкIэу, джыри мэзэхэкIаеу щытыгъэ нахь мышIэми, ахэр Ерусалим ежьагъэх зэкIэ къэбарыр игъогу рыкIохэрэм къафаIотэным пае.

Яныбджэгъухэр ягъусэхэу бэрэ щысыгъэх игъогу рыкIохэрэр Исус тегущыIэхэу. Ау игъогу рыкIоритIу ахэмэ ахэсыгъэп. Ахэсыгъэп ахэмэ Иудэ, бзэджэшIэгъэшхо зэрэзэрихьагъэр къызыгурыIом зыпызылъэжьыгъэр. Джащ фэдэу ахэсыгъэп Фомэ. Исус зэрэлIагъэм лъыпытэу ар къалэм дэкIыжьыгъагъ ыкIи джы ащ ышIэщтыгъэп Ар къызэрэхъужьыгъэр.

ЕтIанэ зэкIэм ахэмэ Исус унэ гузэгум итэу алъэгъугъ. Ащ къариIуагъ: „Гупсэфыныгъэ шъуиIэу шъопсэу!“ Апашъхьэ итыр хьадэджадэу къашIошIи, ахэр зэ шъхьам къэщтагъэх. Ау Исус ахэмэ къариIуагъ: „Сыда шъузыкIэщтагъэр? Сэры шъыпкъ шъуапашъхьэ итыр! Шъукъяплъ – мыхэр Сэ сIэх ыкIи мыхэр Сэ слъэкъох!“ ЫкIи Ащ Ежьым ыIэхэу ыкIи ылъакъохэу къащым тыраIулIэхэ зэхъум гъучIыIунэхэм аугъоныгъагъэхэм къатенэгъэ лъэужхэр къаригъэлъэ-



гъугъэх. Ау игъогу рыкIорэмэ сыдэу хъугъэми ашIошъ агъэхъун алъэкIыщтыгъэп ежьхэм шIу алъэгъущтыгъэ я Дин ГъэсакIо апашъхьэ зэритыр. Джащыгъум Исус ахэмэ ялъэIугъ ышхын горэ къыфахьынэу.

Игъогу рыкIорэмэ Ащ къыфахьыгъ пцэжъые гъэжъагъэ такъыррэ шъоу тIэкIурэ. ЗэкIэ ахэр Исус ышхыгъэх. Джащыгъур ары ныIэп игъогу рыкIорэмэ ашIошъ зыхъугъэр Iофышхо шIагъор къызэрэхъугъэр ыкIи Исус къызэрэхъужьыгъэр. Джы Ар ахэмэ ренэу къафэгумэкIыщт. Ахэр а чэщым сыд фэдэхэу насыпышIуагъэха!

Исус джыри Ежьым игъогу рыкIорэмэ ахэсыгъ тIэкIурэ адэгущыIэу. Ежьым ехьылIагъэу зэкIэми къафаIуатэзэ ашIынэу Ащ ахэмэ къафигъэпытагъ. АщкIэ Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ ахэмэ IэпыIэгъу къафэхъущт.

Тхьэмафэ тешIагъэу игъогу рыкIорэхэр джыри а унэшхом къыщызэрэугъоигъэх. Мызэгъэгум ахэмэ ягъусагъ Фоми. Пчъэр фашIи, ахэмэ Фома къыфаIуатэу рагъэжьагъ Исус адэжь къызэрэкIогъагъэр. „Сэ ар сшIошъ згъэхъун слъэкIыщтэп, – ариIожьыгъ ахэмэ Фомэ, – Исус ылъакъохэмрэ ыIэхэмрэ уIагъэхэу ателъхэм сэ сIэкIэ санэмысэу“. ЗэкIэм Исус джыри ахэмэ азыфагу къиуцуагъ ыкIи къариIуагъ: „Гупсэфыныгъэ шъуиIэу шъопсэу!“ ЕтIанэ Фомэ къыреIо: „КъыстеIаби, къеплъ! ПшIошъ гъэхъу Сэ лIагъэхэм сыкъызэрахэтэджыкIыжьыгъэр!“ Ау Фомэ Исус иуIагъэхэм атеIэбэжьынэуи ищыкIэгъэжьыгъэп, армырми ащ ышIошъ хъугъэ и Дин ГъэсакIо зэрэпсаур. „Си Зиусхьан ыкIи си Тхьэ!“ – ыIуагъ гушIогъошхом зэлъиштэгъэ Фомэ.

„Фома, – ыIуагъ Исус, – Сэ сызыолъэгъур ары ныIэп о пшIошъ зыхъугъэр. Ау адрэ цIыфхэм самылъэгъуми ашIошъ хъущт“. Исус къыIогъагъэр шъыпкъэу къычIэкIыгъ. Тэ тшIошъ мэхъу Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр ыкIи ти КъэгъэнэжьакIоу зэрэщытым пае Ащ ыщIэкIэ тхьэлъэIу тэшIы.

1. Клеопэрэ ащ иныбджэгъурэ сыдигъуа гу зылъатагъэр ежьхэм гъусэ къафэхъугъэр Исус арэу зэрэщытыр?
2. Хэта игъогу рыкIорэмэ ахэмытыгъэр?
3. Сыда Исус ышхынэу къыфахьыгъагъэр?
4. Исус сыда Фомэ ригъэлъэгъугъэр?
5. Сыда тэ тшIошъ хъурэр?



# *79. ИСУС ИГЪОГУ РЫКIОХЭРЭР ПЦЭЖЪЫЕ ЗЭРЕШАГЪЭХЭР*

Игъогу рыкIохэрэр Ерусалим дэкIыжьыхи, шъхьадж ядэжь кIожьыгъэ. Ахэмэ бэ шIагъэ Исус замылъэгъужьыщтыгъэр ыкIи ащ щэхъукIэ Ар ежьыхэм адэжь къэмыкIожьыщтэу ары зэрашIошIыщтыгъэр. ЫкIи джы мары Петрэ пчыхьэ горэм Исус игъогу рыкIорэ заулэмэ ареIо: „КъуашъокIэ сэ моу псым сытехьанышъ, пцэжъые сешэщт“. – „Тэри тыкъыбдэкIощт!“ – аIуагъ Якъубэрэ Иуанрэ ыкIи нэмыкIхэми. ЗэкIэ ахэр Петрэ икъуашъо итIысхьэхи, псы хъураем ыгузэгу ихьагъэх. Хъытыур ащ щыхадзагъ, ау зыпари къаубытыгъэп.

Чэщ реным игъогу рыкIохэрэр пцэжъые ешагъэх, ау зэхъуи зы пцэжъые закъуи къаубытын алъэкIыгъэп. Пшъыжьыгъэхэу ахэмэ нэпкъым къуашъор къыфаузэнкIыжьыгъ. Нэф къэшъэу къырыгъэжьагъэти, игъогу рыкIорэмэ алъэгъугъ нэпкъым цIыф горэ зэрэтетыр. Игъогу рыкIорэмэ ар алъэгъущтыгъэ, ау ашIэщтыгъэп зыфэдэ цIыфыр. Ар Исус арыгъ. „ШъуиIэна шъо Сэщ пае пцэжъые?“ – къэупчIагъ Ар. „ТиIэп“, – раIожьыгъ Ащ игъогу рыкIорэмэ. „Къуашъом иджабгъу лъэныкъокIэ хъытыур хэшъудз“, – унашъо къафишIыгъ Ащ ахэмэ. Игъогу рыкIорэмэ къараIуагъэр зэрагъэцэкIагъэм лъыпытэу хъытыум пцэжъыехэр изы хъугъэх. Хъытыур зэрэонтэгъум къыхэкIэу игъогу рыкIорэмэ ар псым къыхалъэшъужьын алъэкIыщтыгъэп.

Джащыгъум Иуан къыгурыIуагъ нэпкъым тет цIыфыр зыфэдэр. „Исус ары Ар“, – къэкууагъ ар. Петрэ лъэшэу къэгушIуагъ ыкIи къуашъор нэпкъым къыIохьэфэ нэс фэмыщыIэжьэу псым зыхидзагъ есынэу. Нахь псынкIаIоу Дин ГъэсакIом IукIэнэу фэягъ.

ТIэкIу тешIагъэу адрэ игъогу рыкIохэрэр къуашъом исхэу, пцэжъыехэр хъоеу зэрылъыгъэ хъытыу онтэгъури къыдалъэшъузэ, нэпкъым къыIухьажьыгъэх. Ахэмэ алъэгъугъ мыжъолъэ нэпкъым машIо зэрэщышIыгъагъэр. Ащ пцэжъые щагъэжъэщтыгъ. Ау Исус игъогу рыкIорэмэ ариIуагъ: „Мыдэ пцэжъыеу къэшъуубытыгъэм щыщ къэшъухь!“

Петрэ хъытыур псым къыхилъэшъуи, пцэжъыехэр ылъытэхэу ригъэжьагъ. Ахэр лъэшэу бэ дэдэ хъущтыгъэх. Ар Iофышхо шIэгъо дэдагъ! Исус игъогу рыкIохэрэм джыри къафиушыхьатымэ шIоигъуагъэр Ежь – Ар Тхьэм Ыкъоу зэрэщытыр ары.

Пцэжъые заулэ къахихи, Петрэ машIом къекIолIагъ ыкIи ахэр ыгъажъэхэу ригъэжьагъ. ТIэкIу тешIагъэу Исус игъогу рыкIорэмэ ариIуагъ: „Мыдэ пчэдыжьышхэ зэдэтэжъугъэшI!“ Игъогу рыкIохэрэр тIэкIу Ащ къыгъэукIытагъэх. Ерусалим ахэр щыIэхэзэ мэфэ заулэкIэ узэкIэIэбэжьымэ, адэжь къэкIогъагъэр Исус шъыпкъэмэ зэрамышIэщтыгъэм фэдэу джы ахэр ехъырэхъышэжьыщтыгъэхэп. Ахэмэ джы ашIошъ хъугъэ Ар зэрэпсаур ыкIи ащ пае къэзыущыхьатын гори ищыкIэгъэжьыгъэп. Ежь Исус зыфэягъэр игъогу рыкIорэмэ тIэкIурэ ахэсынэу арыгъэ ныIэп. Хьалыгъур зэгуичи, пцэжъыери афигощи, Ащ нэбгырэ пэпчъ хьалыгъуми пцэжъыеми яIахьэ зырыз аритыгъ.

Угу къэкIыжьыба Кайафэ ищагу дэтыхэу цIыфхэр Исус аукIыным къыкIэдэухэ зэхъум, а купым Петри зэрахэ-



тыгъэр? Угу къэкIыжьа адэ Петрэ Исус имышIэу ыIозэ, гъогогъуищэ зэриIогъагъэр? Арэущтэу зэрэзекIогъагъэр, Исус ащ фэдэу игъогу рыкIорэм дэеу зыкъызэригъэлъэгъуагъэр Петрэ зыфигъэгъужьын ылъэкIыщтыгъэп.

Исус лIагъэхэм къызахэтэджыкIыжь нэуж, Ар зэгорэм Петрэ къыдэгущыIэнэу хъугъагъэ. Джыри мары Iанэм пэсыхэзэ, Исус Петрэ къеупчIы: „Адэ о лъэшэу Сэ шIу сыолъэгъуа?“ – „Ары, Зиусхьан, – къыритыжьыгъ пэгъокI Петрэ. – Ори ошIэ сэ лъэшэу О шIу узэрэслъэгъурэр“. Исус а упчIэр гъогогъуищэ Петрэ къыритыгъ ыкIи джащ фэдэу гъогогъуищэ Петрэ Ар шIу зэрилъэгъурэр къыушыхьатыжьыгъ. Петрэ къыгурыIощтыгъ Исус гъогогъуищэ къызыкIеупчIыгъэр: зэгорэм ежь щэгъогогъо ариIогъагъэба Исус ымышIахэу ыIозэ.

„Петр, – ыIуагъ Исус, – о къэпкIухьэзэ цIыфхэм япIотэн фае зэкIэ цIыфхэм псэкIодшIагъэхэу яIэхэр афэспщыныжьынхэм пае Сэ чIыгум сыкъызэрехыгъэр. Адрэ цIыфхэу сигъогу рыкIохэрэр зэкIэ ащкIэ о IэпыIэгъу къыпфэхъущтых“.

1. Хэта псы хъурэе нэпкъым тетыгъэр?
2. Нэпкъым тетыгъэ ЦIыфым сыда игъогу рыкIорэмэ къариIуагъэр?
3. Сыда хъытыум къехъулIагъэр?
4. Гъомлапхъэр хьазыр зэхъу нэужым, сыда Исус ышIагъэр?
5. Сыда Исус гъогогъуищэ Петрэ зэреупчIыгъэр?
6. Сыдым ехьылIагъэу ара Петрэ цIыфхэм къафиIотэн фэягъэр?



## *80. ИСУС УАШЪОМ ЗЭРЭДЭКІОЕЖЬЫГЪЭР*

Исус игъогу рыкІохэрэр зэгорэм ыугъоихи, мырэущтэу ариІуагъ: „Шъо Ерусалим шъукъыдэнэнышъ, Тхьэм ЫІпсэ ЛъапІэ къышъуфехыфэ нэс шъуежэн фае“. Игъогу рыкІорэмэ ар къагурыІон алъэкІыхэщтыгъэп: Зиусхьаным ЫІпсэ ЛъапІэ ахэмэ къафехынэуи? Адэ ащыгъум сыдэу хъущта Исус? Ар джыри ахэмэ ягъусэба! Ары, Исус ахэмэ джыри ягъусагъ. Ау ащ нахьыбэрэ игъогу рыкІорэмэ ягъусэу чІыгум щыІэн ылъэкІыщтыгъэп, Ар Ятэ ыдэжь кІожьын фаеу щытыгъ. ЫкІи Ар уашъом зыдэкІоежьырэ нэужым, Тхьэм ЫІпсэ ЛъапІэ игъогу рыкІорэмэ къафехыщт ыкІи Исус икъэбар цІыфхэм къафаІотэнымкІэ ІэпыІэгъу къафэхъущт.

Игъогу рыкІорэмэ лъэшэу ашІоигъуагъ ядин пащэ ренэу ягъусэнэу. Ахэр зыщыгугъыщтыгъэхэр Исус чІыгум пачъыхьэ щыхъунэу арыгъэ ыкІи ащ пае Ащ еупчІыгъэх: „Равви! Адэ О Израил хэгъэгум ипачъыхьэ ухъуным игъо къэсыгъэба?“ Исус къариІожьыгъ: „Уахътэмрэ пІалъэмрэ яІоф Сятэ ыІэ илъых. Шъо къышъуфехыщт Тхьэм ЫІпсэ ЛъапІэ. Сэ сикъэбар цІыфхэм къафэшъуІотэнымкІэ Ар шъо ІэпыІэгъу къышъуфэхъущт“.

Исусрэ Ащ игъогу рыкІохэмрэ Ерусалим пэмычыжьэу щыт Елеон Іуашъхьэм тетыгъэх. Мыщ дэжьым Ар игъогу рыкІорэмэ ахэкІыжьын фаеу щытыгъ. Исус ыІэхэр игъогу рыкІорэмэ ашъхьэхэм атырилъхьагъэх ыкІи шІукІэ Тхьэм афелъэІугъ. Мыщ дэжьым игъогу рыкІорэмэ гу лъатагъ ядин гъэсакІо ылъакъохэр чІыгум зэрэнэмысыхэрэр ыкІи Ар тІэкІу-тэкІузэ нахь лъагэу уашъом зэрэхилъасэрэр. ШІэхэу Ар ошъуапшэхэм ахэкІодагъ ыкІи игъогу рыкІорэмэ Ар амылъэгъужьэу хъугъэ. Ау ахэр зэбгырымыкІыжьхэу уашъом дэплъыехэу щытыгъэх ыкІи хъугъэр зыфэдэр джыри икъукІэ къагурыІощтыгъэп. ЗэкІэм ахэмэ зэхахыгъэ макъэ: „Галилей щыщ лІыхэр! Сыда шъо шъузэхэтэу ошъогум шъузыкІыдэплъыерэр? Джы дэдэм уашъом дэкІоежьыгъэ Исус джащ фэдэ къабзэу зэгорэм къехыжьыщт“. Исус игъогу рыкІорэмэ алъэгъугъ щыгъын фыжьхэр зыщыгъыхэ нэбгыритІу ахэмэ къазэрэготхэр. Ахэр мэлэІичитІоу уашъом къехыгъэхэр арыгъэх.

Охътабэ зытешІэкІэ, Исус джыри чІыгум къыгъэзэжьыщт. ЗэкІэ цІыфхэм Ар алъэгъущт ыкІи хэтырэуи Ар шІу зылъэгъурэм Ащ гъусэ фэхъунхэшъ, егъашІэми кІыгъунхэу ошъогум дэкІоенхэ алъэкІыщт.

ИкІэм-икІэжьым игъогу рыкІорэмэ къагурыІуагъ, ежьхэм къафэгумэкІыным ыкІи Тхьэм афелъэІуным пае, ежьхэм шІу алъэгъурэ я Дин ГъэсакІо уашъом зэрэдэкІоежьыгъэр. Ар зыфэгумэкІыщтыр Тхьэм ЫІпсэ ЛъапІэ ахэмэ къафыригъэхыныр ары. ГушІогъошхом зэлъиштагъэхэу Исус, ежьхэм я КъэгъэнэжьакІо елъэІухэу ахэмэ рагъэжьагъ.

1. Сыда Исус игъогу рыкІохэрэр зэригъэугъагъэхэр?
2. Игъогу рыкІорэмэ ахэкІыжьи, тыда Исус зыдэкІожьыгъэр?
3. Тыдэрэ чІыпІа игъогу рыкІохэрэр Тхьэм ЫІпсэ ЛъапІэ зыщежэнхэ фэягъэр?





## *81. ТХЬЭМ ЫПСЭ ЛЪАПІЭ ИСУС ИГЪОГУ РЫКІОРЭМЭ КЪЫЗЭРАФЕХЫГЪЭР*

Яшъэныкъорэ мафэм имэфэкI цIыф бэ дэд Ерусалим къыщызэрэугъоигъагъэр: ахэр хэгъэгубэхэм къарыкIыгъагъэх мэфэкIыр мыщ щыхагъэунэфыкIынэу.

А мафэм Исус игъогу рыкIохэрэр зэкIэ къыщызэрэугъоигъагъэх ренэу зыщызэIукIэхэрэ унэм. ЗэкIэм ахэмэ мэкъэшхо зэхахыгъэ жьыбгъэ борэнышхом фэдэу. А Унэм блэкIыщтыгъэ цIыфхэми а мэкъэшхор зэхахыгъэ ыкIи шъхьаныгъупчъэмэ къарыплъэхэу рагъэжьагъ. Адэ сыда ахэмэ алъэгъугъэр? Исус игъогу рыкIорэ пэпчъ ышъхьэ мэшIобзыйхэр къатырихыхэу ахэмэ алъэгъугъ. АщкIэ Зиусхьаным къыгъэлъагъощтыгъэр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ игъогу рыкIорэмэ къызэрафехыгъэр цIыфхэм алъэгъунэу ары. Мэкъэшхор зэкIищыкIэгъагъэр Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ игъогу рыкIорэмэ къызэрафехыгъэр цIыфхэм зэхахыныр ары. Исус игъогу рыкIохэрэр къызэригъэгугъагъэхэм фэдэ къабзэу зэкIэри хъугъэ.

Алъэгъурэм ыгъэкъыгъэ цIыфхэр а унэм дэжь къыщыуцущтыгъэх ыкIи шIэхэу ащ дэжьым купышхо къыщызэрэугъоигъ. Игъогу рыкIохэрэр унэм къикIыгъэх ыкIи ахэмэ машIотхъуабзэхэр ашъхьэхэм къатырихыхэу цIыфхэм алъэгъун алъэкIынэу хъугъэ. „Сыда мы цIыфхэм къащышIыгъэр?“ – зэупчIыжьыщтыгъэх цIыфхэр.

Арыти, игъогу рыкIохэрэм къэзэрэугъоигъэхэм къафаIуатэу рагъэжьагъ. Ахэр ежьхэм яныдэлъфыбзэкIэ къэгущыIэщтыгъэх, ау гъэшIэгъоныгъэр ащ къекIолIагъэмэ зэкIэ ахэмэ къаIуатэрэр дэгъоу къызэрагурыIощтыгъэр ары, фэшъхьаф хэгъэгухэм къарыкIыгъэхэр бэ хъухэу ахэтыгъэх нахь мышIэми. КъэгущыIэхэрэм къаIохэрэр ежьхэм абзэкIэ зэрэзэхахырэр цIыфхэм лъэшэу агъэшIагъощтыгъ. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ащкIэ игъогу рыкIорэмэ IэпыIэгъу къафэхъущтыгъ!

Ау цIыфхэм къахэкIыгъэх ахэмэ къаIуатэрэр зышIошъ мыхъугъэхэр ыкIи игъогу рыкIорэмэ адэхьащхыщтыгъэхэр, мырэущтэу аIозэ: „ШъуамыдэIу ахэмэ, ешъуагъэх ахэр!“ – „Хьау, тэ тешъуагъэп санэ“, – ариIожьыгъ ахэмэ Петрэ. ЕтIанэ Петрэ ахэмэ Исус фэгъэхьыгъэу къафиIуатэу ыублагъ. Угу къэкIыжьа о, дин пэщэшхоу Кайафэ ищагу дэтэу Петрэ зэрэщынэщтыгъэр Исус игъогу зэрэрыкIорэр цIыфхэм къашIэнкIэ? Джы Петрэ хэти щымыщынэу Исус икъэбар цIыфхэм къафиIуатэщтыгъэ ыкIи Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ащкIэ ащ иIэпыIэгъугъ.

Самбырыгъэ цIыфхэр Петрэ къыIорэм едэIущтыгъэх. „Исус, тэ ти КъэгъэнэжьакIо, шъо къащым тешъуIулIагъ!“ – ыIощтыгъ Петрэ. ЫкIи ащ цIыфхэм къафиIотагъ зэкIэ цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр афипщыныжьынхэм пае Исус чIыгум къызэрафехыгъэр. КъафиIотагъ ащ Исус къащым зэрэтелIыхьагъэр, ау етIанэ Ар лIагъэхэм къазэрахэтэджыкIыжьыгъэр ыкIи Ятэ ыдэжь, ошъогум зэрэкIожьыгъэр. „Джы шъо шъолъэгъу мэшIобзыйхэр тшъхьэхэм къазэрэтырихырэр ыкIи зэхэшъохы мэкъэшхоу къэIурэр: Ар Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ тэ, Исус игъогу рыкIохэрэм, къытфехыгъ!“ – къыIуатэщтыгъ ащ пыдзагъэу Петрэ.

ЦIыфыбэхэр лъэшэу къэщтагъэх. Джыры ныIэп ахэмэ къызагурыIуагъэр Христос къащым зэтыраIулIэм, псэкIодышхоу ашIагъэр. „Адэ джы тэ сыда тшIэщтыр?“ – къяупчIыщтыгъ ахэр Исус игъогу рыкIохэрэм. „Исус шъушIошъ жъугъэхъу ыкIи Ар шIу шъулъэгъу, – ариIощтыгъ Петрэ, – ащ нэуж зяжъугъэумэхъын шъулъэкIыщт, сыда пIомэ Исус шъо шъуипсэкIодшIагъэхэр зэкIэ къышъуфигъэгъущтых!“

ЦIыфхэм ашIошъ хъугъэ ежьхэм япсэкIодшIагъэхэм апае Исус къащым зэрэтелIыхьагъэр ыкIи унэм дэжь къыщызэрэугъоигъэ нэбгырэ минищыр игъогу рыкIорэхэм ялъэIухэу рагъэжьагъ ахэмэ ежьхэр аумэхъынхэу. ЯпсэкIодшIагъэхэр къафигъэгъунхэу ахэр Зиусхьаным елъэIущтыгъэх. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ цIыфхэм агу зэрихъокIыщтыгъэ ыкIи Исус цыхьэ фашIэу, Ар шIу алъэгъоу аублагъ! Исус игъогу рыкIорэмэ ашIэщтыгъэ Исус чIыгум къегъэзэжьыфэкIэ джы къыщегъэжьагъэу Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ цIыфхэм агу зэрэпкъырыхьащтыр.

ЫкIи непэ тэри джащ фэдэу тэшIэ Исус типсэкIодшIагъэхэр къытфигъэгъунхэ зэрилъэкIыщтыр ыкIи тэри ащ паекIэ сыдигъуи Ащ телъэIун зэрэтлъэкIыщтыр.

1. Сыда еджакIохэм зэхахыгъэр?
2. Сыда цIыфхэм ахэмэ ашъхьэмэ атыралъэгъуагъэр?
3. Нэбгырэ тхьапша зязыгъэумэхъымэ зышIоигъуагъэр?
4. Сыда тэ ренэу Исус тызэрелъэIун тлъэкIыщтыр?



## *82. СТЕФАН ИЛIАКI*

Дин пэщэшхохэри, Тэурат егъэджэкIо пащэхэри ыкIи фарисейхэри лъэшэу къэщынэгъагъэх Исус ашIошъ зэрэхъугъэм ыкIи Ар шIу зэралъэгъугъэм къахэкIэу Ерусалим дэс цIыфыбэмэ зызэрэрагъэуумэхъыгъэр зызэхахым. Джащ пае джурт дин пащэхэр Петрэрэ игъогу рыкIохэрэмрэ адэжь къакIохи, къафагъэпытэгъагъ Исус икъэбар цIыфхэм ащ щэхъукIэ къафамыIотэнэу. Ау Исус игъогу рыкIохэрэр дин пащэхэм ядэIунхэкIэ фэягъэхэп ыкIи цIыфхэу Тхьэм иунэшхо къекIолIагъэхэм мафэ къэс Исус икъэбар къафаIуатэщтыгъ.

Джащыгъум дин пащэхэм унашъо ашIыгъ Исус игъогу рыкIохэрэр къаубытынхэшъ, хьапсым чIадзэнхэу. Ау ащ нэужым хъугъэр Iофышхо шIагъу: чэщым мэлэIичхэр Исус игъогу рыкIорэмэ къафехыхи, хьапсыпчъэр къафыIуахи, зэкIэ ащ чIэсыгъэхэр шъхьафит ашIыжьыгъэх. ЫкIи игъогу рыкIорэмэ Исус икъэбар цIыфхэм къафаIуатэу даублэжьыгъ.

Дин пащэхэр дзэкIолIхэм къяджэхи, унашъо афашIыгъ, Исус игъогу рыкIохэрэр утынкIэ зэхаукIыхьанхэу Исус икъэбар ащ щэхъукIэ цIыфхэм къафамыIотэжьыным пае. Ау сыд арашIагъэми, ащ пае къамыгъанэу игъогу рыкIохэрэр мафэ къэс Тхьэм иунэшхо къакIохэти, ти КъэгъэнэжьакIо ехьылIагъэу цIыфхэм къафаIуатэщтыгъ. Ахэмэ ядэIунхэу мафэ къэс Тхьэм иунэшхо къекIуалIэхэрэр нахьыбэ хъущтыгъэх. Исус игъогу рыкIохэрэм цIыфхэм шIэныгъэ зарарatырэм имызакъоу, зэкIэ тхьамыкIэхэмрэ сымаджэхэмрэ афэгумэкIыщтыгъэх. Джы ахэмэ уахътэу яIагъэр лъэшэу макIэ хъугъагъэ, Iофэу ашIэн фэягъэр лъэшэу багъэ ыкIи джащ къыхэкIэу кIочIэгъу зэкIэ Iофхэм афырикъущтыгъэхэп. Джащ пае ахэмэ нэбгырибл IэпыIэгъу къафэхъунхэу аштагъ.

А нэбгыриблымэ ащыщыгъ СтефанкIэ заджэщтыгъэхэр. Исус ехьылIагъэу Стефан цIыфхэм къафиIуатэ зыхъукIэ, Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ащ къыдеIэщтыгъэ. Стефан къыIуагъэхэм зядэIухэрэ нэужым, цIыфхэм ИсускIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъущтыгъэ. Христос ыцIэкIэ Стефан сымэджабэ ыгъэхъужьыгъ.

Ау мары зэгорэм ащ къехъулIагъэр. Исус пае енэкъокъунхэу Стефан ыдэжь цIыфхэр къэкIогъагъэх. Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ Стефан къыдеIэщтыгъэ ыкIи нэкъокъонхэу ыдэжь къэкIуагъэхэр къытекIонхэ алъэкIыгъэп. Зэрэгъэгубжыгъэхэу ахэр ядэжь кIожьыгъэх ыкIи тыдэ кIуагъэхэми, Стефан Тхьэм дэеу къытегущыIагъэ фэдэу фагъэIоу рагъэжьагъ.

А къэбарыпцIыр дин пэщэшхом нагъэсыгъ. Ар лъэшэу гушIуагъэ ыкIи ар иушъхьагъоу дзэкIолIхэм унашъо афишIыгъ Стефан аубытынэу. Ау Стефан дин пэщэшхом ыдэжь къызащэм, ащ зыкIи щыщынагъэп, лIыгъэ хэлъэу, ар къызыфащагъэм ынэмэ акIаплъэщтыгъ ыкIи Iущхыпцыкыщтыгъ. „Шъыпкъа о къыуаIуалIэхэрэр?“ – къеупчIыгъ ащ дин пэщэшхор. Мыщ дэжьым Стефан къэгущыIэу къыригъэжьагъ: „ЗэкIэми шъо псэкIодышхо шъутелъ. Лажьэ гори зимыIэгъэ Исус шъо шъуукIыгъэ“.

Дин пэщэшхом иунэ исыгъэхэр зэкIэ джэгъогъунэхэмкIэ Стефан къеплъыщтыгъэх. Ау Стефан ахэр Iаеу къызэреплъыхэрэм пылъыгъэп. Ахэмэ ашъхьапырыплъызэ, ар дэплъыещтыгъ ыкIи ылъэгъущтыгъ уашъом зыкъызэрэзэIуихырэр ыкIи Зиусхьаным ыбгъукIэ къыгот Исус. „Сэлъэгъу сэ зыкъызэIузыхыгъэ уашъор ыкIи Зиусхьаным иджабгъукIэ къыгот Исус“. Ар зызэхахым, дин пащэхэм защэIэжьышъугъэп. Стефан къыIорэр зэхамыхыным пае ахэмэ аIапэхэмкIэ атхьакIумэхэр акудэгъэх. Ау зэкIэм ахэр къызыщыхъушъутыгъэх, Стефан жэхэбанэхи, унэм къырадзыгъ. ЕтIанэ ар Ерусалим иурамхэм къатралъашъуи, къэлэ гъунэм нэс алъэшъугъ ащ щаукIын агу хэлъэу.

Аужыпкъэм, Стефан уукIыныр псэкIодышхоу зэрэщытыри агу къихьагъэп ахэмэ, джащ фэдизэу ахэр ащ ыгъэгубжыгъагъэх. Къэлэ гъунэм мыжъо тае Iулъыгъ. АмыушIоинхэм пае ахэмэ яшыгъын кIыIутелъхэр зыщахыхи, зы чIыпIэ щызэтыралъхьагъэх. Фарисей ныбжьыкIэу Саулэ ахэр къыгъэгъунэнхэ фэягъ. Адрэхэм мыжъохэр аштэхи, ахэмкIэ Стефан еохэу рагъэжьагъ. Ау мыжъоу къытефэхэрэм апымылъэу Стефан Тхьэм елъэIущтыгъ. „О си Тхьэ, спсэ штэ, О уадэжь, уашъом сыщэжь!“

Стефан лъэгонджэмышъхьэкIэ щытыгъ. Мыжъоу къытефэрэмэ узэу къырашIэрэр зэхишIэщтыгъэп. МыжъохэмкIэ къеохэрэм апаекIэ лъэгонджэмышъхьэкIэ етIысэхыгъэу Стефан Тхьэм елъэIущтыгъ: „О Зиусхьан, – риIощтыгъ ащ Тхьэм, – мы цIыфхэм Iаеу къысахырэр афэбгъэгъунэу сыолъэIу!“ Стефан ипыйхэм апае Тхьэм елъэIущтыгъэ! Джаущтэу Стефан лIагъэ. Джуртхэм Стефан ихьадэ губгъом къырани, яджэнэ кIыIутелъхэр аштэжьхи, ядэжь кIожьыгъэх. ТIэкIу тешIагъэу Стефан иныбджэгъухэм ащ ихьадэ къагъотыжьи агъэтIылъыжьыгъ. Гукъэошхо ащыхъоу ахэмэ яныбджэгъу агъэежьыгъ.

1. Исус икъэбар цIыфхэм зарафаIуатэщтыгъэм пае хэта Исус игъогу рыкIорэмэ афэгубжыщтыгъэр?
2. Хэта Исус игъогу рыкIохэрэр хьапсым къычIэзытIупщыжьыгъэхэр?
3. Сыда Исус игъогу рыкIохэрэм IэпыIэгъу нэбгырибл зыкIаштэгъагъэр?
4. Сыда Стефан къехъулIагъэр?
5. Хэта Стефан уашъом рилъэгъуагъэр?
6. МыжъохэмкIэ ежьым къеохэ зэхъум, хэта Стефан Тхьэм зыфелъэIущтыгъэр?



## *83. ФИЛИПП ЕФИОП ЛIЫР ЗЭРИУМЭХЪЫГЪЭР*

Исус игъогу рыкIорэмэ яIэпыIэгъу нэбгыриблымэ ащыщ горэм ФилиппкIэ еджэщтыгъэх. Христос ехьылIагъэу цIыфхэм къафиIуатэзэ, Стефан Ерусалим къызэрэщикIухьэщтыгъэм фэдэ къабзэу Филиппи Самарие хэкум къыщикIухьэзэ, ти КъэгъэнэжьакIо ехьылIагъэу цIыфхэм къафиIуатэщтыгъ. АщкIэ Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ ащ IэпыIэгъу къыфэхъущтыгъ. Агу етыгъэу самарие цIыфхэр Филипп къыIуатэхэрэм ядэIущтыгъэх, Исус ежьхэми я КъэгъэнэжьакIоу хъун зэрилъэкIыщтым пае гушIощтыгъэх. Тхьэм цIыфхэр лъэшэу шIу зэрилъэгъугъэхэм къыхэкIэу Ежьым Ыкъоу Исус Христос, зэкIэ цIыфхэм япсэкIодшIагъэхэм апае къащым телIыхьагъэр, чIым къыгъэкIуагъ.

Мафэ горэм Филипп Тхьэм ехьылIагъэу цIыфхэм къафиIуатэу ахэтызэ, мэлэIичыр ащ къыфехыгъ ыкIи гъогу кIыхьэ техьанэу зигъэхьазырын зэрэфаер къыриIуагъ: Ерусалим дэкIынышъ, нэмыкI хэгъэгу кIорэ гъогушхом ар техьан фэягъэ. ЫкIи Филипп гъогум техьагъ. Охътэ шIукIае тешIагъэу мэлэIичым зигугъу къыфишIыгъэ гъогушхом Филипп нэсыгъ. Филипп ылъэгъугъ ку гъэкIэрэкIэгъэ зэтегъэпсыхьагъэм исэу лIы бай цIэрыIо горэ гъогум къызэрэрыкIорэр. Хэгъэгу чыжьэ горэм шыщ министрэу а лIыр щытыгъ. Ар Ефиопие хэгъэгум щыщ цIыфэу щытыгъ, нэмыкIэу къэпIон хъумэ, ыкIышъо шIуцIагъэ. Ар Ерусалим къэкIогъагъ Тхьэм щелъэIунэу, джы ихэгъэгу ыгъэзэжьыгъэу кIожьыщтыгъ.

„Ку гъэкIэрэкIагъэм нахь благъэу кIэлъырыхь, – къыриIуагъ Филипп Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ. Ку гъэкIэрэкIагъэм Филипп нахь благъэу зекIуалIэм, ылъэгъугъ ефиоп лIыр тхылъ горэм зэреджэрэр. Исус къытегущыIэрэ тхылъэу пегъымбар Исайас ытхыгъэр арэу ар къычIэкIыгъ. „Адэ мы тхылъым итхагъэр о дэгъоу къыбгурэIуа?“ – еупчIыгъ ащ Филипп. „Хьау, къызгурыIорэп, – къыритыжьыгъ пэгъокI ефиоп лIым, – ары шъхьаекIэ сэ мы тхылъэу сызаджэрэм имэхьанэ къысфиIотэнэуи IэпыIэгъу цIыф сиIэп“. Ар Филипп къеупчIыгъ тхылъым имэхьанэ ащ къыфиIотэн ылъэкIыщтымэ ыIуи. „КъитIысхь сику, джащыгъум тызэдэгущыIэнымкIэ нахь Iэрыфэгъу къытфэхъущт“, – къыриIуагъ ащ ефиоп лIым. Филипп ку гъэкIэрэкIагъэм итIысхьи, Исус ехьылIагъэу ащ къыфиIуатэу ригъэжьагъ.

ЦIыфхэм япсэкIодшIагъэхэм апае Исус къащым зэрэтыраIулIагъэм ехьылIэгъэ къэбарэу къыфаIотагъэм ефиоп лIыр ишъыпкъэу къедэIугъ. Ащ ышIошъ хъугъэ ежьым ипсэкIодшIагъэхэри Исус, Тхьэм Ыкъо, тэ ти КъэгъэнэжьакIо, къыфигъэгъунхэ зэрилъэкIыщтыр. Филипп ащ къыфиIотагъ зэкIэ цIыфхэу Исус шIошъхъуныгъэ фызиIэхэм заумэхъын зэрэфаер.

А уахътэм тефэу ку гъэкIэрэкIагъэр псыхъом икIыхьагъэкIэ ебгъукIощтыгъэ. „Еплъ мыдэ! – мэкъэ IэтыгъэкIэ къыIуагъ ефиоп лIым. – Мары псыхъом тыготэу тэкIо! Адэ о сэ мыщ сыщыуумэхъын плъэкIыщта?“ „Ары, слъэкIыщт, – къыритыжьыгъ Филипп пэгъокI, – угу къыбдеIэу Исус шIу олъэгъумэ ыкIи ащ шIошъхъуныгъэ фыуиIэмэ“. – „Сэ Исус, Тхьэм Ыкъо шIошъхъуныгъэ фысиI“, – ыIуагъ ефиоп лIым.

Ку гъэкIэрэкIагъэр ащ дэжьым къыщыуцуи, ефиопие лIымрэ Филиппрэ ащ къикIыхи, зэгъусэхэу псыхъом зэдыхэхьагъэх. А чIыпIэм, псыхъом хэтхэу, Филипп ефиоп лIыр щиумэхъыгъ. ЫкIи мыщ дэжьым Iофышхо шIагъу къэхъугъэр: ошIэ-дэмышIэу Филипп бзэхыгъэ. Арэущтэу зыкIэхъугъэр мэлэIичым Филипп ыштэжьи, фэшъхьаф чIыпIэ ыхьыжьыгъэти ары. Ефиоп лIыр лъэшэу насыпышIуагъ, ащ ышIагъ Христос зыфэдэр ыкIи Ар ышIошъ хъугъэ.

Филипп Исус, тэ ти КъэгъэнэжьакIо ехьылIагъэу цIыфхэм къафиIуатэзэ, хэгъэгур къызэрикIухьэщтыгъэм пидзэжьыгъ.

1. Тыда Филипп Исус ехьылIагъэу къызыщиIуатэщтыгъэр?
2. Сыда мэлэIичым Филипп къыриIуагъэр?
3. Хэта ку гъэкIэрэкIагъэм исэу гъогум къырыкIощтыгъэр?
4. Сыда Филипп ефиоп лIым риIотагъэр?
5. Сыда ефиоп лIым ышIошъ хъугъэр?
6. Сыда Филипп ефиоп лIым ришIагъэр?
7. Сыда Филипп къехъулIагъэр?
8. Сыда ефиоп лIыр зыкIэнасыпышIуагъэр?



## *84. МЭЛЭIИЧЫМ ПЕТРЭ ХЬАПСЫМ КЪЫЗЭРЭЧIИТIУПЩЫЖЬЫГЪЭР*

А лъэхъаным Израил хэгъэгур зыIэ илъыгъэр пачъыхьэу Ирод ары. Петрэ къаубытынышъ, хьапсым чIадзэнэу ащ унашъо ышIыгъагъ. Ти КъэгъэнэжьакIо ехьылIагъэу ащ нахьыбэкIэ цIыфхэм къафаIотэжьын амылъэкIыным пае, пачъыхьэр зыфэягъэр, Исус зэкIэ игъогу рыкIохэрэр аригъэукIынхэу арыгъэ. ЫпэрапшIэу Ирод Якъубэ хьапсым чIаригъэдзагъ ыкIи ар аукIынэу унашъо афишIыгъ. Джы Петрэ ичэзыу къэсыгъагъ. Мэфэ заулэкIэ Пасхэр агъэмэфэкIынэу щытыгъ. Пачъыхьэр фэягъ, Пасхэм къекIолIэгъэ цIыф пстэуми Ирод ипыйхэм зэрадэзекIорэр янэрылъэгъоу хъуным пае, Пасхэ мэфэкIхэм ащыщ горэм Петрэ аригъэукIынэу.

А уахътэр къэсыфэ Петрэ сакъэу къаухъумэнэу Ирод унашъо афишIыгъ. Хьапсым ипчъэхэр зэкIэ агъэпытэгъагъэх ыкIи пчъэ пэпчъ дзэкIолI нэбгыриплI Iутыгъ. Петрэ ыIэхэм Iэхъуитly ателъыгъ ыкIи Iэхъу пэпчъ дзэкIолIым ыIэ епхыжьыгъэу щытыгъ. ДзэкIолIхэм гу къылъамытэу Петрэ, ары пакIошъ, зигъэхъыен ылъэкIынэу щытыгъэп.

КъыкIэлъыкIорэ пчэдыжьым Петрэ палъэн фаеу щытыгъ. Чэщи мафи зэпамыгъэоу Петрэ иныбджэгъухэр ащ пае Тхьэм елъэIущтыгъэх. Ахэмэ ашIэщтыгъ Iофышхо шIагъо горэ мыхъумэ Петрэ къэзыгъэнэжьын гори зэрэщымыIэр. Ау Iофышхо шIагъо зышIын зылъэкIырэ закъор Зиусхьанэр ары ныIэп.

Чэщ хъугъэ. Петрэ чъыенэу гъолъыгъэ, ыпэрэм фэдэу Iэхъоу телъыгъэхэр пытэу дзэкIолIхэм аIэхэм япхыгъагъэх. Фэшъхьаф дзэкIолIитIур пчъэм дэжь Iутхэу хьапсым ичIэхьагъу къуахъумэщтыгъ. Хьапс кIоцIым зи чIэмыIукIэу лъэшэу щырэхьатыгъ ыкIи дзэкIолIхэри хэчъыягъэх.

ЗэкIэм нэфынэшхо горэм Петрэ зычIэсыгъэ унэ цIыкIур къызэлъигъэнэфыгъ. Ошъогум мэлэIичэу Петрэ шъхьафит зышIыжьынэу къехыгъэр арыгъэ а нэфынэр къызыпыкIыщтыгъэр. МэлэIичыр Петрэ къыкIэлъырыхьагъ ыкIи къыриIуагъ: „Къэтэдж!“ Петрэ зэу къэущыгъ, ылъэгъугъ ащ нэфынэр ыкIи мэлэIичэу ыпашъхьэ итыр, арыти псынкIэу къызыщылъэтыгъ. Ащ лъыпытэу ыIэхэм ателъыгъэ Iэхъухэр мэкъэшхо апыIукIэу джэхашъом къытефагъэх. Ау, гъэшIэгъоны, дзэкIолIхэр пытэу зэрэчъыещтыгъэхэм фэдэу джыри чъыещтыгъэх. Тхьэр Петрэ къыфэгумэкIыщтыгъ. „Уибгырыпх гъэпытэ, уицуакъэхэри зыщылъэх!“ – къыриIуагъ ащ мэлэIичым. Петрэ ицуакъэхэр зызыщелъэхэм, ащ пыдзагъэу мэлэIичым къыриIуагъ: „Джы щыгъын кIыIутелъыр къаштэри, сауж къыкIь!“ – „Ары шъхьаекIэ, хьапсым ипчъэхэр зэкIэ гъэпытагъэх ыкIи пчъэ пэпчъ дзэкIолIмэ къаухъумэ. Сыдэущтэу ахэмэ тэ таблэкIын тлъэкIыщта?“ – къэупчIагъ Петрэ. Ащ иджэуап къыримытыжьэу мэлэIичыр ыпэкIэ кIощтыгъэ. Апэрэ пчъэр ежь-ежьырэу къызэIукIыгъ ыкIи къэрэгъулэхэм гу лъатагъэп мэлэIичымрэ Петрэрэ ежьхэм адэжь зэрэблэкIыгъэхэм. Мары ятIонэрэ пчъэри къызэIукIыгъ ыкIи дзэкIолI нэбгыриплIэу ащ Iутыгъэхэм джащ фэдэу зыми гу къылъатагъэп. Аужыпкъэм Петрэрэ мэлэIичымрэ хьапсым ипчъэ шъхьаIэу анахь иным ыкIи онтэгъум къекIолIагъэх. Ар хьапсым ищагу узэрэдэхьащт гъучI къэлапчъэр арэу щытыгъ. Ари джащ фэдэу дзэкIолI нэбгыриплIымэ къаухъумэщтыгъ. Ау мэлэIичыр а къэлапчъэм зэрэкIэлъырэхьэу ар ежь-ежьырэу къызэIукIыгъ ыкIи Петрэрэ мэлэIичымрэ зыми къымылъэгъухэу хьапсым къыдэкIыжьхи, урамым къытехьажьыгъэх.

Iофышхо шIагъу къэхъугъэр: Петрэ шъхьафит хъужьыгъэ! МэлэIичымрэ Петрэрэ къалэм къызэрэдэкIыжьыгъэхэр зыми ылъэгъугъэп. Мыщ дэжьым мэлэIичыр бзэхыжьыгъэ, ар джыри ошъогум дэкIоежьыгъ. Изакъоу къызэнэм, Петрэ къэщтагъэу зиплъыхьэу ригъэжьагъ: зыгорэкIэ джыри мэчъыемэ, ар шъхьафит хъужьыгъэ шъыпкъэн шъуIуа! „Сэ, Iо хэмылъэу, сэшIэ Зиусхьаным имэлэIич садэжь къакIуи, хьапсым сыкъызэрэчIищыжьыгъэр. Мычъыехэу чэщи мафи сэщ пае Тхьэм елъэIухэрэ синыбджэгъухэм адэжь сыкIон фае. Зиусхьаным ахэмэ ятхьалъэIу зэхихыгъэ, джы мары сэ сышъхьафит“, – зэриIожьыгъ Петрэ.

Зытет шъыпкъэмкIэ, Петрэ иныбджэгъухэр а чэщым чъыещтыгъэхэп. Ахэр зэкIэ зэгъусэхэу Тхьэм елъэIущтыгъэх. ЗэкIэм ахэмэ зэхахыгъэ зыгорэ къэлапчъэм къызэрэтеуагъэр. Джащыгъум бзылъфыгъэ унэIутэу Родэ зыцIэр унэм къикIыгъ къэлапчъэм къытеорэр зэригъэшIэным пае. „Хэта ар?“ – упчIагъэ бзылъфыгъэр. „Сэры, Петрэ ары“, – къытыгъ джэуапыр. Петрэ ымакъэ зызэхехым, Родэ лъэшэу зэрэгушIуагъэм къыхэкIэу, унэм исхэм Петрэ къызэрэкIожьыгъэр ариIонэу чъагъэ, ыкIи къэлапчъэр къыIуихыныр щыгъупшагъ. „Петрэ къэкIожьыгъ!“ – куощтыгъэ Родэ. „Ащ фэдэ хъун ылъэкIыщтэп“, – аIуагъ Петрэ иныбджэгъухэм. Мэфэ псэум ыкIи чэщ реным ахэр Тхьэм елъэIугъэх Iофышхо шIагъо горэ къэхъуным кIэлъэIухэу, ау ар къызэхъум, ахэмэ ашIошъ агъэхъун амылъэкIэу хъугъэ. Петрэ урамым тетэу къэлапчъэм зэпимыгъэоу къытеощтыгъэ. Джащыгъум Петрэ иныбджэгъухэр щагум

къыдэкIыгъэх къэлапчъэм къытеорэр зэрагъэшIэнэу. Фэсакъыхэзэ, ахэмэ къэлапчъэр къызыIуахым, ащ Iутэу Петрэ алъэгъугъ. ГушIогъошхом зэлъиштагъэхэу ахэр ащ тезэрэгъэбэнагъэх.

Ау Петрэ бэрэ иныбджэгъухэм адэжь къинэн ылъэкIынэу щытыгъэп. Мары шIэхэу нэф къэшъыщт, дзэкIолIхэм ар зэрэкIодыгъэм гу зылъатэкIэ, икIэрыкIэу аубытыжьынэу ыуж къихьащтых. Ащ пае ныбджэгъухэм ахэкIыжьи, Петрэ къалэм дэкIыжьыгъ.

Пчэдыжьым жьэу дзэкIолIхэм алъэгъугъ Петрэ хьапсым зэрэчIэмысыжьыр ыкIи лъэшэу къэзэрэгъэщтагъэх. АшIэщтыгъ ахэмэ Ирод пачъыхьэ жъалымэу зэрэщытыр ыкIи Петрэ зэраIэкIэкIыжьыгъэм пае зэкIэ ахэмэ пшъэдэкIыжь зэрахьыщтыр. Петрэ зэрэкIодыгъэр Ирод зызэхехым, а чэщым хьапсым къэрэгъулэу Iутыгъэ дзэкIолIхэр зэкIэ ыдэжь къащэнхэу унашъо афишIыгъ ыкIи ахэмэ ащыщ пэпчъ еупчIыгъ арэущтэу хъун ылъэкIынэу зыкIэхъугъэмкIэ. Ау ахэмэ ащыщ горэми Ирод иупчIэ джэуап ритын ылъэкIыгъэп. ДзэкIолIхэр жъалымыгъэ шIыкIэкIэ ыгъэпщынэхи, Ирод Ерусалим дэкIыжьыгъ.

1. Исус игъогу рыкIохэрэр зэкIэ языгъэукIынхэ зыгу хэлъыгъэ пачъыхьэм сыда ышIагъэр?
2. Сыда Ирод Петрэ ришIэн ыгу хэлъыгъэр?
3. Хэта Петрэ шъхьафит зышIыжьыгъэр?
4. Хэта фэгумэкIыгъэр дзэкIолIхэм зыми гу лъамытэным?
5. А уахътэм сыда Петрэ иныбджэгъухэм ашIэщтыгъэр?



# 85. САУЛ ИСУС ЫШIОШЪ ЗЭРЭХЪУГЪЭР

Угу къэкIыжьа дин пащэхэр Стефан мыжъокIэ еохэ зэхъум, ахэмэ ящыгъын кIыIутелъхэм Саул пэсакIоу зэряIагъэр? Саул лъэшэу гушIогъагъэ Стефан лIагъэу зелъэгъум. Ащ ылъэгъу хъущтыгъэхэп Исус шIу зылъэгъухэу, Ар зышIошъ хъурэ цIыфхэр. Исус зышIошъ хъурэ цIыфхэр аубытынхэмкIэ ыкIи хьапсхэм ачIадзэнхэмкIэ ар дин пэщэшхом идзэкIолIхэм IэпыIэгъу афэхъущтыгъ. Исус иныбджэгъухэм Саул зэрябэныжьырэр ылъэгъу зыхъукIэ, дин пэщэшхом ар лъэшэу гуапэ щыхъущтыгъ. Саул къышIошIыщтыгъэр ежьым изекIуакIэ Тхьэми ыгу рихьэу ары. А тхьэмыкIэм ымышIэщтыгъэр Исус Тхьэм ЫкъоуI, дунаим и КъэгъэнэжьакIоу зэрэщытыр ары.

Исус зышIошъ хъурэ цIыфыбэ Ерусалим зэрэдэсыр Саул ыгу рихьыщтыгъэп. Ау мары ащ зэхихыгъэ фэшъхьаф къалэу Дамаскэ дэсхэм ащыщхэу аумэхъыхэрэр мафэ къэс нахьыбэ зэрэхъухэрэр. Джащыгъум ар дин пэщэшхом ыдэжь кIуи, фитыныгъэ къыIихыгъ Дамаскэ кIонышъ, ащ фэдэ цIыфхэр хьапсым чIидзэнхэу. Дин пэщэшхом къыфаIотагъэр лъэшэу ыгу рихьыгъ ыкIи Саул IэпыIэгъу фэхъунхэу ежьым идзэкIолIхэр ритыгъэх.

Саул Дамаск пэблагъэу нэсыгъагъ, зэкIэм нэфынэшхо ынэ къызыкIедзэм. Лъэшэу къэщынагъэу ащ чIыгум зыридзыхыгъ ыкIи ащ дэжьым ошъогум къиIукIырэ макъэ горэ зэхихыгъэ: „Саул, Саул, сыд пае Сэ къин сэбгъэщэчыра?“ Ар Исус ымакъэу щытыгъ, ау Саул ар ышIэщтыгъэп. „О ухэта Зиусхьан?“ – лъэшэу къэщтагъэу Саул къэупчIагъ. „Ар – Сэры, къин зэбгъэщэчырэ Исус ары“, – къыриIожьыгъ макъэм.

Ар Саул ылъэгъу мыхъурэ Исус арыгъэ. ЫкIи Ежьыр дэдэр ары ошъогум щыIэу джы Саул къыдэгущыIэщтыгъэри. Саул Исус лIагъэу шIошIыщтыгъэ. „Арымэ, ащыгъум Ащ ехьылIагъэу цIыфхэм аIорэр шъыпкъэ! Ар лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ, ошъогум дэкIоежьыгъ ыкIи джы Ар Зиусхьаным ренэу ыбгъукIэ къыгот,“ – егупшысэщтыгъ Саул. Лъэшэу зэрэщтагъэм пае кIэзэзызэ, ар упчIагъэ: „О Зиусхьан, сыда адэ джы сэ сшIэн фаер?“ – „Къэтэджыри, къалэм дахь! Ащ Сэ къыщыосIощт о пшIэн фаер“, – къыриIуагъ ащ Исус.

Саул игъусэгъэ цIыфхэм хъугъэр къагурыIуагъэп. Ахэмэ зэхахыщтыгъэ макъэу Саул къыдэгущыIэрэр, ау тыдэ плъагъэхэми, зыпари алъэгъущтыгъэп. Саул къэтэджыжьыгъ Исус пшъэрылъ къызэрэфишIыгъэм тетэу Дамаскэ кIонэу, ау сыда ащ къехъулIагъэр? Ынэхэм амылъэгъужьы хъугъэ. Ошъогум къикIыгъэ нэфынэшхом ар нэшъу ышIыгъ. Игъусэхэм ащ ыIэхэр аубытыхи, къалэм ащагъ.

Чэщ-мэфищэ нэшъу хъугъэ Саул унэ горэм илъыгъ. А мафэхэм зи ышхыгъэп ыкIи пси ешъуагъэп. Зэпимыгъэоу ар зэгупшысэщтыгъэр ежьым щэIэфэ псэкIодыбэ зэришIагъэр ары. Исус зышIошъ хъурэ цIыфыбэ хьапсым зэрэчIидзагъэр ыкIи Исус зэрэдэхьащхыщтыгъэри ащ ыгу къэкIыжьыгъ. Джы Саул Исус зэрелъэIущтыгъэр ипсэкIодшIагъэхэр къыфигъэгъунхэу ары.

А уахътэм Ананые зыцIэ лIы горэ Дамаскэ щыпсэущтыгъ. А къалэм дэсхэм ащыщэу Ананые зэкIэми апэу Исус ышIошъ хъугъагъэ. Джа дэдэр ары Исус Саул ыдэжь ыгъэкIонэу къыхихыгъагъэр. „Ананые!“ – зэхихыгъэ мафэ горэм Ананые Исус ымакъэ. „СыкъыодэIу, Зиусхьан!“ – риIожьыгъ Ащ мыдырэм. „Саул ыдэжь кIо!“ – ыIуагъ Исус. Ананые пэгъокI ритыжьыгъ: „О Зиусхьан, цIыфыбэхэм къаIуатэу сэ зэхэсхыгъэ Саул бзэджэшIэгъабэ Ерусалим щызэрихьагъэу, мыщи къызыкIэкIуагъэр О шIошъхъуныгъэ къыпфызиIэхэм ауж зэрифэнэу ары“. Ау Исус ащ пыдзагъэу къыриIуагъ: „О ащ ыдэжь умыкIо хъущтэп. Ар Сэ къахэсхыгъ. Сэ сызыфаер, ащ ежьым ышъхьэкIэ Сэ къысэхьылIагъэу Израилрэ фэшъхьаф хэгъэгухэмрэ ащыпсэурэ цIыфхэм афиIотэнэу ары“.



Джы Ананые ащ щэхъукIэ Саул ыдэжь кIонкIэ щынэжьыщтыгъэп. Ащ джы ышIэщтыгъэ Саули Исус ышIошъ зэрэхъугъэр. Джащ къыхэкIэу Саул зэрылъыгъэ унэм зэрехьэу Ананые ащ риIуагъ: „Сшэу Саул, унэхэу зымылъэгъухэрэр згъэхъужьынхэм пае Исус сэ уадэжь сыкъигъэкIуагъ. АщкIэ сэ IэпыIэгъу къысфэхъущт Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ“. Ащ нэужым ыIэхэр Саул ышъхьэ тырилъхьагъэх ыкIи ащ лъыпытэу ащ ынэхэм алъэгъоу хъужьыгъэх. ОшIа о анахьэу Саул зыкIэгушIощтыгъэр? Саул къыгурыIуагъ ащ ипсэкIодшIагъэхэр Исус къызэрэфигъэгъугъэхэр. Ащ ышIэщтыгъ Исус ежьыри шIу къызэрилъэгъугъэр ыкIи ащ ехьылIагъэу Саул зэкIэ джы цIыфхэм къафиIуатэ шIоигъуагъ.

Саул зэрэгушIорэр зелъэгъум, Ананые къыгурыIуагъ ишъыпкъэу ыгукIэ ащ Исус ышIошъ зэрэхъугъэр ыкIи Ар шIу зэрилъэгъугъэр. Джы Ананые Саул ыумэхъын ылъэкIыщтыгъэ ыкIи Ананые ар ыгъэцэкIагъ. Саул нахьыпэм фэдэу джы шхэни псы ешъони ылъэкIэу хъужьыгъэ.

А хъугъэ-шIагъэм ыуж Саул Исус икъэбар зэкIэми къафиIуатэу ригъэжьагъ. ЗэкIэ цIыфхэу Исус зышIошъ хъухэрэр ащ иныбджэгъу хъугъэх. Ау Дамаскэ дэсыгъэх цIыфыбэ Исус ашIошъ хъункIэ фэмыехэу ыкIи ахэр Саул иджэгъогъу хъугъэх. Ащ пае ахэмэ тыраубытагъ Саул аубытынышъ аукIынэу. Къалэм идэкIыжьыпIэ дэжь чэщи мафи ащ ешакIощтыгъэх къаубытын агу хэлъэу.

Саул инасыпкIэ иныбджэгъухэм а къэбарыр алъыIэсыгъэти, ащкIэ ежь макъэ къырагъэIугъ. Чэщым Дамаскэ икъэлапчъэхэр гъэпытагъэхэу зыщыщытхэм, Саулрэ ащ иныбджэгъухэмрэ къэлэ дэпкъым сакъыхэзэ, къекIолIагъэх. Ахэмэ къыздахыгъагъ мэтэшхо, ащ пышIэгъагъ кIапсэ гъум кIыхьэ. Къэлэ дэпкъ лъагэм дэкIоенымкIэ иныбджэгъухэр Саул IэпыIэгъу фэхъугъэх ыкIи ащ нэужым ащ матэр IэкIагъэхьагъ. Саул а матэм итIысхьи, иныбджэгъухэм фэсакъыхэзэ, ар дэпкъ кIыбымкIэ ратIупщэхэу рагъэжьагъ. ТIэкIу тешIагъэу матэр чIыгум нэсыгъ ыкIи Саул ащ къикIи, псынкIэу къалэм зыIуригъэхыгъ. Джы ар чIыпIэ щынэгъончъагъ зыдэщыIагъэр. Дамаскэ идэхьагъум ащ къыщежэщтыгъэ цIыфхэм джаущтэу зыпарэми гу лъатагъэп. Тхьэм Саул къыухъумэщтыгъ.

1. ДзэкIолIхэр игъусэхэу Саул сыд фэдэ къала зыдэкIогъагъэр?
2. Ошъогум къигущыIыкIи, хэта Саул къыдэгущыIагъэр?
3. Сыда Саул ошIэ-дэмышIэу къехъулIагъэр?
4. Сыда Ананые Саул ришIагъэр? Сыда Саул ащ фэдизэу зыкIэнасыпышIуагъэр?
5. Хэта Саул зыукIын зыгу хэлъыгъэр?
6. Сыдэущтэу Саул зыкъигъэнэжьын ылъэкIыгъа?
7. Хэта Саул къэзыухъумэщтыгъэр?



# *86. ИСУС ИКЪЭБАР ПАУЛ ЦIЫФХЭМ КЪЫЗЭРАФИIОТАГЪЭР*

Саул Исус игъогу рыкIорэмэ ащыщ хъугъэ. ЦIыфхэр джы Исус игъогу рыкIорэмэ апостолкIэ яджэхэу хъугъэ. ЫкIи Саул адрэ апостолмэ афэдэу хэгъэгур къыкIухьэзэ, Исус цIыфхэм аригъашIэщтыгъ. Апостол зэхъум, Саул фэшъхьафыцIэу Паул ыштагъ.

Паул ныбджэгъу дэгъу иIагъ Варнавэ ыцIэу. Зэгорэм ахэр зэгъусэхэу хэгъэгу чыжьэ горэм кIогъагъэх, а хэгъэгум егъашIэми Исус ехьылIагъэу зи щызэхахыгъэу щытыгъэп ыкIи тхьабэхэр арых ашIошъ хъущтыгъэр. А хэгъэгум исыгъэх джуртхэу Зиусхьаныр зышIошъ хъущтыгъэхэр, ау Ащ Ыкъоу Исус Христос ехьылIагъэу зыпари ашIэщтыгъэп. Паул зыфэягъэр КъэгъэнэжьакIом ехьылIагъэу ахэмэ къафиIотэнэу арыгъэ. Паулрэ Варнавэрэ зыдэкIогъэхэ хэгъэгум зэреджэщтыгъэхэр Кипр ыкIи хъурэябзэу ар хыхэмкIэ къэуцухьагъэу щытыгъ. КъухьэмкIэ Кипрэ къызэкIохэ нэужым Паулрэ Варнавэрэ къалэхэр ыкIи къуаджэхэр къакIухьэхэзэ, Исус ехьылIагъэу цIыфхэм къафаIуатэу рагъэжьагъ. Ащ щыпсэущтыгъэ джуртхэри ахэмэ къаIуатэхэрэм ядэIущтыгъэх. Зэгорэм Паулрэ Варнавэрэ къэлэшхо горэм къэкIуагъэх. ТIэкIу тешIагъэу ахэр ригъэблэгъагъэх къалэм ипащэу унэшхо зэтегъэпсыхьагъэм щыпсэурэм ыдэжь. Исус ехьылIагъэу ащи къэбархэр зэхихыхэмэ шIоигъуагъ. Пщыунэм зырагъэблагъэхэм, Паулрэ Варнавэрэ лъэшэу гушIогъагъэх. Къалэм ипащи зыгорэкIэ Исус шIошъхъуныгъэ фыриIэу хъун шъуIуа?

Ау а тхьаматэм иунэ дэхэшхо ЕлымэкIэ заджэщтыгъэхэ лIы горэм къулыкъу щихьыщтыгъ. Елымэ шхъухьашIэу ары зэралъытэщтыгъэр ыкIи шэйтаным къыриIощтыгъэр ары ныIэп ыгъэцакIэщтыгъэр. Ар зыкIи фэегъахэп къалэм ипащэ Исус ышIошъ хъункIэ. Ащ пае ар пащэм дэгущыIэу фежьагъ Паул къыIохэрэр зэкIэ пцIэу ышIошъ ыгъэхъуным пае. Ау Тхьэм Ыпсэ ЛъапIэ Паул IэпыIэгъу къыфэхъущтыгъ. Паул шхъухьашIэм еплъи, риIуагъ: „Тхьэм и ГущыIэ узэрекIэнэкIалъэрэм пае нэшъу ухъущт“.

ЗэкIэм Елымэ ыпашъхьэ къыщыушIункIыгъ ыкIи ар нэшъу хъугъэ. Лъэшэу къэщтагъэу ар къыкIэлъырыт цIыфхэм ялъэIоу ригъэжьагъ: „Хэтми зыгорэм сIэ къерэубыти мы унэшхом сырерэщыжь,“ – къыкIэлъэIущтыгъ ар. Джаущтэу Зиусхьаным Елымэ пшъэдэкIыжь ригъэхыгъ! ИнасыпкIэ Елымэ егъэшIэрэп нэшъу зэрэхъугъагъэр.

Къалэм ипащэ ылъэгъугъ хъугъэр зыфэдэр. Джы ащ теубытагъэу ышIэ хъугъагъэ Паулрэ Варнавэрэ Зиусхьаным илIыкIохэу зэрэщытхэр ыкIи ахэмэ зэкIэ къаIуатэхэрэр зэрэшъыпкъэхэр. Къалэм итхьаматэ ыгукIэ ышIошъ хъугъагъэ Исус – Тхьэм Ыкъоу ыкIи Ар ти КъэгъэнэжьакIоу зэрэщытыр.

ТIэкIу тешIагъэу Паулрэ Варнавэрэ джыри къухьэм итIысхьагъэх Исус ехьылIагъэу цIыфхэм къафаIотэнэу фэшъхьаф хэгъэгу кIонхэм пае. Ау къалэу Антиохием дэсыгъэх цIыфхэр Исус ехьылIагъэу къызэраIуатэрэм пае Паулрэ Варнавэрэ зылъэгъу мыхъущтыгъэхэр. Арыти, ахэр къалэм ипащэ ыдэжь кIохи, Паулрэ Варнавэрэ яхьылIагъэу къэбар гомыхьхэр къыфаIуатэхэу рагъэжьагъ. Ахэр къалэм ипащэ елъэIугъэх зэныбджэгъуитIур къалэм даригъэфынхэу. Паулрэ Варнавэрэ къалэр къабгынэн фаеу хъугъагъэ.

Къалэу зыдахьэхэрэ пэпчъ Паулрэ Варнавэрэ Исус ехьылIэгъэ къэбарышIур цIыфхэм къащыфаIуатэщтыгъэ. Ау къалэ пэпчъ дэсыгъэх цIыфхэр ти КъэгъэнэжьакIо зышIошъ зыгъэхъункIэ ыкIи ар шIу зылъэгъункIэ фэмыягъэхэр. Ори ошIэ, джыри Исус зышIошъ зыгъэхъункIэ ыкIи ар шIу зылъэгъункIэ фэмые цIыфхэр зэрэщыIэхэр. Адэ о Ар шIу олъэгъуа? ШIошъхъуныгъэ фыуиIа?

Джы мары аужыпкъэм Паулрэ Варнавэрэ ядэжь къэкIожьыгъэх. Гъогум тетхэ зэхъум, Тхьэм къызэриухъумагъэхэм пае ахэр гушIощтыгъэх ыкIи ащ пае Ащ щытхъу фашIыщтыгъэ. Ащ фэдизэу цIыфыбэмэ Исус ашIошъ зэрэхъугъэм пае ахэмэ Тхьэм щытхъу фашIыщтыгъэ. Ежьхэм япсэкIодшIагъэхэр ыпщыныжьынхэу къащым зэрэтелIыхьагъэм пае ахэмэ Исус щытхъу фашIыщтыгъэ.

1. Сыда Паулрэ Варнавэрэ Кипрэ зыкIэкIогъагъэхэр?
2. Къалэм ипащэ Исус ышIошъ хъуным хэта фэмыягъэр?
3. Сыд фэдэ пщыныжьа Елымэ ихьыгъэр?
4. Къалэм итхьаматэ сыда ышIошъ хъугъэр?
5. Ядэжь къызэкIожьыхэ нэужым, сыда Паулрэ Варнавэрэ Зиусхьаным щытхъу зыкIыфашIыщтыгъэр?





## *87. ПАУЛРЭ СИЛЭРЭ ХЬАПСЭМ ОРЭД КЪЫЗЭРЭЩАIУАГЪЭР,*



Мары джыри Паул гъогум техьагъ. Мызэгъэгум ащ гъусэ фэхъугъагъэр иныбджэгъоу Силэ ары. Охътэ тIэкIу тешIагъэу ахэр къалэу къызыдэкIогъагъэхэм бэшIагъэу зы нэбгырэ горэ дэсыгъ Исус ышIошъ хъугъэу ыкIи Ар шIу ылъэгъугъэу. Ащ ыцIагъэр Тимофей. „Исус ехьылIагъэу цIыфхэм къафэсIотэнымкIэ IэпыIэгъу укъысфэхъунэу уфэенба?“ – еупчIыгъ ащ Паул. Лъэшэу гушIозэ адрэр ащ къезэгъыгъ.

Мафэ горэм Паул, Силэ ыкIи Тимофей аIоу хыIушъом къэкIуагъэх. Паул джыри ышIэщтыгъэп Исус ехьылIагъэу къыщиIотэным пае хэгъэгоу зыдэкIощтыр. Ар фэягъ а гъогур Ежьым Зиусхьаным къыригъэлъэгъунэу. ЫкIи мары чэщ горэм чъыезэ Паул пкIыхьпIэ ылъэгъугъ. Хым иадырабгъу цIыф горэ Iутэу ащ Iэ къыфишIызэ Паул къеджэщтыгъэ, ар ыдэжь кIонэу.

Паул къэущыжьыгъ. Джы ащ ышIэщтыгъ хым иадрэ нэпкъ кIэлъырыс хэгъэгу чыжьэм ар кIон ыкIи ащ щыпсэурэ цIыфхэм Исус ехьылIагъэу къафиIотэн фаеу зэрэщытыр. Силэрэ Тимофейрэ къыгъэущыхи, хым иадрэ Iушъо зэпырызыщыщтхэ къухьэм лъыхъунэу Паул ыуж ихьагъ. Къухьэ пащэ горэ къезэгъыгъ ахэр зэпырищынхэу.

Мафэ заулэ тешIагъэу Паулрэ иныбджэгъухэмрэ зэрысыгъэ къухьэр къесылIагъ рим цIыфхэр бэу зыщыпсэущтыгъэ къалэу Филипп зыфиIорэм. Къалэм зэрэдахьэу Исус ехьылIагъэу цIыфхэм къафиIуатэу Паул ригъэжьагъ. Хъулъфыгъэ ыкIи бзылъфыгъэ заулэ ащ къедэIущтыгъэх. ЗэкIэм бзылъфыгъэ горэу Лидие зыцIагъэм къыгурыIуагъ Исус цIыфхэри, джащ фэдэу ежьыри шIу зэрилъэгъухэрэр ыкIи ежьи Исус и КъэгъэнэжьакIо хъумэ шIоигъуагъ. Джащ къыхэкIэу ар Паул къелъэIугъ ежь ыумэхъынэу. Паул ар псыхъом дэкIуагъ ыкIи ар ащ щиумэхъыгъ. Ау Филипп дэсыгъэх цIыфхэр Исус фэгъэхьыгъэу цIыфхэм къафаIуатэщтыгъэм пае Паулрэ Силэрэ зылъэгъу мыхъущтыгъэхэр. Джащ къыхэкIэу ахэмэ апостолымрэ ащ иныбджэгъурэ аубытхи, рим цIыфхэм адэжь ахэр ащагъэх ыкIи ямыхьакъ IофыгъохэмкIэ агъэмысэнхэу къапыхьагъэх. Ахэр зышIошъ хъугъэ рим цIыфхэр джы Паулрэ Силэрэ къафэгубжыгъэх ыкIи яджэнэ кIыIутелъхэр ащатхъыхи, укIыкIаеу къаукIыгъэх. ЕтIанэ ахэр хьапсэм чIадзагъэх.

Паулрэ Силэрэ алъыплъэнэу хьапсэм икъэрэгъулэ пшъэрылъ фашIыгъагъ. Хьапсэм хэт чIыунэу анахь шIункIым ыкIи анахь гомыIум ахэр ащ чIигъэтIысхьагъэх, ары пакIошъ, загъэхъыен амылъэкIынэу алъакъохэр пхъэ лъэхъухэм адалъхьагъэх.

Чэщыгъэ, ау Паулрэ Силэрэ чъыещтыгъэхэп. Рим цIыфхэр къызэряуагъэхэм пае ахэмэ акIыбхэр лъэшэу узыщтыгъэх, ау ахэмэ агу агъэкIодыщтыгъэп. НэбгыритIуми сабурхэр – джары тэ Тхьэм фэгъэхьыгъэ орэдхэм тызэрядждэрэр – къаIохэу рагъэжьагъ. Паулрэ Силэрэ афэшъхьафэу хьапсэм нэмыкI цIыфхэри бэу чIэсыгъэх ыкIи ахэмэ къагурыIон алъэкIыщтыгъэп ащ фэдэ гъочIэгъ гукIодыпIэм Паулрэ Силэрэ орэд къыщаIон зэралъэкIыщтыгъэр.

Ау мары ошIэ-дэмышIэу хьапсэр къэтIыгурыгугъ, чIыгур сысэу къыригъэжьагъ. Хьапсэм ипчъэхэр ежь-ежьырэу къызэIукIыгъэх, хьапсчIэсхэм алъакъохэм ателъ пхъэ лъэхъухэр къэчагъэх ыкIи ежьхэр фаехэмэ, зэкIэ ахэр хьапсэм къычIэкIыжьынхэ алъэкIынэу хъугъагъэ. Джаущтэу Тхьэм Ежь чIыгусыс ышIыгъ! Ау хьапсчIэсхэр лъэшэу ащ зэригъэщтэгъагъэхэм ыпкъ къикIыкIэ чIыпIэ икощыкIынхэ алъэкIыщтыгъэп.

Хьапсэм икъэрэгъулэ елбэтэу ядэжь къикIи, хьапсэм къэчъагъ. Ащ ылъэгъугъ зэкIэ пчъэхэр зэрэIухыгъэхэр ыкIи лъэшэу къэщтагъ ыкIи егупшысагъ: „Рим цIыфхэм сэ пшъэдэкIыжь пхъашэ сагъэхьыщт зэкIэ хьапсчIэсхэр зэрэзэбгырычъыгъэхэм пае. Сыда адэ сэ джы сшIэщтыр?“ Хьапсэм икъэрэгъулэ зыщыщынэщтыгъэр пшъэдэкIыжь рагъэхьын зэрэфаер ары! Ау а уахътэм ащ зэхихыгъэ Паул ымакъэ: „Умыщын! Тэ тычIэкIыжьыгъэп!“ Остыгъэр ыпхъуати, хьапсэм икъэрэгъулэ Паулрэ Силэрэ зычIэсыхэ гъочIэгъым ечъэхыгъ. Ахэр зэрелъэгъухэу ахэмэ апашъхьэ лъэгонджэмышъхьэкIэ итIысхьи, ариIуагъ: „Сыда джы сэ сшIэщтыр?“ Паул ащ мырэущтэу риIуагъ: „Ти Къэгъэнэ-



жьакIоу Исус Христос пшIошъ гъэхъури, джащыгъум ори уиунагъуи зи къышъохъулIэщтэп!“

Хьапсэм икъэрэгъулэ Паулрэ Силэрэ ежьым ыуж ригъэуцохи, чIыунэм къычIищыжьыгъэх, етIанэ яуIагъэхэм Iэзэгъу уцыхэр ащифэхи, ыпхыгъэх. Паулрэ Силэрэ хьапсэм икъэрэгъулэ ыкIи ащ иунагъо Исус ехьылIагъэу бэ къафаIотагъэр. Апостолымрэ ащ иныбджэгъурэ къаIуатэрэм едэIунхэу хьапсэм икъэрэгъулэ иунэIутхэри къэзэрэугъоигъэх. ЗэкIэ ахэмэ ашIошъ хъугъэ Исус Къэгъэнэжьак Iоу зэрэщытыр ыкIи Ащ ахэмэ япсэкIодшIагъэхэр зэрафигъэгъущтхэр. ЕтIанэ Паул ахэр зеумэхъыхэм, хьапсэм икъэрэгъулэ Паулрэ Силэрэ ежьым ыдэжь ыщэхи къыгъэшхагъэх. Апостолымрэ ащ иныбджэгъурэ афэгумэкIын зэрилъэкIырэм пае ар гушIощтыгъ. Ащ нахьи нахыбэу ар зыкIэнасыпышIуагъэр Исус ышIэу зэрэхъугъэр ары.

ЯтIонэрэ мафэм рим цIыфхэм къагурыIуагъ къэлэдэсхэм Паулрэ Силэрэ яхьылIагъэу зэхалъхьэгъэ къэбархэр зэкIэ зэрэмышъыпкъэхэр ыкIи апостолымрэ ащ иныбджэгъурэ къатIупщыжьыгъэх. Паулрэ Силэрэ Лидие – Исус шIошъхъуныгъэ ин фызиIэ хъугъэ бзылъфыгъэм – ыдэжь кIуагъэх. Ау ахэмэ джыри апэкIэ кIонхэ фэягъэ. Джащ пае мэфэ заулэ тешIагъэу ахэр яныбджэгъухэм аIапэ къаубытыжьи, къалэм дэкIыжьыгъэх. Тимофей иныбджэгъукIэхэм адэжь джыри мэфэ заулэрэ щыIэнэу къэнагъ.

1. Паулрэ Силэрэ гъусэ афэхъугъэгъэ лIым сыда ыцIагъэр?
2. Паул Филипп щиумэхъыгъэ бзылъфыгъэм сыда ыцIагъэр?
3. Хьапсэм чIэсыхэзэ, Паулрэ Силэрэ адеIэным пае сыда Зиусхьаным ышIагъэр?
4. Хьапсэм икъэрэгъулэ сыда къехъулIагъэр?



# *88. ПАУЛ ХЬАПСЭМ ДЖЫРИ ЗЭРЭЧIЭФАГЪЭР*

Мафэ горэм Паул Ерусалим дэсызэ, Тхьэм иунэшхо кIуагъэ Исус ехьылIагъэу цIыфхэм къафиIотэнэу. Джурт дин пащэхэм ар ашIэжьыгъ ыкIи къэзэрэгъэкууагъэх: „Израил лъэпкъ цIыфхэр! Мы лIыр къэтэжъугъэубыт! Тилъэпкъырэ ти Тхьэ иунэшхорэ ащ мыскъарэ къешIых!“ Ар шъыпкъагъэп, ау Тхьэм иунэшхо къекIолIэгъэ цIыфхэр ащ щыгъозагъэхэп ыкIи дин гъэсакIомэ къаIорэр ашIошъ хъугъэ. Паул къаубыти, гухьэгужъ фыряIэу ар Тхьэм иунэшхо къычIадзыгъ ыкIи пчъэхэр къыфашIыжьыгъэх.

Ау урамэу къызытехьагъэми цIыф пцIапIэхэм Паул гупсэф щыратыгъэп. Ахэр ащ дэхьащхыхэу ыкIи еохэу рагъэжьагъ. Мыщ дэжьым ахэмэ ежьым идзэкIолIхэр зигъусэхэу урамым къырыкIорэ рим дзэ пащэ алъэгъугъ. Паул еоныр ахэмэ зэпагъэугъ ыкIи рим дзэлIхэм гъогу аратэу ахэмэ апашъхьэкIэ щызэбгырыкIотыгъэх. Дзэ пащэр ахэмэ яупчIэу ригъэжьагъ: „Сыда къэхъугъэр? Сыда мы лIым шъузыкIеорэр?“ Зым зыр зэпигъэоу, ахэмэ рим дзэкIолI пащэм къыфаIуатэу рагъэжьагъ Паул зэрагъэмысэрэр. Бырсырэу къаIэтыгъэм къыхэкIэу рим дзэ пащэм зыпари къыгурыIуагъэп. Ащ пае игъусэхэм унашъо афишIыгъ иIоф зэхафыным пае Паул зэкIоцIапхэнышъ, дзэлIхэр зэрылъхэрэ унэм ащэнэу.

Купыр ахэмэ ауж ихьагъ. ЦIыфхэр рим цIыфхэм къатехьапэщтыгъэх ыкIи къызэретIыргу зэпытхэм къыхэкIэу Паули рэхьатэу кIон ылъэкIыщтыгъэп. Джащыгъум рим дзэкIолIхэм Паул къаIэти, атамэ тыралъхьи, рахыжьагъ. Къызыдащэгъэ унэм къызэсыхэм, дэкIоепIэ шъуамбгъомкIэ ар дахыягъ. ЦIыф купэу къадэкIуагъэр щагум къыдэнагъ. Паул рим дзэ пащэм елъэIугъ а лъэгапIэм тетэу цIыфхэм адигъэгущыIэнэу, адрэри ащ къезэгъыгъ.

Паул ащ лъыпытэу цIыфхэм къадэгущыIэу ригъэжьагъ. ЗэкIэм цIыфхэр рэхьатыгъэхэу Паул къафиIуатэрэм агу етыгъэу едэIущтыгъэх. Адрэм къыIуатэщтыгъ Исус ар Дамаскэ къызэрэщигъэнэжьыгъэр, фарисейхэм Стефан зэраукIыгъэр ыкIи ар ежьым ынитIукIэ зэрилъэгъугъэр. „Исус сэ къысиIуагъ, хымэ лъэпкъхэм адэжь сыкIонышъ, Зиусхьаным ехьылIагъэу къафэсIотэнэу“ – къыIуатэщтыгъэ Паул. Къэзэрэугъоигъэ цIыфхэм ахэтыгъэх джурт дин пащэхэри. Паул игущыIэхэм ахэр лъэшэу къагъэгубжыгъэх: „Сыдэущтэу ащ гу тыришIыхьагъа Зиусхьаным ехьылIагъэу хымэ лъэпкъхэм къафиIотэнэу! Зиусхьаныр – Ар джуртхэр ары ныIэп зи Тхьэр! Ащ пае ар укIыгъэн фае!“ ЫкIи ахэмэ псынжъыр Паулэ тыраупцIэу рагъэжьагъ. Дзэ пащэм идзэкIолIхэм унашъо афишIыгъ дзэкIолIыхэр зэрысыхэрэ унэм Паул ращэнэу. Джащыгъум купыр зэбгырыкIыжьыщт. ЦIыфхэр тIэкIурэ зэбырысырыхэ уж шIэхэу зэбгырыкIыжьыгъэх.

Паул къалэм шъхьафитэу дэхьаныр щынагъоу дзэ пащэм ылъытэщтыгъ. Ар зытещыныхьэщтыгъэр джурт дин пащэхэм ар аукIын агу хэлъэу ыуж къихьанхэр ары. Джащ къыхэкIэу рим дзэ пащэм апостолыр дзэкIолIмэ яунэ щиIыгъыгъ, етIанэ чэщым, дзэкIолI купышхо ухъумакIоу гъусэ фишIи, ар нэмыкI къалэу Кесарием аригъэщагъ а къалэм иIэшъхьэтет иунэшхо щаIыгъынэу. А унэшхом хэтыгъ хьапсэ унэ, ары Паули къыздащагъэр.



Лъэшэу Паул ыгъэгумэкIыщтыгъэ Исус ехьылIагъэу ащ щэхъукIэ цIыфхэм къафиIотэн зэримылъэкIыгъэр. Арэу щытми, ар щыгугъыщтыгъэ Зиусхьаным гум къызэрэримынэщтым. Пчэдыжьым ар къалэм иIэшъхьэтет елъэIугъ, зыпари бзэджэшIагъэ зэрэкъомылъыр къыгъэшъыпкъэным пае Рим дэс императорым ыдэжь аригъэщэнэу.

Мэфэ заулэ тешIагъэу Паул Рим арагъэщагъ. Гъогум тетыфэхэ Зиусхьаным Паул къыухъумагъ. Ар зыфэягъэр Рим зынэсыкIэ, Паул ащи Исус Христос ехьылIагъэу цIыфхэм къащыфиIотэнэу арыгъэ.

1. Тыдэ щыIагъа Паул дин пащэхэм ар аукIынэу зырахъухьэм?
2. Рим идзэкIолIхэм тыда Паул зыдащагъэр?
3. БзэджэшIагъэ гори зэрэкъомылъыр Паул хэта зэриIотэн ыгу хэлъыгъэр?
4. Гъогум тетыфэ, хэта Паул къэзыухъумэщтыгъэр?
5. Хэт ехьылIагъэу ара Паул Рим къыщиIотэн фэягъэр?



# *89. ПАУЛ РИМ КIОРЭ ГЪОГУМ ЗЭРЭТЕТЫГЪЭР*

Рим кIорэ къухьэу Паул зэрысыгъэм фэшъхьаф хьапсэ зытыралъхьагъэхэри исыгъэх. ХьапсчIэсхэм къэрэгъулхэу ашъхьащытыгъэхэр дзэ пащэу Иулый зыцIагъэр зипэщэ дзэкIолIхэр арых. Гъогум тетыфэ, Иулый апостолым дэгущыIэу бэрэ къыхэкIыгъ.

Ау мы къухьэр занкIэу Рим кIощтыгъэп. Ащ пае къухьэуцупIэхэм ащыщ горэм зэкIэ хьапсчIэсхэр фэшъхьаф къухьэу фышъхьэ лэжьыгъэ Рим зыщэщтыгъэм итIысхьажьыгъагъэх. ЕтIанэ ахэр кIымафэр щырахынэу хыгъэхъунэ горэм къыщыуцунхэу рахъухьагъ. Ау хыгъэхъунэу ахэр къызыщыуцугъэхэм икъухьэуцупIэ цIыкIоу ыкIи кIымафэр щипхынкIэ мыIэрыфэгъоу къычIэкIыгъ. Джащ къыхэкIэу къухьэм ипащэ тыриубытагъ джыри фэшъхьаф къухьэуцупIэ тэрэз лъыхъунхэу. „Мыщ тыкъанэмэ, тэрыкIэ нахьышIу, – риIуагъ Паул къухьэм ипащэ, – джы дэдэм хым утехьанкIэ щынагъо“. Ау къухьэм ипащэ апостолым къедэIугъэп ыкIи ятIонэрэ мафэм ипчэдыжь жьэу ахэр хым техьажьыгъэх.

Мафэр ошIугъэ, хыри рэхьатыгъ. Ау ошIэ-дэмышIэу жьыбгъэшхо къилъыгъ: хыор-хыоешхор къежьагъ. Хыорышхомэ къухьэр бгъу пстэумкIи зэрадзэщтыгъэ. Чэтэн убгъугъэхэр матросхэм къухьэм рагъэIыхыгъэ нахь мышIэми, къухьэр зэрэфаехэу агъэIорышIэн алъэкIыщтыгъэп. Жьыбгъэу къепщэрэр нахь лъэш хъу зэпытыщтыгъ, къухьэр ыцIыцIыщтыгъ, псыр къухьэ кIыIум къытырикIэщтыгъ. Къухьэр нахь псынкIэ хъуным пае къухьэм ипащэ унашъо ышIыгъ зэкIэ ащ илъыр хым хадзэнхэу.

Мэфэ заулэ хъугъэ жьыбгъэшхор къызепщэщтыгъэр. ЗэкIэ а мафэхэм къакIоцI зы нэбгыри чъыягъэп ыкIи шхагъэп. Псаоу къэнэнхэм цIыфхэр щыгугъыжьыщтыгъэхэп. Джащыгъум Паул ахэмэ ариIуагъ: „Сэ шъукъысэмыдэIоу гъогум шъукъытехьагъ, ау шъумыщын: тащыщэу зы нэбгырэ гори хэкIодэщтэп. Зиусхьаным сэ ащкIэ гущыIэ къыситыгъ“. Ау цIыфхэм джыри Паул къыIохэрэр ашIошъ хъугъэхэп.

ИкIэм-икIэжьым жьыбгъэшхоу къепщэрэм къухьэр хыгъэхъунэм рифылIэу ригъэжьагъ. Ау а хыгъэхъунэм инэпкъыхэр къушъхьэ цэлэ пытэу щытыгъэх ыкIи къухьэм ипащэ зытещыныхьэщтыгъэр жьыбгъэм къухьэр нэпкъ пытэм тыридзэнышъ, зэхикъутэныр арыгъэ. Ащ пае къуашъор къухьэм ритIупщэхыгъ ыкIи иматросхэмрэ ежьырырэ а хыгъэхъунэм екIолIэнхэу, ау хьапсчIэсхэмрэ дзэкIолI къэрэгъулхэмрэ къухьэм къыринэнхэу рихъухьагъ. Ау къухьэм ипащэ икъумалыгъэ гухэлъ зыфэдэр Тхьэм Паул ригъэшIэгъагъ ыкIи Паул ар Иулый риIотэжьыгъ. Арыти, Иулый дзэкIолIхэм адэжь чъи, унашъо афишIыгъ къуашъор къухьэм зэрепхыгъэ кIапсэр зэпаупкIынхэу. Джы къухьэм ипащэрэ матросхэмрэ ашъхьэ закъо къагъэнэжьын алъэкIынэу щытыжьыгъэп!

Ащ нэужым Паул зэкIэ цIыфхэр къыугъоихи, мырэущтэу ариIуагъ: „Непэ ямэфэ пшIыкIуплI шъо зыпари зышъумышхырэм. КIуачIэ тиIэным ыкIи зыкъэдгъэнэжьын тлъэкIыным пае тэ зэкIэми тышхэн фае“. Паул хьалыгъур къышти, Зиусхьаным щытхъу фишIи, шхэнэу ыублагъ. Адрэхэми ащ щысэ тырахи, шхэхэу аублагъ.

Нэпкъым екIолIэнхэу зыфежьэхэм, къухьэр псынылджым тенагъ. Ар чIыпIэ ибгъэкощыкIын плъэкIынэу щытыгъэп, хыорхэм ар джы зэхакъутэщтыгъэ. Джащыгъум Иулый унашъо афишIыгъ зэкIэ есын зылъэкIыхэрэр ежьыр-ежьырэу нэпкъым есылIэнхэу, есын зымылъэкIыхэрэм пхъэмбгъухэр аIыгъхэу, амал зэряIэкIэ нэпкъым нэсынхэу. Ащыгъум зэкIэ хьапсчIэсхэр зэбгырычъыжьынхэм тещыныхьэхэу дзэкIолIхэм Иулый раIуагъ: „Ыпэ рапшIэу тэ зэкIэ хьапсчIэсхэр тыукIынхэшъ, етIанэ тэ нэпкъым тесылIэн фае“.

Ау Иулый ащ къезэгъыгъэп, сыда пIомэ ежьым лъэшэу шIу ылъэгъущтыгъэ Паул ахэмэ ахэтыгъ. Зиусхьаным джыри зэ Паул къыгъэнэжьыгъ. ЗэкIэ цIыфэу къухьэм исыгъэхэр ежьыр-ежьырэу е пхъэмбгъухэр аIыгъхэу есыхэзэ, хыкъумэ нэпкъым дэгъоу нэсыгъэх. Ахэмэ ащыщ гори псым ытхьалагъэп. Зиусхьаным апостолыр къызэригъэгугъагъэм фэдэ къабзэу зэкIэри зэпыфагъэ.

Къухьэм исыгъэхэр зэкIэ нэпкъым зытехьэхэм, хыгъэхъуным щыпсэухэрэр ахэмэ IэпыIэгъу къафэхъухэу рагъэжьагъ. Ахэмэ пхъэ мэшIошхо ашIыгъагъ хыуаем къелыжьыгъэхэм загъэчъэпхъыжьыным пае. Паули машIом пае куамэхэр къыугъоигъэх. ЗэкIэм куамэхэм блэшхо къахэпши, Паул ыIэ зыкъырищэкIыгъ. Ар лъэшэу щынэгъуагъэ, сыда пIомэ а блэр заорэр щэнаутым ыгъалIэщтыгъэ. Паул блэр ыIэ пидзи, машIом хидзагъ, ау ар къецэкъэнэу игъо ифагъ. Зиусхьаным Паул къыухъумэщтыгъэ ыкIи апостолым зыпари къыщышIыгъэп. Хыгъэхъунэм щыпсэущтыгъэхэм лъэшэу агъэшIэгъуагъ блэр зэцэкъэгъэ Паул псаоу къызэрэнагъэр ыкIи ащ фэшI Паул тхьэкIэ алъытагъ. ЛIы бай горэм Паул иунэ ригъэблагъи, ыхьэкIагъ. Ащ ыужым а лIым ятэ сымаджэ хьылъэ хъугъэ. А къэбарыр Паул зэхи-

хыгъэти, лIыжъыр зэрылъ унэм кIуагъэ. ЛIыжъ сымаджэр ыгъэхъужьынэу ар Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ. Апостолым итхьэлъэIу Зиусхьаным зэхихыгъэ ыкIи лIыжъыр хъужьыгъэ.

А къэбарыр зызэхахым, зэкIэ хыгъэхъунэм сымаджэу тесхэр Паул ыдэжь къэкIуагъэх яIэзэн ыкIи ыгъэхъужьынхэм пае. Паул нэбгырэ пэпчъ пае Тхьэм елъэIущтыгъ ыкIи Зиусхьаным ар зэхихыгъэ, зэкIэри псаоу хъужьыгъэх. АщкIэ зэрэфэразэхэм пае хыгъэхъуным тесхэр кIымэфэ реным Паулрэ хыоешхом зэкIэ псаоу къэнагъэхэмрэ зэралъэкIыкIэ къафэгумэкIыгъэх.

КIымафэр зекIым, Рим гъогум техьажьынхэу Иулый рихъухьагъ. Хыгъэхъунэм икъухьэуцупIэ зы къухьэ къыIуагъэтагъ. А къухьэм ипащэ зэкIэ ахэр Италием нигъэсынхэу къезэгъыгъ.

Сыдэу хъуми, Паулрэ адрэ хьапсчIэсхэмрэ Рим къэсыгъэх. А къалэм къыщехъулIэщтыр ащ ышIэщтыгъэп, ау ащ ицыхьэ телъыгъ а къалэм зэрэдэсэу, Зиусхьаным гум зэрэримынэщтым.

1. Паул къухьэм исы зэхъум, сыда ащ къыщыхъугъэр?
2. Псаоу къэнэжьынхэм щымыгугъыжьхэ зэхъум, сыда Паул цIыфхэм ариIуагъэр?
3. Сыда дзэкIолIхэм хьапсчIэсхэм арашIэн агу хэлъыгъэр?
4. Сыда Паул хыгъэхъунэм къыщехъулIагъэр?
5. Гъогум тетыфэ хэта Паул къэзыухъумэщтыгъэр?



## *90. ИУАН ХЫГЪЭХЪУНЭУ ПАТМОС ЗЭРЭЩЫIАГЪЭР*

Хым ыгузэгу илъыгъ хыгъэхъунэу ПатмоскIэ заджэщтыгъэхэр. Мафэ горэм а хыгъэхъунэм къухьэ горэ къыщыуцуи, лIыжь горэ ащ къикIыгъ. Къухьэр игъогу техьажьыгъ.

ЛIыжъыр изэкъуабзэу хыгъэхъунэм къытенагъ. ИуанкIэ ащ еджэщтыгъэх. Исус игъогу рыкIорэмэ ар ащыщыгъ. Илъэсыбэмэ къакIоцI ащ цIыфхэм къафиIотагъ ти КъэгъэнэжьакIо, Исус Христос ехьылIагъэу. Ау Рим императорыкIэ иIэ хъугъагъэ ыкIи ащ ылъэгъу хъущтыгъэп Исус шIу зылъэгъурэр ыкIи Ар зышIошъ хъурэ пстэури. Исус игугъу амышIынэу ащ унашъо ышIыгъагъ, ау Иуан ащ къыгъэуцугъэп. Тыдэ кIуагъэми, ти КъэгъэнэжьакIо ехьылIагъэу цIыфхэм къафиIуатэщтыгъ. Джащыгъум рим цIыфхэм ар аубыти, хыгъэхъунэу Патмос къащагъ ыкIи изакъоу ащ къытыранагъ.

Тхьаумэфэ мафэ горэм Иуан хыIушъом Iутыгъ. ЗэкIэм ащ макъэ горэ зэхихыгъэ – ар Исус ымакъ арыгъэ. Ар Иуан къеджэщтыгъ! Иуан Исус ымакъэ зэрэзэхихыщтыгъэм имызакъоу, Ежьыр шъыпкъэри ынитIукIэ ылъэгъущтыгъ. Дышъэ бгырыпх зэрылъ щыгъын кIыIутелъ тегъэпсыхьагъэ Исус щыгъыгъ. Иуан къыдэгущыIэу Исус къыригъэжьагъ. „О тхылъ птхын фае ыкIи уиныбджэгъумэ, къэлиблэу зыдэсхэм афэбгъэхьыщт, сэ къыпфэсIотэщтыр ахэмэ ашIэн фаешъ“, – къыриIуагъ Ащ.

Лъэшэу ыгу етыгъэу Иуан Исус едэIущтыгъэ. Iофышхо шIагъо горэ къэхъугъэу ащ къышIошIыщтыгъэ. „ЗыгорэкIэ сэчъые шъуIуа сэ?“ – зэриIожьыгъэ ащ. Ау мыщ дэжьым ащ уашъом рилъэгъуагъ Тхьэм итIысыпIэ. Ылъэгъугъ ащ мэлэIичыхэмрэ цIыфхэмрэ, Тхьэм итахътэ къеуцокIыгъэхэу кIэлъырытыгъэхэр. Уашъор дышъэм хэшIыкIыгъэ къалэм фэдагъ ыкIи Зиусхьаным итахътэ тыгъэм фэдэу жъыутэхыщтыгъ. Сымаджэхэр ыкIи чэфынчъэхэр ащ щыIагъэхэп. Хэти сыди щыщынэщтыгъэп ыкIи хэти гъыщтыгъэп. ЗэкIэри насыпышIуагъэх.

Исус Иуан къыриIуагъ: „Сэ шIэхэу сыкъэкIощт!“ ЫкIи Иуани ащ пэгъокI ритыжьыгъ: „КъакIо, къакIо, Зиусхьан! Тэ тыкъыожэ!“

Исус хыгъэхъунэу Патмос Иуан къыщыфиIотагъэхэм ащыщыбэр орыкIэ джыри зэхэшIыкIыгъуаеу щыт. Ау о угу иуубытэн фаер зэгорэм Исус мы дунаим къызэригъэзэжьыщтыр ары. Ар уашъом къикIынышъ, мы дунаем къэкIощт, ори уилъэгъущт. Ащ зэригъэшIэщт икъукIэ о Ар шIу олъэгъумэ е умылъэгъумэ.

Исус тидунай къэкIофэкIэ илъэс пчъэгъабэ тешIэнкIи мэхъу. ШIэх дэдэу ар хъункIи пшIэщтэп. Тэ ар тшIэрэп. Ау Исус уашъом къызехыкIэ, о умыщын! Ар шIу олъэгъоу, уицыхьэ телъэу щытмэ, о Ащ ренэу уригъусэн плъэкIыщт. ШIу лъэгъу Исус! Зиусхьаным фэлажь ыкIи Ащ щытхъу фэшI!

Джы мары Библием щыщ къэбархэр зыдэт титхылъ цIыкIу тыухыгъэ. О пхахъоу иныы узыхъукIэ, зэкIэ ахэм Библием уащеджэн плъэкIыщт. Библием зэкIэ ахэр нахь Iужъоу зэхэлъэу итхагъэх, бэкIи ар нахь шIагъу. Библиер – ар Зиусхьаным и Тхылъэу щытыба! Мы къэбархэм афэшъхьафэу ащ нэмыкI къэбарыбэхэри дэтых.

Хыгъэхъунэу Патмос Иуан щитхыгъэр ары Библием иаужырэ Iахьэу щытыр. ЫкIи аужырэ гущыIэхэу Иуан ытхыгъагъэхэр мыхэр арых: „Ти Зиусхьанэу Исус Христос ынэшIу шъо пстэуми къышъущерэф. Амин!“

Сэри о къыбдэхъумэ сшIоигъу Исус мафэ къэс уигъусэнэу. Мафэ къэс Ащ елъэIу. ЕлъэIу Ащ сыдигъокIи о уигъусэнэу!



1. Тыда зыдэщыIагъэр Иуан Исус ымакъэ зызэхехым?
2. Сыда Иуан ылъэгъугъэр?
3. Хэта тэ тадэжь, мы дунаим къэзыгъэзэжьыщтыр?
4. Зиусхьаным ыкIи Исус Христос яхьылIэгъэ къэбархэр зэкIэ сыд фэдэ Тхылъыр ара зыдэтхэр?
5. СыдкIэ о ренэу Исус уелъэIун плъэкIыщта?



*ДЭТХЭР:*


1. Тхьэм дунаир къызэригъэшIыгъэр
2. Тхьэм Адамэрэ Хьаомрэ къызэригъэхъугъэхэр
3. Апэрэ псэкIодыр
4. Каинрэ Авелрэ
5. Псыкъиугъэшхор
6. Тхьэм Ежьымрэ Нухьэрэ азыфагу зэзэгъыныгъэ зэрэдилъхьагъэр
7. Тхьэм фэлажьэрэ Ибрахьим
8. Хьэджэррэ Исмахьилэрэ
9. Ибрахьимэ Исхьакъ къурмэн ышIын фаеу зэрэхъугъэр
10. Якъубэ гъэпцIакIор
11. Тхьэм ынэшIу Якъубэ зэрэщифагъэр
12. Юсыф пкIыхьэпIэлъэгъур
13. Юсыф хьапсэм зэрэчIэсыгъэр
14. Юсыф – пачъыхьэм иIэпыIэгъу шъхьаIэу зэрэхъугъэр
15. Юсыфрэ ащ ышыхэмрэ
16. Мусэ пегъымбарыр
17. Мусэ Зиусхьаным фэлэжьэнэу зэрэхъугъэр
18. ТхьамыкIэгъуипшI
19. Израил цIыфхэр Мысырым зэрикIыжьыгъэхэр
20. Израил цIыфхэр Хы Плъыжьым зэрэзэпырыкIыгъэхэр
21. Израил цIыфхэм шъоф нэкIым къызэрэщакIухьагъэр
22. Синай къушъхьэм дэжь
23. Ханаан екIурэ гъогу кIыхьэр
24. Раав израил нэбгыритIум IэпыIэгъу зэрафэхъугъэр
25. Израил цIыфхэр Иордан псыхъом зэрэзэпырыкIыгъэхэр
26. Ерихон идэпкъыхэр
27. Гедеон лIыхъужъыр
28. Шимшон кIочIэшхор
29. Шимшонрэ филишт цIыфхэмрэ
30. Моав хэгъэгум щыщ бзылъфыгъэу Рут
31. Зиусхьаным фэлажьэрэ Шамуел
32. Саул – Израил иапэрэ пачъыхь
33. Мэлэхъо шъэожъыеу Даут
34. Даут Голиат зэрэтекIуагъэр
35. Даут пачъыхьэу Саул IэкIэкIыжьын фаеу зэрэхъугъэр
36. Даут пхъонтэ лъапIэр Ерусалим зэрихьыжьыгъэр
37. Пачъыхьэ Iушэу Сэлмэн
38. Пегъымбарэу Иляс
39. Пегъымбарэу Iэлишэ
40. Тхьэм Ниаман зэригъэхъужьыгъэр
41. Тхьэм Ионэ Ниневием къызэригъэкIуагъэр
42. Пегъымбарэу Исайас
43. Пачъыхьэу Хизкие
44. Даниелрэ ащ иныбджэгъухэмрэ
45. Даниелрэ аслъанхэмрэ
46. Бзылъфыгъэ пачъыхьэу Эстер
47. МэлэIичэу ДжэбраIил къэбарэу къыIотагъэр
48. Исус къызэрэхъугъэр
49. Тыгъэ къыкъокIыпIэмкIэ къикIыгъэ тхьагурымагъохэр

50. Илъэс пшIыкIутIу зыныбжь Исус Тхьэм иунэшхо зэрэкIуагъэр
51. Иуан УмэхъакIом Исус зэриумэхъыгъэр
52. Апэрэхэу Исус игъогу техьагъэхэр
53. Канэ къуаджэм нысащэ зэрэщыIагъэр
54. Исус Тхьэм иунэшхо щэн-щэфакIохэр зэрэчIифыгъэхэр
55. Исус кIэлэцIыкIу сымаджэр зэригъэхъужьыгъэр
56. КъошъуитIоу пцэжъыехэр зэрызыбзэхэр
57. Исус Вифездэ дэжь сымаджэр зэрэщигъэхъужьыгъэр
58. Исус шъузабэм ыкъо къызэригъэхъужьыгъэр
Исус Рим дзэ пащэм иунэIут зэригъэхъужьыгъэр
59. Чъылапхъэр зыпхъырэм ехьылIэгъэ гъэсэпэ тхыдэр
60. Исус Иаир ыпхъу къызэригъэхъужьыгъэр
61. Исус нэбгырэ минитф зэригъэшхагъэр
62. Исус псы кIыIум тетэу зэрэкIуагъэр
63. ШIошъхъуныгъэшхо зиIэ бзылъфыгъэм икъэбар
64. Исус шъоджэ уз Iае къызэузыщтыгъэ нэбгырипшIыр зэригъэхъужьыгъэр
65. Исус нэшъур къызэригъэплъэжьыгъэр
66. Самарие лIэу гукIэгъу зыхэлъым икъэбар
67. Мэлэу кIодыгъэм ехьылIэгъэ гъэсэпэ тхыдэр
68. КIодыгъэ кIалэм ехьылIэгъэ гъэсэпэ тхыдэр
69. Фарисеимрэ хьакъулахь ахъщэр хэзыхырэ лIымрэ
Исус кIэлэцIыкIухэм Тхьэм ынэшIу къащифэнэу зэрафелъэIугъэр
70. Исус Лазар лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэр
71. Исус Вартимей нэшъур къызэригъэплъэжьыгъэр ыкIи Закхей къызэригъэнэжьыгъэр
72. Исус Ерусалим зэрэдэхьагъэр
73. ПшъэшъипшIымэ яхьылIэгъэ гъэсэпэ тхыдэр
74. Зиусхьаным ипчыхьэшъхьашхэ
75. ДзэкIолIхэм Исус зэраубытыгъэр
76. Исус къащым зэрэкIэрылIыхьагъэр
77. Исус лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэр
78. Исус игъогу рыкIорэмэ зыкъызэраригъэлъэгъугъэр
79. Исус игъогу рыкIохэрэр пцэжъые зэрешагъэхэр
80. Исус уашъом зэрэдэкIоежьыгъэр
81. Тхьэм ЫIпсэ ЛъапIэ игъогу рыкIорэмэ къызэрафехыгъэр
82. Стефан илIакI
83. Филипп Ефиопие лIыр зэриумэхъыгъэр
84. МэлэIичым Петрэ хьапсэм къызэрэчIитупщыжьыгъэр
85. Саул Исус ышIошъ зэрэхъугъэр
86. Исус икъэбар Паул цIыфхэм къызэрафиIотагъэр
87. Паулрэ Силэрэ хьапсэм орэд къызэрэщаIуагъэр
88. Паул хьапсэм джыри зэрэчIэфагъэр
89. Паул Рим кIорэ гъогум зэрэтетыгъэр
90. Иуан хыгъэхъунэу Патмос зэрэщыIагъэр